

МАХ ДУГ

АГЪНАТЫ ГÆСТÆН: 80 АЗЫ

1
2023



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2023

МАХ ДУГ

1
2023

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2023

НОМЫРЫ ИС:

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ ... 5

АГЪНАТЫ ГÆСТÆН: 80 АЗЫ
Хæлæртты арфæтæ ... 8
АГЪНАТЫ Гæстæн. *Радзырдтæ* ... 10

ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ
ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ. *Роман. 3-аг чиныг* ... 27
БУТАТЫ Ритæ. Уæ царды фæндагæн мæ зæрдæ – цырагъ. *Æмдзæвгæтæ* ... 83
ДЖУСОЙТЫ Майæ. *Радзырдтæ* ... 91

«МАХ ДУГ»-ы ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТЫ СФÆЛДЫСТАД
Фыдæлты фæллойæ суадон. *Æмдзæвгæтæ* ... 100

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ
ГÆЛÆБАТЫ Мурат. Мах сисдзыстæм нæ тырыса. *Æмдзæвгæтæ* ... 107

УЫГÆРДТÆ
ГУСАЛТЫ Барис. *Этюдтæ* ... 110

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД – АДÆМÆН
ЦÆГÆРАТЫ Созырыхъо. *Таурæгътæ* ... 128

ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ
ХЪАУЫРАТЫ Дауыр. Цардæй ист нывтæ ... 135

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ

Æрцыд ахæм бæрнон рæстæг, æмæ хорз æвзæрæй кæд хъуамæ иртасæм, æмзондæй ног хуызы фашизмы фæдонтыл фæуæлахизмæ не 'ппæт хъуыдытæ æмæ хъарутæ дæр кæд хъуамæ аздахæм. Æмæ нын æнтысы! «Дзыллæ æмæ æфсад фæхицæнгæнæн нæй!» – ацы хъуыдыйыл æнувыд адæм уыцы хъуыддагмæ се 'ххуысы хай хæссынц. Нæ хæстонтæ, хатт сæ цæссыг дæр нæ уромгæйæ, фæкæсынц сывæллæтты фыстæджытæ. Уыдон сын сæ ныфсыл ныфс æфтауынц. Нæ хъахъхъæнджытæ зонынц, рох кæй не сты, адæм сыл сæ ныфс кæй дарынц.

Æмæ нæ лæппутæ сæхи хъæбатырæй æвдисынц. Хъыгагæн, къордæй уыцы рæстаг тохы бацарæфтыд сты. Алкæмæн дæр нæ уым, йæ цырены, ис кæнæ хæстæг-хион, кæнæ – зонгæ, сыхаг. Куы сыздæхынц, уæд дзурынц æрмæстдæр, рæстдзинад нæ фарс кæй у, фашизмæн йæ уидæгтæ бындзарæй сыскъуынын кæй хъæуы, æндæра та ногæй йæ сæр сдардзæн. Уыцы рæстæг нæ либералтæ æмæ пацифисттæ та, компьютерты уæлхъус бадгæйæ, сæхи алцызонæг скодтой æмæ сæ бæсты уынаффæтыл схæцынц…

Æфсæддон операцийы райдайæнæй фæстæмæ мах сидæм нæ Президенты фарс æрлæууынмæ, аразæм акцитæ. Уæдæ æндæр хуызы куыд? Газеты редакцимæ нæм бирæтæ дзырдтой æмæ фыстой, æргъæ уайтагъд хæрдмæ кæй ныццавтой, уый тыххæй. Ноджы ма Сæрмагонд æфсæддон операцийы фыццаг бонты маршруткæты цæуыны аргъ дæр схызт, нæхи хойраджы продукттæ дæр фæзынаргъ сты. Гъемæ нæ газеткæсджытæн уавæр æмбарын кодтам, æмæ-иу немæ сразы сты. Фæлварæн рæстæг у, æмæ нæ дзыллæйы тых та бахъуаджы сахат æрбангом уæвыны миниуæджы ис. Нæ адæм, фыдæвзарæнтæ цæй сæраппонд сты, уый куы 'мбарой, уæд алцæмæн дæр быхсдзысты . Алчидæр йæхи бынаты, йæхимæ бæрнондзинад исгæйæ, рæстзæрдæйæ куы куса, социалон фарстатæ куы иртаса, уæд уый уыдзæн уæзгæ æххуыс нæ Президентæн.

Бирæ ахъуыдыйаг хъæнтæ раргом мобилизацийы рæстæг. Нæ бæстæйы Президент æмæ хъахъхъæнынады министр кæд бæлвырдæй загътой, æфсæддон-хыгъдон дæсныйад æмæ хæстоны фæлтæрддзинад кæмæ ис, ахæм адæммæ кæй сидынц, уæддæр регионты хатт сидтысты алкæмæ дæр, уыцы бардзырд нæ хынцгæй. Закъонхалæн æндæр цаутæ дæр уыд. Æфсадмæ ныр кæмæ фæсидтысты, уыдон тохы быдырмæ цæмæн æрвыстой, кæнæ мобилизацимæ чи бахауд, уыдон хъæугæ ифтонггæрзтæ æмæ уæлæдарæс сæхи хардзæй цæмæн æлхæдтой?! «Коммерсанттæн» уыдæттæ æргътыл ноджыдæр схæцыны æфсон фесты. Нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло сæ ныхмæ радзырдта, мобилизацимæ бахауджытæн сæ хæрдзты иу хай бафидыны тыххæй Указ бафыста, æмæ фæйнæ 30 мин сомы райстой.

Иннæ къабаз – Уæрæсейы ахуырады «реформæ». Мæ ахуыргæнджытæн се ʻмкусæг куы сдæн, уæд ног стандартты тыххæй дзырдтой, специалисттæ кæнæ цыдæр раст нæ бамбæрстой, кæнæ та чидæр æргом знаггад цыма кæны æнæхъæн паддзахадæн дæр. Абон, уæд зонадон æхсæнады сагъæс чи уыд, уыцы хъуыддæгтыл иууылдæр æргом дзурынц – ерыс зонындзинæдтæ нæ, фæлæ фæлварæнты хорз бæрæггæнæнтæ райсыныл цæуы. Цæстæнгас ахуыргæнæн чингуытæм нæ, фæлæ «ЕГЭ»-йы æмбырдгæндтæм арæзт у, æмæ уыйадыл сывæллæттæ дунейы æмæ сæхи паддзахады истори зыгъуыммæтæй зонынц. Афтæмæй цæй патриотон хъомылад æмæ хæрзæгъдаудзинадыл дзурæн ис? Уæдæ фæстаг 30 азы нæ медицинæйы, ахуырады, зонады ног ирд нæмттæ кæй нæ фæзынд, уый дæр, раст фæндагыл кæй нæ цæуæм, уымæн æвдисæн нæу?!

Дыууæ азы размæ нын коронавирус цы фæлварæн скодта, уый та нын медицинæйы оптимизацийы гæлиртæ равдыста. Ныридæгæн æргом зæгъынц, нæ медицинæ ног фæсарæйнаг домæнтæм гæсгæ дзæгъæлы кæй рацарæзтам. Пандемийы рæстæг сæдæгай адæймæгтæ фервæзтысты æрмæст дохтырты æмæ се ʻххуысгæнджыты руаджы. Кæнæ маршрутизаци кæй хонынц, уыцы ногдзинад: инфарктимæ дæ хæстæгдæр рынчындонмæ нæ, фæлæ дæсгай километртæ дарддæр æндæр ранмæ ласынц. Ацы рæдыдыл дæр та басастыстæм, фæлæ йæ раст кæнын кæд райдайдзыстæм?

Цалынмæ нæ хæстонтæ тохы быдыры сты, уæдмæ мах дæр хъуамæ нæхиуыл ма ауæрдæм – ивæм нæ зондахаст, кæрæдзимæ хæлардæр зæрдæ дарæм. Сабырдзинадмæ бæллæм, æмæ дзы тагъддæр куыд фæхайджын уæм, уыцы арфæ нæ уæд!

БИТАРТЫ Маринæ,
газет «Северная Осетия»-йы сæйраг редактор

АГЪНАТЫ ГÆСТÆН: 80 АЗЫ



(1943)

Рæстдзинады фарс æрлæууг, æмæ дæ
цæсгом дæхи цур сыгъдæг уыдзæн

ХÆЛÆРТТЫ АРФÆТÆ

ХЪУЫДДАГЫЛ ЗÆРДÆЙÆ ТЫХСÆГ АДÆЙМАГ

Агънаты Гæстæнимæ æз сæмбæлдтæн Хетæгкаты Къостайы 160 азы юбилейы бонты, Уæрæсейы фысджыты цæдисы Цæгат Ирыстоны хайады сæрдарæй йæ куы равзæрстой, уымæй чысыл фæстæдæр. Æмæ йæ уайтагъд бамбæрстон, хъуыддагыл зæрдæйæ тыхсæг, йæ куыстыл æнувыд адæймаг кæй у.

Йæ руаджы нæ фысджытæ уыдисты номдзыд Къостайы райгуырæн бæстæйы, федтой йæ цард æмæ сфæлдыстадимæ баст бынæттæ, фембæлдысты Ирыстоны интеллигенцийы минæвæрттимæ.

Нoджы ма Агънайы-фырт уавæртæ саразта, цæмæй ирон поэттæ бацархайой Стъараполы крайы Курскы районы цæуæг Цæгат Кавказы адæмты поэзийы фестиваль «Хæлардзинады гуырæнтæ»-йы.

Нæ зынаргъ Гæстæн! Ды, куыд Ирыстоны адæмон фыссæг, кад æмæ радимæ хæссыс нæ регионты ‘хсæн рагæй фидаргонд хæлардзинады традицитæ. Алы кары чиныгкæсджытæн хорз зындгонд дæ, ССР Цæдисы фысджыты цæдисы уæнг 1976 азы куы сдæ, уæдæй фæстæмæ. Дæ уацмыстæ дзаг сты адæмуарзондзинады æмæ рæстзæрдæ уæвыны хъуыдытæй. Дæ хæлæрттæ дæ зонынц дæ дзырдæн хицау, хъуыддаджы адæймагæй. Арфæ дын кæнæм дæ 80 азы юбилейы фæдыл! Зæрдæрухс у, царды æмæ ма дын сфæлдыстады бирæ бантысæд!

Александр КУПРИН,
Уæрæсейы фысджыты цæдисы Стъараполы крайы хайады сæрдар

ЦАРД ÆМÆ КУРДИАТ

Æхсæнад литературæмæ фаг æргом кæд нал здахы, нæ дуг ын кæд фыдыусау сси, уæддæр фыссæг у рæстдзинады фидиуæг æмæ удварны сæры-сæйраг хæзнатæ тауæг адæймаг. Ирон литературæ абон амондджын у уымæй, æмæ йæ хъæздыг традицитыл нoджы кæй æфты, не ‘фсымæрон Аланийы фысджыты цæдисы сæргъы та, цард æмæ литературæйы чи сфæлтæрдта, ахæм адæймаг кæй лæууы.

Ирыстоны адæмон фыссæг Агънаты Гæстæн йæ уацмысты равдыста йæ адæмы цин æмæ сагъæс, йæ рæстæджы бынæу æмæ тох, йе ‘мдугонты хъæздыг миддуне. Йæ аив дзырдæй уый нoджы æнгомдæр бакодта Кав-

каз æмæ Уæрæсе, йе ‘мсис æмзæххонты цардмæ цæстæнгас та æнæхъæн бæстæйы «литературон фæзмæ» рахаста.

Гæстæны хуызæн фысджыты уацмыстæ кæсгæйæ адæймаджы фидарæй бауырны, нæ хæлхъой дуджы фыссæджы ныхас дзыллæйы кæй хъæуы, литературон традицитæ кæй нæ фесæфтысты, литературæйы удхъæздыггæнæн хъару кæй нæ фæлæмæгъ.

Гениалон Къоста фыста: «Торжествуй, дорогая отчизна моя, / И забудь вековые невзгоды, – / Воспарит сокровенная дума твоя, – / Вот предвестник желанной свободы. / Она, будет, поверь, – вот священный залог, / Вот горящее вечно светило. / Верный спутник и друг по крутизнам дорог, / Благородная мощная сила!..»

Дагестаны фысджыты номæй зæрдиаг арфæ кæнын Агънаты Гæстæнæн йæ юбилейы фæдыл. Æнæнизæй цæр, ног уацмыстæ нывæндыны хъару дæм уæд кæддæриддæр. Ирыстоны хæхтæ æнусты уæнт фарны гуырæнтæ, Къостайы рæстаг ныхæсты рухс æмæ «благородная мощная сила» та æдзухдæр де ‘мдзугæнæг уæнт!

Магомед АХМЕДОВ,
Уæрæсейы фысджыты цæдисы Дагестаны хайады сæрдар

НÆРТОН ФАРН ХÆССÆГ У!

Иу æмæ дыууæ хатты нæ сæмбæлдыстæм Уæрæсейы фысджыты цæдисы Цæгат Ирыстоны хайады сæрдар, Ирыстоны адæмон фыссæг Агънаты Гæстæнимæ Ирыстоны дæр æмæ Кæсæг-Балхъары дæр алы цытджын бæрæгбæтты. Æмæ мæнæ ныр мæ хорз хæлар, мæ хистæр æфсымæр, хорз фыссæг-прозаик æмæ тележурналист æмбæлы йæ 80 азы юбилейыл.

Мæ зынаргъ Гæстæн!

Ды цæрыс хорздзинад тауыны хъуыдытимæ, дæ удæй арт цæгъдыс Цæгат Кавказы сфæлдыстадон кусджыты æрбангом кæныны хъуыддаджы. Гъемæ æнæнизæй дæ райгуырæн Ирыстоны кадæн дæ къухы ноджы фылдæр æнтыстытæ æфтæнт! Мæ кæнгæ æфсымæр Агънаты Гæстæнæн ма лæвар кæнын мæнæ ацы рæнхъытæ дæр: «Скалы, горы! / Вы так схожи / С ликами простых прохожих: / Гордость, смелость, смех несущих, / Вместе с нартством вверх бредущих!»

Нæртон фарн хæссæг у бирæ-бирæ азты дæргъы!

Муталип БЕППАЕВ,
Уæрæсейы фысджыты цæдисы
Кæсæг-Балхъары хайады сæрдары хæдивæг

АГЪНАТЫ Гæстæн

ЧЫНДЗÆХСÆВЫ РАЗМÆ

Радзырд

Елдзарыхъо цæхæрадоны дуарыл бахæцыд, хæдзары фæстæмæ бацыд. Æнгуз бæласы бын бандоныл йæхи æруагъта. Куы бафæллайы, кæнæ исты хъуыдытæ йæ сæры куы сæлхынцъытæ вæййынц, уæд æй йæ къæхтæ ардæм рахæссынц.

Зæронд лæг йæ хæдоны хъуыр уæрæхдæр байгом кодта. Ныуулæфыд, йæ цæстæнгас цæхæрадоныл ахаста: сырхфарс фæткъуытæ зæхмæ æривæзтысты. Нартхоры æфсиртæ сæ сæртæ æруагътой. Сæ сыфтæртæ фæбур сты.

– Ныр фæззæг у, – йæ нымæтхуд бандоныл æрæвæрдта Елдзарыхъо. Зæронд лæджы гæмæх сæр уддзæфмæ æхсызгон хъыдзы скодта. Елдзарыхъо хæдоны хъуырыл фæйнæрдæм ахæцыд. Йæ риу бухайраг цъæх уæлдзармы хуызæн разынд. Сатæг уæлдæф йæ тæртты ацыд. Йæ дзыпмæ нывнæлдта, тетрады сыфтæй конд блокнот æмæ кърандас systа, ахъæр кодта:

– Æфсин, рацу-ма ардæм, æмæ ауынаффæ кæнæм!

– Ныртæккæ, мæ дзул афæлдахон, – райхъуыст Елдзарыхъойы къай Аминæты фæлмæн хъæлæс.

Зæронд лæг дуары ‘рдæм азылд, йæ цæсгом фæтар. Бæстон сæ ахъуыды кæнын хъæуы, чындз æрхæссын æхсынæн ахсынын нæу, уыцы хъуыддаджы лæг иу хатт рæдийы. Лæппу ма иу-дыууæ мæйы куы банхъæлмæ кастаид, уæд хуыздæр уыдаид, бæргæ. Хортæ бафснайдтаиккой, зæрдæ ницæмæуал æхсайдтаид. Фæлæ сæ иугæр афтæ фæнды, уæд бар сæхи, уый дæр разы у. Уыдонæн цæры.

– Æфсин, кæм дæ? Дæумæ æнхъæлмæ кæсын!

– Чысыл фæгæдзæ кæн, æви дæ топпытæм дарынц.

Лæппу æндæраз æфсадæй куы ссыд, уæд дæр æй хъуыддаг бакæнын фæндыд. Йæхæдæг ницы загъта, фæлæ йæ æфсин Елдзарыхъойæн цалдæр хатты йæ хъусы бацагъта. Лæг æй дзурын дæр не суагъта. Бинойнаг æрхæссын диссаг нæу, фæлæ уал уæдмæ хъуамæ лæппу йæхæдæг йæ царды фæндаг ссара, йæ къæхтыл слæууа, зæххыл дзойдзойгæнгæ ма цæуа. Стæй хæдзармæ исты æрбаппарын хъæуы. Афтид хæдзары мыст дæр нæ лæууы.

– Цъиувæдис куы фестадтæ, цы кæныс? – Елдзарыхъойы цурмæ, йæ къухтæ раздарæнæй сæрфгæ, æрбацыд Аминæт.

– Сбад, æмæ ауынаффæ кæнæм.

Æфсин йæ лæджы фарсмæ бандоныл йæхи æруагъта. Елдзарыхъо блокнот йæ зæнгыл æрæвæрдта. Кърандасы фындз йæ туйæ ацахуырста, йæ усмæ комкоммæ бакаст æмæ загъта:

– Къæбицы хицау кæй сæвæрдзыстæм, чындзхæсджытимæ хистæрæн чи ацæудзæн, уыдон уал нæхæдæг базонæм. Иу ныхасæй, ауынаффæ кæнæм лæмбынæг. Хъуамæ нæм чындзæхсæвы рæстæг иу мисхал дæр æнæпълан ми мацы уа.

– Уый лæгты хъуыддаг у. Зæгъ де ‘фсымæрæн, фæдзур хионтæм, æмæ ауынаффæ кæнут. Афтæ æмбæлы.

– Раздæр уал нæхæдæг ауынаффæ кæнæм. Мах хæссæм чындз, бамбæрстай?

– Ох, нæ лæг, ныууадз, дæ хорзæхæй, цытæ дæм цæуы! Чындз мах хæссæм, фæлæ чындзæхсæв адæмæн кæнæм æмæ... Æллæх! Æллæх! Æнхъæлдæн, ме ‘хсыр скалди, йæ хъæр цæуы, – фестад Аминæт æмæ хæдзармæ азгъордта.

Елдзарыхъо йæ фæстæ разылд. Цы ‘мбары уый? Чындзæхсæв æвзæр куы ацæуа, уæд хæдзары хицауыл – Елдзарыхъойыл – худдзысты. Кæй сæвæрдæуа сæйраг уынаффæгæнæгæй? Чи хуыздæр сарæхсдзæн? Мæнæ йæ сыхаг Куыдзи куыд уаид? Æцæг, æцæг? Тынг хорз лæг у, æгъдауджын, цы йын бафæдзæхсай, уый кæддæриддæр кадимæ сæххæст кæны. Æнæгъдау ми нæ уарзы. Хорз у, бæззы.

Елдзарыхъо æргуыбыр, кърандасы фындз та йæ туйæ ацахуырста æмæ афыста: «Сæйраг уынаффæгæнæг – Куыдзи».

Елдзарыхъо стыр стъæлф сæвæрдта æмæ хъуыдыты анығъуылд. Кæй сæвæрдзæн къæбицы хицауæй? Уым æмбаргæ лæг хъæуы, къæбицы хицауæй бирæ кæнгæ у. Цыппуйы? Нæ, нæ бæззы. Æгæр нуазаг у, æмæ, кæмæн цас дæттын хъæуы, уый нал æрхъуыды кæндзæн. Арахъхъ иуты хъуыры аивгъуыйдзæн, иннæтæ гаффуттæй баззайдзысты, æмæ Елдзарыхъо – аххосджын. Дрисы сæвæрдæуаид æмæ... Нæ!

Айфыццаг Гаппотæ чындз куы хастой, уæд ыл йæ зæрдæ фæхудт, æмæ та афтæ куы бакæна, уæд æй Елдзарыхъо йæхæдæг хъиладзагъдæй асурдзæн. Æвæццæгæн, æнхъæл уыди, ничи йæ æрхъуыды кæндзæн. Нæ, адæмы цæстытæ уынаг сты. Ницы сæ аирвæздзæн. Цæвиттон, Дрис уым дæр къæбицы хицау уыди æмæ кæйдæр хæдзары йæхи митæ кодта. Иуæн авæр дæ нуазæн, дыууæйæн, æртæйæн дæр фæуæд, фæлæ

уыйæппæтæн дæр кады нуазæнтæ дæттæг ссис. Цалдæр карчы æмæ графины кæдæмдæр адзæгъæл сты. Уыдон дæр ын, цыма сæ йæхи хæдзарæй лæвæрдта, сæ тохъхъылы хуызæн кæрчытыл нæ бацауæрста, графинты сæ боцкъайы бадт арахъхъ зынди, афтæ зæрдиаг арфæтæ кодтой. Æмæ æгъдау раттын хорз у, фæлæ алцæмæн дæр бæрц ис, чысыл æфсæрмы кæнын хъæуы. Нæ, Дрис æфсинæн нæ бæззы, хæдзар ныддымдзæн. Гадо дын хорз. Уый фидар лæг у. Елдзарыхъойæн йæхи хуызæн æнæ уæлдай ми. Гадзрахатæй нæ рацæудзæн, уæлдай никæмæн ратдзæн, йæхæдæг дæр уæлдай нæ бануаздзæн. Елдзарыхъо, зырзыргæнгæ, йæ цæстытæ гæххæтмæ ныйирд сты, афтæмæй афыста: «Къæбицы хицау – Гадо».

Чындзхæсджыты хистæрæн акæндзæн Гæмæты. Кадджын, æгъдауджын, дзырддзæугæ зæронд лæг у. Уадз æмæ йæ ног хæстæджытæ, Елдзарыхъойæн хъæубæсты æхсæн кад æмæ æгъдау кæй ис, кæй йæ нымайынц, уый зоной.

Хур цæхæрадоны фæстæмæ атылд. Фæсатаг. Елдзарыхъо йæ худ æркодта. Фыстытæ дзæбæх нал зынынц: блокнот риуы дзыппы нытътъыста. Æфсинимæ раздæр чындзхæсджыты номхыгъд саразын хъæуы. Нуазаг лæгтæй никæй æрбахондзысты, науæд ныкъкъупри вæййынц, сæ сæт калгæ фæцæуынц, æрра куыйтау алырдæм фæлæбурынц. Хъуамæ Елдзарыхъоты чындзæхсæвы иу зулныхас дæр ма ‘рцæуа. Лæппутæм къæрцхъус уæвын хъæудзæн. Кæс сæм, уæд алы къуымты графинтæ, кружкæтæ æмæ агуывзæтимæ дзыпкъахджыты хуызæн фæдзагъултæ кæнынц. Æмæ кæм сусæгæй, кæм æргомæй хорз ныххырхынц, стæй цæф арсы богътæ байдайынц.

Хуыцау сæ арахъхъыл бафтыдта, сæ удтæ йыл хъарынц, сæ мæрдты туг бануазой! Елдзарыхъойы рæстæджы фæсивæд афтæ нæ уыдысты, сæ ностæн бæрц зыдтой. Ныр та? Хæдзары циндзинад мастмæ раивынц, Хуыцауы æмдых свæййынц. Æмæ сæм уый дæр фаг нал фæкæсы.

Фарон Тасоты чындзæхсæвы абырджытау къæбицмæ рудзынгыл бабырыдысты æмæ фондз четверты арахъхъ, цалдæр чъирийы æмæ дыууæ гогызы марды афардæг ластой хъæдрæбынмæ. Арты фарсмæ боныцъæхтæм хорз фæминас кодтой, стæй, цыма Хъарсы фидар басастой, афтæ заргæ æрцыдысты. Елдзарыхъоты чындзæхсæвы хъуамæ ахæм æбуалгъ хъуыддаг ма уа. Хуыцауæн табу, сæ къæбиц фидарæй уæлдай нæу: мыст дæр æм нæ бабырдзæн. Рудзынгыл дæргъмæ æмæ

цæхгæрмæ æфсæйнаг хуыдтытæ, дуарыл англисаг гуыдыр. Фæлæ цы нæ вæййы, давæг зын бауромæн у, куы сфæнд кæна, уæд.

Арахъхъы боцкъа пъадвалы нывæрын хъæудзæн. Лæппутæй æнæхъолайæ кæй фена, уый йæхæдæг атæрдзæн. Хионтæ Тота, Æхсар æмæ иннæтæн бамбарын кæндзæн, æмæ сæм хъус дардзысты. Лæппу фæззæгмæ куы банхъæлмæ кастаид, уæд бæргæ хорз уыдаид. Адæм цæхæрадон фесафдзысты, нартхор ныссæнддзысты. Дыргъ гагагай бакæндзысты, æмæ Елдзарыхъойы чындзæхсæв дæр нал бандавдзæн. Исты æрхъуыды хъæуы. Сыхæгты сывæллæттæ Таму æмæ Коляйæн фæйнæ чъирийы ратт, уæд бæлæсты нæ хъахъхъæниккой? Цæуылнæ! Æгъдауджын сты, айфыццаг сæ ахуыргæнæг дæр æппæлыд.

– Нæ лæг, мидæмæ нал цæуыс? – райхъуыст Аминæты хъæлæс тыргъæй. Елдзарыхъо нæ фезмæлыд, æфсиныл йæ къух ауыгъта: ныртæккæ ууыл нæу. Хонджытæ арвитын хъæудзæн хионты, науæд куыд æмбæлы, афтæ нæ фехъусын кæндзысты, æмæ уый фæстæ – зæрдæхудт.

– Нæ лæг, рацу æхсæвæр бахæр, – райхъуыст та æфсины хъæлæс.

Елдзарыхъо сыстад. Хуыссæны ма ахъуыды кæндзæн. Зæронд лæг йæ хæдоны хъуыры æгънæджытæ сæвæрдта æмæ сарамæ бацыд, йæ цæстæнгас къуымты азылд. Чындзæхсæвы рæстæг уæрдон рæбынмæ батулдзæн. Хæрæджы дзаумæттæ цармæ сисын хъæудзæн.

Елдзарыхъо кæрты астæу æрлæууыд. Изæрон фæлм хъæуыл æртыхст. Уынгæй электрон цырагъы тынтæ бæрзонд кулдуары сæрты кæртмæ хауынц. Хъуг сынæр цæгъды. Йæ фарсмæ хæрæг рыджы цалдæр хатты акъуыбылецц кодта. Сыстад æмæ йæхи ацагъта, рыг фæздæгау йæ сæрмæ ссыд. Елдзарыхъо йын йæ сæр æрсæрфта. Йæ хæдзардарæг у, йæ хæдзардарæг! Хæрæг æм скаст. Абон ыл æгæр ацамадта, кæрдæг æнæуи дæр – уæззау, æмæ хайуан бафæллад. Ноджы фæндæгтæ нæ бæззынц. Паддзахы фæндагыл та цæуын нæ уæнды, иу кæрдæджы хал дын гæстæ дæ быны куы феной, уæд загъд-замана саразынц, бæстæ сæ сæрыл сисынц. Цыма паддзахад уыцы тихалджытæй мæгуырдæр фæуыдзæн. Æмæ Елдзарыхъойы хуыснæгау æвзæр фæндæгтыл цæуын бахъæуы. Гæнæн нæй, ныр куы ницы самал кæной, уæд зымæджы йæ хæрæджы тæнтæ æххормагæй кæрæдзиуыл бамбæлдзысты. Елдзарыхъо йæ цурæй ацыд. Чындз хæсгæйæ кæд рæстæг хорз уа, уæд фынгтæ кæрты сараздзысты, сарайы æгæр къуындæг уыдзæн.

– Мæнæ лæг, дæ зонд фæцыд, кæрты къуымты цы ракæс-бакæс

кæныс? Мидæмæ рацу, хъæрмхуыпп ныууазал, – рудзынгæй ракаст Аминæт.

Елдзарыхъо йæм разылд. Цард цы диссаг у! Уымæн фыр хъуыдыйæ йæ сæр тъæппытæ хауы, æфсин та сывæллонау йæ хъæрмхуыппы мæты бацыд. Лæг æнæ дзургæйæ хæдзармæ бахызт. Æваст фæстæмæ фездæхт. Кæртмæ машинæ куыд æрбазилдзæн, чындз кæм æрхиздзæн, уымæ æркæсын хъæуы. Елдзарыхъо кулдуары цур уынгыл йæ цæстæнгас ахаста. Æрбацæуæн алæгъзытæ хъæудзæн, науæд исчи йæ къах куы бакъуыра, уæд æлгъыстаг фæуыдзысты.

– Нæ лæг, хæйрæджджын фæдæ? – йæхи нал баурæдта Аминæт æмæ Елдзарыхъойы цурмæ рацыд.

– Цом, – æфсины разæй хæдзармæ бахызт лæг.

Æнæдзургæйæ æхсæвæр бахордта.

– Цæй, цы бауынаффæ кодтай? – йæ цуры стъолыл æрæнцадысты Аминæты къухтæ.

– Чындзæхсæвы рæстæг нын лæппутæ нæ дыргътæ ныццæгъдздзысты, æмæ исты æрхъуыды хъæуы.

– О нæ лæг, цæуылты хъуыды кæныс, кæй хъæуынц дæ дыргътæ?

– Бæлæсты зæгæлтæ бакъуыр, уæд куыд уаид?

Аминæтмæ бакаст лæг, иу уысм æдзынæгæй аззад æмæ загъта:

– Нæ, бахуыскъ уыдзысты, æндæр исты æрхъуыды хъæуы.

Æмæ зæронд лæг сагъæсы ацыд, æваст йæ цæсгом фæрухс:

– Цы, уый зоныс? Бæлæсты алыварс æвгты сæстытæ ныккæндзыстæм æмæ сæм æмгæрон дæр ничи бацæудзæн.

– Цытæ дзурыс? Худинаг у.

– Уæдæ цы бачындæуа?

– Ницы, бафынæй кæн.

Елдзарыхъо зивæггæнгæ схуыссыд. Аминæт цырагъ ахуыссын кодта. Хæдзар – æдзæм сабыр. Зæронд лæг хъæццулыл иуварс ахæцыд: æгæр тæвд у. Цармæ кæсы.

Чындзæхсæвы рæстæг сæм бирæ адæм уыдзæн. Колхозы хицауад дæр æрбацæудзысты, ай-гъай. Лæппуйæн се ‘хсæн хорз кад и. Фарон æй трактористтæн бригадирæй сæвæрдтой. Елдзарыхъомæ нæ байхъуыста æмæ йе скъола ныууагъта, æндæр афонмæ стырдæр хицау уаид: адæмимæ хорз цæры.

Елдзарыхъойы дзæвгар рæстæг хуыссæг нæ ахста, æрæджиау, йæхæдæг

дæр æй нæ бамбæрста, афтæмæй йæ цæстытæ сæхгæдта æмæ афынæй. Йæ хуыр-хуыр ссыд. Иуафон йæхимидæг стыхст, хæйрæджджынау йæ гæндзæхтæ тылдта. Аминæт йæ хъæрмæ фехъал. Елдзарыхъо хъæццул иуварс аппæрста, фестад æмæ йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта:

– Цырддæр! Расыг лæппутæ нын не скъæтыл арт бандзæрстой!

Аминæт фестъæлфыд:

– Цы хабар у? Кæд? Цы фесты?!

Æфсин афтид мидæггаг дзаумæтты, бæгъæмвадæй æддæмæ азгъордта. Елдзарыхъо, тыхулæфт кæнгæйæ, йæ цуры алæууыд, скъæтыл йæ цæстæнгас азылд, йæ сæр банкъуыста æмæ загъта:

– Бутиан, табу Хуыцауæн, уый фын уыди.

– Мæ уд агæпп ласта, æз та, зæгъын, кæд æцæгдæр...

– Цыма нæм чындзæхсæв уыди æмæ нын расыг лæппутæ не скъæтыл арт бандзæрстой, ссыгъдыстæм.

– Ма тæрс, цом схуысс. Алцæуылты хъуыды кæныс æмæ... Цом мидæмæ, схуысс, – лæджы къухыл æрыгон чызгау æрхæцыд ус æмæ йæ разæй хæдзармæ акъахдзæф кодта.

– Мацæуыл тыхс, афынæй кæн, – Аминæт Елдзарыхъойы æрæмбæрзта æмæ йæ хуыссæнмæ бацыд.

ÆНАХУЫР ИЗÆР

Радзырд

Уаспи рестораны къæсæрæй бахызт, къуымтыл йæ цæст ахаста. Йæ цæсгом фæрухс: уæгъд фынгтæ ма дзы ис. Адæмы хъæлæба къаддæр кæдæм хъуысы, ахæм ран сбадын хъæуы. Талынгдæр къуыммæ бацыд. Кæстæриуæггæнджытæй йæ ничима бафиппайдта, æндæр сæ исчи æрбауаид. Адæмы къухты зынаргъ агуывзæтæ æмæ æвзист вилкæтæ цæхæр калынц, æрттивынц. Цардæфсæст сырх цæсгæмттæ пъагæнæгау фынгты сæрты кæрæдзимæ баивæзынц. Ресторан адæмы иу джиппы ауагъта. Уаспи дæр ахъуыды кодта: «Иу-цалдæр арахъхъы куы ануазон, уæд ног райгуырдзынæн». Карз нозт ын йæ хъуыдытæ бындзыггай фæхæсдзæн.

Лæппуйы цæстытæ адæмыл азгъордтой. Чи зоны, уыдонæй дæр исчи уый хуызæн ресторанмæ æнæнхъæлæджы æрбахауд: йæ сæр сагъæссаг

фæцис, æмæ йæ йæ къæхтæ кæдæм хастой, уый нал зыдта. Рæстæмбис кары кæстæриуæггæнæг сылгоймаг ленкгæнæгау æрбацæуы. Нæ! Кафы. Балеринæ басгуыхт. Мидбылты худы. Хæринæгты номхыгъд фынгыл æрæвæрдта æмæ, Уаспи цы зæгъдзæн, уымæ цымыдисæй, фæлæ, йæ мидзæрдæйы уаг куыд нæ рабæрæг уа, афтæ аивæй æнхъæлмæ кæсы. Лæппу гæххæтмæ æркаст, æмæ йæ цæстытæ фæтар сты: кæдæйуæдæй йæм коньяк нуазын цæуы æмæ...

– Виски дæр уæм нæй?

– Нæй.

– Уæдæ мын арахъхъ æмæ...

– Лывзæ, цæхæраджын, физонæг, цæхдон...

– Цы дæ фæнды, уый рахæсс, – Уаспи сылгоймаджы ныхас æрдæгыл фескъуыдта.

Уый ницы сдзырдта, фæцæуы. Æвæдза, кæстæриуæггæнæджы куыст дæр зын у: алкæмæ дæр лæгъз хъæлæсæй дзур, дæ мидбылты йæм худ, дæ цæстæнгасæй йæ рæвдау.

Уаспи иу сигарет ссыгъта, сæ къопп сын стъолмæ баппæрста. Ацы хатт тамакойы адджын ад не 'нкъары. Алы фынгæй дæр фæздæджы къуыбылæйттæ сæхи хæрдмæ ивазынц æмæ...

Кæстæриуæггæнæг арахъхъы графин æмæ цыдæр хæринæгтæ фынгыл æрæвæрдта. Фынг бæркадæй фидауы. Уаспи сылгоймагмæ скаст: хорз тагъд фæзынд, æнхъæлдæн, мæйæ-мæймæ улупа дзæгъæлы нæ исы.

– Чысыл фæстæдæр хъарм хæринаг рахæсдзынæн, – кæстæриуæггæнæг цæлгæнæнмæ фæцæуы. Æрбайсæфт. Табуафси, табуафси. Уаспи никæдæм тагъд кæны. Мæнæ уал арахъхъæй ацаходдзæн. Цы карз у. Емынæйы хуызæн, фæлæ... А изæр æнахуыр изæр у, æмæ хъуамæ Уаспи йæхи срасыг кæна, уынгты чи разил-базил кæны, уыдоны хуызæн сæхимæ ацæуа. Хъуамæ бонивайæнтыл æрдæгмардæй йæ къæсæрыл æрхауа.

Адæм цины æвдулынц. Цымæ, уыдон та ресторанмæ цæмæн æрбацыдысты? Фыр цинæй æви фыр мæстæй? Лæппу йæ агуывзæ фынгыл æрæвæрдта æмæ йæм нымдзаст: адæймагæн йæхицæй алидзæн нæй, ацы изæр ын карз нозт йæ маст фесафдзæн, фæлæ райсом та?..

Уаспи арахъхъы агуывзæйыл ныххæцыд, йе 'нгуылдзты æхсæн æй нылхъывта æмæ йæ бæрзонд систа. Цы уа, уый уæд: йæ цæстытæ фæцъынд кодта æмæ арахъхъ ануæзта. Уый дæр лæг у.

Кæстæриуæггæнæг раленк кæны. Хъарм хæринаг рахаста. Бузныг, бузныг, æхсин. Уаспи абондæргъы хойраджы хъæстæ нæма фæцис. Сылгоймаг йæ мидбылты худы. Æвæццæгæн, бон-изæрмæ йæ мидбылты худт йæ цæсгомæй нæ цух кæны. Лæппу æмæ сылгоймаг фемдзаст сты. Сылгоймаг фефсæрмы, йæ цæстытæ иуварс азылдта, фæцæуы.

Абон Уаспийыл цы бæллæх æрцыд, уый куы зонид, уæд æм нæ худид. Фæхудинаг: йæ ус æй ныууагъта, алыгъд дзы. Уый судзаггаг мардæй зындæр у. Лæппу дуармæ разылд, йæ цæстытæ ныддзагъыр сты. Йæхиуыл схæцыд, цыма Беллæ къæсæргæрон фæзынд, афтæ йæм кæсы. Æвæццæгæн, æрфæсмон кодта æмæ...

Уаспи ныххудт: чысыл сывæллоны хуызæн йæхицæн зæрдæтæ æвæры. Дыууадæс сахаты размæ дæр ма йæ къай чи уыд, уый нал у... Цæрæнбонтæм. Лæппу лывзæйæ скомдзаг кодта: цы æнад у...

Беллæ дæр абон райсомæй лывзæ скодта. Йæ адджын тæф цæлгæнæнæй калд. Æфсин Уаспимæ цалдæр хатты радзырдта: «Цæуылнæ хæрыс? Дæ лывзæ ныууазал и». Уый æнцад лæууыд, фыр тыхст æмæ фыр мæстæй йæ зæрдæ цæлгæнæнмæ бакæсын нæ загъта, йæ куыстмæ æххормагæй ацыд. Диссаг, абон райсомæй Беллæ Уаспийы уарзон хæринаг цæмæн скодта? Фыддæрадæн, кæсыс, цы хæрзад хæринаг-иу дын кодтон, абонæй фæстæмæ ахæм лывзæйы хъæстæ нал фæуыдзынæ, зæгъгæ, æви зæрдыл дарынæн? Лæппу риуыдзагæй ныуулæфыд. Искуы йыл ахæм бон скæндзæн, уый æнхъæл никæд уыд. Цард тар æхсæвы цæуæгау цыдæр æнхъæлмæ кæсы – æбæрæг. Худинаджы гакк ыл сбадт. Расыггæнаг æмæ æддæмæдзаст куы уыдаид, уæд – æндæр хъуыддаг. Уæвгæ, уыцы митæ чи кæны, уыдон амондджындæр сты.

Уый та – моладзан. Беллæимæ дыууæ азы æмæ æртæ мæйы фæцард æмæ иу сылгоймагмæ дæр зулмæ никæд бакаст. Цалдæр зæды ма йæм ныр дæр æнхъæлмæ кæсынц, æрмахуыр гæдытау æм сæхи æрбаласынц, сæхи йыл ахафынц. Уаспи ныфсæрмы вæййы, йæ цæсгом ссудзы.

Лæппу та сигарет райста, йæ уырзты æхсæн æй æууæрды. Æркаст æм, ацъæлтæ йæ кодта æмæ, цыма цыдæр хорз хъуыддаг сарæзта, афтæ æхсызгонæй сулæфыд. Сылгоймæгтæ тæхуды кæмæ кодтой, уымæй йæ ус алыгъд.

Бæргæ хорз цардысты, сæ хæдзар – мыды чыргъæды хуызæн. Уаспи

Скъолайы рауагъдон. 1961 аз

г. Таллин. Денджызон флоты. 1967 аз

Æмкъласонтимæ фембæлд. 1967 аз

Мæскуы. Литературон институты ахуыры бонтæ. Гуыцмæзты Алеш, Гæстæн, Хаджеты Таймураз æмæ Кокайты Тотрадз. 1971 аз

г. Таллин. Науы. 1966 аз

Хъазиты Мелитонимæ æрыгон фысджыты семинары Мæскуыйы

Æрыгоны бонтæ

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Мамсыраты Таймуразимæ

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Æгъуызарты Тамерлан Гæстæны схорзæхджын кодта Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийæ. 2015 аз

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло Уæрæсейы фысджыты цæдисы ног уæнгты æвдисæндартæ дæтты ирыстойнаг фысджытæн. 2021 аз

Къостайы райгуырæн бон Ирон аргъуаны кæрты

УФ-йы Фысджыты цæдисы сæрдар Николай Ивановимæ фембæлд

Фысджыты делегаци Лабæйы. 2019 аз

Дзасохты Музаферимæ

Хъамболты Тамерлан, Дзасохты Музафер, Цыбырты Людвиг,
Гæстæн æмæ Гуыриаты Тамерлан

Наукон-практикон конференци. Дзæуджыхъæу. 2014 аз

Джусойты Нафийы цырт гом кæнгæйæ. Цхинвал

Гæстæны юбилей Дзæуджыхъæуы сæйраг чиныгдоны

Кæсæг-Балхъары фысджытимæ фембæлд. Цомартаты Изætбег,
Муталип Беппаев, Гæстæн, Владимир Мокаев æмæ Дауыраты Дамир

Хæлæртты юбилейон арфæтæ Дзæуджыхъæуы сæйраг чиныгдоны

Хуыгаты Сергей æмæ Дзасохты Музаферимæ

Дзæуджыхъæуы сæйраг чиныгдоны

Хохойты Энверы сфæлдыстадон изæры. 2021 аз

Культурæйы министр Къубалты Эльбрус, артисттæ Мелыкаты Замирæ æмæ Тыджыты Эдуардимæ Ирон театры къæрты

Бинонты зиу. Гæстæн йæ цардæмбал Дзанайты Аллæ сæ хъæбулыхъæбултæ Давид æмæ Аллæимæ

Фыццаг къласмæ!

хъуыды кодта: ныр æнцад-æнцойæ цæрдзыстæм, æмæ йын æнæнхъæлæджы – зæрдæсæттæн цæф. Адæймагыл цæфтæй фылдæр цы цæуы? Йæ зæрдæ сфæлтæрдта, фæлæ ацы цæф, адæймаг бындзарæй кæмæй фæцуды, ахæм у. Беллæ фæрæдыд. Кæй зæгъын æй хъæуы, фæрæдыд. Фæстæмæ раздæхт, зæгъгæ, Уаспи йын ныххатыр кæнид, иу æфхæрæн ныхас дæр ын нæ зæгъид.

Отпуск... Уый уыд сæ цардсафæг. Беллæ денджызы былæй æндæр адæймагæй æрбаздæхт. Нæ, тарæрфыгæй нæ ракаст, æдде бакæсгæйæ мисхал дæр нæ аивта, фæлæ йæ цæстытæ. Уыдон ыл гадзрахатæй цыдысты, зæрдæйы æцæг уаг фæдисгæнгæ Уаспимæ скъæфтой. Уаспи йæ денджызы былмæ нæ ауагътаид, фæлæ дохтырты гæххæтты, Беллæйæн йæ нервытæ смæнгæфсон сты, æмæ йæ денджызы был баулæфын хъæуы, зæгъгæ, куы бакаст, уæд ахъуыды кодта æмæ сразы. Фæстаг бон йæ зæрдæмæ ницы хæсдзæн, уадз йæ цардæмбал йæхи сдзæбæх кæна. Цыма денджыз нервыты хос у. Беллæ йыл гадзрахатæй рацыд, æвæццæгæн æм денджызы был чидæр æнхъæлмæ каст. Уаспи дзы отпусчы размæ йæ нервыты кой никæд фехъуыста. Цыдæр хостæ-иу нуæзта, æмæ ныр та хостæ чи нæ нуазы? Бындз дыл фæхæцыд – дохтыртæм азгъор кæнæ сæм адзæнгæрæг кæн, – цалдæр минуты фæстæ дæ уæлхъус æрбалæудзысты.

Лæппу йæ армытъæпæнтæй йæ цæсгом амбæрзта: йæ сæр фæйнæрдæм тоны. Алы хъуыдытæй байдзаг æмæ... Уаспи цыма фынæй ацис, афтæ йæ цæстытæ сæхгæдта. Йæ Беллæ денджызы был кæйдæр бауарзта. Æндæр курортмæ куы ацыдаид, уæд, чи зоны, сæ цард нæ фехæлдаид. Адæм иуыылæр «Анапæ, Анапæ» кодтой, адæймаг, дам дзы ног райгуыры, ноджы Ирыстонмæ хæстæг æмæ... Æндæр Уаспи Гагрæмæ дæр ссардтаид путевкæ. Сочимæ дæр ссардтаид.

Лæппуйы зæрдыл æрлæууыд: Беллæ курортмæ куы цыд, уæд æй автостанцæмæ нæ ахæццæ кодта. Хъуыды ма кæны: уыцы бон зæронд лæджы хуызæн уыд... Уæззау æмæ зæрдæсаст. Æвæццæгæн, цы æрцæудзæн, йæ зæрдæ уый æмбæрста. Фыдæлтæ раст дзырдтой. Сылгоймаджы иунæгæй уадзын нæ хъæуы, сырддонцъиуау кæдæм ныппæррæст кæндзæн, уымæн йæхæдæг дæр ницы зоны. Беллæ Уаспийы цур зулмæ дæр никæмæ фæкастаид. Лæппу сагъæсы аныгъуылд: æвæццæгæн æй Беллæ нæ уарзта. Æмæ йæм уæд цæмæн смой кодта? Минæвæрттæ йæм дæлфадихсыд нæ баисты, æхсæвы тары йæ сæрыл лæгмæрдтæ

не ‘рцыд. Ах, фæрæдыд, Уаспи цавæр адæймаг у, уый нæ раиртæста. Фондз мæймæ заводы кусджыты номхыгъдæй базондзынæ?

Уæвгæ, цы сты фондз мæйы? Уаспи Беллæимæ дыууæ азы æмæ æртæ мæйы фæцард æмæ цавæр адæймаг у, уый нæ базыдта. Адæймаг, зæххыл цы стырдæр сусæгдзинад и, уый у.

Уаспи спичкæ ссыгъта, æркаст æм æмæ йæ иуварс аппæрста. Спичкæ цæхæркалгæ атахт. Цы рæсугъд у. «Æнхъæлдæн срасыг дæн», – лæппу, цыма спичкæ уый нæ фехста, йæхи афтæ акодта. Æниу цæмæй тæрсы? Йæ фарсмæ, иннæ фынджы цур цы лæппу æмæ чызг бадынц, уыдоны цур бомбæ куы срæмудзай, уæддæр ницы бафиппайдзысты. Дзурынц æмæ дзурынц. Æвæццæгæн, кæрæдзи зæрдætæм фæндæгтæ агурынц. Дзурут! Æвзаг зæрдæйы дуар нæу, алырдæм дæр тасы.

Уаспи агуывзæйы арахъхъ рауагъта æмæ йæ ануæзта. Лывзæйæ схуыпп кодта. Цæмæндæр йæ зæрдыл æрбалæууыд: Беллæимæ куы базонгæ, уæд йæ сæры райгуырд æвæджиауы фæнд – хъуамæ рестораны иумæ абадой. Зæгъгæ дæр ын кодта. Фæлæ нæ сæмбæлдысты: фадат ын нал фæцис. Хорз хъуыды зæрдыл бирæ лæууы, æмæ, Уаспи Беллæйы куы æрхаста, уæд та йæ фæнд сног. Дæ къаимæ рестораны абад, дæ фæллад суадз, музыкæмæ байхъус. Йарæби, Уаспи дæр адæймаг у, ацы дунемæ цæрынмæ райгуырд. Хъуамæ ацыдаиккой «Нар»-мæ, сбадтаиккой рудзынгмæ хæстæг, цады цъæх буар сæм куыд зындаид, стъалытæ дзы куыд судзынц, уый куыд уыдтаиккой, афтæ. Хъуамæ Беллæ скодтаид йæ урс къаба. Фæлæ куыст, куыст! Адæймаджы йæхимæ нал æвдæлы, адæймаг йæхæдæг йæхицæй ферох. Ноджы уыцы рæстæг Уаспийы сæйраг инженерæй сæвæрдтой, æмæ йæ йæхи ныхсынмæ дæр нал æвдæлд.

Лæппу йæ сахатмæ æркаст: нырма раджы у – дæсæм æрдæг. Æндæр нæма у? Йæ фарсмæ иннæ фынгыл лæппуйы афарста:

– Æфсымæр, цас у рæстæг?

– Дæсæм æрдæг.

Уаспийы сахат раст цæуы. Цыма йæ цонгыл æндæр сахат не сфидауид, афтæ йæм кæсы. Йæ фыццаг мыздæй йæ балхæдта, æмæ йын адджын у. Иухатт ын чидæр бауайдзæф кодта: «Хуыцауы тыххæй, дæ сахат æнусон у, уыцы сахаты маркæйæн йæ кой-йæ хъæр дæр куынæуал ис». «Æнусон», – дзуапп ын радта Уаспи. Дзаума даргæйæ у. Уаспи цалынмæ физзарядкæ скæны, йæхи ныхсы, уæдмæ сахат йæ цонгыл нæ бабæтты. Сахæттæ сæдæ дæр балхæнид, фæлæ дзы цы кæны?..

Сæхимæ ацæуид æмæ... æмæ кæдæм тагъд кæны? Мыййаг, дуары хъæрмæ Беллæ мидбылхудгæ йæ размæ нæ рауайдзæн. Уаспи хъæрзæгау ныуулæфыд. Фæлтау дысон йе ‘взаг куы анырхъуырдтаид.

Беллæ æхсæвæр æрæвæрдта. Уаспи стъолы фарсмæ сбадт. Радиойы диктор фæстаг хабæрттæ дзуры. Англисы æфсæдтæ Цæгат Ирландийы зæхх ссæндынц, Италийы кусджытæ тох кæнынц сæ бартыл. Уаспийы зæрдыл цæмæндæр æрбалæууыд: сæхимæ куы ‘рбацæйцыд, уæд дуканийы хуызджын телевизортæ федта.

– Дуканимæ хуызджын телевизортæ сластой. Мæнмæ гæсгæ, дыууæ-æртæ азы фæстæ фæасламдæр уыдзысты, æмæ дзы уæд балхæндзыстæм. Нæ телевизор комиссион дуканимæ ратдзыстæм.

Беллæ ницы дзуры.

– Мæ хъуыды дæ зæрдæмæ нæ цæуы?

Чызг йæ хæрын ныууагъта, тæбæгъыл иуварс ахæцыд:

– Куыд дæ фæнды, афтæ, – йæ цæстытæ доны разылдысты, ныдждзих.

– Цы кæныс?

– Н-н-ницы.

– Отпусчы фæстæ аивтай. Цыдæр мæ цыма æмбæхсыс, æмæ уый хорз нæу. Дыууæ цардæмбалы хъуамæ кæрæдзийæ мацы сусæг кæной.

Беллæйы рустыл къуыбар цæссыгтæ æрфæд кодтой. Йæ цæсгом йæ раздарæны фæдджийæ амбæрзта.

– Мæ бон афтæ цæрын нал у, – сыстад æмæ уатмæ кæугæ ацыд.

Цы хабар у? Уаспийы сæр ницы ахсы. Исчи зæгъдзæн, сæ хуыздæр фæзиан. Сыхæгтæ сæм фæдисы æрбацæудзысты. Уаспи сыстад æмæ рудзгуытæ æрбахгæдта. Беллæ фæсабыр, Уаспимæ кæсы, йæ цæстытæ дзы ныссагъта. Ставд урс æртæхтæ йæ рустыл уайынц.

– Ахицæн уæм, мæ бон афтæ цæрын нал у.

– Цы?! – Уаспийы æвзаг дзырд нал ахсы.

Хъуамæ Беллæйæн цыдæр тызмæг ныхас зæгъа, йæ хъæлæсы дзаг ыл ныхъхъæр кæна. Кæцæйдæр уазал дымгæ уатмæ ‘рбаирвæзынып йæхи хъары. Æмæ æрбаирвæзы: Уаспийы уæнгтæ ихæнæй ризынц. Ныр та йæ фынæй ахсы. Æвæццæгæн, йæ зæрдæ бахъарм, æрдуйыл дæр нал хæцы. Уаспи цæлгæнæнмæ тагъд-тагъд ацыд, цайданы хъуырæй фых дон ануæзта. Фенцондæр ын. Фæстæмæ æрбаздæхт.

– Кæд уый нæ зоныс, уæд æнамонд дæ.

– Нæ зонын! – ныхъхъæр кодта Уаспи æмæ йæ хуыссæнмæ бацыд.

Сылгоймагмæ тызмæг дзурын аив нæу, фæлæ уыцы уысм йæхи нæ баурæдта. Зæрдæ дойнаг дур нæу.

Уаспи дысон-бонмæ хуыссæджы хъæстæ нæ фæци. Абон райсомæй цудтытæгæнгæ сыстад. Йæ цæстыты сырх, æвæццæгæн, ныр дæр нæма ссыд. Беллæ йæ æнæхуыссæг фæкодта. Йæхæдæг дæр нæ бафынæй: йæ тыхст улæфт хъуыст, куы-иу йæ иу фарсыл æрзылд, куы – йæ иннæйыл. Сылгоймаг фæразондæр у: Беллæйы цæстыты æгъуыссæг æхсæвы фæд нæ зынд. Йæ куыстмæ куы цыд, уæд Уаспимæ нæ разылд æмæ йæм иннæ хæттытау йæ мидбылты нæ бахудт: йæ къæхты бынмæ кæсгæ фæцæйцыд. Дуармæ куы бахæццæ, уæд æрлæууыд æмæ загъта:

– Изæры бынтондæр ацæудзынæн, – æмæ къæсæрæй ахызт.

Уаспи уаты астæу иунæгæй баззад, цалдæр уысмы æдзæмæй лæууыд. Уыцы минут цырты хуызæн уыд. Йæ куысты дæр уыд иунæг, йæ уат адæмæй бæргæ не сцух, фæлæ уæддæр... иунæг уыд. Кæйдæртимæ ныхас кодта, цыдæр гæххæттытæм каст, фæлæ дзы ницы уыдта. Адæм æм ауæттау зындысты, сæ ныхас дард кæцæйдæр хъуыст. Ныр дæр иунæг у, ацы адæмæй йын йæ маст иу дæр нæ зоны.

Лæппу та арахъхъ рауагъта æмæ графинмæ æркаст: агуывзæйы бæрц ма дзы уыдзæн. Куы ма йæ хъæуа, уæд та рахæссын кæндзæн. Арахъхъ – бирæ, æрмæст æхца бафид.

Уаспи рестораны иннæ къуымы йæхи хуызæн карджын лæппумæ фæкомкоммæ. Уый дæр иунæг у, мæгуыр, йæ цæсгом – фæлмæст æмæ æнкъард. Йæ фынгыл – афтид графин. Чи зоны, нуазын ма йæ фæнды æмæ… Уаспи йын иу авг барвитдзæн. Уæууа! Йæ фæнд фæдзæгъæл: кæстæриуггæнæг лæппуйы цур графины æрдæг арахъхъ æрæвæрдта. Уаспи лæппумæ нымдзаст: æвæццæгæн, уымæй дæр йæ ус алыгъд, æмæ уымæн æнкъард у. Æнæ бафæрсгæ йын æй нæй: цымæ йæ йæ ус цæмæн ныууагъта? Уаспи йæ сæр банкъуыста: æнхъæлдæн, срасыг. Сæхимæ ацæуид æмæ... Йæ хæдзармæ бакæсын æм нал цæуы. Абон дæр тыххæй ацыд.

...Уаспи сæ уæладзыгмæ схæццæ, асины хъæлыл банцой кодта: йæ къæхтæ йæ дарддæр нал хæссынц. Асинæй тыххæй йæхи атыдта. Беллæ шифанерæй йæ дзаумæттæ исы, йæ чумæданы сæ æвæры. Æвæццæгæн æм Уаспийы къæхты уынæр нæ фехъуыст. Æмæ уымæн нæ разылд. Æви йæм барæй... Нæ, нæ йæ бафиппайдта. Уаспи стъолы цур сбадт, цыдæр журнал райста, рæнхъытæ йæм сау хæххытæй зынынц. Йе ‘фсин

æм тынг хорз зыны. Беллæ йæ урс къаба райста æмæ йæм цымыдисæй кæсы. Æвæццæгæн, фыццаг хатт æм уыцы къабайы фембæлдмæ куыд рацыд, уый йæ хъуыдыйы сног. Беллæ уыд урс бæлоны хуызæн, цыма спæр-пæр кæндзæн, Уаспимæ афтæ каст.

Беллæ шифанеры лагъзæй йе 'хсæвхуыссæн дарæс райста. Уаспи фефсæрмы, йæ сæр иуварс азылдта. Афтæ æдзынæг кæсын аив нæу, Беллæ ахъуыды кæндзæн, исты уæлдай куы ахæссон, Уаспи, æвæццæгæн, уымæй тæрсы æмæ мæ йæ цæстытæ уымæн ныссагъта. Беллæ уыдон дæр чумæданмæ ныппæрста. Фыццаг хатт сæ йæ уæлæ куы скодта, Уаспийы зæрдыл уыцы æхсæв æрлæууыд.

Уаспи уæлгоммæ хуыссыд, пакъуы базы йæ сæр аныгъуылд. Сатæг уæлдæф ныхъуырдта. Гом рудзынгæй мæйы был зынд, бавнал æм æмæ йæ уатмæ æрбайс. Беллæ йæ сынтæгмæ фæцæйцыд. Йæ уæлæ ацы æхсæвхуыссæн дарæс. Мæйы рухсмæ йæ хæдон кæркæ-мæркæ æрттывта, урс буарыл сæуæхсидау ссыгъд.

Алы дзаумайæн дæр адæймаджы хуызæн йæхи истори ис. Уаспи хъæрзæгау ныуулæфыд. Йæ къухæй журнал пъолмæ æрхауд. Беллæ фестъæлфыд, сонтау фæстæмæ фæзылд, иу уысм æдзæмæй баззад, зæгъы:

– Фæтарстæн.

– Æмæ бирæгъ дæн? – Уаспи журнал систа æмæ дзы дамгъæгай бакаст: «Кад æмæ намысы аккаг æрмæстдæр уый у...» Журнал стъолмæ баппæрста. Беллæ йæ чумæданыл схæцыд.

– Мæнæ дæ дæгъæлтæ, – чызг Уаспийы цур стъолыл æрттиваг дыууæ дæгъæлы æрæвæрдта æмæ фæцæуы. Къæсæрæй ахызт. Уынгмæ йæ ахæццæ кæнын хъæуы, кæдæм цæуы, цы фæуыдзæн? Æхца йæм ис, цымæ? Уаспи йæхиуыл схæцыд. Йе уæнгтæ мæлæты уæззау сты, йæхи бандонæй атонын нæ фæразы. Иу сыбыртт никæцæй хъуысы. Æдзæм сабыр зæрдæйы цыдæр тас уадзы. Лæппу æваст сонтау фестад, дуар йæ фæстæ агуыпп кодта. Азгъордта. Уайминут уынджы февзæрд. Беллæ трамваймæ бахызт. Раздахын æй хъæуы. Уаспи трамвайы æрлæууæнмæ йæхи аппæрста. Ныртæккæ Беллæйæн йæ къухыл ныххæцдзæн æмæ йæ сæхимæ ракæндзæн... О Хуыцау... Трамвай нæма ацыд, ныртæккæ йæ баййафдзæн. Лæппу трамваймæ куыд хæстæгдæр кæны, афтæ йæ къæхты хъару тайы, йæ быны цудынц, размæ сын ницыуал æнтысы.

Трамваймæ цалдæр метры баввахс. Æрлæууыд. Трамвай ацыд. Адæм Уаспийы рæзты цæуынц, сæ ныхас æмæ йæм сæ худын мæстæймарæгау дард кæцæйдæр хъуысы. Машинæтæ йæ цурты асыффытт кæнынц, фæлæ сæ уый нæ тæрсы.

Уаспи фезмæлыд, йæ къæхтæ йæ æнæ уынæрæй кæдæмдæр хæссынц. Цæуы. Цæуы. Цымæ кæдæм? Æрлæууыд. Кæм и? Рестораны цур? Æмæ ма йæ хуыздæр цы хъæуы? Рестораны дуарыл рахæцыд æмæ дзаумæттæ исæгмæ йæ шляпæ баппæрста...

Уаспи йæ агуывзæмæ нымдзаст. Беллæ саузæрдæ адæймаг у, уый абоны онг нæ зыдта. Цалынмæ хъуыддаг къуырцдзæвæнмæ æрхæццæ уа, уæдмæ адæймагæн базонæн нæй. Уыцы æхсæвхуыссæн дарæс Уаспийы æхцайæ æлхæд уыдысты, æмæ сæ Беллæ пысултау чумæданмæ уымæн æрæппæрста. Акæс-ма! Куы сæ æлхæдта, уыцы бон дзы ферох. Уаспийы фæстæ ауунау зылд – аст æмæ мæ ссæдз сомы æхсызгон хъæуы, зæгъгæ. Цæмæн, уый нæ дзырдта, æмæ Уаспи дæр, цыма ницы хъусы, йæхи афтæ скодта. Беллæ фæцæйцыд: «Æз нæ сыхæгтæй райсдзынæн». Уаспи йын йæ къух ацахста: «Дæхи искæй цæсты ма ‘фтау, мæнæ дын æхца. Беллæ, æз демæ чындзыты нæ хъазын, цы æлхæнынмæ хъавыдтæ, уый балхæн». Æмæ чызг ацыд, иу сахаты фæстæ уыцы æхсæвхуыссæн дарæс æрбахаста. Æфсæрмы, дам дæ кодтон æмæ, цы æлхæнынмæ хъавыдтæн, уый уымæн нæ дзырдтон. Æвæццæгæн, йæ хæстæджытæй искæмæн исты æлхæнынмæ хъавыд æмæ нал бауæндыд.

Уаспи агуывзæйы арахъхъ рауагъта, йæ зæнгтæм æркаст æмæ йæ мидбылты бахудт. Абон йæ цард аразæг йæ къæхтæ сты, æмæ хъуамæ уыдоны тыххæй Хуыцаумæ скува. Лæппу арахъхъæй ацахуыста. Ацы изæр сæхимæ баззад, зæгъгæ, мæстæй атыдтаид. Йæ къæхтæ йæ хорз ранмæ æрбахастой. Абон ма иу хорз хъуыддаг сарæзтой: фæскуыст æй æмкъайады, бинонты царды кодекстæ æмæ уагæвæрдтæ кæсынмæ библиотекæмæ ахастой.

Абонæй фæстæмæ Уаспийæ никæдуал ферох уыдзæн чингуыты каталоджы æмкъайад æмæ бинонты царды хайад. Уæлдай зæрдиагдæрæй йæ бакæсын фæндыд æртæ чиныджы: «Имущественное отношение супругов», «Расторжение браков» æмæ «Вопросы брака и семьи в суде». Чингуыты номхыгъд гæххæтты гæбазыл рафыста æмæ йæ библиотекæйы кусджытæй иу сылгоймагмæ радта. Уый гæххæтмæ æркаст æмæ загъта:

– Юридикон консультацимæ цæуылнæ цæуыс? Уым дын...

– Мæн чингуытæ хъæуы, консультацитæ мæ нæ хъæуы! – йæ ныхас ын фескъуыдта Уаспи. Сылгоймаг йæ былтæ фæцъупп кодта æмæ чингуыты тæрхæджыты æхсæн æрбайсæфт. Алывыдтæ йын акалын хъуыд. Кæй цы кæнын хъæуы, уый алчи йæхæдæг хуыздæр зоны.

Сылгоймаг цалдæр зæронд чиныджы рахаста. Сæ сыфтыл къухæй цыдæр фыстытæ.

Уаспи Беллæйы æрбацыдмæ нæ тагъд кодта, зæгъгæ, афонмæ дæр ма библиотекæйы бадид. Ахæм чингуытæ кæсын пайда у. 1918 азы хорз кодекс рацыд: лæг æмæ усæй чи цы куыста, чи дзы цы дзаумæттæ æлхæдта, уыдон ын иумæйаг нæ уыдысты. Табуафси – дæ цард дæ зæрдæмæ нал цæуы – дæ ис, дæ мулк бæрæг – ахицæн у. Дыуумæ адæймаджы мулк кæрæдзиуыл нæ баста.

Лæппу йæ пинджачы дзыппæй тæнæг урс къухмæрзæн систа æмæ йæ ныхы хид асæрфта. Афтæ йæм каст, цыма йæ царды æнæнхъæлæджы никæд ницы æрцæудзæн, куыд æй араза, æдзухдæр афтæ уыдзæн. Æниу цæуыл тыхсы? Мæгуыр уый у, бахъуаджы сахат йæ рæбыны капекк кæмæ нæй, йе ‘хсæвхуыссæн уатыл чи хъуыды кæны. Уаспийæн цы у?

Йæ хæдзары бынат – зæдты бадæн: бæрзонд пæлæхсар бæлæстæ йæ алыварс æртыхстысты. Йæ фатер – галуаны хуызæн. Сæумæраджы йæ фатеры рудзгуытæ уæрæх байгом кæны, сыгъдæг уæлдæф йæ буарыл фæузæлы, æмæ йæм афтæ фæкæсы, цыма аргъауы бæстæйы цæры, цыма ныртæккæ йæ цæнгтæ базыртæ фестдзысты, æмæ маргъау арвы хъæбысмæ стæхдзæн. Алчи ахæм ран цæрынмæ тырны, Беллæ та дзы лидзгæ акодта.

Уаспийы зæрдыл æрлæууыд: Беллæйы сæ чындзæхсæвы размæ йæ фатермæ ахуыдта. Чызг музейы цæуæгау иу уатæй иннæмæ цæуы. Лакæй ахуырст паркет пъолыл йæ туфлитæ фæбырынц, фæцуды, фæцæйхауы.

– Дæ пъолтæ айдæны хуызæн сты.

– Мæ ныхбынтæ сыл баихсыдысты: цалдæр изæры сæ авджы сæстытæй фæхафтон, стæй сæ лакæй байсæрстон. Сыгъдæг бирæ уарзын... Мæ фатеры къæсæрæй куыддæр бахизын, афтæ мæ туфлитæ раласын.

Беллæ йæ къæхтæм æркаст æмæ йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт.

– Алы сабат дæр мæ фатер уымæл пысулæй ныссæрфын. Мæ астæу дзоныгъы æфсæрау никъкъæдз вæййы.

Беллæ æнцад бадт æмæ йæ фидæны къаймæ хъуыста, йæ цæстытæ цины зылдыспы. Ай-гъай! Бæхтæ кæм хъазой, ахæм æртæ уаты дын, цæлгæнæн, хинайæн. Цы ма хъæуы адæймаджы амондæн?

Графины ма иучысыл арахъхъ баззад, æмæ йæ Уаспи агуывзæмæ рауагъта. Агуывзæ байдзаг. Лæппу бахудт: æвæдза, æнæхин у. Адæймагæн смаст кæныны бæсты йæ ницы хъæуы. Хъуыды ма кæны, Беллæ тæвд иту стъолыл авæрдта æмæ дæ фыдгул афтæ – стъолæмбæрзæн ссыгъд, итуйы бын сау фæнык фестад. Уаспи йæ мидбынат лæууыд, цæмæй йе 'фсинмæ тызмæг ныхас ма скæна, уый тыххæй йе 'взагыл ныххæцыд. Йаръæби, адæймагыл сæр хъуыды кæныны тыххæй æрзад!

Уаспийы маст куы æрсабыр, уæд уаты астæумæ итувæрæн стъол рахаста, стæй Беллæмæ фæдзырдта æмæ йæ сабыр хъæлæсыуагæй бафарста:

– Дæумæ гæсгæ нæ ацы стъол цæмæн хъæуы?

Уый æнцад лæууыд, йæ цæстытæ доны разылдысты. Цы йын хъуамæ загътаид Уаспи? Нæмгæ йæ фæкодтаид? Алцæмæй æххæст адæймаг нæма райгуырд. Хъæндзинæдтæ уымæ дæр ис. Хъæндзинæдтæ, зæгъæ, адæм цы кæнынц, уый куынæ кæнай, уæд сæм æххæст адæймаг нæ кæсыс. Уаспи нозтмæ æмхиц нæу, æмæ уый кæйдæрты зæрдæмæ нæ цæуы. Кæддæр Беллæ дæр куырыхон сылгоймаг басгуыхт æмæ йын зонд амыдта: «Хæстæджытæм æмгæрон нæ цæуыс, адæмæй дæхи æмбæхсыс».

Уый йæхи никæмæй æмбæхсы. Уæдæмæ дыдзæсгом адæймаг нæу, йæ куыст æмæ йæ бынатæй сæудæджер нæ кæны. Æртындæс – фынддæс азы размæ йæ ничи зыдта. Зымæгон-иу тæнæгцъар астæумæ пъалтойы гæртгæртгæнгæ куы фæцæйцыд, уæд æй ничи уыдта, сау суарийæ йын айс никуы ничи загъта. Уæд ын хæстæджытæ нæ уыд, ныр стъалыты нымæцæй фæфылдæр сты. Бындзытæ æхсæвыгон цырагъы рухсмæ куыд тæхой, афтæ йæм тæхынц, йæ алыварс зилынц. Ныр ын æмгæрттæ дæр бирæ ис. Æрбадзурынц æм, агурынц æй. «Уаспи Мысыры фырт, дæ хорзæхæй, саккаг кæн, нæ лæппуйыл ном æвæрæм æмæ дæ хонæм», «Хуыцаубоны æрдзы хъæбысы нæ рæстæг иумæ арвитæм, физонджытæн замманай дзидза ссардтон».

Уый дыдзæсгом нæу. Йæ куыстæй сæудæджер нæ кæны. Лæппу йæ фынгмæ æркаст, иу сæдæ граммы ма арахъхъ райсид æмæ... Æгъгъæд у, хъуамæ æнæмæнг цудтытæгæнгæ ацæуа? Адæймаг зындзинæдтæн райгуырд, быхсын хъæуы, арахъхъæй быцæутæ аразæн нæй.

Уаспи бахудт, йæ цæстытæ уæрæх байгом кодта. Беллæ ныр кæй ацыд, уый хуыздæр уыди: æцæгæлæттау иумæ цардаикккой. Æвæдза, сывæллон сын кæй нæ рантыст, уымæй амондджын разындысты: сæхи кæрæдзийæ зындæрæй атыдтаикккой, стæй сывæллон æнæ фыдæй хъомыл кодтаид æмæ… Сидзæр мæгуыр у.

Æнхъæлдæн, адæм сæ хæдзæрттæм цæуынц. Уаспийæн дæр цæуын афон у. Лæппу кæстæриуæггæнæг сылгоймагмæ фæдзырдта. Уый æрбацыд, йæ нымайæнтæ фынгыл æрæвæрдта, йæ фыссæн чиныгмæ æркаст. Рæсугъд даргъ æнгуылдзтæ нымайæнтыл азгъордтой, кафынц. Цъыкк! Цъыкк! Æртæ сомы. Туман. Сылгоймаг йæ мидбылты худы. Цъыкк! Цъыкк! Цыппæрдæс сомы æмæ æртæ абазийы. Цы? Нæ! Уаспи цыппæрдæс сомы аргъ нæ бахордта. Цы райста? Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр – арахъхъ, лывзæ, фыдджын æмæ цыдæр лыстæг хæринæгтæ. Лæппу кæстæриуæггæнæгмæ скаст:

– Æз нымайын бирæ уарзын, анымай та ма, æрмæст лæмбынæгдæр.

Сылгоймаджы æнгуылдзтæ та нымайæнтыл азгъордтой. Йæ мидбылты худы. Æвæццæгæн, Уаспийы расыг æнхъæлы. Нымайæнтæ сæ сæмæныл дыууæрдæм тæхынц. Цъыкк! Цъыкк! Сылгоймаджы мидбылты худт тайы.

– Бахатыр кæн, фыццаг хатт раст нæ банымадтон.

Фæрæдыд. Уаспийы мидбылхудтæй нæ асайдзынæ. Цымæ рестораны хицау кæм и? Сылгоймаджы бафхæрын хъæуы. Æниу, йемæ фæнды дзур, фæнды ма. Уаспи йæ ног джиппы нæ ауадздзæн. Лæппу сыстад, фынгыл æхца æрæвæрдта æмæ сылгоймагмæ скаст: адæмы нырма ахуыр кæнын хъæуы, мæнæ кæстæриуæггæнæг сылгоймаджы дæр, йæ раздæры æфсин Беллæйы дæр. Æппæт адæмы дæр нырма ахуыр кæнын хъæуы!

ЦОМАРТАТЫ Изæтбег

ЗЫНГХУЫСТ БÆЛЛИЦТÆ

Роман

*Æртыккаг чиныг**

Ахуыргæндтæй стыр аргъ кæмæн кæнын, уыдонæй иу у ирон æвзаджы дæсны, профессор Ибрагим. Уæздан хиуылхæст лæг. Цæуы йыл æхсай азы, фæлæ йын йæ бакастмæ гæсгæ фæндзай азæй фылдæр ничи ратдзæн. Йæ сау сæрыхъуынтыл халас фæхæцыди, æмæ мæм афтæ кæсы, цыма бæлвырд фæрæсугъддæр и. Йæ аив цæсгомыл иу æнцъылд бæрæг дæр нæй. Афтæ зыны, цыма æппындæр ницæуыл сагъæс кæны, мæсты кæнын дæр нæ зоны. Мæскуыйы цæры æмæ, Ирыстонмæ куы ссæуы, уæд дзы иу уæлдай ныхас дæр никуы схауы. Дзургæ та кæны хъавгæйæ, фæлмæнæй, йе 'мныхасгæнæгæн аргъгæнгæйæ. Зæрдиагæй архайы, цæмæй макæй бафхæра, цæмæй макæй зæрдæхудты бацæуа. Хорз æй зонын, æмæ мæм диссаг кæсы, ацы хатт куыд мæсты у, уый. Йæхи тыххæй уромгæйæ, мæ кабинеты фæмидæг и, салам дæр мын нæ радта, афтæмæй мæ дæрзæг хъæлæсæй афарста:

– Кæм и, куыдзы ном хæссыны аккаг чи у, уый?!

– Кæмæй зæгъыс, кæ? – йæ фарстæн ын фарстæй дзуапп радтон цымыдисæй.

– Уе 'нæсæр хицау, æндæр ам куыдзы ном хæссыны аккаг чи у?!

– Афтæ тынг æм цæуыл смæсты дæ? Хæлæрттæ куы стут.

– Хуыцау мæ бахизæд ахæм æнæсæр хæлæрттæй!

– Цæмæй дæ бафхæрдта?

– Президенты цæсты мæ бафтыдта!

– Куыд æгъдауæй? Æдзухдæр мын дæуæй куы феппæлы.

– Йе 'ппæлд дæр – ницы æмæ йæхæдæг дæр – ницы! Фыддзæсгомгæнæг!

– Уæддæр ыл дæ зæрдæ цæмæй фæхудти?

– Уæ уацхæссæгæн интервью радтон æмæ ма, зæгъын, æххæст ацы идиоты дæр абæрæг кæнон, зæгъгæ йæм бауадтæн. Фæлтау æй

* Дарддæр. Райдайæн 2022 азы 8 – 10-æм номырты

мæ цæсты кæронæй дæр куынæ федтаин. Куыддæр ын салам радтон, афтæ мæ хъуыры абадти:

– Ибрагим, де 'ххуыс мæ хъæуы.

– Цæмæй дæм фæкæсон? – бафарстон æй разæнгардæй.

– Ныртæккæ чиныгуадзæны директор нæй, æмæ дзы цалынмæ исты аферисты нæ сæвæрдтой, уæдмæ мæн тыххæй Галайæн куы бакой кæнис… Де 'рдхорд куы у… Хъуамæ дын «нагъ» ма зæгъа…

– Бæгуыдæр ын бакой кæндзынæн. «Нагъ» мын кæй нæ зæгъдзæн, уый та дызæрдыггаг нæу, æмæ дæ курдиат æххæстгондыл банымай, – зæрдæ йын бавæрдтон фидарæй æмæ Президентмæ бацыдтæн. Хорз хæларæн куыд æмбæлы, афтæ йыл бацин кодтон, йæ царды хабæрттæй йæ фæфарстон, стæй аивæй ацы фидиссагмæ рахызтæн æмæ йын дзы сахаты 'рдæг феппæлыдтæн. Æмæ йæ цынæ рахуыдтон. Зонддджын, уæздан, коммæгæс, æмбаргæ, бæрнон, куыстуарзаг, домаг, курдиатджын журналист, зæрдæргъæвд литератор, агургæ æмæ æнæаргæ разамонæг. Цыфæнды йын куы бабар кæнай, уæддæр æй æвæстиатæй сæххæст кæндзæн. Рауагъдады сæйраг редакторæй куыста æмæ чиныг уадзыны хъуыддаг иттæг хорз зоны. Директоры бынатмæ, зæгъын, уымæй хуыздæр кандидатурæ боныгон цырагъы рухсмæ дæр не ссардзынæ. Уый ницы дзуры. Цæрдхуынкъ мæ чи кæны, ахæм цæстытæй мæм комкоммæ кæсы æмæ мын мæ ныхæстæм лæмбынæг хъусы. Дзырд куы фæдæн, уæд мын мæ разы газет æрæвæрдта æмæ мын йе 'нгуылдзæй иу стыр уацхъуыдмæ бацамыдта. Бакастæн æй, æмæ фыр дисæй мæ сæрыхъуынтæ арц сбадтысты.

– Ахæм диссагæй дзы цы уыди уагæр?

– Галайы цъыфимæ сызмæста, дур дзы дурыл нал ныууагъта.

– Æмæ ма дзы уый фæстæ чиныгуадзæны директоры бынат агуырдта?

– Уæдæ йæм æз цæуыл мæсты кæнын?! Хъуамæ дæ алы къахдзæфы дæр логикæ уа, уый та… Æмæ йæхицæн цыфæнды дæр кæнæд, фæлæ мæн та æдылыйы бынаты цæмæн æвæры?! Фыр æфсæрмæй ма мæхи цы фæкодтаин, уый нал зыдтон. Президенты кабинетæй куыд рацыдтæн, уый мæ фыр тыхстæй æмбаргæ дæр нал бакодтон.

«Дзæгъæлы йæм мæсты кæныс. Ды дæр уымæй æнаххосдæр нæ дæ. Бынæтты кæй æвæрут, уыцы ницæйæгты нæ зонут, афтæмæй сæ размæ схойут, æмæ иууылдæр иумæ курдиатджынты удхарæй марут», – бафхæрдтон æй мæхинымæр. Мæ ныхæстæ йын хъæрæй дæр

загътаин, фæлæ йæм бахъардтаиккой? Мæнмæ гæсгæ, нæ, æмæ мын уæлдæфы ауыгъдæй баззадаиккой.

– Куы ‘рбацæуа, уæд ын-иу мæ ныхæстæ рафæзм, æмæ мæ тæфтыл дæр куыд никуыуал ауайа, афтæ! – æртхъирæнгæнæджы хъæлæсæй ма загъта Ибрагим æмæ ацыди.

* * *

Адæймагæй дæр, цæрæгойæ дæр, цæрæн бынатæй дæр сидзæр æвæгæсæг, мæгуыр æмæ тæригъæддаг у. Раджы кæддæр хъæуы гыццылæй мæхæдæг куыд никæй хъуыдтæн, ныр горæты мæ хæдзар дæр афтæ никæй хъæуы. Мæн мæ бинонтæ мæ мадæй фервæзыны тыххæй дзæгъæлзад хуыдтой, мæ хæдзар та мын «выкидыш» хонынц, æмæ йæм нæ зилæг и, нæ дзы рухс и, нæ – хъарм. Ноджы ма, культурон адæм сæ уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн куыд фæкæнынц, афтæ дзы фарæстæм уæладзыгæй фыццæгæм уæладзыгмæ æфсæйнаг хæтæл сарæзтой, æмæ йæм цæрджытæ алыхуызон бырæттæ калынц. Стыр хæррæгътæ дзы ныссæдзынц æмæ дæлæмæ тæрын нал фæкомынц. Се суæгъд кæныны тыххæй сыл уæлейы дон уадзын фæхъæуы, дæлейы та – даргъ лæдзæгæй къахын, æмæ ныддонласт вæййæм. Бынæй чысыл мæнгагъуысты цы вагонеткæ ис, уый куы байдзаг вæййы, уæд æй æддæмæ куы чи ратулы, куы – чи, аласæг æй нæ вæййы, æмæ дзæвгар рæстæг нæ ахизæны цур къæсæргæрон фæлæууы, йæ бынаты та цыбыр рæстæгмæ бырæтты обау фæзыны, æмæ нæм хъылмайы смагæй æрбацæуæн нал вæййы. Æмæ ма уымæн исты хуызы бабыхсæн уаид, фæлæ, сæрды стыр сау бындзытæй нæхи цы фæкæнæм, уый нал фæзонæм.

Мæхи мæт нæ кæнын. Мæ сывæллæттæ бырæттæм куы бавналой, сæ къухтæ сæ дзыхтæм куы схæссой æмæ ноджы тынгдæр куы фæрынчын уой, уымæй тæрсын æмæ сæ æддæмæ ракæнын нæ уæндын, стæй сæ кæдæм ракæнон, уый дæр нæ зонын. Кæртæн дзы йæ кой дæр нæй. Тæккæ рахизæны нарæг фæндагыл фæсивæд машинætæ æмæ велосипедтыл дыууæрдæм æнæсæрфат ратæх-батæх кæнынц. Цæмæй мын мæ чызджыты ма скъуырой, уый тыххæй сæм алы минут дæр цырддзастæй кæсын æмæ фесхъиу-фесхъиу кæнын. Æхсæв-бонмæ та нæ къогъотæ хæрынц æмæ нæ фынæй кæнын нæ уадзынц. Æдзæлгъæд цæрдтытæй сфæлмæцыдтæн. Не ‘дзæллаг уавæр аивын мæ бон кæй нæ

бауыдзæн, уый æмбарын æмæ мæхимидæг катай кæнын. Иудадзыгдæр мæ хъуыдытæ мæ фатер баивынмæ арæзт сты.

Не стыр хицæуттæ мын æфснайæн кассæйæ ме 'хцатæ адавтой, æмæ ма мæ нæхи гыццыл хицæуттæ дæр куы бастигъой, уæд мæ бинонтæ бынтон æнæхæдзар фæуыдзысты. Уыцы тас мæ удхарæй мары, æмæ мæ хæдзар æндæр ранмæ баивыны хъуыддаг райдайын нæ уæндын. Дæлдонгæнæг хъæмпыхалмæ куы фæлæбура, уыйау æз дæр иу мæнгæфсон ныфсæвæрæн халыл фæхæцыдтæн. Радиокомитеты фарсмæ цы гараж уыди, уый айстой æмæ дзы фондзуæладзыгон хæдзарæн бындур сæвæрдтой. Куыд дзурынц, афтæмæй дзы мах кусджытæм дæр фатертæ 'рхаудзæн. Мæ фатер куы раттон, уæд дзы æз дæр кæй æрцæрдзынæн, уымæй мын Авдан зæрдæ бавæрдта, æмæ та раздæрау æнхъæлмæ кæсын райдыдтон. Мæ кабинеты акомкоммæ ис, æмæ, куыд арæзт цæуы, уый рудзынгæй хорз уынын, растдæр зæгъгæйæ та, куыд арæзт нæ цæуы, уый. Æрсынбырсынгæнгæйæ дзы метр æмæ 'рдæг самайынц кæнæ чысыл къаддæр æмæ йæ ныууадзынц. Тæрккъæвдатæ йæ фæхойынц, мит ыл фæуары, сæрдæй, зымæгæй дзы дымгæ фæкъуыззитт кæны, æмæ уæллаг фæлтæрты агуыридууртæ æрлæзæрынц. Цыма аразджытæ сæ фехæлынмæ фенхъæлмæ кæсынц, уыйау та кæддæр-никæд æрæгвæззæджы бындзытау æрдæгфынæйæ базмæлынц, нымадæй та дзы метр æмæ 'рдæг самайынц æмæ та æвиппайды цыдæр æрбавæййынц. Дзывылдартæ ма 'рбайсæфынц афтæ æнæнхъæлæджы. Цыма сæ исчи куы бахъыгдара, уымæй фæтæрсынц, уыйау хъарм бæстæм сусæгæй атæхынц, æмæ сæ уынгæ дæр нал акæнын.

Аразджытæн сæ прораб æрыгон лæппу у. Куыд æй бамбæрстон, афтæмæй физонæг бирæ уарзы. Йæ сисамайджытæ кусынмæ куы бавналынц, уæд алы бон дæр мæ рудзынджы бынмæ физонджытæ фæкæны, мæ кабинет сæ тæфæй байдзаг вæййы, æмæ æз ме 'мкусджытæн хъазгæмхасæн фæзæгъын:

– Аразджытæ физонджытæ хæрынц, мæн та сæ адджын тæфæй æфсадынц, æмæ сæ хуымæтæджы бузныг дæн. Хæринагыл мæ 'хца хардз кæнын нал бахъæуы…

Физонджытæ кæнынæй уæлдай ма сæм, æппындæр кæй не 'мбарын, ахæм æнахуыр миниуæг дæр ис. Дæргъæй-дæргъмæ тралеры гуыффæйы дзаг агуыридууртæ 'рбаласынц, зæхмæ сæ 'ркалынц, æмæ 'ппынкъаддæр се 'ртыккаг хай ныппырх вæййы. Æнæхъæнæй ма дзы

чи аирвæзы, уыдонæн сæ фылдæр дыккаг бон кæдæмдæр аласынц. Хæдзар саразынмæ æнæрхъæцæй кæй æнхъæлмæ кæсын, уый тыххæй йыл мæ зæрдæ риссы, æмæ, кæрт агуыридуртæй куы сафтид вæййы, уæд ма мæ уды катайыл ноджындæр иу уыйас бафты. Иу бон мæ дзых нал фæлæууыд, æмæ Авданы бафарстон:

– Цы агуыридуртæ ‘рбаласынц, уыдон дыккаг бон кæдæмдæр куы арвитынц, уæд хæдзар цæмæй саразынмæ хъавынц, стæй кæд?

– Ууыл ма тыхс, тагъд æй сараздзысты, – уазал хъæлæсæй мын цыбыр дзуапп радта, йæ цæстытæй та мын æндæр ныхæстæ загъта: «Уыдонимæ дæ ницы хъуыддаг ис, æмæ дæхи куыст кæн. Радиойы дæ хъалагъурæй нæ сæвæрдтон».

Галæй йæм ссыдтæн æмæ дзы хъугæй æрцыдтæн. Мæ кабинеты иучысыл куы абадтæн, уæд мæм прораб тарæрфыгæй æрбацыди æмæ мын тыхстхуызæй уайдзæфтæ кæнынıл схæцыди:

– Ирбег, æз дæм хорз зæрдæ куы дарын, æвзæрæй дын куы ницы ракодтон, уæд мыл хицæутты цæмæн ардауыс? Мæ куыстæй мæ куы сисой, уæд дзы цы рамбулдзынæ?

– Нæ дæ ‘мбарын. Цæмæн афтæ зæгъыс?

– Прораб, дам, агуыридуртæ давы.

– Дæ кой мæм куынæ уыди…

– Кæд дæ агуыридуртæ хъæуы, уæд дын æз ратдзынæн, æцæг мыл макæй ардау.

– Агуыридуртæ дæр мæ нæ хъæуы, ардаугæ дæр дыл никæй кæнын, рамбулынмæ дæр ницы хъавын, чи сæ кæдæм ласы, уый дæр нæ зонын.

– Куы дæ бахъæуа, уæд мын-иу зæгъ, æмæ дын æз дæ хæдзармæ уыйбæрц дæр нылласдзынæн, – загъта ма прораб æмæ тыхстхуызæй ацыди.

«Мæ ныхæстæ Авданæй дарддæр куы никæдæм ахæццæ сты, уæд мын сæ ацы лæппумæ чи бахаста?» – бадис кодтон мæхинымæр. Мæ хиуылхæст «æрдхорд»-хицауыл фæгуырысхо уæвын мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, фæлæ мын дыккаг бон нæ шофыр мæ хъуыды цæхгæр аивын кодта. Замманай зæрдæхæлар саухил рæсугъд лæппу у. Арæзтадон техникум каст фæци, фæлæ йæ аразæгæй кусын нæ бафæндыди, хиуылæрвæссон уацхæсджыты ласын та йæм æгад кæсы. Сылгоймæгтæй йæм исчи бардзырд дæттæджы хъæлæсæй куы сдзуры, уæд смæсты вæййы, фæлæ уæддæр кусы. Бирæ йæ уарзын æмæ йыл æдзухдæр зæрдиагæй бацин кæнын. Уæзласæн машинæйыл

арæх фæбады, æмæ йæ бафæрсынмæ хъавыдтæн, нæ агуыридууртæ цы фæвæййынц, зæгъгæ, фæлæ йæхæдæг мæ разæй фæци:

– Лæппутæ та агуыридууртæ дыууæ машинæйæ Авданы хæдзармæ аластой.

– Ома куыд Авданы хæдзармæ? – нæ йæ бамбæрстон æз, æмæ мæм дисмæ кæсæгау æрбакасти.

– Йæ райгуырæн хъæуы стыр хæдзар кæй аразы, уый нæ зоныс?

– Нагъ.

– Уæдæ йæ ныр базон.

– Тæппуд куы у, уæд хицæуттæй куыд нæ тæрсы?

– Ныр та ма чи кæмæй тæрсы? Иумæйаг исбонмæ чи куыд æххæссы, афтæ дзы йæхи дзыпмæ 'вгæны. Хæлофы рæстæг æрцыди, æмæ йыл Авдан дæр нæ ауæрды. Хицæуттæ се 'ппæт дæр давынц, фæлæ дзы амæн æмбал нæй. Хорз æмæ 'взæр кæрæдзийæ кæй нæ иртасы, уый та бынтон диссаг у. Йæ хæдзармæ йын хъæдæрмæг куы ластон, уæд мæм «ме 'фсымæр»-æй дзырдта, ныр æй нал хъæуын, æмæ мæ тъæпп-рæхуыстæй дары.

– Мæ цæстытæ мын байгом кодтай.

– Ацы хæдзармæ чи 'нхъæлмæ кæсы, уыдонæн сæ цæстытæ 'хгæд сты, æмæ йæ хорз нæ уынынц. Бирæ 'нхъæлмæ кæсын ма сæ бахъæудзæн…

– Цæмæн?

– Уымæн æмæ Авданæн горæты астæу замманай фатер радтой, æмæ йæ ацы хæдзар ницæмæнуал хъæуы. Искæуыл чи батыхса, ахæм нæу. Йæхи мæт кæны 'рмæстдæр, æндæр æй ничи æмæ ницы 'ндавы. Чингуытæй ист рæсугъд ныхæстæ тутийау фæзмгæйæ æмæ искæй хардзæй йæхи зондджынæй æвдисгæйæ, кæйфæнды риуыл дæр цъыф къахæй бацæудзæн æмæ йæ хъуыддæгтæ кæнынмæ дарддæр араст уыдзæн. Ничи йæ уарзы 'ппындæр. Телеуынынады кусджытæ æмæ йе 'мхъæуккæгтæ нæ, фæлæ ма дзы суанг йе 'рвадæлтæ дæр се сæфт уынынц, былысчъилтæ сыл кæй кæны, уый тыххæй.

Йæ ныхæстæ мæ зæрдæмæ арф бахызтысты æмæ ма дзы иу нос дудгæйæ ныууагътой. Мæ хæдзар горæты астæумæ баивыны æмæ ме 'нахъинон уавæртæй фервæзыны хъуыддагæй кæй ницы рауайдзæн, уый æмбарын райдыдтон æмæ ницæмæуал æнхъæлмæ кæсын. Иугæр мыл прорабы сардыдта, уæд мыл Адæбейы дæр уый ардыдта, цæмæй йæ ныхмæ иумæйаг æвзаг ма ссарæм, уый тыххæй.

* * *

Кæд мын цард мæ сæр уæззау дзæккорæй хойы, уæддæр мæм иудадзыг саумылазонæй нæ зыны. Иуæй-иу хатт мæм, нæ хъæлдзæг хабæрттæм кæсгæйæ, худын дæр æрцæуы. Уæвгæ, худæг дæр цас вæййынц? Хи ирхæфсæн гыццыл цаутæ...

Авдан тынг сабыр у. Хъæрæй ныхасгæнгæ йæ никуы ничи федта, къæлидоры иу уайдзæф дæр никуы никæмæн бакодта. Цыфæнды мæстыйæ дæр йæхиуыл хæцын фæразы. Адæймаджы йæ кабинетмæ бахоны æмæ йын уым йæ зæгъинæгтæ фæлмæнæй фæзæгъы. Йæ миддуне йын чи нæ зоны, уый дзы, иуварсæй йæм кæсгæйæ, æнæ дызæрдыгæй зæгъдзæн: «Ай цыфæнды стыр хицауы бынатæн дæр агургæ æмæ æнæаргæ лæг у», фæлæ йæ æз мæ дыууæ къухы хуызæн зонын, æмæ мæм ахæм æдылы хъуыды тыххæй лæмаргæйæ дæр нæ равзæрдзæн…

Нæ хистæр кусджытæй чи йе ‘нусон дунемæ ацыди, чи – пенсийы, æмæ ма нæм иу карджын уацхæссæг баззади. Йæ ном хуыйны Мырзаган. Карджын дæр цас у. Æхсай азæй йыл чысыл фылдæр йеддæмæ нæ цæуы, фæлæ, сæвджынтæ æмæ тарæрфыг кæй у, уымæ гæсгæ йæ карæй бирæ хистæрхуыз у, уый æдде ма – мæстыгæр, хылгæнаг, гуырымыхъхъ, æнæуаг, æнæгъдау. Журналисттимæ йæхи афтæ дары, цыма уый æвæджиауы курдиаты хицау у, уыдон та цыма æнæмбаргæ дзиглотæ сты. Куыд дзурынц, афтæмæй йæ фыццаг ус фæндырдзæгъдæг уыди, цæуылдæр æм смæсты и, йæ фæндыр ын аскъуыдта æмæ дзы хъуджы фаджыс ныннадта. Йе ‘мкусджытæ дзы се сæфт уынынц. Уæлдай æнаддæр та у, ирон фæндыр зынаргъ кæмæн у, стæй кæимæ ныххылтæ ис, уыдонæн.

Бирæ азты дæргъы уыцы иу джиппы уагъд хус ныхæстæ фæфыста æмæ сæ бафæллади, фæлæ йæ пенсийы ацæуын нæ фæнды, æмæ йæхи удхарæй мары. Ницы ‘взæрдзинад мын сарæзта, æмæ йæм хæрам ницæуыл дæн, кæд ирон фæндыры цагъд мæ уды йас уарзын, уæддæр. Домын дзы ‘рмæстдæр иу хъуыддаг – хорз фыссын. Уымæн та уый йæ бон нæу, æмæ не ‘хсæн хъаугъатæ рауайы. Йæ иударон ихсыд ныхæстæ йын уадзин, фæлæ йæ хъуыдыйæдтæ ирон æвзаджы ‘гъдæуттæм гæсгæ арæзт нæ вæййынц, стæй дзы бирæ рæдыдтытæ скæны, æмæ йын уыцы къуыхцытæ нæ барын. Стыр радиобакастытæ фыссын нал уæнды, фæлæ мæм информацитæ хæссы æмæ хæссы, æз ын сæ фæстæмæ здахын æмæ здахын, уæддæр сæ фыссы æмæ фыссы. Мæ бон дзы нал у, фæлæ дзы

'фсæрмы кæнын æмæ йæ, удхаргæнгæйæ, быхсын. Иубон Адæбе мæ кабинеты фæмидæг и æмæ мын афтæ:

– Мырзаган дыл Авданмæ бахъаст кодта, Ирбег дам мын мæ замманай информацитæ эфирмæ нæ уадзы. Цæуылдæр, дам мæм мæсты у æмæ, дам мæ йæ ныхтæ ныссагъта.

– Ницæуыл æм дæн мæсты. Хуыздæр фыссæд, æмæ йын сæ уадздзынæн.

– Ныр йæ секретары кабинеты ис, æмæ нæ Авдан йæхимæ хоны. Йæ информацитæ кæй нæ бæззынц, уый зоны, фæлæ йæ зæронд лæджы зæрдæхудты бацæуын нæ фæнды. Телефонæй мын куыд бамбарын кодта, афтæмæй йемæ иучысыл аныхас кæндзыстæм æмæ йæ ныууадздзыстæм. Хæсты ветеран, дам, у, æмæ, дам уал уадз æмæ куса…

Машинæйы абадтыстæм æмæ уайтагъд сæрдармæ балæууыдыстæм. Авдан, арф хъуыдыты аныгъуылгæйæ, йæ къæлæтджынæй сыстади æмæ, йæ алы дзырд дæр тæразыл баргæйæ, уæзбынæй дзурын райдыдта:

– Мах стыр бузныг стæм нæ хистæртæй. Хæсты цæхæры фыцгæйæ нын нæ цард кæй бахъахъхъæдтой, канд уый тыххæй нæ, фæлæ ма уый фæстæ азты заводты æмæ фабрикæты, колхозты æмæ совхозты фæллойадон сгуыхтдзинæдтæ кæй равдыстой, уый тыххæй дæр. Мæнæй кæнгæ куы уаид, уæд æз се 'ппæтæн дæр хъæбатырты нæмттæ раттин… – дзургæ-дзурын кæфтæй Кæсæгмæ ахæццæ и, стæй иуафон фæстæмæ 'рбаздæхти æмæ дарддæр нывæста йæ ныхас: – Мах æмбаргæдæр куы уаиккам, уæд Мырзаганы цæсты гагуыйау хъахъхъæниккам, уымæн æмæ бирæ азты дæргъы газеты æмæ радиойы, йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, мах сæраппонд фæкуыста, нæ адæмы къухы цы 'нтыстдзинæдтæ 'фтыди, уыдон аивæй дзыллæтæм фæхаста…

Мырзаган æм раздæр æнæууæнк цæстæй касти, фæлæ куыдфæстæмæ йæ хъуынтъыз цæсгом рухсæй-рухсдæр кæнын райдыдта, стæй бынтондæр ныйирд и. Авдан кæддæр-никæд йæ ныхас фæци, йе 'ргом мæнмæ раздæхта æмæ мæ 'фхæрæгау бафарста:

– Ирбег, бæстон-ма нын радзур, цæй тыххæй здахыс фæстæмæ Мырзаганы информацитæ, цы азым сæм хæссыс?

– Бæстон дзуринагæй дзы ницы ис. Информаци хъуамæ адæмæн исты ахсджиаг хабар хъусын кæна, Мырзаган та ницытæ æмæ мацытыл фыссы. Афтæмæй дæр ын сæ уадзин эфирмæ, фæлæ хуымæтæг хъуыдыйад аразын нæ зоны, стæй йын рæдыдæй йæ тæккæ дзаг вæййынц.

Йæ алы информаци дæр ын ногæй фыссын хъæуы. Мæнмæ гæсгæ, уый мæ хæс нæу. Сæйраг редакторæн йæ хæстæ æндæр сты…

– Æз мæ дæндæгтæ газет æмæ радиойы рафтыдтон, мæ уацхъуыдтæм мын иу фау дæр никуы ничи ‘рхаста, ныр нæм курдиатæй цух ницæйаг журналист фæзынд æмæ мын мæ фæллæйттæ бырæтты чыргъæдмæ æнæвгъау калы! – йæхи мыл сцагъта Мырзаган. Йе знæт цæстытæ дæр ма фыр мæстæй туджы разылдта.

– Ницæйаг журналист æй дзæгъæлы хоныс, курдиатджын у, – мæ фарс рахæцыди Адæбе, æмæ йыл Мырзаган нытътъæлланг ласта:

– Ды дæр ма дзы иу курдиатджын! Уæ иу дæр – ницы æмæ иннæ дæр – ницы!

– Гъемæ афтæ дæр фæуæд. Ирбег дæр ницæйаг журналист у, æз дæр ницæйаг журналист дæн. Авдан та дæм куыд журналист кæсы?

– Уый дæр мын авторитет нæу журналистикæйы! – цæхгæр алыг кодта Мырзаган.

Авдан цыма уыцы ныхæстæм æнхъæлмæ касти, уыйау йе стъолы лагъз раласта æмæ йын йæ информацитæ систа.

– Адонæй иу дæр эфирмæ дæттыны аккаг нæу. Ирбег дын сæ кæй аздæхта, уымæй раст бакодта. Хъуамæ дæ пенсийы æхсæз мæйы размæ арвыстаиккам, фæлæ дын фæтæригъæд кодтам. Абонæй фæстæмæ мах кусæг нал дæ, – загъта сабырæй æмæ нын йæ сæры фæтылдæй дуары ‘рдæм ацамыдта, ома ныхас фестæм, æмæ ацæут.

Мырзаган ма йе ‘нæрхъуыды мийыл æрфæсмон кодта, хицауадмæ ма даргъ писмотæ фæфыста, Адæбе мæм ардауæн фарст радта, æмæ, Авданæн рæстдзинад кæй загътон, уый тыххæй мæ мæ уарзон куыстæй ратардта, зæгъгæ, фæлæ йæ хъæстытæй ницыуал рауади. Радиойы кусджытæ йын йе ‘дылыдзинадыл худгæ кодтой, æз та –дис. Æмæ йыл куыд нæ дис кодтаин? Æхсай азæй дыл фылдæр цæуæд, царды гуыргъахъхъ фæндæгтыл фæцу æмæ адæймаджы миддуне бамбарынхъом ма у. Уымæй тынгдæр та мæ дисы бафтыдта телестудийы сæйраг редактор Федыр. «Æппæтзонæг» Æмзор мын дзы ахæм хабар радзырдта:

– Дæлæмæдзыд Федыр фæсивæдон газеты сæйраг редактор уыди. Иуизæр рестораны барасыг и, денджыз йæ фæдхъултæм дæр нал æххæссыди, æмæ йæ зæрды æрæфтыди йæхи хуызæн дæлæмæдзыд – обкомы фыццаг секретары – йæ хæдзары бабæрæг кæнын. Суртæгæнаг къупри уæвгæйæ йыл кæй барвæссыди æмæ йæ ахæм бæрнон бынаты

кæй сæвæрдта, уый тыххæй йын зæрдæбын арфæтæ фæкæнынмæ хъавыди. Йæ хæдзары йæ чи хъахъхъæдта, уымæ дын, цудтытæгæнгæйæ, бацыди, чи у, цы кусæг у, уый йын куыддæртæй бамбарын кодта æмæ йæ хæдзары хицаумæ сæрвыста. Уый йæ ‘хсызгонæй суазæг кодта, йе ‘фсин ма йын уайтагъд фынг дæр авæрдта. Федыр дзы дыууæ сыкъайы куы бануæзта, уæд йæ къæхтыл нал лæууыди, тыххæйты сыстади, йæ цонг фысымы уæхсчытыл хионхуызæй æрæвæрдта æмæ йын сæрыстырæй йæ хъусы бадзырдта:

– Мах æфсымæртæ стæм, æфсымæртæ! Кæд нæ дыууæ дæр хæрдмæ не срæзыдыстæм, уæддæр Ирыстон нæ фидар къухты дарæм!

Дыккаг бон æй нæ минкъи хицау йæ куыстæй фæсырдта. Уынгмæ арæцугъын æй йæ зæрдæ нæ бакуымдта æмæ йæ Хъайтыхъойæн телестудийы сæйраг редакторæй сæвæрын кодта. Федыры ницæйаг йæхицæн Наполеон æнхъæл у. Газетæй Хъайтыхъойы бынатмæ схизынмæ хъавыди, уый фæстæ та – ноджы уæлдæр, фæлæ йæ фæндтæ фæдзæгъæл сты, æмæ йæхи карз æфхæрдыл банымадта. Иуцасдæр фæбыхста, стæй Хъайтыхъойыл хахуыртæ фыссын райдыдта. Хахуыртæ дæр цас уыдысты, фæлæ…

Уыцы хабæрттæ ма иннæ журналисттæй дæр æрыхъуыстон. Æрæджы ма мын сæ Хъайтыхъо йæхæдæг дæр радзырдта. Йæ ныхас куы фæци, уæд æй бафарстон:

– Æмæ йæ афтæмæй дæ фарсмæ куыд дардтай?

– Мæ мадыфсымæры лæппу у…

Кæд Федыр фæдæрдджын и, уæддæр йæ кæнон нæ уадзы. Фæнды йæ уæлдæр схизын æмæ Авданыл дæр хицауадмæ æнæрæнцойæ хахуыртæ фыссы. Писмоты йæ ном нæ вæййы, фæлæ йæ уæддæр базонынц. Авдан дзы сфæлмæцыд æмæ журналистты телестудийы стыр залы æрæмбырд кодта. Йæ къæбылаты йыл сардыдта, æмæ йæ уыдоны фæрцы цъыфимæ сызмæста. Куыд адæймаг æмæ разамонæг, афтæ зæххæй сисынмæ дæр нал бæззыди. Æз Авданмæ кастæн æмæ йын дис кодтон йе‘гъатырдзинад æмæ йе ‘гæрон хиндзинадыл. Æмбырдæн йæ райдайæнæй йæ кæронмæ йæ дзыхæй иу зылынгæнæн дзырд дæр не схаудта, афтæмæй йæ уынгмæ арæцыгъта.

«Аццы лæг тынг тæссаг у. Мæстыйæ никæуыл бацауæрддзæн, æмæ дзы хъæхъхъаг куыдзау хи хъахъхъæнын хъæуы», – скарстон мæхинымæр.

Мæстджын – фæрæтджын. Федыр æгуыстæй куы баззад, уæд мæ

кабинетмæ ‘рбацыд æмæ мын, йæ масты фыцгæйæ, Авданы ‘взæрдзинæдтæ фæнымадта. Йæ уырыссаг æрыгон рæсугъд секретарьмæ куыд ныхылдта, йæ лæг æм куыд æрбалæбурдта, æмæ йын æй журналисттæ йæ бынæй куыд скъахтой, уый дæр нæ басусæг кодта.

– Цавæр адæймаг у, уый куы зониккат, уæд дзы дæрдты лидзиккат, – æрæджиау балхынцъ кодта йæ ныхас, æмæ йæ бафарстон:

– Тæргæ дæ кæй кодта, уый не ‘мбæрстай?

– Куы йæ ‘мбæрстаин, уæд афтæ ‘нцад бадтаин? Æнхъæл уыдтæн, мæ ныхмæ абæр-бæр кæндзысты, æмæ хъуыддаг уубыл ахицæн уыдзæн.

Æгуыстæй кæй баззади, уый йын фаг бæллæх нæ уыди, æмæ ма йыл иу поэт эпиграммæ дæр афыста:

Нал базыдтон Федыры.
Даргъ уынджы фæраст.
Цыма чысыл федылы,
Афтæ мæм фæкаст...

Гыццылæй дис кодтон иуæй-иу хистæрты æдылыдзинæдтыл, дисы мæ ‘фтауынц ныр дæр...

* * *

Хицауадæй æхца курын стонг бирæгъы дзыхæй дзидзайы къуылдых тонынæй уæлдай нæу. Дæ хæрз хæстæг дзы стыр бынат куынæ ахса æмæ дæм хорз зæрдæ куынæ дара, уæд сæм æввахс дæр ма бацу. Стыр бынат дзы куы ахса æмæ дыл æрхъæцмæ дæр куынæ хъæца, уæддæр, чи зоны, дæ къухы мацы бафта. Достоевскийы роман «Преступление и наказание» тынг раджы бакастæн, фæлæ мæ, Мармеладов Раскольниковæн кæй дзуры, уыцы ныхæстæ мæхи зæрдæрыстæй æппындæр нæ рох кæнынц:

«– Позвольте, молодой человек, случалось вам… гм…ну хоть испрашивать денег взаймы безнадежно?

– Случалось… то есть как безнадежно?

– То есть безнадежно вполне-с, заранее зная, что из сего ничего не выйдет… зная вперед, что не даст, вы все-таки отправляетесь в путь и…

– Для чего же ходить?

– А коли не к кому, коли идти больше некуда! Ведь надобно же, чтобы всякому человеку хоть куда-нибудь можно было пойти. Ибо бывает такое время, когда непременно надо хоть куда-нибудь да пойти!»

Адæймагæн ма дæлдæр æрхауæн кæдæм ис? Мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæдæй фæстæмæ æз дæр ахæм уынгæджы уавæры дæн. Æмæ ма уæддæр уый æгуыст къупри уыди, æз та нозтæй ме сæфт уынын, радиойы сæйраг редакторæй кусын, стæй фыссæг дæн æмæ фондз азæй фондз азмæ чингуытæ уадзын. Уæддæр мыл хъуын-æрду нæ хæцы. Ме 'ппæт бæллæхтæ дæр мыл цæуынц, æдзухдæр мæ дзыпп афтид кæй у, уый азарæй. Иунæг куы уыдтæн, уæд æрмæстдæр мæхиуыл мæт кодтон, фæлæ ныр ме 'ххормаг сывæллæттыл мæт кæнын, уый та бирæ зындæр у. Зæрдæ дзы æнæрæнцойæ дудгæ кæны. Курын мæ никæмæй ницы фæнды, фæлæ мæнæн дæр Мармеладовау хуыздæр гæнæн нæй. Ноджы ма мыл мæ рагон хæлар Эллæ дæр арт бандзæрста:

– Ирбег, æз хицауады хæдзары 'рвылбон цы гыццыл æмæ стыр хицæутты уынын, уыдоны 'хсæн иучысыл куы акусис æмæ сæ куы базонис, уæд дæм дæ зонгæтæ ииуылдæр зæдтæй разыниккой. Æппындæр сыл цæсгом нæй. Æфсарм цы у, уый зонгæ дæр нæ кæнынц. Æхца сæм бирæ ис, æмæ сæ се 'нæниз цардбарæг хæстæджытæн материалон æххуысы хуызы дæттынц, стæй афæдз иу хатт нæ, фæлæ цалдæргай хæттыты. Ахæм курдиæттæ сын ныффыссын кæнынц, цыма уыцы-иумæ 'ппæт тæссаг низтæй дæр хъæрзынц æмæ, материалон æххуыс куынæ райсой, уæд нал фервæздзысты. Ды дæр сæм ахæм курдиат бадæтт.

– Мæ рæстæг дзæгъæлы куы фесафон æмæ ма масты хай дæр куы бауон…

– Президентæн тагъд йе 'мгъуыд фæуыдзæн, æмæ ма йæ йæ къæлæтджыны цыппар азы абадыны тыххæй хъæлæстæ хъæудзæн. Ахæм рæстæг иууылдæр тынг срæдау вæййынц...

– Зæрдæвæрæн ныхæстыл æви 'хцатыл?

– Зæрдæвæрæн ныхæстыл, фæлæ сæ хатгай цыдæр капеччытæ дæр рантысы…

Хицæутты зæрдæхæлардзинадыл мæ нæ баууæндын кодта. Мæрддзæст кæй сты, уый тыххæй мæ хъуыды нæ аивтон, фæлæ мæ зæрдæйы къуымы арф кæмдæр иу мæнгуд ныфсы хал фæфидар и, æмæ, цы уа, уый уæд, зæгъгæ, йемæ сразы дæн. Мæ пъагæттæ мын нæ сисдзысты. Кæд мын зæгъой: «Нæй нæм». Æмæ уыцы ныхæстæ фыццаг хатт фехъусдзынæн? Курдиат ныффыстон æмæ йæ хицауадмæ бахастон.

Ӕвзæрстыты агъоммæ хицæуттæ æмæ сæ лæггадгæнджытæ тыхст æмæ уырыд кæй вæййынц, уый зыдтон, фæлæ, катайгæнгæйæ, афтæ мамазила кæндзысты, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Цыма хæдзарыл арт ссыгъди, уыйау тарстхуызæй къæлидоры дыууæрдæм разгъор-базгъор кодтой. Мæлдзыджытæ ма силлæг вæййынц афтæ, сæ губакк сын исчи куы фæрæхойы, уæд. Сæ цæсгæмттыл ирдæй зынди, сæ хицауæй фæхицæн уæвын æмæ сæ сæ хъарм бынæттæй фæхауын кæй нæ фæндыди, уый. Президенты секретары уатмæ куы бахызтæн æмæ Галайы къæсæргæрон мæгуыр цъиуау, æрхуымæй бадгæйæ, куы ауыдтон, уæд мæ цæстытыл нæ бауæндыдтæн. Ӕрæджы дæр ма, адæммæ сидгæйæ, йæ бæзджын хъæлæс æрвнæрæгау кæмæн нæрыди, æмæ йæ риуы ‘мбæрц ныфсджынæй размæ чи цыди, уымæн цыма йе знæгтæ марыны тæрхон рахастой æмæ йæ ныртæккæ ауындзынмæ акæндзысты, уыйау кæуындзастæй ныггуыбыр и. Салам ын радтон, æмæ йæ сæр зына-нæзына банкъуыста, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, чи дæн æмæ цæмæ ‘рбацыдтæн, уый дæр нæ базыдта. «Ацы удæгас марды йæхи сагъæстæй мæнмæ равдæла, нæ мæ уырны», – ахъуыды кодтон мæхинымæр, ацæуынмæ хъавыдтæн, фæлæ Хамби къæлидорæй æрбахызти æмæ мæ цымыдисæй афарста:

– Ды та ам цы ми кæныс?

– Ме ‘фсин тыхст рынчын у, стæй мæ гыццыл мыздæй мæ бон мæ бинонты фæдарын нæу, æмæ материалон æххуысы тыххæй Галамæ курдиат æрбахастон, – æвæндонæй йын дзуапп радтон æз.

– Йæ секретарьмæ йын æй ратт. Ныр Дигорамæ цæуы æмæ йæ не ‘вдæлы, – загъта хъуыддагхуызæй, стæй Галамæ йе ‘ргом аздæхта: – Цом. Де ‘взарджытæ дæм æнхъæлмæ кæсынц.

«Дзæгъæлы сæм цæут. Йæ хъысмæт лыггонд у, æмæ йын Дигора нæ, фæлæ Хуыцау дæр нал баххуыс кæндзæн», – сдзырдта мæм мæ зæрдæ. Цæмæн, уый мæхæдæг дæр нæ бамбæрстон. Ӕвæццæгæн, бирæ азты дæргъы арт йæхи гуылы бын кæй фендзæрста, йе ‘ппæт зæрдæвæрæн ныхæстæ дæр мæнг кæй разындысты, Иры бынæй рухс кæй суагъта æмæ адæмы кæй фæфыдæнхъæл кодта, уый тыххæй. Ӕрыгон хæрзуынд сылгоймаджы хъæлæс мын мæ хъуыдытæ фæсырдта:

– Цы дæ хъæуы?

Цыма мæ къух ифтыгъд уыди, уыйау æм æнæдзургæйæ мæ курдиат балæвæрдтон.

Уый йæ айста, йæ цæст ыл æрхаста æмæ йе стъолы уæлхъус æрбадти. Дзæгъæлы йæм æй кæй радтон, уый йæ цæсгомы хуызмæ гæсгæ бамбæрстон. Мæ зæрдыл æрлæууыдысты, Зарæ мын, министрты советы бухгалтерийы кусгæйæ, хицæутты тыххæй кæй дзырдта, уыцы ныхæстæ дæр:

– Æнусæй-æнусмæ нын Хуыцау нæ бæстæйы хицæутты иу ныхыл куыд кæрды, уый диссаг у. Мæгуыр адæм сæ зæдты бынаты æвæрынц æмæ сæм сæркъулæй сæ хъæстытæ хæссынц, уыдон та сæ сæхи рамбæхс-бамбæхс кæнынц æмæ сыл сæ секретарьты ардауынц, уæларвон хъуыддæгтæй сæ хуымæтæг зæххонтæм не 'вдæлы, æмæ сæ ма хъыгдарут, зæгъгæ. Æргомæй сыл куыд худынц, уый куы зониккой, уæд сæм æввахс дæр нæ цæуиккой. Сæ тæригъæдмæ кæсгæйæ, мæ цæстытыл ауайынц Некрасовы поэмæйы æнæбон курджытæ. Дыууæ цардарæзты кæрæдзимæ дард сты, куы зæгъынц, уæд сæ миддуне афтæ 'мхуызон цæмæн у?

Раст уыди мæ хæрæфырт. Дыууæ цардарæзты дæр иу æмбисонд иу кæны: «Æфсæст æххормаджы рис нæ зоны». Уæвгæ, ныр дыууæ цардарæзты дæр нал сты. Æрæджы иу джиппы уагъд æрцыдысты, æмæ хъæздыг хъæздыгдæр кæны, мæгуыр та – мæгуырдæр. Мæ курдиатæн цы дзуапмæ 'нхъæлмæ кастæн, уый дæргъæй-дæргъмæ рæсугъд къухæвæрдимæ райстон: «Æхца нæм нæй, стæй нæм тагъд рæстæджы нæ уыдзæн». Мæ чызджытæ лæппутæ куы уаиккой, уæд сæм æстдæсаздзыдæй æфсадмæ фæсидиккой, бирæ хæрзтæ уын чи фæци, уыцы уарзон райгуырæн бæстæйы раз уæ хæс бафидут, зæгъгæ. Хæстмæ дæр ма сæ арвитиккой. Цы цæсгомæй, цымæ?

– Хицауад мын ницы радта, ме 'фсин рынчын у, æмæ мæ 'фстау æхца хъæуы. Тагъд дын сæ бафиддзынæн, – æрхатыдтон мæ хорз хæлар Дзæрæхмæ.

– Æз дын никæдæм алидздзынæн, фæлæ уал телефонæй не 'рдхорд Уранбегмæ бадзур. Уый тынг хъæздыг у. Цыбыр рæстæгмæ дуканитæ æмæ ресторантæ саразта.

– Советон рæстæджы дæр хъæздыг кæй уыди, ныр дæр æм бирæ исбон кæй ис, уый зонын, фæлæ мын ницы ратдзæн.

– Цæуылнæ?

– Айфыццаг зианы уыдыстæм, ме 'намондæн, иу рæстæг иумæ хицæнæй лæуд фестæм, æмæ мын афтæ:

– Ӕз тынг хуымӕтӕг адӕймаг дӕн, стӕй тӕригъӕдгӕнаг. Кӕрт-мӕрзӕгыл дӕр ӕрвӕссын ӕмӕ йын салам раттын. Иу мӕгуыргуры дӕр ӕнӕ ‘хца ратгӕйӕ никуы ауадзын.

Мӕ бынаты ‘ндӕр исчи йӕ дзыхыл ныххӕцыдаид, фӕлӕ мӕнӕн фыр дисӕй мӕ цӕсты хъӕппытӕ сӕ къуырфытӕй рацӕйхаудтой. Ӕргом гӕды ныхӕстӕ нӕ уарзын, стӕй мӕ исчи йӕхицӕй ӕдылыдӕр куы фӕаразы, уӕд ӕм смӕсты вӕййын. Мӕхи йӕм нал баурӕдтон ӕмӕ ӕвиппайды срӕцыгътон:

– Уранбег, дӕ Хуыцаумӕ скӕс. Дӕхи дӕхӕдӕг хъусыс?

– Цӕмӕн афтӕ зӕгъыс? – афарста мӕ тӕргайхуызӕй. Мӕ ныхӕстӕ дзы иннӕрдӕм кӕй ахызтысты, уый йӕ рӕсугъд хӕрздаст цӕсгомыл ирдӕй фӕзынди.

– Ӕз дӕ зонгӕ дӕр куы нӕма кодтон, уӕд дӕ кой ӕнӕхъӕн республикӕйыл куы айхъуысти, куырмыты ‘хцатӕ кӕй адавтай, уый тыххӕй.

– Куырмыты нӕ, фӕлӕ къуырматы, – бараст мӕ кодта Уранбег ӕмӕ мӕ дисы бафтыдта йе ‘дзӕсгомдзинадӕй.

Телеуынынады ӕмӕ радиохъусынады комитеты сӕрдар Хъайтыхъо, дам ӕй йӕ зонгӕты фӕрцы ахӕстонӕй куынӕ раластаид, уӕд, дам дзы бирӕ рӕстӕг бафӕстиат уыдаид.

– Дӕ къухтыл дӕхимӕ хӕцын кӕй нӕ фӕразыс ӕмӕ алы ранӕй дӕр дӕ фарчы хай кӕй ратоныс, уый тыххӕй адӕм дӕ фыдгӕйттӕй фылдӕр куынӕ сты.

– Ӕмӕ дӕуӕй хуыздӕртӕ дзурынц?! – йӕхи хуызӕн фидиссаг мӕ ацарӕзта ӕмӕ мӕ цурӕй алыгъди. Уӕдӕй фӕстӕмӕ мӕм хӕрам у ӕмӕ мын ницы ратдзӕн.

– Раст мын фӕзӕгъыс. Дӕхицӕн знӕгтӕ кӕнынмӕ дӕ разӕй никӕй ауадздзынӕ, фӕлӕ йӕм уӕддӕр бадзур. Кӕд дын нӕ радта, уӕд ӕз ам нӕ дӕн?

Цӕмӕй мын уый фӕстӕ мацы ‘фсон скӕна, уый тыххӕй йӕ цуры «не ‘рдхордмӕ» телефонӕй бадзырдтон. Уый мӕм кӕронмӕ дӕр нӕ байхъуыста. Ӕвиппайды ард хӕрынмӕ фӕци, стӕй йӕ ныхас балхынцъ кодта:

– Хуыцауӕй дӕ бауырнӕд, ныртӕккӕ мӕм иу капекк дӕр нӕй. Куы мӕм уаид, уӕд ӕй дӕуӕйраздӕр кӕмӕн раттин?

Телефоны хӕтӕл ӕрӕвӕрдтон ӕмӕ Дзӕрӕхмӕ фӕрсӕгау бакастӕн, дӕ ныхас ӕххӕст кӕныс ӕви нӕ, зӕгъгӕ. Цыма мӕ нӕ бамбӕрста,

уыйау мæм йæ чъылдым раздæхта æмæ мæ мæ сагъæстимæ лæугæйæ ныууагъта…

* * *

Алцæуыл дæр сахуыр уæвæн ис, хъизæмайраг цардæй дарддæр, уæлдайдæр, бирæ бинонты бæрны куы бацæуай æмæ сæм иу чысыл мызд йеддæмæ куы ницы хæссай, стæй дæ тыхтонагæнджытæ сæ къæхты бын куы ныссæндой æмæ дæ ‘ппындæр куы ницæмæ дарой, уæд. Бон-изæрмæ куысты дæр, хæдзары дæр, искуы куы вæййын æмæ ма суанг фынджы уæлхъус куы фæбадын, уæд дæр фæхъуыды кæнын, мæ сывæллæтты цæмæй дарон, ууыл. Æхсæвы иуафон райхъал вæййын, æмæ мæ фыр мæтæй хуыссæг нал фæахсы. Ме ‘нæрай хъуыдытæй ма мæ сæр дæр сриссы, фæлæ зæрдæ фæлæууынæн мисхалы бæрц дæр ницы ‘рцахсы. Мæхи æнауæрдонæй ауæдзы галау баифтындзин æмæ газеттæ, радио æмæ телеуынынадмæ уацхъуыдтæ иронау æмæ уырыссагау фыссин, фæлæ уыдонæн дæр ног царды зыд æмæ кæрæф хицæуттæ сæ улæфæнтæ сæхгæдтой, æмæ сæ бон гонорартæ фидын нал у. Мæ авналæнтæ цыбыр кæй сты, уымæ гæсгæ цыппар сывæллоны рауадзын мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди. Иугæр æнæнхъæлæджы рухс дунемæ рацыдысты, уæд та сын æнæ хæсгæ нæй, фæлæ цæмæй?

Сæрмæ ахæм хъуыдытæ уадзын раст кæй нæу, уый зонын, фæлæ мæхиуыл мæ бон нæ цæуы. Давджытæ банк куы фæкъахынц, æмæ телевизорæй сæ кой куы фæкæнынц, уæд æппæтæй тынгдæр фæтæрсын, куы сæ ‘рцахсой æмæ сæ ахæстоны куы бакæной, уымæй. Æз куыд æмбарын, афтæмæй давын æнцон нæу, æмæ кæд уыдоны дæр мæ хуызæн цард æрæлхъивы, æмæ сын хуыздæр гæнæн нал вæййы. Фыр хъæздыгæй тъæпп чи хауы, уыцы хицæуттæ бæстæйы мулк фæсарæнтæм куы фæластой æмæ дзы амæй-ай рæсугъддæр галуантæ, ресторантæ æмæ дуканитæ куы сарæзтой, сакъадæхтæ, наутæ æмæ дзы футболон клубтæ куы фелхæдтой (телевизорæй нын сæ мæстæймарæгау уæддæр куынæ ‘вдисиккой), æмæ æгъдауæвæрджытæ сæ иуы дæр куынæ ахсынц, фæлмæн хъæлæсæй дæр сын куы ничи уайдзæф кæны, уæд мæгуыр лæджы цæмæн хъуамæ ‘рцахсой? Сæ бон ыл кæй цæуы, уый тыххæй? Раст уыди скифаг философ Анахарсис. «Закъон хæлуарæджы тын у, лыстæг уырынгонтæ дзы ныссæдзынц æмæ амæлынц, стыртæ йæ атонынц».

Мæ хуызæн æнæбон мæгуырты нæ рагфыдæл дыууæ мины æмæ фондзсæдæ азы размæ куыд хорз федта, уый диссаг у, уымæй диссагдæр та у, уыцы дæргъвæтин рæстæгмæ адæймаджы миддуне куыд нæ фæхъæздыгдæр и, йæ зæрдæ куыд нæ фæсыгъдæгдæр и, йæ хиваст митæ куыд нæ ныууагъта, закъæттæ кусын куыд нæ райдыдтой, æмæ стыр уырынгонтæ дæр хæлуарæджы тыны куыд нæ сæдзынц, уый. Æз дæр лыстæг уырынгонтæй дæн, æмæ мæм нæ дыдзæсгом æгъатыр цардæй хауы æрмæстдæр хæлуарæджы тыны удхар кæныны бар. Уымæй ма ‘лгъыстагдæр хъысмæт цы уа!

Цагъайрагау быхсын ме ‘ппæт зындзинæдтæн дæр, фæлæ иуæй-иу хатт æнахъинон уавæры бахауын æмæ ныкъкъæмдзæстыг вæййын. Светæйы хойы чызг нæм уазæгуаты æрбацыди æмæ нæ сывæллæттимæ хæрынил æрбадти. Нæ хуымæтæг хæринæгтæ йæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты, æмæ фынгæй фæгæпп ласта.

– Цы мæ хъæуы, уый æз зонын æмæ йæ нывтæккæ мæхæдæг райсдзынæн! – сдзырдта талф-тулфæй. Йæ уарзон хæринаг нæ уазалгæнæны кæй уыдзæн æмæ дзы йæхи кæй бафсаддзæн, ууыл æппындæр гуырысхо кæй нæ кодта, уый ирдæй зынди йæ цæстыты ‘рттывдыл. Йæ дуар ын ныфсджынæй фегом кодта æмæ сагъдауæй аззади. Афтидæй йæ фендзæни, уый йæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыди, æмæ исдугмæ æдзæмæй алæууыди, стæй фæстæмæ йæ бынаты æрхуымæй æрбадти. Цыма нæ Светæимæ йе ‘хцатæ давгæйæ æрцахста, уыйау æм фыр æфсæрмæй кæсын дæр нал уæндыдыстæм.

* * *

Скъолайы ма куы ахуыр кодтон æмæ мæ фыдыхо Меретмæ куы цардтæн, уæд йæ чызг Агуындæ чындзы ацыди Налцыччы цæрæг ирон сидзæр лæппумæ. Кæд уæдæй нырмæ бирæ рæстæг рацыди, уæддæр ма йын йæ цæсгом хорз хъуыды кæнын, уымæн æмæ уыдис, нæлгоймагæн куыд не ‘мбæлы, афтæ урс. Тарнизæй кæй сади, уый рабæрæг фæстæдæр. Уыцы æгъатыр низ ма йæ усыл дæр бахæцын кодта. Чызг сын куы райгуырди, уæд лæг амарди, Агуындæ та рынчындонмæ бахаудта. Мерет йе ‘фсымæрмæ ‘рхатыди, мæ чызджы мын фервæзын кæ, зæгъгæ, æмæ йæ Азæмæт Мæскуымæ аласта. Уым ын рынчындоны йæ иу рог ралыг кодтой, æмæ фервæзти. Фæстæмæ Налцыкмæ сыздæхти,

базарадон техникум каст фæци æмæ дуканийы уæйгæнæгæй кусын райдыдта. Йæ чызг схъомыл и, Хæстыбеджы фæрцы хъæууонхæдзарадон институтмæ бацыди æмæ йæ каст фæци, сыбираг горæтмæ йæ кусынмæ арвыстой, уырыссаг лæппумæ смой кодта æмæ чысыл нациты ахуыргонд минæвæртты фæзмы – йæ тых-йæ бонæй уырысы фæфылдæр кæныныл архайы. Агуындæ æцæгæлон адæмы ‘хсæн иунæгæй баззади, йæ фатер Дзæуджыхъæумæ раивта æмæ мæнæй чысыл фалдæр бетон блоктæй арæзт фарастуæладзыгон хæдзары ‘рцарди. Иухатт нæ уазал фатеры бахсæвиуат кодта, æмæ нын нæ хъизæмæрттæм куы ‘ркасти, уæд тæссаг фын фенæгау зæрдæбынæй ныхъхъæрзыдта:

– Мæгуыр уæ бон. Сымах уæ рынчын сывæллæттимæ зындоны арты судзут, æз та афтæ æнхъæлдтон, цин кæнынæй сыл не ‘фсæдут. Æгæр мæллæг уын сты, æмæ сæм фæкæсут…

– Нæ зындзинæдтæй æвзæрдæр хабæрттæ нæ куынæ тыхсын кæниккой, уæд уыдонæн исты хуызы быхсиккам, – былысчъилæй бахудтæн æз.

– Цавæр хабæрттæ?

– Рынчын сывæллæтты рæуджытæм хъуамæ сыгъдæг уæлдæф цæуид, адонæн та алыхуызон лæхмæргтæй дзаг кæнынц. Нæ фатеры скæсæнырдыгæй цы рудзгуытæ ис, уыдон куы байгом кæнæм, уæд нæм машинæты фæздæг æмæ æнæмарзт уынджы рыг æрбакæлынц, ныгуылæнырдыгæй цы рудзгуытæ ис, уыдон куы байгом кæнæм, уæд та нын нæ хъуырысæртæ пъадвалы æнахъинон смаг ахгæны. Æмæ ма ‘рмæст ууыл куы уаиккам…

– Ома?

– Хæсты фæстæ зынвадат азты-иу колхозы дзулфыцæн пецæй сылгоймæгтæ фых дзултæ куы райстой, уæд-иу сæ хæрздæф æнæхъæн хъæуыл ахæлиу и, æмæ ма-иу æй адæймаг фондз боны фæстæ дæр æхсызгонæй хордта, ныр, ссæдзæм æнусы кæрон, ногфых дзул дæ фындзыл сахат куы фæдарай, уæддæр ын йæ тæф нæ бамбардзынæ. Дыккаг бон сæнхъизы æмæ хæрынæн нал фæбæззы. Хъуыды ма йæ кæнын, мах нæ куыдзæн холлаг цъатайæ фыхтам, горæты та дзы уæлдай буцдæрæн сæрмагонд дзултæ фыцынц æмæ йæ дыууæ хатты зынаргъдæрæй уæй кæнынц.

– Æмæ æхсырысæртæ та, – мæ ныхас мын айста Светæ. – Æхсырысæртæн дзы сæ кой дæр нæй, афтæмæй туджы аргъ сты.

– Агуындæ, æртæ азы сымахмæ фæцардтæн æмæ уæм хъуылыг

фæцагътон. Мерет-иу нæлхæ стайын кодта, æмæ дзы-иу замманай царв рауади. Цыфæнды рæстæджы дæр-иу æй райстон æмæ-иу æй кæрдзынимæ адджынæй бахордтон. Йæ диссаджы ад ма ныр дæр мæ дзыхы ис. Уый мондагæн æрæджы Светæимæ дуканийы иу стыр къоппы дзаг царв балхæдтам æмæ йæ кастрункæйы пецыл сæвæрдтам. Куыддæр стæвд и, афтæ йæ къæрцц-къæрцц ссыди. Æнхъæл уыдтæн, ныртæккæ тайын райдайдзæн. Куыннæ стæй. Йæ бур хуыз æмæ йæ царвы хæрздæф æрбайсæфтысты, цыма фыр тæссæй йæ хуыз фæлыгъди, уыйау урс-урсид адардта æмæ ныхъхъæбæр и. Кæд сæ царв сойтимæ рæдыдæй фæхæццæ ис, зæгъгæ, дыккаг къопп дæр балхæдтам, æмæ та нæм пецы сæрæй йæ къæрцц-къæрцц райхъуысти. Царвы бæсты адæмæн ницæйаг сойтæ зынаргъæй уæй кæн, уымæн тынг бæзджын цæсгом хъæуы!

– Раздæр ма-иу сывæллæттæн хæрынæн бæзгæ фæткъуытæ уæддæр балхæдтам, ныр базарыл цалдæр зылды ‘ркæнын æмæ, иннæ ‘лхæнджытæ кæуыл нæ барвæссынц, уыцы æнад лыстæг муртæ мæ фæстаг капеччытæй райсын, – нал та фæлæуууыд Светæ дæр.

– Аминæты тахынæг-иу пецы сæрмæ ауыгъдæй куы сцæттæ ис, уæд-иу дзы хæрынæй нал æфсæстæн, ныр къалбастæ, сосискæтæ æмæ сарделькæтæй куы фæхъæстæ вæййын, уæд изгардæй мæлынмæ ‘рцæуын. Куыйтæн дзы куы раттæм, уæд ыл нæ барвæссынц. Цавæр хъылмайæ сæ кæнынц, хæйрæг – йæ дæсны. Картоф уыди урс-урсид, лæхурæг æмæ хæрзад, минералон хъацæнтæй йæ байсæфтой, сафронæй рынчынау сбур и, æмæ дзы ад нал и. Куы йæ сфыцай, уæд æхсæвæй райсоммæ ссау вæййы. Ахæм уавæрты чи цæры æмæ ахæм æнахъинон хæринæгтæ чи хæры, уыцы сывæллæттæ ма афтæ дæр куыд сты…

– Фыдбон æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц. Кæд фæстæдæр нæ цард фæхуыздæр уаид. Адæм се знæгтæн иудадзыг сæ туг цъирын куыд уадздзысты? – загъта Агуындæ, фæлæ йæ хус ныхæстæ мæнмæ дæр нæ бахъардтой, Светæмæ дæр.

* * *

Лæгæн йæ зæрдæ иудадзыг йæ риуы дурау æндзыгæй куы лæууа, уæд йæ хъуыдытæ дæр æндзыг кæнынц, æз та къахæй-сæрмæ ииуылдæр æндзыг дæн, суанг ма мæ сæрымагъз дæр æндзыг у. Æппындæр мæм рухсы цъыртт никæцæй кæлы. Алырдыгæй дæр – зæрдæрыст, бинонтæй

дæр, æхсæнадæй дæр, куыстæй дæр. Дæ хæдзар бирæ хъуагтæ куы уа, æмæ, кæцæй цы райсай, уый куынæ зонай, уæд масты дзæкъул дзаг кæны, куы байдзаг уа, уæд та йæ лæг æмæ усæн кæрæдзиуыл æнæ акалгæ нæй. Светæимæ не ‘хсæн рæхуыст ныхас рауайы ‘рмæстдæр нæ мæгуырдзинады азарæй. Уый мæм мæсты кæны, мæ сызгъæрин рæстæг литературæйыл дзæгъæлы кæй сафын, дыууæ раны кæй нæ кусын, бирæ ‘хцатæ йæм кæй нæ хæссын, æмæ сывæллæттæн йæ бон балхæнын кæй ницы у, уый тыххæй, æз та йæм мæсты кæнын, кæй нæ мæ ‘мбары, мæ бон цас нæу, уыйас мæ кæй домы, уый тыххæй. Йе ‘гъатыр уайдзæфтæ мыл æхсæнтæ донау куы ‘рбакалы, уæд æм мæхи нал бауромын æмæ йыл нытътъæлланг ласын:

– Дæуæн фыссæгмæ мойгæнгæ нæ уыди, фæлæ – сантехникмæ!

– Ахæм гæвзыкк дæ, уый куы зыдтаин, уæд дæу бæсты кæмæфæнды дæр смой кодтаин! Мæ мад мæ зæронд лæгæн цард фенины тыххæй радта, æндæр мæ дæ цæсты кæронæй дæр нæ федтаис!

– Тæппуд куынæ уыдаин æмæ æнæ хæдзарæй дæр Зухраимæ куы бацардаин, уæд мæ ды нæ федтаис дæ цæсты кæронæй дæр!

– Уый зондджын уыди, кæй ницы дæ, уый базыдта æмæ дæ алыгъди, æз æдылы уыдтæн æмæ цъыфдзасты ныссагътæн!

– Ӕдылы ды нæ уыдтæ, фæлæ – æз, дæуимæ йæхи чи сбаста!

Нæ мæстытæ æгæр карзæй куы скалæм, уæд мæм цалдæр боны дзыхæй нал фæдзуры, æмæ мæ нæхимæ мæ къах нал фæхæссы. Бирæ йæ кæй уарзын æмæ æнæ йæ хъæлæсмæ хъусынæй цæрын кæй нæ фæразын, уый тыххæй – нæ. Йæ фæлмæн ныхас мæ ‘рмæстдæр æрсабыр уæвынæн фæхъæуы. Мæ уды йас æй нæ бауарзын, стырдæр аргъ кæнын ын нæ райдайын. Уæдæмæ, мæ хæдзары мæхи æнæхъæугæ дæрдджын дзаумайау нал фæхатын, æмæ мын чысыл фенцондæр вæййы. Цыма йæ цыфыддæр знаг дæн, уыйау мæ иувæрсты тарæрфыгæй куы фæрацу-бацу кæны, уæд та, гыццылæй мын-иу куыд уыди, афтæ сидзæры уæззау уаргъ мæ лæмæгъ уæхсчытыл æрæнцайы, æмæ мын мæ фыдыустыты ад скæны, ме сæфт дзы фенын æмæ мæ ‘рфæнды, кæм æй нал уынон, уырдæм ацæуын æмæ цавæрфæнды сылгоймагимæ дæр бацæрын. Сылгоймæгтæй арæх фехъусын нæлгоймæгты зылынгæнæн ныхæстæ:

– Йæ замманай усы æд сывæллæттæ ныууагъта, кæйдæр гадздза сылимæ бацарди æмæ йын йæ цоты хæссы!

Йæ замманай усы ницавæр нæлгоймаг ныууадздзæн, уæлдайдæр, йæхи

сывæллæттимæ, æмæ искæй гадздза сылимæ нæ бацæрдзæн. Цæмæй дæ сывæллæтты ныууадзай æмæ искæй цоты хæссай, уый тыххæй хъуамæ дæ фыдзыкъуыр æдылы усы мастæй дæ хъуырмæ суай. Светæимæ нæ ныхас кæрæдзиуыл æппындæр куы нал фæбады, æмæ фыр мæстæй мæхицæн бынат куы нал фæарын, уæд, сæ устытæй чи алидзы, уыцы нæлгоймæгты æнæрай уавæр бамбарын æмæ сæ нал фæзылынджын кæнын.

Æрæджы иу сылгоймагимæ базонгæ дæн æмæ ме ‘нахъинон уавæрæй иучысыл феуæгъд дæн. Мæ дойныйæ мæлæг зæрдæ йæ фыццаг фендæй йæхимæ æнæ гуырысхойæ райста, æмæ мæм афтæ фæкасти, цыма йæ рагæй зонын. Цæуы йыл цыппор азы бæрц. Йæ дзыккутæ – сатæгсау, йæ цæсгом – урс-урсид. Йæ сау æрттиваг цæстыты цыма уæларвон магнит æвæрд ис, уыйау мæ сæхимæ æнахуыр тыхæй æлвасынц. Сæ фæлмæн хъарм тынтæ мыл сæхи куыд тухынц æмæ мæ куыд рæвдауынц, уый ме ‘ппæт буарæй дæр æнкъарын. Къахæй сæрмæ йæм иу аипп дæр нæ уынын. Æрдз æй æрмæстдæр уарзынæн кæй сфæлдыста, ууыл дызæрдыг нæ кæнын. Йæ ном хуыйны Элисæ.

Нырма йæ ныр бамбæрстон, Зухра мæ цæмæн ныууагъта, уый. Мæ фарсмæ бæгънæгæй куы хуыссыди æмæ мæм йæхи барæвдауынмæ куы ‘нхъæлмæ касти, уæд дæр мæ афтæ тынг нæ цыбæл кодта, Элисæ мæ æд дзаумæттæ куыд цыбæл кæны. Зухрайыл цин кодтон, нырма ныр чи райхæлди, ахæм рæсугъд дидинæгыл цингæнæгау, Элисæйыл та, куыд бæллиццаг сылгоймагыл, афтæ. Зухрайæн батæгæнгæйæ мæм иу монцы мур дæр никуы фæзынди, Элисæйы фарсмæ лæугæйæ та мæ буар фыр монцæй цъæх арт фæуадзы. Зухра мын мæ уавæр бамбæрста, æвæццæгæн. Мæ фынæй буар мын куынæ райхъал кæна æмæ мæ ‘хсызгондзинад куынæ иса, уымæй фæтарсти æмæ мæ æвæсмонæй ацыди. Мæ уавæр мын æмбары Элисæ дæр æмæ йæ уæлæ ахæм дзаумæттæ кæны, цæмæй мæм йæ мондаггæнæн бынæттæ хуыздæр зыной æмæ мын мæ сæр зилын кæной. Мæнмæ гæсгæ, йæ фæнд йæ къухы ‘фты.

Куыд сылгоймаг, афтæ мыл мæ уарзæттæй æмæ мæ хæзгултæй иу дæр афтæ тынг нæ ахадыдта, Элисæ мыл куыд ахады. Мæ кабинетмæ куы ‘рбацæуы, уæд мæ буар ссудзы. Йæхæдæг дæр ахæм уавæры кæй вæййы, уый фенын æмæ йæм мæхи тыххæй бауромын. Ныр дæр мæ цуры лæууы æмæ мын æхсидгæйæ дзуры:

– Иумæ куы цæриккам, уæд куыд амондджын уаиккам, æвæдза!

– Мæн дæр демæ цæрын бæргæ фæнды, фæлæ уымæн уæвæн нæй.

– Цæуылнæ?

– Бинонтæ мын ис.

– Куыд фехъуыстон, афтæмæй дæ усы æнæ уарзгæйæ ракуырдтай…

– Куынæ мæ фæндыдаид, уæд мæ артмæ ничи ныддардтаид.

– Кæсыс, «куынæ йæ уарзтаин» нæ зæгъыс, фæлæ «куынæ мæ фæндыдаид».

– Гъемæ афтæ дæр фæуæд… Куынæ йæ уарзтаин…

– Йемæ амондджын дæ?

– Æз мæ алыварс иу амондджын адæймаджы дæр нæ уынын. Алы бинонтæ дæр сæхирдыгонау æнамонд сты, фæлæ сæ бырæттæ æддæмæ нæ хæссынц…

– Мах амондджын уыдзыстæм.

– Ахæм ныфс дæм цæй тыххæй ис?

– Искуы-иутæй фæстæмæ адæм сæ фыр мæгуырæй сты æнамонд, махмæ та алцыдæр уыдзæн.

– Кæцæй?

– Мæ лæг хъæздыг бизнесмен уыди æмæ мын йæ амæлæты фæстæ бирæ бынтæ ныууагъта.

– Цытæ сты уагæр?

– Нæ горæты – цалдæр фатеры æмæ зынаргъ хæзнаты дукани, Сау денджызы был та – замманай уазæгуат æмæ ресторан.

– Дæ бонæй у. Уыйбæрц бынтимæ цæрын цы хъæуы. Мæнмæ иу фатер йеддæмæ ницы ис. Уый дæр мын æрдæгкæндтытæй радтой, æмæ мæм йе сцалцæг кæнынæн капекк дæр нæй.

– Цас дæ хъæуа, уыйас дæм уыдзæн.

– Мæ рынчын сывæллæттæм та?

– Уыдоныл ма тыхс. Ницы хъуаг сæ ныууадздзыстæм. Ныртæккæ æнæ ‘хцайæ иу къахдзæф акæнæн дæр нæй, æмæ сæ сдзæбæх кæндзыстæм. Астæуккаг скъола каст куы фæуой, уæд сæ Мæскуыйы уæлдæр скъолатæм бакæндзыстæм, хорз куыстытæ сын балхæндзыстæм, чындзы сæ арвитдзыстæм.

– Мæ мад мæ фондзаздзыдæй уынджы ныууагъта, мæ фыд та мæ йæ хæдзарæй ратардта, æмæ сæ æдзухдæр аххосджын кодтон, æнамонд кæй дæн, уый тыххæй. Æз дæр мæ сывæллæтты куы ныууадзон, уæд уыдонæй цæмæй хицæн кæндзынæн?

– Уыдон дæ мæгуырæй ныууагътой, ды та дæ цотæн сæ цард са-

раздзынæ, стæй æрмæст дæ цотæн нæ, фæлæ ма дæхицæн дæр. Æз экономист дæн æмæ, капитализм цы у, уый хорз зонын – тугдзых сырдæй æгъатырдæр у æмæ йæ амæттæгтыл нæ ауæрды. Йæ уæз дыл æххæстæй куы ‘руадза, уæд дæ æд бинонтæ йæ быны ныссæнддзæн, уæззау трактор лыстæг кæрдæджытæ куыд ныссæнды, афтæ. Мемæ цæргæйæ та дæ куысты æмæ бинонты мæт нæ уыдзæн, рауагъдæтты кусджытæн дæ лæгъстæ кæнын нæ хъæудзæн. Уацмыстæ фысдзынæ æмæ сæ дæхи хардзæй уадздзынæ.

– Уæддæр дæ мемæ цæрын цæй тыххæй фæнды? Мæнмæ гæсгæ, ахæм рæсугъд сылгоймагæн уыйбæрц æхцатимæ йæ бон ссарын у мæнæй кæстæр, хæрзконддæр, æнæниздæр æмæ цардбæллондæр лæг.

– Мæ лæг дæуæй кæстæр, хæрзконддæр, æнæниздæр æмæ цардбæллондæр уыди, фæлæ дзы цыбыр рæстæгмæ фæзæрдæцъæх дæн, уымæн æмæ æнæхсæст, дæрзæг æмæ схъæлдзырд разынд. Мæн хъæуы дæу хуызæн фæлмæнзæрдæ, хæдæфсарм, бонзонгæ лæг. Чи мæ æмбара, мæ хорз миниуджытæ мын чи уына, сæрбæрзондæй мæм чи нæ кæса æмæ мын   аргъ чи кæна, ахæм адæймагимæ мæ цæрын фæнды.

– Æз уыцы миниуджытæй куынæ фæхайджын уон, цыбыр рæстæгмæ мæнæй дæр куы фæзæрдæцъæх уай æмæ æндæр лæг агурын куы райдайай, уымæй нæ тæрсыс?

– Нагъ. Дæ уацмыстæ дын цалдæргай хæттыты бакастæн, æмæ мæ зæрдæйы баззадысты. Раст дын куы зæгъон, уæд дæ раздæр уыдонмæ гæсгæ бауарзтон…

– Уацмыстæм гæсгæ уарзæн нæй. Æз бирæ хорз поэтты зонын. Иу дзы, скъолайы кусгæйæ, йæ ахуырдзау-чызджы хæрз æрыгонæй фенамонд кодта, иннæ йæ усы хъиладзагъдæй фæсырдта æмæ дзы йæ сывæллæттæн алиментты ‘рдомдта, æртыккаг йæ хæстæджы басывæрджын кодта, абортæн ын æхца нæ радта, æмæ чызг йæхи амардта. Сæ зондамонæн уацмыстæ сын куы бакæсай, уæд зæгъдзынæ: «Ехх, уыцы сыгъдæгзæрдæ раст адæмимæ цæрынæй бафсæд!», сæ хабæрттæ сын куы базонай, уæд ма дын сæхи ‘дде иннæ нæлгоймæгтæ дæр сæнад уыдзысты.

– Ды ахæм нæ дæ.

– Мæ мæгуыр бинонты куы ныууадзон æмæ хъæздыгдзинады фæдыл куы адзæгъæл уон, уæд уыдонæй æвзæрдæр уыдзынæн.

– Нæ уыдзынæ, нæ. Æз цы Ирбеджы зонын, уымæн цыфæнды уавæрты дæр сæвзæр уæвæн нæй.

– Ӕз мӕ сывӕллӕттӕй рынчын дӕн. Мӕ куысты афтид къуыдырфых айк куы фӕхӕрын, уӕддӕр мӕхи фефхӕрын, кӕд ӕххормаг сты, ӕмӕ мӕ гуыбын сӕ хъуагӕй ӕфсадын, зӕгъгӕ. Ӕдзухдӕр мӕм сӕ кӕуын хъуысы, ӕмӕ, семӕ удскъуынӕн хъизӕмӕрттӕ куы 'взарон, уӕддӕр сӕ мӕ бон ныууадзын нӕ бауыдзӕн. Гыццылӕй нырмӕ уӕззау уаргъ хӕссыныл ӕмӕ сагъӕстӕ кӕныныл сахуыр дӕн ӕмӕ ӕнцон цард кӕнын нӕ базондзынӕн.

– Хуыцау дӕр ӕнӕтӕригъӕд нӕу: нӕлгоймӕгты ӕмӕ сылгоймӕгты раст нӕ иу кӕны, – загъта ма Элисӕ ӕмӕ, фӕсмоны арты судзгӕйӕ, дуары 'рдӕм араст и.

«Хуыцау сӕ куы иу кӕнид, уӕд кӕрӕдзиуыл ӕрхъӕцмӕ дӕр нӕ хъӕциккой ӕмӕ фыр амонддджынӕй суртӕ-уадзгуытӕ кӕниккой», – дзурын ӕм мӕхинымӕр.

* * *

Мӕ кабинеты бадын ӕмӕ нӕ тӕккӕ лӕмӕгъдӕр журналисты радиобакасты ӕнӕхсӕст хъуыдыйӕдтӕ рӕстытӕ кӕнын. Ӕваст мӕ телефоны дзӕнгӕрӕг ныййазӕлыд, ӕмӕ мӕ бынатӕй фесхъиудтон. Хӕтӕл фелвӕстон, ӕмӕ мӕм дзы Авданы кӕнгӕ сабыр хъӕлӕс райхъуыст:

– Дӕ бон хорз, классик.

Афтӕ мӕ хоны ӕрӕгӕй нырмӕ, зӕгъгӕ та йӕ фӕкӕны цыдӕр ӕнахуыр хъӕлӕсы уагӕй, цыма мын афтӕ зӕгъынмӕ фӕхъавы: «Мӕ хуызӕн зонддджын лӕг дын ахӕм стыр аргъ кӕй кӕны, уый тыххӕй дзы бузныг у».

– Ӕгас цу.

– Аслӕнбегимӕ-ма мӕм ӕвӕстиатӕй рацӕут.

Комкоммӕ мӕм никуы 'рдзуры, стӕй «ӕвӕстиатӕй» никуы фӕзӕгъы. Цыдӕр ахсджиаг цау ӕрцыд, ӕвӕццӕгӕн.

– Адӕбе дӕ нӕ хъӕуы? – афарстон ӕй зӕрдаивӕй, цӕмӕн, уый мӕхӕдӕг дӕр нӕ бамбӕрстон, афтӕмӕй ӕмӕ ме 'нӕрхъуыды мийыл уайтагъд фӕфӕсмон кодтон.

– Нагъ! – радта мын цӕхгӕр дзуапп.

Хӕтӕл ӕрӕвӕрдтон ӕмӕ Аслӕнбегмӕ бауадтӕн, мемӕ йӕ айстон, ӕмӕ уайтагъд телестудийы балӕууыдыстӕм. Ацы хатт нӕ йӕ секретары уаты иу минут дӕр нӕ фӕдардта. Уый хыгъд нын йӕхи уаты

дзæвгар рæстæг нæ сæрымæгъзтæ фæлæхъуг кодта, Ирыстоны политикон уавæрыл дзургæйæ. Исчи нæм иуварсырдыгæй куы ‘рбакастаид, уæд йæхинымæр загътаид: «Авдан у политикон наукæты доктор, профессор, Аслæнбег æмæ Ирбег та сты университеты фыццаг курсы æнæмбаргæ студенттæ. Кæддæр-никæд йæ зондамонæнтæй йæхæдæг дæр сфæлмæцыд æмæ хъуыддаджы ныхасмæ рахызт:

– Тагъд нæм президенты ‘взæрстытæ кæй уыдзæн, уый уæхæдæг дæр зонут, фæлæ ма уын æй иу хатт уæ зæрдыл лæууын кæнын. Гала куырыхон лæг у æмæ нын дзæвгар хорздзинæдтæ сарæзта. Не знæгтæй нæ кæй фервæзын кодта, æрмæст уый тыххæй дæр ын горæты сæйраг фæзы удæгасæй цыртдзæвæн сæвæрын хъæуы.

– Æмæ дæ куыд фæнды? – афарста йæ Аслæнбег.

– Махæй бирæ аразгæ у, æмæ ма нын цæмæй иу æмгъуыд разамынд дæтта, ууыл бацархайæм.

– Раст зæгъыс. Æз обкомы йемæ иучысыл акуыстон æмæ йæ мæхи цæстытæй федтон. Æцæг патриот у. Бирæ хæрзты ма нын кæй бацæудзæн, уый дызæрдыггаг нæу. Æнæмæнг нæ йæ фарс рахæцын хъæуы. Æвзæрстытæ куы рамбула, уæд нæ республикæ размæ ракæндзæн. Дзастемыр цы у, уымæй ирууылдæр марг у, сæфт, хиуарзон, хиваст, æгъатыр. Президенты бынатмæ йын уадзæн нæй: бабын нæ кæндзæн.

– Баныхас кодтам уæдæ, нæ? – бафарста нæ Авдан æмæ ныл йæ цæст ахаста. Нæ, фæрсгæ нæ нæ бакодта, бардзырд нын радта. Ома, ацæут æмæ уын æз куыд зæгъын, афтæ бакæнут, уымæн æмæ æз сымахæй зондджындæр дæн, сымахæй бæрзонддæр къуыбырыл лæууын æмæ республикæйы уавæр сымахæй хуыздæр уынын. Æз ыл зына-нæзына бахудтæн, æмæ мæ былысчъилæй фелхыскъ кодта:

– Классик немæ разы нæу, æвæццæгæн.

– Хорз мæ бамбæрстай. Иу фарст дæм раттон?

– Табуафси.

– Сæрдарæй ма дæ бакусын фæнды?

– О.

– Уæдæ Дзастемырæн дæ зæрдæйы уаг ма раргом кæн.

– Цæуылнæ?

– Уымæн æмæ уæ «куырыхон патриотыл» æнцонæй фæуæлахиз уыдзæн æмæ дæ дæ куыстæй сисдзæн.

– Цæмæн афтæ хъуыды кæныс?

– Гала ахуырады министр куы сси, уæдæй фæстæмæ Ирыстонæн бирæ ‘взæрдзинæдтæ сарæзта, адæм æм хæрам сты æмæ йыл не схъæлæс кæндзысты. Хорз кæмæн фæци, уыдон дæр ма йыл гадзрахатæй цæуынц, хъотырджынау дзы лидзынц æмæ Дзастемыры фарсхæцджыты ‘взарæн хайæдтæм, лæгъстæтæгæнгæйæ, згъорынц.

– Мæнмæ гæсгæ, рæдийыс.

– Æз арæх фæрæдийын, фæлæ ацы хатт топпы фатæй растдæр дæн, æмæ мæм байхъус.

– Галайæн фидар дзырд радтон æмæ мæ ныхасы сæрты нал ахиздзынæн.

– Дæхицæн карз тæрхон рахастай уæдæ, сæрдары бынаты бирæ нал бафæстиат уыдзынæ æмæ ма мах дæр дæ фæдыл цъыфдзастмæ аласдзынæ, – загътон ын æнæ дызæрдыгæй æмæ мæхиуыл схæцыдтæн. Мæ хъуыдымæ ‘рцæуынæн бирæ зонд нæ хъуыди, бæргæ, фæлæ уырыссаг æмбисонд раст зæгъы: «На всякого мудреца довольно простоты». Цæргæбонты йæ ауунæй дæр чи тарсти æмæ хицæутты цæстытæм æдзынæг чи касти, чысыл рæдыдæй дæр йæхи чи хъахъхъæдта æмæ йæ уды ‘ппæт гæнæнтæй дæр республикæйы фыццаг лæджы зæрдæмæ фæндаг ссарынил чи архайдта, уый сæр хæрз хуымæтæг хъуыддаг не ‘рцахста, æмæ, кæй ницæмæ ‘рдардта, уыцы лыстæг дурыл бынтон æнæнхъæлæджы фæкалди. Дзастемыр куы фæуæлахиз и, уæд та йæм куысты фæдыл ссыдтæн æмæ йæ фæрсын:

– Цæй, цы бадæ? Ног президент дæм нæма фæсидти?

– Фæсидти.

– Æмæ?..

– Ацу æмæ, дам, кус.

– Цы дын загъта, уый сæйраг нал у. Цы хъæлæсы уагæй дын æй загъта, уый у ахъуыдыйаг.

Авдан ницы сдзырдта, йæ цæсгомы хуыз дæр нæ аивта, æмæ, цыбыр рæстæгмæ йæ бынатæй кæй фæхаудзæн, ууыл æппындæр дызæрдыг нал кодтон. Арв нæргæйæ, алчидæр йæхи гон хойы. «Авданы хуызæн цардхъом лæгтыл хохы цъуппæй дурты зæй куы ракæла, уæддæр сæрæгасæй баззайдзысты æмæ та ногæй сæ къæхтыл слæудзысты, тæссаг мæ хуызæн æвæрæзтæн у», – загътон мæхинымæр æмæ бакатай кодтон…

* * *

Адæймаджы миддуне тынг вазыгджын у. Цасфæнды йæ куы фæцахуыр кæнай, уæддæр æй кæронмæ нæ бамбардзынæ. Авданимæ университеты æмдзæрæны фараст мæйы иу уаты фæцардыстæм, уый фæстæ дæр ма студенттæй алы хæдзарæдты быдырты иумæ фыдæбон кодтам. Суанг ма Казахстаны дæр балæууыдыстæм æмæ дзы фермæтæ арæзтам. Ныр дæр иумæ кусæм. Рæстæгæй-рæстæгмæ мæ йæ урс «Волгæ»-йы йæ ныййарджытæм дæр аласы, æмæ хъæуы, цæугæдоны был, кæрæдзийæн зæрдиаг ныхæстæ фæкæнæм (уый – дзургæ, æз та – хъусгæ), æмæ мæм афтæ кæсы, цыма йын йæ дæргъ дæр зонын, йæ уæрх дæр, фæлæ хатгай йæхи бынтон æндæр хуызы равдисы, æмæ фæзæгъын: «Уый та ма йын кæм æмбæхст уыди?»

Нозт адæймагмæ ног аиппытæ не 'взæрын кæны. Цы аиппытæ йæм вæййы, уыдон ын раргом кæны. Мæнмæ гæсгæ йыл мулк æмæ хицауы къæлæтджын дæр нозтау ахадынц. Фæстаг рæстæджы Авдан дыууæ къухæй февнæлдта æмæ иннæ хицæуттау йæ рæбынмæ дзæвгар бынтæ 'рбассывта, замманай æртæуæладзыгон хæдзар æмæ цæхæркалгæ ресторан дæр ма сарæзта. Йæ хъуыддаг ахæстонмæ фæцæйцыди, æмæ цыбыр рæстæгмæ фыр тæссæй тихалæджы хуызæн аци, царм æмæ ма дзы стджытæ аззади, фæлæ, адæм мæ алыварс æмдзыхæй куыд дзырдтой, уымæ гæсгæ, Галайы фæрцы фервæзти æмæ та уайтагъд фесхъæл и, адæммæ та æнæрвæссонхуызæй уæле дæлæмæ кæсын райдыдта. Ныр ын Гала-сæрылхæцæг нал и, æмæ тынг тыхстхуыз у. Иубон мæм сæрмагондæй йæхимæ фæсидти, æдзухдæр куыд фæкæны, афтæ та мын иуцасдæр зонд фæцамыдта, стæй йæ хæрззылд урс æнгуылдзтæй иу гæххæтт мæнырдæм фесхуыста. Фæрсæгау æм бакастæн, цæмæн мæ хъæуы, зæгъгæ.

– Номхыгъдыл-ма дæ цæст æрхæсс.

Лæмбынæг æм æркастæн, фæлæ мын æм цæй тыххæй кæсын кæны, уый нæ бамбæрстон.

– Дзастемыр президенты бынатмæ куы цыди, уæд æй сарæзта. Телерадиокомпанийы сæрдарæй кæй сæвæрынмæ хъавы, уый нæ уыныс?

– Уынын. Альберты.

– Æвзæрстыты рæстæг йæ фарсхæцджытимæ уыди, æмæ йын йæ хорздзинад фиды.

Йæ афтид бæр-бæры тыххæй йæ университеты фæсномыгæй «Демагог» хуыдтой.

«Нæ раны стæм уæдæ. Стыр демагог иу гыццыл демагогы иннæ гыццыл демагогæй баивдзæн, æмæ сын цыппар азы сæ дзæнгæдамæ хъусдзыстæм», – бахудтæн сыл мæхинымæр.

– Цæмæй дæ бафæрсынмæ хъавын, – мæ хъуыдытæ мын фескъуыдта Авдан. – Адæбе æрæджы рауагъдадмæ директорæй куы цыди. Нæ зындгонд профессоры ма Галамæ дæр куы барвыста. Фæнды ма йæ, цымæ?

– Бæгуыдæр æй фæнды, фæлæ йæ уырдæм чи уадзы?

– Æз Дзастемыримæ ныхас кодтон, æмæ мемæ сразы и. Æцæг ын йæхи бафæрс.

– Уый дын – мæ быгъдуан, – сдзырдтон райдзастхуызæй æмæ Адæбемæ æвæстиатæй атындзыдтон. Кæд цыфæнды ‘взæр у, уæддæр ын бирæ фысджытæй фæлмæндæр зæрдæ ис, йæхицæй тыхлæг нæ аразы, ныхас æмбары, мæгуыр адæймаджы тыхст æм хъары, æмæ дзы саузæрдæ фыссæджы бæсты уый кусæд. Йæ кабинеты йæ баййæфтон, телефонæй кæйдæр фыдгой кæнгæйæ. Мæн куы ауыдта, уæд йæ ныхас фæурæдта æмæ афтæ бакодта:

– Фæстæдæр дæм мæхæдæг бадзурдзынæн.

Кæй йæ бахъыгдардтон, уый йын фæхъыг и, хæтæл йæ бынаты æрæвæрдта, тарæрфыгæй мæм æрбакасти æмæ тызмæгæй срæцыгъта:

– Цы дæ хъæуы?!

– Рауагъдады директорæй кусын ма дæ фæнды?

Ахæм фарстмæ мæм не ‘нхъæлмæ касти, æваст йæ цæсгом барухс и, æмæ разæнгардæй сдзырдта:

– Фæнды!

– Уæдæ хъуыддаг лыггондыл банымай.

– Чи дын загъта?

– Авдан. Дзастемыримæ ныхас кодта, æмæ йын дæу рауагъдады директорæй сæвæрыныл сразы ис.

– Сæйраг редакторæй мæм æрбацæудзынæ?

– Нагъ.

– Цæуылнæ?

– Уырдыгæй мæ чи ратæрын кодта, уыдон нæ иу ран нæ ныууадздзысты æмæ ныл Дзастемыры сардаудзысты… Иу хицауыл дæр æууæнк нæй, æмæ ма дзы ды дæр мемæ фæхаудзынæ…

– Хъыгагæн, ды раст дæ… Фысджытыл æппындæр зæрдæ дарæн нæй…

Авдан алы хъуыддаг дæр резинæйау бирæ фæраиваз-баиваз кæны, фæлæ ацы хатт мæлæты цырынæй архайы. Кæмæ ‘мбæлыди, уыдонмæ Адæбейæн уайтагъд дыууæ курдиаты афыссын кодта, иу – йæхи фæндонмæ гæсгæ йæ сæрдары хæдивæджы бынатæй суæгъд кæныны тыххæй, иннæ та – рауагъдады директорæй йæ сæвæрыны тыххæй. Авдан фыццагыл йæ къух сæвæрдта, дыккаг аскъуыдта, æмæ Адæбейæн йæ демократ-æрдхæрттæ дæр нал баххуыс кодтой – уынджы къæйыл хъахъдзыхæй баззади. Цæмæдæр гæсгæ мæ зæрдыл æрлæууыдысты, айфыццаг нын Авданы тыххæй Аслæнбегимæ уырыссагау кæй загъта, уыцы ныфсджын ныхæстæ:

– Пошлите его на три буквы от моего имени!

Авдан иу адæймагæн дæр æфхæрд нæ бары. Абон куынæ уа, уæддæр дзы райсом йæ маст кæй райсдзæн, уый зыдтон, фæлæ йыл хинæй ахæм хуызы рацæудзæн, стæй мæнæй афтæ хорз спайда кæндзæн, уый мæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыди. Адæбеимæ мæ иу фæйнæгыл кæй авæрдта æмæ мæ æдылыйы бынатмæ кæй батардта, уый мын фæхъыг и, фæлæ йæм ницы сдзырдтон. Йæхи сраст кæныны тыххæй мын исты ‘фсон скодтаид æмæ ма мыл йæхинымæр ноджы тынгдæр фæхудтаид. Уæвгæ йæхиуыл дæр чысыл цæф не ‘рцыди. Дзастемыр ын йæ бынаты ницæйаг Альберты сæвæрдта, йæхи та йын махмæ æрæрвыста. Фыдзæрдæ хицау дæ дæ хъарм бынатæй ратæрæд æмæ дæ, салам раттынмæ дæр кæуыл не ‘рвæссыс, уымæн хæдивæг скæнæд – уый Авданы хуызæн хиуарзон сæрыстыр лæгæн иу цæф нæу, фæлæ дыууадæс цæфы у. Нырма йæ ныр бамбæрстон, Адæбейы цæмæн атардта, уый. Президент æй сæрдарæй кæй нал ныууадздзæн, уый зыдта æмæ рагацау йæхицæн бынат цæттæ кодта.

Бæрзæндты чи тæхы æмæ зæххыл æрбадын йæ сæрмæ чи нæ хæссы, йæхицæн ахæм цæргæс æнхъæл кæй у, уый дæр нырма ныр æмбарын райдыдтон. Дæс кæнæ иуæндæс сахатыл æрбацæуы æмæ нæм йæхи куыстхуызæй равдисы, фыццæгæм æрдæгыл ацæуы æмæ цыппар сахатыл кæнæ чысыл фæстæдæр фæзыны, йæ кабинетмæ мæм фæсиды æмæ мемæ ахæм ныхас фæкæны, цыма бон-изæрмæ, сыдæй мæлгæйæ, радиойы йæ уыргтæй фæхуым кæны, æз та цыма нæхимæ диваныл æфсæстæй мæ фæллад фæуадзын. Йæ дзæгъæл дзырдмæ хъусгæйæ, мæ туджы ‘лхъывдад хæрдмæ схизы, мæ сæр æмæ мæ зæрдæ сриссынц, æмæ нæхимæ уæнгмардæй ацæуын. Кæд дзы цыфæнды тынг тыхсын,

уæддæр æм иу хорздзинад хатын. Куыст фæхуыздæр кæныны тыххæй йын исты куы фæзæгъын, уæд йæхи афтæ фæдары, цыма йæ мæ ныхæстæ ‘ппындæр нæ фæхъæуынц, æмæ сæ хъусгæ дæр нæ фæкæны. Иуцасдæр рæстæг рацæуы, йæхимæ мæ бахоны æмæ мын мæ ныхас мæ зæрдыл æрæфтауы:

– Айфыццаг мын мæ размæ цы хæс сæвæрдтай, уый мæ нæ ферох и… Дæ ныстуан дын сæххæст кодтон…

Æвзæрстыты Дзастемыр куы фæуæлахиз и, уæд мæхицæн дзæгъæлы нæ загътон: «Авданы хуызæн цардхъом лæгтыл хохы цъуппæй дурты зæй куы ракæла, уæддæр сæрæгасæй баззайдзысты æмæ та ногæй сæ къæхтыл слæудзысты, тæссаг мæ хуызæн æвæрæзтæн у». Мæ зæрдæ йæ рагацау зыдта, мæ уавæр зынгæ кæй февзæрдæр уыдзæн, уый. Хицауад нын кæддæр-никæд нæ мызд зынгæ фæфылдæр кодта. Цинæй амардтæн, фæлæ, уый размæ цы мызд истон, уымæй бирæ къаддæр куы райстон, уæд æрвдзæфау фæдæн. Алы мæйы кæрон цы премитæ истам, уыдон дæр æрбайсæфтысты.

– Мæ уавæр цæмæн февзæрдæр и, уымæй ма Альберты бафæрс, – æрхатыдтон Авданмæ, фæлæ мын мæ курдиат ницæмæ ‘рдардта. Афтæ мæм фæкасти, цыма мæ хъусгæ дæр нæ фæкодта, æмæ мæ зæрдыл æрлæууыдысты нæ шофыры ныхæстæ:

– Искæуыл чи батыхса, ахæм нæу. Йæхи мæт кæны ‘рмæстдæр, æндæр æй ничи æмæ ницы ‘ндавы.

Мæ бон дзы куы базыдтон, уæд Альбертмæ ссыдтæн æмæ йæ бафарстон:

– Ды нæ хицау куы сдæ, уæд æз æвзæрдæр кусын райдыдтон?

– Нагъ.

– Уæдæ мын мæ мызд цæмæн алыг кодтай? Хицауады уынаффæмæ гæсгæ ма мын ыл хъуамæ дзæвгар бафтыдаид, мæнæн та къаддæр фæци. Цæй тыххæй?

Уый стъолыл даргæ чысыл къæлиндар йæхимæ ‘рбайста, æмæ дзы цыма йе ‘ппæты ахсджиагдæр фыстытæ агуры, уыйау ын йæ сыфтæ хъуыдыдзастæй фæлдахы.

«Мæ хъуыддаг хорз нæу. Афтидармæй мæ ‘рвиты, æмæ мын цы ‘фсон скæна, йæ мæгуыр сæрымагъзы уый агуры æмæ йæ нæ ары. Авдан мын мæ курдиат сæххæст кæнынмæ куынæ фæхъавы æмæ мæ цы хуызы фервæза, уый куынæ фæзоны, уæд рудзынгмæ бацæуы æмæ

йын йе ‘мбæрзæнтæ дыууæрдæм фæракæ-бакæ кæны, ай та йæ къæлиндаримæ архайы. Дæлдæр фæуай, Гæрайы-фырт, кæд ды хуыздæр хицæутты аккаг нæ дæ! Стыр фыссæг суæвыны курдиат дæр дæм нæ разынди, æфтиагджын бынат æрцахсыныл дæр нæ бацархайдтай æмæ мæнæ ахæм фидиссæгты къæхты бын тухæнæй мæлыс», – хъуыды кæнын мæхинымæр.

– Я не знаю, что ты от меня хочешь, – хъуысы мæм Альберты мынæг хъæлæс. Фæнды мæ йæ сисын æмæ йæ рудзынгæй арæцугъын, фæлæ мæ сывæллæттæн сæ уавæр кæй февзæрдæр уыдзæн, ууыл хъуыды кæнын æмæ мæхиуыл хæцын.

«Ды – фос, дæу ам чи сæвæрдта, уый та – дывæр фос», – загътон ын мæхинымæр, сыстадтæн æмæ къæлидормæ, дисгæнгæйæ, ахызтæн. Цæуыл дис кодтаин, уый та мын уыди. Гала президент куы сси, уæд ын сæрмагонд министрад сарæзта, Дзастемыр та йæ Авданы бынаты сбадын кодта. Цæмæн? Йæ кæцы ‘нтыстдзинæдты тыххæй? Ау, козбаудзинадмæ ахæм стыр тых ис æви не ‘нæсæр хицæуттæ хорз æмæ ‘взæр кæрæдзийæ ‘ппындæр нал хицæн кæнынц? Уæддæр ма хорз, æмæ нæхиуыл худын фæразæм. Иу райсом нæ оператортæн сæ кæстæр куыстмæ ‘рбацыд æмæ нæ йæхимæ æрыхъусын кодта:

– Знон нæ лæгимæ рестораны уыдыстæм. Иучысыл куы абадтыстæм, уæд æрыгон гуырвидауц рæсугъд чызг нарæг лиф æмæ уымæй нарæгдæр трусичы чысыл фæзгондмæ рацыд æмæ музыкæмæ кафын райдыдта. Нæ ног сæрдар Альберт йæ дзыппæй æхцаты тыхтон systa æмæ йын æй йæ трусичы нытътъыста…

– Гъер уыдон мах премитæ уыдысты, – уынгæг хъæлæсæй бафиппайдта, мæнæн мæ сывæллæтты фæстæгтæ кæм сты, уый нæ лæг зонгæ дæр нæ кæны, зæгъгæ, чи загъта, уыцы оператор, æмæ не ‘ппæт дæр фыр худæгæй гуыбындихтæ фестæм. Уымæй тынгдæр та нæ худæг æрцахста, Дзастемыр Альберты йæ куыстæй куыд иста, уыцы æнæхъола нывмæ кæсгæйæ. Бынтон афтид кæй у, уый куы бамбæрста, уæд ын курдиат ныффыссын кодта æмæ йын йæ бынаты сæвæрдта æрыгон лæппу Мысосты. Ног сæрдар разамынд дæттынæй йæ арæхстдзинад никуыма равдыста. Æгæрмæгуыр хуымæтæг ныхæстæ зæгъын дæр нæ зыдта. Президент ын йе стырдæр æнтыстыл банымадта, йæ хорз хæлар Агуыбейы фырт кæй у, уый.

Кæд Дзастемыр æмæ Агуыбейы ‘хсæн дыууадæс азы уыди, уæддæр

кæрæдзиуыл фидар баст уыдысты. Бæтгæ та сæ бакодта фæскомцæдис. Дзастемыр цыбыр рæстæгмæ Агуыбейы авæрдта цалдæр раны. Адæм куыд дзырдтой, афтæмæй йæ цæттæ кодта йæ бынатмæ, фæлæ йæ къухы нæ бафтыди. Фæндагыл æй машинæ скъуырдта, æмæ фæмард и. Уыйадыл Дзастемыræн йæ уарзондзинад фыдæй фыртмæ рахызти. Нæ хицауы бынаты йæ цæй тыххæй æвæры, уый нын хъуамæ бамбарын кодтаид, фæлæ дзы цы загътаид, уый нæ зыдта, исты загъын та йæ æнæмæнг хъуыди, æмæ Альбертæй сахаты бæрц феппæлыди. Уæлæрвтæм æй систа, æмæ адæм чыр-чыр кæнын райдыдтой, стæй кæрæдзи, сусубусугæнгæйæ, фарстой:

– Кæд ахæм зонддджын лæг æмæ курдиатджын разамонæг у, уæд æй цæмæн тæры?

Æмæ ма йæ канд æппæлыныл куы ныууагътаид. Дуне 'хцатæ йын стыр къонверты радта, стæй йын йæ риуыл Ирыстоны Намысы майдан æрцауыгъта. Æнæ премитæй кæй ныууагъта, уыцы коллектив та йын бузныджы охыл тæмæнкалгæ сызгъæрин уацццæгтæ балæвар кодта. Ме 'мкусджыты худæндзаст цæсгæмттæм кæсгæйæ, мæ зæрдыл æрлæууыд иу таурæгъ. Чингисхан та иу бæстæ бацахста æмæ йын йæ цæрджыты стигъынмæ йæ нукерты арвыста. Уыдон сын сæ хæзнатæ байстой, голджыты сæ нывгæдтой æмæ сæ 'рбаластой. Чингисхан сæ фæрсы:

– Сæхи куыд дарынц?

– Кæуынц.

– Ацæут æмæ сын сæ исбон иууылдæр байсут.

Ацыдысты æмæ та голджыты дзæгтæ 'рбаластой. Чингисхан та сæ фæрсы:

– Сæхи куыд дарынц?

– Кæуынц, – дзуапп та йын радтой йæ нукертæ.

– Ацæут, æмæ ма сæм цы баззади, уыдон сын байсут.

Ацыдысты æмæ та голджыты дзæгтæ 'рбаластой. Чингисхан та сæ фæрсы:

– Сæхи куыд дарынц?

– Худынц.

– Уæдæ сæм уæд мауал цæут: ницыуал сæм и.

Уыцы мæгуыр æнæбон адæмы хуызæн мах дæр нæ хицæутты хиваст митæ быхсæм æмæ, кæуын кæм хъæуы, уым худæм… Æмæ ма ныл æрвæсгæ дæр куы кæникккой… Сæ зæвæттæм дæр нæ нæ

дарынц, мах та сæ зæдты бынаты æвæрæм æмæ сæм, нæ уæрджытыл лæугæйæ, Хуыцаумæ кувæгау кувæм. Нæ сæрты зонд кæд бацæудзæн, æмæ нæхицæн аргъ кæнын кæд райдайдзыстæм, цымæ?

* * *

Цыфæнды хъизæмæрттæ æвзаргæйæ дæр де 'нæрай хъысмæты фыддæрагæн ацы рухс дунейы фæндзай азы фæцæрдзынæ, зæгъгæ мæм мæ ирвæзынгæнæг зæд уæларвæй куы 'рдзырдтаид, уæддæр мæ нæ бауырныдтаид, фæлæ мæ ныр уырны, уымæн æмæ æцæгдзинад у. Ме сфæлдисæг æрдз мын уыйбæрц азтæ кæй балæвар кодта, уый тыххæй дзы бузныг дæн? Æхсызгонæй сæ ымайын æви сæм уазал цæстæй кæсын? Мæгъа. Мæ бæллицтæй иу дæр кæй нæ сæххæст и, æмæ мæ фæлмæст зæрдæ йæ дойны кæй не суагъта, уымæ гæсгæ сыл тынг нæ цин кæнын, фæлæ мæм иугæр мæлæт йæ уазал стæгдар къухтæй нæма 'вналы, уæд уал цæрдзынæн æмæ, мæ бон цы уа, уый кæндзынæн. Афтæ мæм кæсы, цыма ацал-ауал азы мæ мæсыгæн æрмæстдæр йæ бындур цæттæ кодтон, ныр та йын цыма йæ къултæ амайдзынæн. Мæсыг фидар уыдзæн æви хæрог, уый нæ зонын, фæлæ йæ самайынил зæрдиагæй кæй бацархайдзынæн æмæ мæ хъарутыл кæй нæ бацауæрддзынæн, ууыл фидарæй æууæндын. Фæндзайаздзыдæй мæ размæ æгæр егъау хæс кæй æвæрын, уый æмбарын, фæлæ мæм мæ царды стырдæр нысан цæхæркалгæ стъалыйау дардæй æрттивы æмæ мæ сабыр кæнын нæ уадзы…

Дунейы 'ппæт классиктæ, аивадон литературæйы бæрзæндтæм хизгæйæ, цы хъизæмæрттæ бавзæрстой, уый нæ зонын. Æрвылбон давæггаг хæрæджы куыст кæнгæйæ, се 'гасыл нæ аххæссыдтæн, фæлæ дзы бирæты царды хабæрттимæ базонгæ дæн, æмæ мæм дзы иуæй-иутæ фæкастысты тынг æвирхъау. Ирон классиктæ цы цæлхдурты сæрты ахызтысты, уый дæр зонын, æмæ мæ дисы 'фтауы, царды рæстдзинад æвдисæг фысджытæ цыфæнды рæстæджы дæр æмæ цавæрфæнды цардарæзты дæр куыд никæй хъæуынц æмæ куыд хъизæмар кæнынц, уый. Уымæй тынгдæр та дис кæнын, зындоны арты судзгæйæ, сæхиуыл куыд нæ ауæрдынц æмæ стыр сгуыхтдзинæдтæ куыд æвдисынц, ууыл.

Æз сæ фадхъултæм дæр не 'ххæссын, фæлæ мæ къахыл куы ауадтæн,

уæдæй фæстæмæ, фæкæлфæкæлгæнгæ, тугæрхæмттæй цы гуыргъахъхъ фæндæгтыл фæцыдтæн, уыдон тынг æбуалгъ уыдысты æмæ сæ хъуамæ адæмы рæгъмæ рахæссон. Гæдыйау æвдудон кæй дæн æмæ мæ зындзинæдтæн сæттын кæй нæ бакуымдтон, уый тыххæй нæ. Уыцы темæ ирдæй кæм зыны, ахæм уацмыстæ дунейы мидæг чысыл нæй. Мæн фæнды, цы царды схъомыл дæн, уый, хиуæутты цæстмæ ‘ппæлгæйæ, куыд æвдыст цæуы, афтæмæй нæ, фæлæ йын йе ‘цæг цæсгом бирæвæрсыгæй æмæ æнæ рæсугъд ахорæнтæй равдисын.

Ме стыр бæстæйы ссæдзæм æнусы фысджытæм цы уацмыстæ кæсын, уыдон стæмтæй фæстæмæ фыст сты былалгъæй, лыстæг хабæрттыл, ницытæ æмæ мацытыл.

Мæ абарст, чи зоны, æгæр гуымиры рауайа, фæлæ цард пыл у. Бирæ фысджытæ йæм хæстæг цæуын нæ уæндынц. Йæ лыстæг хъуынтæ дæр ын хорз нæ уынынц æмæ сæ ныв кæнынц, дардæй кæсгæйæ. Ахæм уацмыс цавæрфæнды аивадон фæрæзтæй куы схъæздыг кæнай, цыфæнды рæсугъд ахорæнтæй йæ куы сахорай, сызгъæрин агъуды йæ куы сæвæрай, уæддæр уыдзæн лæмæгъ хъомыладон фæрæз, растдæр зæгъгæйæ та, хуымæтæджы аслам журналистикæ. Æз ахæм журналистикæйæ ме сæфт уынын æмæ хъуамæ ныффыссон реалон трилоги. Алы роман дæр дзы хъуамæ нæ дыдзæсгом цардæй равдиса дыууын азы кæнæ чысыл фылдæр.

Æнахуыр бæстæйы рантыстæн ацы дунемæ. Хæстыбеджы загъдау, райсомæй дын дзы орден цæй тыххæй радтой, уый тыххæй дæ изæры ‘рцауындздзысты. Коммунисттæ рæстдзинадæй сæ удхæссæг уыдтой æмæ йæ мыхуырмæ ‘ввахс дæр нæ уагътой. Капиталисттæн сæ сæйрагдæр бæллиц æфтиаг у, цыфæнды мадзæлттæй дæр сæ къухы ‘фтæд, æндæр сæ ницы хъæуы, æмæ цæуылфæнды дæр фысс. Хæст, революци æмæ паддзахадон фæфæлдæхтмæ ма сид, уыййеддæмæ дæ сæрыл хъен дæр слæуу. Райсом та нæ цард кæцырдæм фæзилдзæн, хæйрæг – йæ дæсны. Уымæ гæсгæ мын цалынмæ рæстдзинад дзурыны фадат ис, уæдмæ дзы хъуамæ спайда кæнон.

Адæймагæн йæ размæ хæс сæвæрын æнцон у, фæлæ йæ сæххæст кæнынæн бирæ хъарутæ хъæуы. Цæмæй дæ ныхас искæй зæрдæмæ бахъара, уый тыххæй хъуамæ дæхи зæрдæйæ рацæуа. Цæмæй дæ зæрдæйæ рацæуа, уый тыххæй та хъуамæ дæ уацмысы хъæйтары зæрдæмæ бахизай. Ацы уавæр иттæг хорз зыдтой нæ рагфыдæлтæ æмæ

йæ ирдæй равдыстой, нарты Сырдон фæндыр йæ лæппуты зæрдæты тæгтæй кæм скодта, уыцы кадæджы. Мæ сабибонтæй фæстæмæ цы сагъæстæ фæкодтон, уыдон та хъуамæ зæрдæрисгæйæ ногæй банкъарон. Уый мæ домы мæ хæс, æмæ йæ хъуамæ цыфæнды хъизæмæрттæ ‘взаргæйæ дæр сæххæст кæнон…

Æдзæмæй бадын стъолы уæлхъус. Мæ къухы – фыссæн сис, мæ цуры – урс гæххæтт. Цы дзы сфæлдисон, уый мæнæй аразгæ у, æрмæстдæр мæнæй, фæлæ йæм нæ уæндын. Афтæ мæм кæсы, цыма удгоймаг у æмæ мæ, чи никуыма ‘рцыди, ахæм диссæгтæ домы. Тæрсын, уæлтых куыст кæнын мæ бон куынæ бауа, хъæугæ ныхæстæ æмæ аив ахорæнтæ куынæ ссарон. Тæрсын… Уæвгæ фыццаг хатт нæ дæн ахæм зын уавæры. Æдзухдæр мыл мæ мидкатай фæуæлахиз вæййы, мæ къухмæ фыссæн хотых куы райсын, уæд. Мæхиуыл æппындæр нал феууæндын, æмæ ме уæнгты стыр тас бацæуы. Мæ зæрдæйы тугæй цы фæлгонцтæ саразон, уыдон цардæгасæй куы никæй раз слæууой, сæ хъуыдытæ æмæ се ‘нкъарæнтæ æгæр уæлæнгай куы рауайой æмæ куы никæй зæрдæмæ бахъарой…

Ацы хатт уæлдай тынгдæр тæрсын, уымæн æмæ мæхи тыххæй дзурдзынæн, мæхи цæстытæй кæй федтон, уыцы нывтæ араздзынæн. Цымæ мæ цинтæ æмæ мæ хъыгтæ, мæ сагъæстæ æмæ мæ бæллицтæ адæммæ рахæссыны аккаг сты? Æвæццæгæн, нæ. Уæдæ мæхи цы удхарæй марын? Мæ рæстæг дзæгъæлы цæмæн сафын? Æмæ ма мæхи рæстæг – гъа, фæлæ мын чиныгкæсæг та цы кодта, мæ разы цæмæй фæазымджын и? Царды йæхæдæг кæй нæ федта, йæхиуыл кæй нæ бавзæрста, ахæмæй йын цы радзурдзынæн? Фæнды мæ фыссæн сис стъолмæ баппарын æмæ хурæфсæст дунемæ алидзын. Æрдз дын цы гыццыл цæрæнбон радта, уый хъæлдзæг, æнæмæтæй арвит, æндæр дæ цы гуыбынниз тилы? Мæгуыр адæмы хъизæмайраг цард фæхуыздæр кæнынæн мисхалы бæрц дæр куы ницы фæахъаз уыдзынæ, сæ дурæфхæлд бæрзæйтæй сын сæ уæззау æфсондз куынæ сисдзынæ, уæд дæ удæй арт цы цæгъдыс? Ныуадз дæ рæузонд митæ æмæ цæугæ æддæмæ. Цы нымад бонтæ ма дын баззад, уыдон æнæрхъуыдыйæ мауал саф. Нæ, зæрдæ хивæнд у, коммæ нæ кæсы. Цыдæр ныфсы хал дзы арф кæмдæр, рæбинаг къуымы, ныффидар и æмæ скъуынын нæ комы.

«Дæхи хабæрттæ уадиссаг не сты. Дæ фæлтæры цард æххæстæй равдис, æмæ дæ фыдæбæттæ нæ фæдзæгъæл уыдзысты». «Йæ фæлтæры

цард æххæстæй равдисын кæй бон у?» «Дæ нысанмæ ныфсджынæй куы цæуай, уæд дæ бон бауыдзæн. Æнæмæнг бауыдзæн, æцæг æм ныфсджынæй цу», – сиды мæм мæ зæрдæ.

Æдзæмæй бадын стъолы уæлхъус. Мæ къухы – фыссæн сис, мæ цуры – урс гæххæтт, сывæллоны зæрдæйау сыгъдæг гæххæтт… Цæмæй райдайон? Мæ чиныгкæсæджы зæрдæ цæмæй балхæнон? Цæмæй йæ сцымыдис кæнон? Мæ царды цаутæй мæм алкæцы дæр тынг ахсджиаг куы кæсы, уæд дзы кæцы фæразæй кæнон? Царды цаутæ… Кæрæдзи фæдыл куыд тагъд атахтысты, æвæдза!

Рæстæгæн иучысыл дæр фæуромæн куыд нæ ис, уый диссаг у. Тындзы, згъоры, йæ риуæмбæрц бырсы размæ æмæ лыстæг хъуыддæгтæ æгъатырæй йæ быны ссæнды. Иу уысмы бæрц ын фæстæмæ фæкæсыны амал нæй. Абон – нæ, райсом цæрын райдайдзынæн, зæгъгæ, азтæ мæ иувæрсты аивгъуыдтой. Ныр æрхуымæй бадын æмæ мæ царды чиныгæн йæ фæстаг сыфтæ арæхстгай фæлдахын. Фыццæгтæ раджы фæлдæхт æрцыдысты, тынг раджы. Хатгай мæм афтæ фæкæсы, цыма уæвгæ дæр нæ уыдысты. Нæ-æ-æ, уыдысты. Мæ разы куы февзæрынц, уæд та ногæй мæ зæрдæ куы ныккæрзы, æмæ адæргæй мæхицæн бынат куы нал фæарын. Уæвгæ… Цæй, иу хатт ма сæ рафæлдахон. Мæ цæсгомы ‘нцъылдтæ бæлвырд фæарфдæр уыдзысты, фæлæ мын хуыздæргæнæн нæй. Æз цы зæгъынмæ хъавын, уый мæн йеддæмæ ничи зæгъдзæн, ингæнмæ хæссынмæ та мæм æвгъау кæсы, уымæн æмæ рæстдзинад у, рæстдзинадæн та ныгæнæн нæй… Фæндзайаздзыдæй трилоги фыссын райдай – уымæн ма хъарутæ æмæ ныфсæй уæлдай къæйныхдзинад дæр хъæуы… Хъуамæ мæм се ‘ртæ дæр разыной…

* * *

«Сывæллонæн йæ зын – авдæнæй рахизын». Ацы ‘мбисонд рынчын сывæллæттæм цы бар дары, уый нæ зонын, фæлæ мæ чызджытæ дæр, кæугæ-дзыназгæйæ, бахъомыл сты. Нæ рудзгуыты бынмæ цы чысыл фæзгонд ис, уым цъæх кæрдæг куы фæзыны, уæд ыл Светæ гауыз байтауы, Фаризæ дзы фаззæтты кæрæдзийы фарсмæ сбадын кæны æмæ сын «уроктæ кæнын» райдайы. Ахæм хъæлæсы уагæй сæм фæдзуры, цыма ахуыргæнæг у, уыдон та цыма йæ ахуырдзаутæ сты. Уæлдай змæлдтытæ кæнын сæ нæ фæуадзы:

– Миланæ, иуварсырдæм ма кæс.
– Илонæ, худгæ ма кæн.
– Аланæ, дæ сæрыл схæц.
– Миланæ, мæнæн цал къухы ис?
– Дыууæ.
– Илонæ, нæ цуры цал бæласы ис?
– Иу.
– Аланæ, дæ нанæйæн цал æфсымæры ис?
– Дыууæ.
– Миланæ, нымæцтæ иронау банымай.
– Иу, дыууæ, æртæ…
– Цып…
– Цыппар.
– Фо…
– Фондз.
– Илонæ, иумæ иу куы бафтауай, уæд цас уыдзæн?
– Дыууæ.
– Дыууæмæ дыууæ куы бафтауай, уæд та?
– Нæ зонын.
– Цып…
– Цыппар.
– Аланæ, мæнæн цал хойы ис?
– Æртæ.
– Иумæ та цал стæм? Цып…Цып…
– Цыппар.

Дохтыртæ сын тыхджын хостæ куы дардтой, уæд сын тынг тарстæн, сæ сæрымæгъзтыл æвзæрырдæм куы сахадой, уымæй. Мæ тас кæй фæмæнг и, уый мын æхсызгон у. Фаризæйы фæрстытæн раст дзуæппытæ куы фæдæттынц, уæд сæ мæ зæрдæ барухс вæййы. Мæ зæрдæ барухс вæййы Фаризæйæ дæр. Гайлаг родæй бæрæг у, фæзæгъынц. Мæнмæ гæсгæ йæм ахуыргæнæджы курдиат ис, стæй æрмæст ахуыргæнæджы курдиат – нæ. Кафынмæ дæр дæсны у. Цыфæнды музыкæ дæр уайтагъд ацахсы æмæ йæм кафын райдайы. Уæлдай рæсугъддæр кæны ирон кæфтытæ. Æппæтæй тынгдæр та дис кæнын, радио æмæ телевизорæй цы зарджытæ фехъусы, уыдон куыд раст фæзары, ууыл. Иу мыр дæр ын дзы мæнг нæ вæййы. Хъуамæ тагъд скъоламæ бацæуа.

Цæмæдæр гæсгæ йæм ахуыргæнджытæ фæдзырдтой. Светæимæ йын йæ къухтыл фæхæцыдыстæм æмæ сæм æй бакодтам. Фæйнæрдыгæй йæм алыхуызон фæрстытæ дæттын куы райдыдтой, уæд джихæй аззадтæн, растдæр зæгъгæйæ та, фæтарстæн, йæ бон сын дзуæппытæ раттын куынæ бауа, æмæ йæ куынæ райсой, уымæй.

– Ахуыр кæнын дæ фæнды?

– Тынг.

– Ацы скъолайы ма искуы уыдтæ?

– Нагъ. Фыццаг хатт æм æрбацыдтæн.

– Цал уæладзыджы дзы ис?

– Цыппар.

– Цы хæдзары цæрыс, уым та цал уæладзыджы ис?

– Фараст.

– Бахизæн къæсæртæ та дзы цал ис?

– Æхсæз.

– Нымæцтæ цалы онг зоныс нымайын?

– Мины.

– Ранымай-ма сæ.

– Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, фондз, æхсæз, авд, аст, фараст, дæс…

– Нанатæ æмæ дын дадатæ цал ис?

– Дыууæ. Мамæйы мад æмæ фыд.

– Дæ нана цæмæй кусы?

– Бухгалтерæй.

– Дæ фыд та кæм кусы?

– Радиойы.

– Цæмæй?

– Сæйраг редакторæй.

Бирæ цæмæйдæрты ма йæ фæфарстой, стæй йæ кæртмæ арвыстой. Фаризæ къæсæрæй куы ахызти, уæд ахуыргæнджытæй иу бацинхуыз и æмæ афтæ бакодта:

– Зæрдæргъæвд чызг у. Хорз ахуыр кæндзæн.

Иннæ дыууæ ахуыргæнæджы дæр, сæ мидбылты худгæйæ, сæ сæртæ разыйы тылд бакодтой æмæ нæ фæрæдыдысты. Фаризæ исы ‘рмæстдæр иттæг хорз бæрæггæнæнтæ, тынг коммæгæс у, æмæ йыл йæ ахуыргæнæг æрхъæцмæ дæр нæ хъæцы.

* * *

Иуæй-иу хатт цы æдылыдзинад саразын, уый тыххæй мæ зæрдæ мæхиуыл фæхуды, фæлæ мæ рæдыдæн срастгæнæн нал вæййы. Сырддонцъиу дæ къухæй куы аирвæза, уæд æй марадз æмæ арвы тыгъдады ‘рцахс. Аслæнбег мæм æрбацыд æмæ мын афтæ:

– Израилы фысджыты цæдисмæ куы райсиккам, уæд куыд уаид?

Йæ ныхæстæ мæм зымæгон арвнæрæгау фæкастысты, æмæ фæкуыддæр дæн. Иуцасдæр æм æдылымæ кæсæгау фæкастæн, кæд йæ сæрызонд фæлыгъд, зæгъгæ, стæй æрæджиау мæхимæ ‘рцыдтæн æмæ йæ уайдзæфгæнæджы хъæлæсæй бафарстон:

– Литературæмæ кæуылты бацæуын хъæуы, уый дæр куынæ зоны, уæд æй фысджыты цæдисмæ цы зæрдæйæ исыс?

– Цæмæн зæгъыс? Чысыл радзырдтæ йæм ис. Сывæллæттæн аргъæуттæ дæр фыссы.

– Уыдоны нывонд фæу кæннод, кæд ахæм ницытæ æмæ мацытæн радзырдтæ æмæ аргъæуттæ рахонæн нæй.

– Цæдисмæ куы бацæуа, уæд фæныфсджындæр уыдзæн æмæ курдиатджындæр уацмыстæ фыссын райдайдзæн...

– Фысджыты цæдис ныфс æмæ курдиатдæттæг куы уаид, уæд афонмæ достоевскийтæ, толстойтæ æмæ чеховтæй байдзаг уыдаиккам.

– Гъер кæдæм ахæццæ дæ? – фæтæргай Аслæнбег.

– Мæ бон фæстæмæ ‘рбаздæхын дæр у. Æз Израилæн йæ фадæттæ, йæ гæнæнтæ æмæ йæ авналæнтæ хорз зонын. Университеты мемæ ахуыр кодта. Йæ мæнгæфсон зонындзинæдтимæ йæ уырдæм чи баласта, хæйрæг – йæ дæсны, фæлæ хохаг зæронд галуæрдонау иу курсæй иннæмæ, хъыррыстытæгæнгæ, фæцыди æмæ йæ тыхамæлттæй каст фæци. Газеты дæр мемæ куыста, æмæ йæ редактор тæрынмæ хъавыди, кæй ницæмæ арæхсти, уый тыххæй, фæлæ йæ мадыфсымæр схицау и, æмæ дзы фæтарсти. Къæдзæхы йас лæгæн йæ зыр-зыр афтæ тынг ссыди, æмæ ма, æппындæр кæуыл не ‘рвæссыди, уыцы æдзæлгъæд уацхæссæггонды æвæстиатæй йæхицæн хæдивæгæй дæр авæрдта.

– Бынтондæр æй хæрхæраг куы фестын кодтай.

– Æппындæр ыл ницы æрымысыдтæн. Цы у, уый дзы зæгъын æрмæст.

– Мæ кайыс у, æмæ йæ цæдисы уæвын фæнды…

– Мæн та нæ бæстæйы Президент уæвын фæнды… Æз æй нæ цæстфæлдахджыты хуызæн бынсæфт уæддæр нæ фæкæнин…

– Мæ хатырæй йын рекомендаци ратт…

Бирæ мидхъуырдухæнты фæстæ мæхицæн батых кодтон. Мæнæй уæлдай ма йын рекомендацитæ радтой Аслæнбег æмæ Дзæрæх. Аслæнбег фæрынчын æмæ ‘мбырдмæ нæ бацыди. Мах Дзæрæхимæ цы дзырдтаиккам, уый дæр нæ зыдтам. Цæмæй дзы раппæлыдаиккам, ахæмæй йæм ницы уыди, æмæ кæрæдзи фæзмыдтам:

– Израил у фæлмæн, коммæгæс, уæздан, хиуылхæст лæг. Фысджыты цæдисмæ йæ куы райсæм, уæд никæй бахъыгдардзæн, никæй хъыджы бацæудзæн. Ахæм сабыр у, æмæ фысы комæй хал нæ раласдзæн…

– Кæд нæ фысджыты цæдисы сабыр фыстæ хъæуы, уæд Ирыстоны уыдонæй фылдæр ницы ис, æмæ сæ иууылдæр уырдæм бакæнут, – былысчъилæй бафиппайдта Фидар, фæлæ йын йæ ныхæстæ ничи ницæмæ ‘рдардта. Раст зæгъгæйæ, мæнæн мæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыди, райсдзысты йæ, уый. Цæмæй мыл Аслæнбеджы зæрдæ ма фæхуда, æрмæстдæр ын уый тыххæй сразы дæн. Æнхъæл уыдтæн, уæхст дæр басудздзæн, физонæг дæр не сфыцдзæн, фæлæ хъуыддаг иннæрдæм рауади. Схъæлæс ыл кодтой. Хамби мæскуыйæгты зæрдæ цæмæй балхæдта, Хуыцау – йæ зонæг, фæлæ йæ уым дæр райстой, æмæ фыр дисæй мæ дзыхы ныхас нал бадти.

* * *

Зубæир поэт дæр у, прозаик дæр у, тæлмацгæнæг дæр у, критик дæр у, публицист дæр у, журналист дæр у. Алы ран дæр йæхи равдисыныл архайы, фæлæ иу жанры дæр æппæты бинаг къæпхæнæй уæлдæр схизын нæ фæразы, æмæ, курдиатджынтæм хæлæг кæнгæйæ, йæ зæрдæ фыдæх æмæ æнæуынондзинадæй дзаг кæны. Исты амалæй йæ фысджытæ сæ цæдисмæ куы райсиккой æмæ йæ се ‘мсæр лæгыл куы банымаиккой, уымæ бæллы æмæ сæм йæ гæххæттытæ бадæтты. Уыдон дзы æмбырды былалгъæй раппæлынц æмæ йæ зæрдиагæй ныххах кæнынц. Уый цæваг галау, йе ‘рфгуыты бынæй знæт дзагъултæгæнгæйæ, сæхимæ сæргуыбыр, уæнтæхъилæй ацæуы æмæ та йæ зæрдæйы фыдæх æмæ æнæуынондзинад æмбырд кæнын райдайы. Хицæуттæн сæ койæ дæр кæй тæрсы, уымæ гæсгæ йæ Хуыцауы ‘лгъыст Æмзор «Тæрхъус» рахуыдта. Уыцы ном ыл диссаджы хорз сфидыдта, æмæ йæ иууылдæр йæ фæсаууон афтæ хонын райдыдтой. Тæппуды

æдде ма фыдзонд æмæ суцца дæр у. Йæ уацмысы тыххæй йын исчи исты фиппаинаг куы фæзæгъы, уæд сæрра вæййы, æмæ йæ уромæг уромын нал фæфæразы. Йæхи хуызæн тæппуд редактортæ дзы сæхи хъахъхъæнынц. Æз æй æрдумæ дæр нæ дарын. Рауагъдады кусгæйæ йын йæ ницытæ æмæ мацытыл фыст æртæ фæлвых уацауы фæстæмæ аздæхтон. Уый мæм кардæлвæстæй æрбалæбурдта æмæ мæ ‘лгъитын райдыдта. Йæ дзыхæй цынæхуызон чъизи ныхас схаудта, ахæм нал баззади, фæлæ мæм дзы иу дæр нæ бахъардта. Уыйхыгъд Дударæн йæ хуыз фæлыгъди. Йæ уацаутæ йын афойнадыл куынæ рауадза, æмæ та йæ бынатæй куы фæхауа, уымæй фæтарсти æмæ йын сæ æвæстиатæй пъланмæ бахаста. Куырыхон редакторы хуызæн ма йын «зонд» дæр бацамыдта:

– Дæ уацаутæ баиу кæн æмæ дзы роман сараз.

– Куынæ бæззынц, уæд ын сæ пъланмæ куыд хæссыс? – бафарстон æй, мæхи тыххæй уромгæйæ. Æфсæрмы дæр мæ нæ фæци, афтæмæй мын дзуапп радта уырыссагау:

– Поговаривают, что его родственник Дзастемыр будет руководить нашей республикой. Ну, зачем мне с ними связываться?

Йæ тæппуддзинадæй фæкуыддæр дæн æмæ дзурын ницыуал сфæрæзтон. Йæ хæстæг нæ хицау уыдзæн æви нæ, уый зонгæ дæр нæ кæны, койæ йæ æрыхъуыста ‘рмæст, афтæмæй дзы рагацау тæрсы. Гъеуый дын ирон лæг, гъе! Фыр дисæй мæ цæстытæ атартæ сты, æмæ мæ разы бæзæрхыг нæлгоймаджы нал уыдтон, фæлæ тæригъæддаг æвæрæз уаллоны. Дæ къахæй йыл ныллæуу æмæ йæ сæрты ахиз. Ахæм директор уыцы иу рæстæг уæвæн ис фæндзай рауагъдадæн. Цы æдзæллаг хицауы дæлбар кусын, ууыл хъуыдыгæнгæйæ, мæхицæн капеччы аргъ дæр нал кодтон. Мæ зæрдæ йæм схæццæ и, æмæ йæ кабинетæй, æлгъгæнгæйæ, рацыдтæн.

Зубæирæй лæмæгъдæр поэт, прозаик æмæ журналист та Айтег у. Проспекты дыууæйæ арæх фæтезгъо кæнынц. Фысджытæй сæ исчи иумæ куы фены, уæд сыл бахуды æмæ былысчъилæй фæзæгъы:

– Гæбæр гæбæры ныхы…

Уыцы æнæрвæссон ныхæстæ кæцыдæр фысджытæй иу æмæ дыууæ хатты нæ фехъуыстон. Хъотырджынау дзы дæрдты лыгъдысты æмæ йæ фыдгæйттæй рæзыдысты. Йæ хæстæг Президенты къæлæтджыны куы ‘рбадти, уæд сæ тæппуд тæрхъус ныфсджын домбай фестади,

æвиппайды йыл аныхæстысты æмæ дзы сæхи атонын нал фæрæзтой. Домбай сырдты паддзах у, æмæ йын паддзахы кад кæнын хъæуы. Уайтагъд æй сæ цæдисмæ райстой æмæ ма дзы адæмон фыссæг дæр ацарæзтой. Уый сæм фаг нæ фæкаст, æмæ ма йын æппæты кадджындæр премийы лауреаты ном дæр сæ активон архайды руаджы лæвæрд æрцыди. Дзастемыр рауагъдад дзæвгар рæстæг æнæ директорæй фæдардта, цыма дзы кæй сæвæра, уый нæ зыдта æмæ йæ 'хсæвæй-бонæй агуырдта, уыйау. Бирæ «фыдæхсæвты» æмæ «мидхъуырдухæнты» фæстæ йæ коммерсант хæстæг Разетæйы «ссардта» æмæ йæ директоры къæлæтджыны сбадын кодта…

* * *

Не сфæлдисæг æрдз кæмæн ныййарæг мад у æмæ йыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцы, кæмæн та фыдыус у æмæ йæ тъæпп-рæхуыстæй дары. Иуæйиутæ куыд хистæр кæнынц, афтæ тæрсгæ-ризгæйæ æвзæрæй-æвзæрдæр фыссынц æмæ кадджынæй-кадджындæр кæнынц, Аслæнбег та йæ Хуыцауыхайæ дæр нæ тæрсы, йе 'мдзæвгæты царды рæстдзинад æвдисы æмæ æппындæр никæй хъæуы. Йæ райгуырæн бон сбæрæг кæныны тыххæй йыл радиобакаст фыстон æмæ Самырмæ телефонæй бадзырдтон:

– Рацу-ма, дæ хорзæхæй, æмæ Аслæнбеджы сфæлдыстады тыххæй иу-дыууæ ныхасы зæгъ.

– Бæгуыдæр зæгъдзынæн! – цыма мæ сидтмæ 'нхъæлмæ касти, уыйау бацин кодта æмæ уадидæгæн мæ кабинеты 'рбалæууыди, микрофоны цур ын йæ уацмыстæй феппæлыди, стæй йæм азылди æмæ йын уайдзæфтæ кæныныл схæцыди:

– Аслæнбег, дзыхъхъæй хæрдмæ цæуылнæ зыныс, уый зоныс?

– Цæуылнæ?

– Ӕгæр хæдæфсарм дæ. Нæ рæстæджы хæдæфсармдзинад хъыгдарыны хос йеддæмæ ницы у. Дæ риу тымбыл къухæй куынæ хойай, æз уе 'ппæтæй курдиатджындæр дæн, зæгъгæ, иннæты дæ рæмбыныкъæдзтæй фæйнæрдæм куынæ схойай, сымах ницы стут, зæгъгæ, уæд дæ хъуыды дæр ничи 'ркæндзæн…

Ме 'рдхорды мын Самыры ныхæстæ самидин кодтой æви йæхи 'гъдауæй стырындз и, уый нæ зонын, фæлæ йæ гæххæттытæ 'мбырд кæнын райдыдта йæ ног чиныг премимæ бадæттыны тыххæй.

– Дзæгъæлы сæ ма ‘мбырд кæн: нæ дын æй ратдзысты, æмæ премийы бæсты зæрдæниз райсдзынæ, – æрхатыдтон æм æнæ дызæрдыгæй.

– Цæуылнæ мын æй ратдзысты? Кæмæн æй радтой, уыдонæй æвзæрдæр фыссын? – йæ фындзы бын бахъуыр-хъуыр кодта тæргайхуызæй.

– Уыдонæй бирæ хуыздæр фыссыс, фæлæ ды Дзастемырæн йæ цыфыддæр знаг дæ, уымæн æмæ йæ де ‘мдзæвгæты залиаг калм хоныс, йе сæфт нæ кæй уыны æмæ нæ заууаты бынатмæ кæй тæры, уый йын комкоммæ дзурыс æмæ йыл адæмы ардауыс. Куыд дын хъуамæ ратта Ирыстоны æппæты кадджындæр преми?

Нæ мæм байхъуыста æмæ масты хай баци. Æнæуи дæр хицæуттæм мæсты кодта, уæд та бынтон смæсты и, æмæ йæ инсульт ныццавта. Цалдæр хатты рынчындонмæ бахаудта. Йæ удисæн сагъæстæ ма йæ иуцасдæр фехсыдтой, стæй йæ зæрдæ йæ кусынæй банцади, æмæ, пиллон арты кæм сыгъди, уыцы зындонæй дзæнæтмæ ацыди…

Пехуымпар нæ уыди, фæлæ йæ фидæны тыххæй нæ фæрæдыди. Зæрингуырдау, хал халыл æвæргæйæ, йæ сыгъдæг удæй цы бирæ хъæздыг бынтæ сфæлдыста, уыдон ын йæ цот бырæттæм акалдтой, йæ сабæттæгтыл ын фæхыл сты, хъаугъагæнгæйæ сæ куыддæртæй адих кодтой æмæ кæрæдзийæ фæйнæрдæм фæлыгъдысты. Адæймагæн йæ мардыл дæр фæхæцæг куынæ уа, уæд никæй хъæуы. Йæ уацмыстæ йын ничиуал уадзы, æмæ сыл рæстæджы рыг сбадти. Йæ цард фæстаг улæфты онг кæмæн снывонд кодта, уыцы адæмæй йæ ном дæр ферох и…

Ахæм уавæры ‘рмæст уый нæй. Хистæр фæлтæры фысджытæй цалдæр бирæ азты дæргъы сæ удæй арт фæцагътой, цæмæй сæ уарзон адæмы фарныл бафтауой, ууыл, сæ бон куыд уыди, афтæ фæцархайдтой. Се сфæлдыстадæй ирон литературæ бæлвырд фæхъæздыгдæр кодтой, фæлæ цард æнусон нæу. Кæрæдзи фæдыл се ‘цæг дунемæ ацыдысты, æмæ сæ иу хъуыдыгæнæг дæр нал и. Сæ уацмыстæ дæс æмæ ссæдзгай æвзæгтæм кæмæн ратæлмац кодтой æмæ сæ удæгасæй сæ нæмттæ æрвнæрæгау кæмæн нæрыдысты, сæ кад фæсарæйнаг бæстæтæм кæмæн ахызти, суанг ма уыдоны хъæлæстæ дæр бамынæг сты. Сæ чингуытæ сын ничиуал кæсы. Мæнмæ дæр ахæм кæуинаг хъысмæт кæй æнхъæлмæ кæсы, уый зонын, фæлæ иу мæнгæфсон хал мæ зæрдæйы къуымы арф кæмдæр дзир-дзур кæны, мæ ныфс мын сæттын нæ уадзы, æмæ, мæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, фыссын, фыссын, фыссын...

Ныртæккæ уæлдай разæнгарддæрæй кусын, уымæн æмæ, мæ размæ цы стыр хæс сæвæрдтон, уый мæ æнæмæнг сæххæст кæнын хъæуы. Мæ сабибонтæй фæстæмæ цы хъизæмæрттæ бавзæрстон, уыдон хъуамæ мæ чиныгкæсджытæ сæ зæрдæйы уидæгтæй банкъарой æмæ сæ сæхи хъизæмæрттау райсой, уымæн æмæ æмхуызон зын уавæрты хъомыл кодтам, хæсты фæстæ азты иу уæззау æфсондз хастам. Ног цардаразджытæ нæ цы зындонмæ батардтой, уым дæр иу уавæрты удхар кæнæм. Сæ зæрдæты рæбинаг æвæрæнтæм сын куынæ бавналон æмæ сæ арф хъуыдытыл куынæ бафтауон, уæд мæ фыдæбæттæ фæдзæгъæл уыдзысты. Ахæм æбуалгъ хъуыддагæн та ‘руадзæн нæй…

* * *

Рагæй æрæгмæ дæр нæ фыдæлтæ ахуыр кæнынмæ тырныдтой. Кæд сæхицæн сæ къухы ницы бафтыд, уæддæр сæ цоты ахуыры фæндагыл арæзтой, уымæн æмæ хорз зыдтой: ахуыры бон бирæ у, æнæ ахуыры цæст та куырм у. Æнахуыргондæн йæ бон йæ фындзы бынæй дарддæр акæсын нæу, ахуыргонд та дардмæ уыны. Дунейы мидæг адæймаджы удæнцойæн цыдæриддæр арæзт æрцыдис, уыдон иууылдæр ахуыргонд адæм æрхъуыды кодтой, пайда та сæ ‘ппæт дзыллæтæ кæнынц.

Ахуыр кæнын æнцон нæу. Цæмæй уæлдæр ахуырад райсай, уый тыххæй дæ бирæ азты дæргъы, дæ сур хид калгæйæ, фæфыдæбон кæнын хъæуы. Æз цалынмæ дæс къласы каст фæдæн, уæдмæ ме ‘мбæлттæй сæ ахуыр бирæтæ ныууагътой. Мæнæн, мæ дыууæ фыдыусимæ цæргæйæ, стæй уый фæстæ дæр ахуыры фадæттæ нæ уыд, уæддæр скъола нæ ныууагътон. Университет каст фæуын дæр алкæй бон нæ баци. Мæнæн дзы фондз азы æххормагæй мæ сæр зылди, уæддæр æй нæ ныууагътон. Мæ къуымых зонд куыд ахсы, уымæ гæсгæ, адæймаг сахуыр кæны, дунейы сусæгдзинæдтæ бамбарыны æмæ, уыдоныл æнцайгæйæ, йæ царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны тыххæй. Чи сахуыр кæна, уый хъуамæ, чи нæ сахуыр кæна, уымæй хуыздæр цæра. Æвзæрдæр куы цæра, уæд æй æхсæрдæс азы йæхи удхарæй марын цæмæн хъæуы? Ацы хъуыдытæ ног не сты. Дуне йæхæдæг куыд рагон у, уыдон дæр афтæ рагон сты. Уæдæ сæ цæмæн фæлхат кæнын? Мæ райгуырæн бæстæйы хицæуттæ ахуыры ныхмæ кæй сты (уæлдайдæр, фæстаг рæстæджы)

æмæ мæ æрвылбон дæр сæ къуымых зондæй кæнæ сæ мæнгарддзинадæй дисы кæй æфтауынц, уый тыххæй.

Хистæр кълæсты куы ахуыр кодтон, уæд мæ фыдыхо Меретмæ цардтæн. Йæ фырт Хæстыбег пединститут каст фæци, æмæ йæ нæхи хъæуы скъоламæ физикæйы ахуыргæнæгæй æрæрвыстой. Директор физикæйы сахæттæ радта, физикæ цы у æмæ царды цæмæн хъæуы, уый зонгæ дæр чи нæ кодта, ахæм дыууæ зæронд ахуыргæнæгæн. Хæстыбег сæ, æлгъгæнгæйæ, хуыдта «æдзæллаг къупри Адзæдзе æмæ æдылы хæлиудзых Айсæду». Æрыгон курдиатджын ахуыргæнæгæн та йæ бар бакодта фæллойы æхсæз сахаты. Физикæйы ахуыргæнджытæй-иу исчи куы фæрынчын и, уæд-иу æй Хæстыбег баивта, æмæ-иу ахуырдзаутæ сулæфыдысты, физикæ-иу æмбарын райдыдтой, уарзгæ дæр ма-иу æй бакодтой æмæ-иу йæ уроктæм, цингæнгæйæ, цыдысты. Мæхæдæг дæр уыцы ахуырдзаутæй уыдтæн æмæ йæ хорз хъуыды кæнын. Уымæй хуыздæр та хъуыды кæнын, Хæстыбег нæ бæстæйы æнæсæр хицæуттæм мæстæй куыд марди æмæ сæ цыфыддæр ныхæстæй куыд æлгъыста, уый:

– Дæлдзæх фæуæнт, зонд æмæ ахуырæн аргъ чи нæ кæны, уыдон! Кæм цы цъаммар æнахуыргонд и, уыдон хæрдмæ схызтысты æмæ ныл уæле дæлæмæ сæ сæт калынц! Скъолайы сызгъæрин майдан райстон, институты та – сырх диплом æмæ цы уынын цардæй?! Иу чиныг дæр чи нæ бакаст, уыцы шофыртæ мæнæй хуыздæр цæрынц! Демæ цæуыл дзура, уый дæр чи нæ зоны, йæ зонд смаггæнаг арахъхъ нуазынæй уæлдæр кæмæн нæ хæццæ кæны, уыдонмæ хæлæг кæн, уымæй ма æбуалгъдæр хъуыддаг цы уа?! Диплом мæ цæмæн хъуыди, цымæ, æхсæрдæс азы йыл мæ уд цæмæн фæхордтон?!

Уыдон уыдысты йæ фæлмæндæр ныхæстæ. Йе 'вастхъæртæн дзурæн нæй, мадæлты карз æлгъыстытимæ хæрз ныллæг эстетикон æмвæзадыл загъд кæй цыдысты, уымæ гæсгæ. Фыр мæстæй-иу Меретæй дæр нал æфсæрмы кодта. Уæд дæр æй æмбæрстон, æмбарын æй ныр дæр. Мæскуыйы диссертаци бахъахъхъæдта, хъæууонхæдзарадон институты доцент у, студенттæн йæ зонындзинæдтæ æнæвгъауæй дæтты, йæ цард та мисхалы бæрц дæр нæ хуыздæр кæны. Капеччытæ исы, йæ бинонты цæмæй дара, уый нæ зоны æмæ раздæрау йе 'нæсæрфат бæстæйы къуымых хицæуттæм мæстæй мæлы. Йе стыр амонд уыди, æмæ йæ фыдыхо Налцыччы, зетигæнæн заводы кусгæйæ æмæ йæ хицаумæ фæрæтимæ лæбургæйæ, иу уат куыдзы дзыхæй стæг тонæ-

гау тыхамæлттæй ратыдта æмæ йæ Дзæуджыхъæумæ баивта, æндæр адæмы къуымты рахау-бахау кæнид.

Ууыл рацыди æртын азæй фылдæр, æмæ хорзырдæм цы аивта нæ царды? Мур дæр ницы. Ноджы фыддæр фæци, мæгуыр лæг ноджы фæмæгуырдæр и æмæ йæ хъиутæ хæры. Мæ ног хæстæджыты зæрдæхудты бацæуын мæ нæ фæнды. Стыр аргъ сын кæнын, æмæ мæм куы фæхæрам уой, уымæй тæрсын, фæлæ мын сæ кой æнæ ракæнгæ нæй, уымæн æмæ мæм хæлардзинадæй рæстдзинад бæрзонддæр æвæрд у. Светæ мын йе 'фсымæры тыххæй цы радзырдта, уый мæ дисы нæ бафтыдта. Мæ хъæуы дæр ахæм лæппутæ бирæ уыди…

– Доттаны æппындæр ахуыр кæнын нæ фæндыди. Скъоламæ йын цыдæриддæр хъуыди, уыдон ын мами 'лхæдта. Иннæтæй дæлдæр ма уа, зæгъгæ йæ аив дардта. Райсомæй-иу æй хæрзарæзтæй скъоламæ арвыста, фæлæ-иу уый йæ рæстæг, йе 'мбæлттимæ хъазгæйæ æмæ йæхи алы рæтты 'мбæхсгæйæ, арвыста æмæ-иу фæссихор скъуыдтæ æмæ чъизитæй æрбацыди. Папæ кæд арахъхъ нуазын уарзта, уæддæр колхозы сæйраг бухгалтерæй куыста, мæгуыр адæмæн тынг æххуыс кодта æмæ кадджын лæг уыди. Доттанæн ахуыргæнджытæ, йæ фыдæй æфсæрмыгæнгæйæ, лæмæгъ «æртæтæ» æвæрдтой, æмæ скъола куыддæртæй каст фæци. Мамæимæ йæ горæтмæ акодтам æмæ йын йæ гæххæттытæ хъæууонхæдзарадон институтмæ балæвæрдтам. Фыццаг фæлварæн дæттынмæ куы бацыди, уæд ныл катай бахæцыди, æмæ уынджы дыууæрдæм силлæг стæм. Хорз хабар фехъусынмæ æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кастыстæм, фæлæ – кæм. Доттан цыма бирæ хъуырдухæнты фæстæ æгъатыр æлхъивæнтæй феуæгъд и æмæ йæ хъизæмарæй марджытæм йæ маст кæронмæ нæма ссыди, уыйау нæм тыхстхуызæй рацыди æмæ нын бауайдзæф кодта:

– Ардæм мæ дзæгъæлы 'рбакодтат. Мæн, партæйыл бадгæйæ, хуыссæг ахсы.

Мамæ бирæ фæсагъæс кодта, фæлæ æппынфæстаг, йæ лæппу ахуыры 'рдæм здæхт кæй нæу, уый бамбæрста æмæ йæ ныууагъта. Доттан шофыры курсытæ каст фæци æмæ æфсады баслужбæ кодта, стæй колхозмæ шофырæй бацыди. Уæдмæ йæ уарзон – Ладимæ – бахъомыл и, æмæ йын æй нæ мадыфсымæр йе 'мбæлттимæ аскъæфта. Иннæ хабæрттæ дæхæдæг зоныс, – йæ ныхасы кæрон ма загъта Светæ, æмæ мæ сæр разыйы тылд бакодтон, зонын сæ, зæгъгæ, стæй йæ бафарстон:

– Ме ‘мсиахс та цы фæци каст?

– Уый дæр – ницы. Скъолайы фæстæ æфсады баслужбæ кодта æмæ нæхимæ милиционерæй куыста, мæ хо йæ зæрдæмæ фæцыди, æмæ йæ ракуырдта. Дыууæ чызджы сын куы райгуырди, уæд совхозы шофырæй кусын райдыдта. Иу чысыл агъуысты дзæвгар рæстæг удхарæй фæмардысты. Горæты кæрон сын стыр дыууæуæладзыгон хæдзары цы цыппар уаты ис, уыдон сын мамийы фæрцы радтой.

– Ома куыд мамийы фæрцы?

– Йе ‘мхæрæфырт совхозы директор сси æмæ Куыдзæджы скълады хицауæй сæвæрдта, стæй йын хæдзар радта. Доттанæн дæр дыууæ бензинуæйгæнæны йæ бар уый руаджы бакодтой, æндæр ахæм куыст йæ цæсты кæронæй дæр нæ федтаид.

Раст у Светæ. Ахæм æфтиагджын бынæттæ æрмæстдæр хионтæн дæттынц. Æз мæ кайысæн дæр æмæ ме ‘мсиахсæн дæр стыр аргъ кæнын. Сæ дыууæ дæр хæдæфсарм, уæздан æмæ хиуылхæст сты. Кæд сæм æхцатæ æфтын райдыдта, уæддæр сæхиуыл нæ фервæссыдысты. Сæ зæрдæйы уаг мæм нæ аивтой, æмæ сæ бузныг дæн. Иу иннæйы дарæг нæу, фæлæ нын куы картæфтæ ‘рбаласынц, куы пъамидортæ. Доттан ма искуы-иу хатт йæ хойæн цыдæр капеччытæ дæр авæры. Светæ сæ нæ фæкомы, фæлæ йын сæ йæ къухы тыххæй нытътъыссы. Доттан йæ фыды хæдзар диссаджы хорз сцалцæг кодта, кæртæй, сарайæ, цæхæрадонæй – се ‘ппæтмæ дæр базылд, æмæ цæхæр калынц. Йæ цот куы схъомыл уой, уæд йæ фарсмæ цæргæйæ кæй нæ баззайдзысты, уый зоны æмæ сын Дзæуджыхъæуы æртæуатон фатер балхæдта. Ис æм дзыхъхъынног «Жигули» æмæ цæхæркалгæ урс-урсид джип.

Куыдзæг дæр йæ зæронд «Жигули» ног «Волгæ»-йæ баивта. Хæдзарæй, сенæйæ, сарайæ, кæртæй, хъомдонæй сæ сцалцæг кодта, æмæ сæ уындæй зæрдæ райы. Кæй сæм ис, уый мын æхсызгон у, мæ цæст сын бирæ фылдæр уарзы, фæлæ мын исты куы ‘рбаласынц, уæд мæм хардзау æркæсы. Æз скъолайы дæр хорз ахуыр кодтон, университеты дæр раззаг студенттимæ уыдтæн, радиойы дæр сæйраг редакторæй кусын, æппынфæстаг, чингуытæ дæр уадзын, афтæмæй мæ шофыр-хæстæджытæй æгуыдзæгдæр бынаты дæн. Мæ бæстæйы логикæ куы уаид, уæд æз хъуамæ уыдонæн æххуыс кæнин, уыдон мæнæн нæ, фæлæ. Æмæ ма æрмæст æз куы уаин ахæм ницæйаг уавæры. Æфтиагджын бынæтты чи нæ кусы, уыдон иууылдæр хъæрзынц мæгуырдзинады низæй.

Дæнцæгтæ хæссынмæ мæ дард цæуын нæ хъæуы. Нæ бакомкоммæ цæрынц лæг æмæ ус. Сæ дыууæ дæр сæ хъарутæ радтой сæ уарзон райгуырæн бæстæйæн. Ныр сæ бон кусын нал у æмæ исынц хæрз чысыл пенситæ. Ис сын дыууæ лæппуйы æмæ иу чызг. Лæппутæ æфсады баслужбæ кодтой, сæ хæдзармæ ссыдысты æмæ куыстытæ агурынц, фæлæ ницы арынц æмæ сæ зæронд ныййарджыты ‘ккойы бадынц. Чызг рынчындоны медицинон хойæ куыста, фæлæ ницы иста æмæ хуыздæр цардагурæг Испанимæ ацыди, зæронд рынчын усмæ зилы, йæ пенсийæ йын мызд исы æмæ йын йе ‘рдæг йæ бинонтæн æрвиты.

Нæ сæрмæ цæрынц æрыгон лæг æмæ ус. Лæг инженер у, ус та – библиотекæйы кусæг. Ис сын дыууæ чызджы æмæ иу лæппу. Сывæллæттæ студенттæ сты, лæгæн та куыст ссарын йæ бон нæу. Ус цы гыццыл мызд исы, уый сын дзул æмæ цайы фаг дæр нæ кæны, æмæ курæггаг капеччытæй ирвæзынц. Исты курынмæ нæм куы ‘рцæуы (уый та арæх вæййы), уæд хæкъуырццæй фæкæуы æмæ мæстыйæ фæзæгъы:

– Нæ замманай цард нын чи фехæлдта, уыдоны бæлæстыл æрцауындзин, æгъатыр диктатор кæй хонынц æмæ иудадзыг кæй фыдгæйттæ кæнынц, уый сæм, сæ уд исгæйæ, зæды къалиуæй куыд разына, афтæ! Хуыцау кæм и?! Йæ бæллæх ныл афтæ карзæй цæмæн æвæры?!

Базар мæм дард нæу. Кæд дзы асламдæрæй исты балхæнин, зæгъгæ йæм арæх ныууайын. Куыддæр йæ къæсæрæй бахизын, афтæ мæ хъустыл ауайы сылгоймаджы цъæхснаг хъæлæс:

– Хорз адæм, балхæнут ногæфтыд æйчытæ! Тынг адджын сты!

Йæ фарсмæ цы сылгоймаг фæлæууы, уый йæ цыма фæзмгæ фæкæны, уыйау уый дæр ныййæлæлæй кæны:

– Хорз адæм, балхæнут ногæфтыд æйчытæ! Тынг адджын сты!

Сылгоймæгтæ зымæджы тъæппытæ хаугæ хъызты æмæ сæрды судзгæ хуры къæймæ æйчытæ кæй фæуæй кæнынц, ууыл сахуыр дæн, фæлæ иу хъуыддагыл мæ бон сахуыр уæвын нæу… Сæ дыууæ дæр Хуссар Ирыстонæй сты. Сæ ныхæстæм гæсгæ, бæрæг у, ардæм æрæджы кæй æрбалыгъдысты, уый. Хæстæгдæр сæм бацыдтæн æмæ сæм лæмбынæг æрыхъуыстон.

– Ам мæ æйчытæ уæйгæнгæ чи фены, уый хæрзаг фæзæгъы: ацы сылгоймаг æндæр куысты аккаг нæу. Æз Тбилисы хуыздæр рынчындоны дохтырæй куыстон, æмæ мын стыр аргъ кодтой. Нæ

цард куы ныддагъытъайлаг и, уæд нæ гуырдзиæгтæ сæ цыфыддæр знæгтау сæ разæй скодтой, æмæ нæ сæр нæ кой сси. Мæ фыдгул йæ мыды къусчы хуызæн хæдзарæй фæхауæд æмæ искæй къæсæрыл удхар кæнæд.

– Дæуæй афтæ, æз Цхинвалы дæр æйчытæ уæй кодтон? Мæ сæрмæ дын ахæм куыстытæ хастон? Куыннæ стæй. Ӕдзухдæр хуыздæр ахуыргæнæгыл нымад уыдтæн, æмæ мæ ном æнæхъæн республикæйы нæрыди. Хæстæндзарджытæн æй Хуыцау ма ныббарæд! Нæ хæдзæрттæ ныппырхгæнджытæ зындоны арты фæсудзæнт! Адæймагыл уынгæджы бон куы акæны, уæд кæдæм æрхауы...

– Мах ахæм бынаты чи сæвæрдта, уыдоныл акæнæд уынгæджы бон!

– Хуыцауæн зынгæнæн ницы ис… Нæ тæригъæдтæ нын уæлæуыл дæр æмæ мæрдты дæр фæхæсдзысты…

Сылгоймæгтæ кæрæдзийæн сæ зæрдæты тыппыртæ суагътой æмæ фæхъус сты, стæй та сæ цъæхснаг хъæлæстæ базары азæлыдысты:

– Хорз адæм, балхæнут ногæфтыд æйчытæ! Тынг адджын сты!

– Хорз адæм, балхæнут ногæфтыд æйчытæ! Тынг адджын сты!

Сылгоймæгтæ æйчытæ кæй уæй кæнынц, уым диссагæй ницы ис. Диссаг у, æнахуыргонд хицæутты ахуыргонд адæм æппындæр кæй нæ хъæуынц æмæ сыл сæ къæхтæ кæй сæрфынц, уый.

* * *

Нæ фаззæттыл æвдгай азтæ сæххæст и, фæлæ сæ нæ зæрды скъоламæ раттын нæма ис. Афтæ нæм кæсы, цыма ахуыр кæныны фаг нæма сфидар сты, æмæ тæрсæм, се ‘мбæлттимæ æмдзу кæнын куынæ бафæразой æмæ скъолайæ се сæфт куы феной, уымæй. Ныййарæг тæригъæдгæнаг у, æндæр цæй лæмæгъ сты. Гыццыл хъуыддаджы тыххæй дæр кæрæдзимæ куы фæлæбурынц, уæд тыхджын вæййынц. Кæй бафхæрынмæ фæхъавынц, уый хуыссæнмæ базгъоры, йæхи дзы уæлгоммæ баппары æмæ йæ къæхтæ ныррæхойынæввонгæй хæрдмæ фелвасы. Иннæтæ сæхицæн фыдцæфтæ никкæнынæй стæрсынц æмæ иуварс ацæуынц. Фыр мæстæй куы ‘рбафыцынц æмæ кæрæдзимæ армаццагæй куы бавналынц, уæд мæхицæн фæзæгъын, дзæвгар рæстæг нал бафидаудзысты, зæгъгæ, фæлæ та уайтагъд сæ маст ссæуы, æмæ афтæ зæрдиагæй худын райдайынц, цыма чысыл раздæр кæрæдзи

зул дзыхыныхасæй дæр нæ бафхæрдтой. Хатгай сæ хъаугъа хылмæ дæр рахизы, хыл та тынгдæр дзаумæттыл фæкæнынц. Сæ фидардæр ныхас вæййы:

– Ацы дзаума мæн у, æмæ йæм ма ‘внал!

Хуымæтæджы аслам колготкæйыл кæрæдзи æнауæрдонæй куы фæратон-батон кæнынц, æмæ йæ иу дæр иннæмæн куынæ фæдæтты, уæд мæхицæн хъазгæйæ фæзæгъын: «Ацы æртæ фаззоны æппæт бæстæты пролетарты фæтæджы хæдзары куы райгуырдаиккой, æмæ сæ иу ницæйаг колготкæйыл хылгæнгæйæ куы федтаид, уæд адæймаджы æрдзысконд хуыздæр базыдтаид æмæ социализм аразын йæ фæсонæрхæджы дæр не ‘рцыдаид».

– Алкæмæн дæр дзаумæттæ сæрмагондæй йæхицæн æлхæн. Алчидæр дзы йæ дзаумæттæ зондзæн, иннæты дзаумæттæм не ‘вналдзæн æмæ хыл нæ къахдзæн, – иу хаттæй иннæ хатмæ дзурын Светæйæн, ме ‘взаг дæр ма лæгъстæ кæнынæй слыстæг и, фæлæ къæрттæй цъула не ‘ппары.

– Иумæйаг дзаумæттæ куы дарой, уæд, хæрз хотæ кæй сты, уый хуыздæр зондзысты æмæ кæрæдзиуыл æнувыддæр уыдзысты.

Алчидæр нæ йæхимæ растдæр кæсы. Чи нæ рæдийы, уый нæ зонын, фæлæ сывæллæтты хъаугъатæ нæ къаддæр кæнынц. Иу хъуыддаджы ма йемæ разы нæ дæн. Фаризæйæн хуыздæр дзаумæттæ æлхæны, æмæ йын уый æдзухдæр йæ цæстмæ дарын:

– Ма йæ хъулон кæн. Уый уыдонæй рæсугъддæр, æнæниздæр, хъæддыхдæр æмæ цардхъомдæр у. Адæм дæр æй уыдонæй фылдæр уарзынц. Сывæллæттæн мах куыд æнхъæл стæм, ахæм æдылы не сты, сæхирдæм алцыдæр хорз æмбарынц, æмæ йæм ма хæлæг кæной, уымæн уæвæн нæй. Ноджы ма йæ сæхицæй арæзтдæрæй æмæ хæрзконддæрæй куы уыной, уæд сæ уарзондзинад фыдæхмæ рахиздзæн, сæ хæлæг та – æнæуынондзинадмæ.

– Уый хистæр у, æмæ афтæ æмбæлы. Ды нæлгоймаг дæ æмæ сылгоймæгты хабæрттæн ницы æмбарыс, – дæрзæг хъæлæсæй мын мæ ных бакъуыры Светæ, æмæ ныхъхъус вæййын. Мæнмæ гæсгæ, æз растдæр дæн, фæлæ мын сæттын нæ комы. Иубон та нæм Агуындæ фæзынди æмæ Светæйæн афтæ зæгъы:

– Цæмæн, уый нæ зонын, фæлæ мæ тугхæстæджытæй Ирбегæй фылдæр никæй уарзын. Йæхæдæг мын куыд адджын у, йæ сывæл-

лæттæ дæр мын афтæ адджын сты, æмæ сæм æрæгмæ куы фæцæуын, уæд сыл сæнкъард вæййын.

– Зæрдæ зæрдæ зоны. Сæхæдæг дæр дæ бирæ уарзынц.

Иуцасдæр сыл фæцинтæ кодта, стæй нæ бафарста:

– Сентябры сыл цас цæудзæн?

– Фæйнæ авд азы æмæ ‘хсæз мæйы, – дзуапп ын радта Светæ.

– Скъоламæ сæ бацæттæ кодтат?

– Нырма лæмæгъ сты… Нæ зæрды сæ иннæ аз раттын и…

– Уæд сыл цæудзæн фæйнæ аст азы æмæ ‘хсæз мæйы, се ‘мкълассонтыл та – æвдгай азтæ. Се ‘хсæн æгæр бирæ рæстæг уыдзæн, æмæ сæ мæстæй мардзысты.

– Раст зæгъыс, фæлæ… нæ ныфс нæ хæссæм…

– Дзæгъæлы. Адон цæттæ ахуырдзаутæ сты, æмæ сæ мауал уромут, – фидарæй загъта Агуындæ æмæ сывæллæттæм азылди:

– Миланæ, Илонæ, Аланæ, ахуыр кæнын уæ фæнды?

– Фæнды!

– Фæнды!

– Фæнды! – цинхуызæй сдзырдтой æртæйæ дæр. Уыйадыл сæ хъысмæт лыггонд æрцыди.

– Ныр та иннæ фарстамæ рахизæм, – йæ мидбылты бахудти Агуындæ, йæ цæст мæм æрныкъуылдта æмæ Светæмæ йе ‘ргом аздæхта:

– Мæ мадыфсымæры ‘ккойы кæдмæ баддзынæ?

– Ома?

– Æгуыстæй кæдмæ бадынмæ хъавыс?

– Æз кусынмæ раджы бацыдаин, фæлæ сывæллæттæм кастæн.

– Сентябрæй фæстæмæ сæм хæдзары кæсын нал хъæудзæн, фæлæ, уæ фарсмæ цы скъола ис, уым. Ахуыргæнæгæй дзы кусын райдай æмæ сæм дæхæдæг кæс.

– Бирæ рæстæг фæцух кодтон… Райсдзысты ма мæ?..

– Райсдзысты. Ирбег зындгонд фыссæг у, æмæ йын йæ усæн «нагъ» зæгъын сæ цæсгом нæ бахъæцдзæн.

– Æгæр стыр аргъ мын скодтай. Уыйбæрц зындгонд нæ дæн, фæлæ бацархайæм, – загътон, гуызавæгæнгæйæ. Светæйы фарсмæ балæууынмæ цæттæ уыдтæн, фæлæ йæ ме ‘ххуыс нæ бахъуыди… Стыр мызд ын нæ фыстой, фæлæ ме ‘ккойы, хъæрзгæ-нæтгæйæ, цы уæззау Уаргъ хастон, уый зына-нæзына фæрогдæр и…

* * *

Мæ зæрдæ иучысыл истæмæй куы барухс уа, уæд мын æй хъуамæ исчи æнæмæнг кардæй барæхойа. Къаты бонты радиойы фæкусын, фæлладуадзæн бонты та мæ трилоги фæфыссын, æмæ мæ фылдæрхатт хæрынмæ дæр нæ равдæлы. Уымæ гæсгæ, хъæумæ арæх нал æфтын æмæ, Тугъаны расыгæй зæххыл хуысгæйæ куынæ фæуынын, уæд æрсабыр вæййын. Искæмæй йын йæ кой куы æрыхъусын, уæд мæхимидæг бакатай кæнын, кæд та исты æгад ми акодта, зæгъгæ. Æгад митæ кæнынмæ та тынг дæсны у. Иуæй-иу хатт афтæ дæр ахъуыды кæнын: «Æз уый хуызæн кæй нæ дæн, кæд æм уый хардзау кæсы æмæ йæхи бынтон æвзæр мæ фыддæрагæн дары?»

Радиойы уацхæссæг Азджерийæн нæ хъæуы астæу – йæ фыды хæдзар. Йæ ныййарджытæ амардысты, фæлæ ма йæ кæстæр æфсымæртæй иу æд бинонтæ уым цæры. Айфыццаг та сæм ныуади æмæ мын, мæ зæрдæ кæмæй фæрысти, ахæм хабар, кæлкæлгæнгæйæ, радзырдта:

– Тугъан скъолайы дуармæ саубыны расыгæй сылгоймаг ахуыргæнджыты йæхицæй æлгъыста æмæ кæмæдæр амарынæй æртхъирæнтæ кодта. Уыцы рæстæг уæзласæн машинæ йæ цурмæ ‘рбатылди. Тугъан ын йæ фæстаг бортыл фæхæст и æмæ йæхиуыл цалдæр хатты хæрдмæ схæцыди, фæлæ йæ бон гуыффæмæ схизын нæ баци, æмæ зæххыл йæ тъæпп фæцыди. Мæн худæг æрцахста: йæ лæмæгъ цæнгты хъару нæй, афтæмæй кæйдæр амарынмæ хъавы. Ха-ха-ха!

Тугъан æвзæр ми кæй бакодта æмæ йæхи ахуыргæнджыты цæсты кæй бафтыдта, уый мын мæ тъæнгтæ ацагъта. Уымæй хъыгдæр та мæ фæрæхуыста, Азджери йыл кæй худти, уый. Йæхи æфсымæр дæр бынсæфт къупыри кæй у, уый йын йæ цæстмæ бадарынмæ хъавыдтæн, фæлæ йæ мæ сæрмæ не ‘рхастон æмæ йыл мæ къух ауыгътон. Æцæгæлон адæймагыл къух ауигъын æнцон у, фæлæ, дæ мады зæнæг адæмы къæхты бынмæ куы ‘рхауа æмæ ма йæхи æдде дæу дæр куы худинаг кæна, уæд уый зын быхсæн у.

Мæ кабинеты бадын æмæ фыссын, фæлæ мæ хъуыдытæ æрæмбырд кæнын нæ фæразын. Æмæ ма, тынг бацархайгæйæ, исты хъуыдыйы муртæ æрæмбырдгæнæн ис, фæлæ хъæугæ æнкъарæнтæ æрæмбырдгæнæн нæй, уæлдайдæр, дæ зæрдæ де ‘фсымæрмæ куы ‘хсайа, уæд. Зæрдæ диссаг у. Фыды мур йеддæмæ ницы у, афтæмæй дзы æнæхъæн дуне цæуы. Цыдæр бæллæх та æнкъары æмæ риуы къултыл йæхи

хойы. Ахæм уавæры ма уыди, мæ мæгуыр хо цадмæ йæхи марынмæ куы цыди, уæд. Мæ бинонты дзæбæхæй куы ныууагътон, уæд мыл цы фыдбылыз æрцæуынмæ хъавы, цымæ? Азджерийы æдзæлгъæд ныхæстæ æмæ æнахъинон кæл-кæл мæ зæрдыл дзæгъæлы не ‘рлæууыдысты. Телефоны дзæнгæрæг мæ хъусты иннæрдæм ахызти. Хæтæл фелвæстон æмæ тыхстхуызæй сдзырдтон:

– Алло!

– Ирбег дæ? – бафарста мæ æнæзонгæ сылгоймаджы хъæлæс.

– О.

– Тугъан тыхст уавæры ис. Ам æппындæр никæй хъæуы, æмæ йæм ды уæддæр æрцу. Æвæгæсæгæй куы амæла, уæд дыл адæм худдзысты.

– Кæм и?

– Абысалы кæлæддзаг хæдзары хуыссы.

– Кæй мын æй фехъусын кодтай, уый тыххæй – бузныг. Ныртæккæ йæм ацæудзынæн, – сдзырдтон талф-тулфæй, машинæ баххуырстон æмæ йæм атындзыдтон. Цы æдзæллаг уавæры йæ ныййæфтон, ууыл нæ бадис кодтон. Астæуккаг Азимæ йæм куы ацыдтæн æмæ йæ Ошы, иу фысдоны хуызæн чъизи къæсы куы ссардтон, уæд дæр ахæм æдзæллаг уавæры уыди. Дисы мæ бафтыдтой æндæр хъуыддæгтæ. Иу мад æмæ иу фыдæй куы райгуырдыстæм, уæд алыхуызæттæ цæмæн стæм? Æгад ын æгад цæуылнæ у? Йæ мад æмæ йæ фыдыл йæ къух кæй систа æмæ сæм мардмæ кæй нæ бацыди, уый æмбарын. Уынджы йæ куыдзы уагъд ныккодтой, сæ дыууæйы дæр ницæмæн хъуыди, æмæ йын уæнгæлæй æнаддæр систы, фæлæ йын æз та цы кодтон? Мæнмæ та цæуыл фæхæрам и? Цал чызджы мын ис, уымæй дæр мæ никуы бафарста, сæ фенын дæр æй никуы бафæндыди. Йæ ныхæстæ йын мæ зæрдыл хорз бадардтон. Иу æмæ мын сæ дыууæ хатты нæ загъта:

– Ирбег, ацы зæххыл дæуæй фылдæр никæй уарзын, фæлæ мæ ды дæр нæ хъæуыс арахъхъы разæй.

Уымæй ма æргомдæрæй зæгъæн куыд ис, фæлæ йæ уæддæр мæ зæрдæ йæхицæй æппарын нæ комы. Истæуыл-иу куы ‘рбамæсты и, уæд мыл-иу хафт-хафтæй ралæууыди, лæдзæгæй дæр мыл-иу æрцыди. Иухатт ма мын нæ цæнгæт пецы раз мæ сæр суджы фастагæй дæр ныццавта, æмæ, мæ туджы мæцгæйæ, бауадзыг дæн, фæлæ йæм мæ зæрдæйы уаг никуы аивтон. Мæсты дæр æм никуы сдæн. Гыццылтæй æдзухдæр

кæрæдзи фарсмæ хуыссыдыстæм, æмæ йын йæ буары хъарм ныр дæр ма мæхиуыл æнкъарын. Уымæн ферохгæнæн куыд и?

– Арахъхъ харбызимæ банызтон, æмæ мыл цыдæр æрцыди, – дзуры мын йæхи растгæнæгау. Харбызы аххосæй кæй нæ фæрынчын и, уый не ‘мбары. Йæ бур цæсгоммæ кæсгæйæ, зын рахатæн нæу, арахъхъ ын йæ игæр кæй басыгъта, æмæ йын бирæ цæрæнбон кæй нал ис, уый, фæлæ йын уæддæр æз зæрдæтæ æвæрын:

– Ма тæрс. Ныртæккæ дæ рынчындонмæ аласдзынæн, æмæ дæ дохтыртæ сдзæбæх кæндзысты, фæлæ тынг чъизи дæ, æмæ уал дæ цынайын хъæуы.

Сыхæгтæй сапон ракуырдтон æмæ йæ кæрты цынадтон, йæ хуыссæны цъæртты сыгъдæг бынæттæй йæ ныссæрфтон, йæ дзаумæттæ йыл скодтон æмæ йæ горæты дохтыртæм аластон. Уыдон æм биноныг фæракæс-бакæс кодтой, пайда дзы кæй нал и, уый бамбæрстой æмæ йæ мæлынмæ нæ сыхаг хъæуы рынчындонмæ рарвыстой (нæхи хъæуы кæддæр рынчындон уыди, ныр дзы нал и). Æз Русланмæ ныццыдтæн, колхозы гаражы йæ, машинæ цалцæггæнгæйæ, ныййæфтон æмæ йæм лæгъстæхуызæй æрхатыдтон:

– Тугъан нал фервæздзæн, æмæ йын йæ марды хабæрттæ ам куы бакæниккам…

– Ссæдз марды куы акæна, уæддæр æй æз мæ хæдзармæ ласын нæ бауадздзынæн! – цæхгæр алыг кодта Руслан.

– Цæуылнæ?

– Æнæхъæн бинонтæй дæр нын нæ цард сæнад кодта. Мæ мады, не ‘фсины æмæ мын мæ чызджыты йæхицæй æлгъыста. Аминæт ма, чи зоны, ацардаид, фæлæ уый мæстæй ингæнмæ æмгъуыдæй раздæр бацыд. Цал хатты йæ фæкæуын кодта, уый куы зонис, уæд мæм не ‘рбацыдаис. Йæ кой дæр мын ма кæн. Куы амæла, уæд-иу æй горæтмæ алас.

– Æз дæр фыццаг афтæ ахъуыды кодтон, фæлæ йæ уым ничи зоны æмæ йæм ничи æрбацæудзæн. Ирыстоны мард æнæ ‘рцæуæг адæмæй æгад у, æмæ мæ сыхæгты æмæ мæ хæстæджыты раз цы уавæры уыдзынæн?

– Æз ын ард бахордтон, дæ мард дын мæ хæдзармæ не ‘рбауадздзынæн, зæгъгæ, æмæ мæ ардбахæрды ныхмæ нæ рацæудзынæн.

– Цæй тыххæй йын бахордтай ард?

– Куы йæ тардтон, уæд мыл былысчъилæй бахудти æмæ мын афтæ:

«Мæ мард мын дæхæдæг æрбаласдзынæ, цæмæй мæ æхцатæ бакусай, уый тыххæй».

«Куыд æнæмбаргæ дæ, куыд, ме 'фсымæр. Сывæллæтты цæхæрадонæй мæ де 'дзæлгъæд миты тыххæй куы ратардтой, уæдæй фæстæмæ мын мæ фæндагыл алыхуызон цæлхдуртæ февæрдтай. Ацы сындз тел хъуаг ма уыдтæн, æмæ мын уымæй дæр ме уæнгтæ сбастай», – æнæрай хъуыды февзæрд мæ сæры. Русланы сразы кæнынæн ма цы загътаин, уый нал зыдтон æмæ фæкъуыттытты дæн, стæй йын, донласт хуылыдзæй нæ тæрсы, зæгъгæ, мæ уайдзæфæй йæ ных бакъуырдтон:

– Уымæн фæстаг дæс азы дæргъы фыр ноxтæй йæ сæр хъуыды кæнынæн куы нал у, уæд ын йе 'дылы ныхæстæм цы хъусыс? Йæ хабæрттæ йын ам скæнæм. Иу капекк дæр дæ фидын нæ бахъæудзæн. Ииуыл хæрдзтæ дæр мæхимæ райсдзынæн.

Руслан исдугмæ йæ хъуыдыты аныгъуылди, стæй йæ зæрдæ фæсасти æмæ фæлмæндæрæй загъта:

– Цу, Фаткаимæ баныхас кæн. Сылгоймаджы хъуыддæгтæ иууылдæр уымæ хаудзысты, æмæ дын кæд сразы уа, уæд-иу æй æрлас.

Йæ усы фæндон æм бæрзонд æвæрд кæй нæу, уый зыдтон. Уымæ гæсгæ йын йæ ныхас разыйы дзуаппыл банымадтон, фæлæ ма уæддæр Фаткамæ суадтæн æмæ йын хабæрттæ кæрæй-кæронмæ радзырдтон. Уый мæм йæ кæрдæгхуыз рæсугъд цæстытæй æрбакаст æмæ мын афтæ:

– Мæн цæмæн фæрсыс? Ай Тугъанæн йæхи хæдзар у, æмæ йæм чи æрбацæуа, уыцы адæмæн æгъдау раттын мах хъæудзæн.

Мæ уæздан чындз йæ ныхас нæ фæсайдта. Зианы бон æппæт дзыллæтæн дæр æгъдау фæлæвæрдта. Дзыллæтæ та дзы чысыл нæ уыди. Мæрддзыгой адæм кæрæдзи фæдыл цыдысты æмæ цыдысты. Стыр кæрт æмæ дæргъæй-дæргъмæ уынг байдзаг сты. Æз æнхъæл уыдтæн, мæ фыдæлгъыст мæгуыр æфсымæрмæ хионтæ æмæ зонгæтæ йеддæмæ ничи æрбацæудзæн, фæлæ фæрæдыдтæн. Кæд расыгæй йæхи æвзæр дардта, уæддæр адæмæн бирæ хæрзты бацыди, æмæ йын сæ йæ ахæрæты бон уæлдайджынтæй бафыстой. Иу адæймаг дæр æм хæрам зæрдæ нæ бадардта. Иууылдæр дзы æппæлыдысты зæрдæбынæй: «Цы къухтæ йын уыди, цы къухтæ!» Иу дæр æй нæ фаудта. Йæ цард æвирхъау кæй рауад, уый тыххæй йын кодтой тæригъæд…

Уыдзæн ма

Сыгъдæг Мады Майрæмы куадзæны нæлгоймæгты
алайнаг моладзандон Фыййагдоны

БУТАТЫ Ритæ

УÆ ЦАРДЫ ФÆНДАГÆН МÆ ЗÆРДÆ – ЦЫРАГЪ

ФЫДЫУÆЗÆГ

Уæлладжыры комы цы сусхъæд æрзади,
Гъе уымæй мын авдæн скодта баба.
Мæ мады цæстытæй мæм авд хуры касти,
Рæвдауæн ныхæстæй мын зарæг быдта.

Хуыцаумæ скуывта фыр цинæй мæ нана,
Фыццаг хатт куы андзæвыд зæххыл мæ къах,
Мæ фыд дæр æфсæрмдзастæй загъта: «Мæ къона,
Дæ царды фæндагæн мæ зæрдæ – цырагъ».

Рæвдыд уыд мæ сабидуг бинонты уарзтæй,
Хæххон уæлдæф хаста йæ уæлныхты мæн.
Нæ зæдбадæн комы æхсæрдзæнты хъазтæй
Æрвдидинау райхæлд мæ зæрдæ мæнæн.

Æвзонгдзинад абухгæ бацыд йæ барты!
Дæрддаг рæтты хаста йæ уылæнтыл мæн,
Æхсысти æвæлтæрд уд хъысмæты арты,
Фыццаг халас андзæвыд сæрыл фæлмæн...

Æвæджиау рæсугъд бæстæ нæ ахадыд цæсты,
Æнахуыр цыдæр мастæй байдзаг ис риу.
Мæ сусхъæдæй авдæн иу федтон мæ фынты,
Мæ фынты мæм сидти нæхимæ Хъæриу.

Нæ хъæузæды кувæндон цæстытыл уади,
Куывта цыма хистæр: «Нæ нывонд дын барст...»
Зæрин хур цæстыдзагæй куывдонтæм касти,
Куыд бацайдагъ, гъæйтт-зæгъгæ, цъæх нæууыл хъазт.

Куыд адджын у, уастæн, нæ фыдæлты уæзæг!
Куыд æлвасы дардæй йæхимæ фæлмæн.
Уæвгæ та, мæ удæн йæ цин у, йæ уалдзæг,
Йæ фыццаг æвдисæн мæ къахы фæдæн.

Йæ дур дæр нæ баивин никæй хæзнатыл!
Æлутоныл барын йæ суадæтты дон.
Сæрыстырæй дзурын фыдæлты æвзагыл,
Йæ зæххыл у рогдæр мæ азты æргъом.

ХУЫЦАУÆН БУЗНЫГ

Хуыцауæй бузныг дæн, бæгуыдæр,
Кæй уынын ирд хуры тæмæн.
Нæ Иры рухс кæмтты рæсугъддæр
Кæй у мæ райгуырæн мæнæн.

Кæй уыд мæ сабидуг бæллиццаг,
Æнæфхæрд – ме 'взонг бонты цард.
Нæ комы ахадгæ – мæ мыггаг,
Ирон – мæ фыд æмæ мæ мад.

Дæн разы Сфæлдисæгæй, уастæн,
Кæй уыд мæ рагфыдæл Бута,
Кæй дæн сæ хæрæфырт Цæллагтæн,
Кæй нæ дæн сонт кæнæ къуырма.

Нæ зæхмæ мæ алы уæнгæй баст дæн,
Фыр цинæй цæссыгтæ кæлынц.
Нæ Иры стыр мыггæгтæй цалдæр
Мæ туджы абухæн кæнынц.

Хуыцауæй разы дæн, æнæмæнг,
Кæй дæн цыппар хъæбулы мад.
Æнæниз, цардæгас – мæ зæнæг,
Æз та сæ цæсты дæн нымад.

Табу, Дунескæнæг, дæ номæн,
Кæй дæн дæ бирæ хæрзтæй дзаг.
Цæуын мæ дыууæ къахыл рогæй,
Нæ вæййын номхыгъды фæстаг.

Æрмæст ма иунæг хорзæх курын, –
Æнæ уый мæ амонд нæу æххæст.
Æрвылбон стыр Хуыцаумæ скувын:
– О, ма уæд а дунейыл хæст!

НЫФС

Уарзондзинад сæфт бæллицау
Рохуаты кæуы.
Царды фурд мæ рог æхсныфау
Уылæнтыл хæссы.
Иунæгдзинады рæхыстæй
Зæрдæ их кæны.
Стыр уылæны сонт æвзыстæй
Цæстысыг кæлы.
Былгæронмæ рахауынæй
Салд зæрдæ тæрсы,
Фæлæ стыр айнæджы уындæй
Удмæ ныфс тæдзы...

ХЪÆСДАРÆГ

Æз хъæсдарæг дæн арвæй зæххы ‘хсæн,
‘Хсиды судзгæ цæхæры мæ уд.
Хатт ныхъхъæр кæнын арвмæ: «Лæмæгъ дæн!»
Фæлæ фехъусын азæлгæ худт.

Æз хъæсдарæг дæн. Цæв, уæдæ, тынгдæр!
Цæв, Куырдалæгон, артдзæгъдæн кæн!
Æз дæ цæфтæй ысвæййын тыхджындæр,
Ды дæ худтæй ысног кæныс мæн.

Ды бæлдойæ куы ‘рцæвыс æнæвгъау,
Уæд зынг цæхæрæй сысхъиуы Дзырд,
Уæд мæ хуымгæнд ысуадзы хуыздæр тау,
Æмæ февналын кусынмæ цырд.

Дзырд дзырды уæлæ аив æвæргæ,
Бон æхсæвæй нæ иртасы уд.
Афтæ иу кæддæр сырæзы ‘мдзæвгæ,
Кæмттыл айхъуысы азæлгæ худт...

Æмæ свæййы сыбар-сыбур бæстæ:
«Уый поэт у! Дзырдарæхст гуырдзæй».
Æз æнкъардæй фæкæсын сæ фæстæ, –
Мæн æрвон куырд нæ фæрсы бæрцæй.

АМОНД

Æрбацæуы амонд, йæ къахфындзтыл сиргæ,
Мæ зæрдæ йæ размæ тырны!
Æрбахæссы йемæ бæллицтæ ‘мæ цинтæ,
Йæ мидбылхудт дардмæ зыны!

Йæ фæзынд ын ауынын хуры ыскасты,
Æрныкъулы хъæдæй йæ цæст.
Йæ хъæлæс ын хъусын хъæбулы ныхасы,
Йæ фæрцы мæ зæххыл нæй хæст.

Фæхуды мæм Амонд сыхаджы цæстытæй,
Æрвдидины фенын йæ хуыз.
Фæлмæн мæ рæвдауы сæууон хуры тынтæй,
Мæ удæй æнкъарын йæ уырз.

Фæндырдзагъды айхъусын амонды зæлтæ,
Нæртон симды зилдух кæны!
Дыууæ удыл бафтауы уарзты кæлæнтæ,
Сæ цинтæм сын цинтæ хæссы.

Амонд ӕнӕвгъауӕй уары йӕ лӕвӕрттӕ,
Фарнимӕ хорзӕхтӕ тауӕг!
Булӕмӕргъ цъиуӕй ӕртӕхы мӕ рухс кӕртмӕ,
Азӕлы иумӕ нӕ зарӕг!

УАРЗТ

Нӕ бӕллын мулк ӕмӕ хӕзнатӕм,
Мӕ исбон – рухстауӕн ныхас.
Налхъуыт-налмасты ирд тӕмӕнтӕм
Нӕ калы дидинӕг бӕлас.

Ӕз уарзын, джигоцъиу сӕудары
Куыд зары Бонвӕрнонӕн, уый.
Уӕларвӕй мӕй йӕ цӕст куыд дары,
Зӕрдӕрухс уарзӕттӕ куыд уой.

Ӕз уарзын, цъитисӕр къӕдзӕхтыл
Куы скалы хуры тын тӕмӕн,
Нӕ Иры рӕгътыл ӕмӕ фӕхстыл
Цъӕх кӕрдӕг куы андзӕвы фӕлмӕн.

Ӕз уарзын, дзагӕфсир мӕнӕуӕй
Куы кӕной хъугӕмттӕ зӕу-зӕу.
Зӕрдӕрухс сабиты кӕл-кӕлӕй
Ӕваст куы айдзаг вӕййы хъӕу.

Куы вӕййы хурзӕрдӕ сылгоймаг,
Лӕппу лӕджыхъӕдӕй – ӕххӕст,
Зӕронд куынӕ вӕййы фӕсмойнаг,
Зӕххыл куы никӕм вӕййы хӕст.

Ӕз уарзын царддӕттӕг фӕзындтӕ,
Сыгъдӕг ӕхсӕрдзӕнты хӕл-хӕл,
Сӕууон ӕртӕхы ирд фӕрдгуытӕ,
Ыстӕй зӕрӕхсиды цӕхӕр.

Нæ бæллын мулк æмæ хæзнатæм,
Ис цардæн иунæг бындур – Уарзт.
Йæ фарнæй хайджын уæд нæ адæм,
Дунейыл уæд æмбæрцæй уæрст!

ГÆНЫСТОНЫ УАЛДЗÆГ

Цы дын зæгъон, а уалдзæг, хорзæй?
Дæ уындæй куы нæ райы цæст!
Хæцынхъом Ирыстоны цотæй
Кæйдæрты куы ныхъуыры хæст.

О уалдзæг, гæныстоны уалдзæг,
Æрбадти дæ фæлыстыл зин.
Куы хъусон ныййарæджы хъарæг,
Куыд кæнон дæ дидиныл цин?!

Дзæгæрæг кæны Украинæ,
Йæ цæхæры судзы мæ уд!
О, бауром, уалдзæг, фыдмитæ,
Сырх лакъон куыннæ уа дæ уынд!

Дæ цардджæттæг тыхтæ ысиу кæн,
Æрцæрæд та а зæххыл фарн,
Куыннæ уа цæссыгæхсад ингæн
Кæркæ-мæркæ дидинты ран.

Хуыцауы фæдзæхст уæд нæ бæстæ,
Фыдбылызæй алчидæр – хызт,
Сæ цардбæллон ахсджиаг кæстæртæй
Ныййарджытæ макуы уæнт рыст!

* * *

О, Хуыцау, кувын дæм, курын
Иры хъæбултæм фæкæс!
Доны уой, уæлдæфы, сурыл –
Ратт-иу сын царды фæрæз.

Иры ныййарджыты номæй
Курын дæ, бахъахъхъæн цард!
Æмæ нæ алкæцы комæй
Тагъд рæстæг райхъуысæд зард.

Уарзын æппæт дуне, уарзын.
Алчи йæхи фæндиаг уæд,
Фæлæ нæ Иры хъæбултыл
Абон – мæ катай, мæ мæт.

Хъызты сæ батав дæ армæй
Æнтæфы рог уддзæф ратт,
Тохы сæ бахъахъхъæн знагæй,
Фæлæ-иу ма уæнт æгад.

Сфæлдисæг, фæндтæ дæумæ сты!
Бауром тугкалæн хæст,
Æмæ нын сомбон нæ кæмтты
Хорз хабар хæссæг фæуæд!

ХÆС

Кæддæр незаманты хæхбæсты
Мæгуыр лæг иу хъæугæрон цард.
Йæ фырттæ байсæфтысты хæсты,
Сæ хъыгæй нал рабадти мад.
Йæ бонтæ ‘рхæндæгæй æрвыста,
Цæрынæн нал ардта мадзал.
Уæларвмæ къæдз лæдзæгæй `взыста:
– Уæд та мын саккаг кæн адзал!

Рæхджы хъысмæты карз тæрхонæй
Мæ уд куы не суæгъ уа, уæд зон,
Мæхи ныззилдзынæн бæрзондæй,
Кæм кæлы комы арфы дон!
Уæд дын æм иуæхсæв йæ фыны
Фæзынди урсбоцъо зæронд:
– Куыд лæмæгъ разындтæ дæ зыны,
Æви бынтон фæлыгъд дæ зонд,
Æви дæ ферох и, Чырысти
Кæй радта мах тыххæй йæ цард!
Голгофмæ тугæрхæмттæй схызти,
‘Мæ дзы йæ сыгъдæг туг ныккалд…
Æдзæмæй аззади мæгуыр лæг,
Лæмбынæг ныхæстæм хъуыста.
Гъе стæй йын сфæрæзта:
– Дæхæдæг цы зынтæ бавзæрстай, зæгъ-ма?
Æз дæн бындарыскъуыд мæгуыр лæг,
Ныфссаст, æфхæрд æмæ дзæгъæл.
Мæ фырттыл баталынг сæ уалдзæг,
Æмæ мын фестад цард уæнгæл.
– Хуыцауæй ис лæгыл хæсæвæрд, –
Зæгъы йын урсбоцъо зæронд:
– Дæ хæсы фаг дын ис ныфс лæвæрд,
Йæ сæххæст кæнынæн та – зонд.
Цыфæнды уавæры дæр бахау,
Уæддæр лæджы ном хæс бæрзонд!
Дæ сæрмæ макуы `рхæс æвдиуау,
Хуыцауæй иппæрд уа дæ зонд…
Æрбайсæфт уыйадыл зæронд лæг,
Сæудары цъиуты зарын хъуыст.
Фæтахти комы `рдæм къæдз лæдзæг,
Йæ тъæпп хæххон доны фæцыд.

ДЖУСОЙТЫ Майæ

ДЫРГЪДЗУАН

Радзырд

Хъæуы куыстдзагъд адæм сæ тæккæ фынтыл сты. Никæмæй сæ кæлы рухс. Æрмæст Медойты ныллæг самандур хæдзары рудзгуытæй мыдадзын цырагъы рухс мынæг æрттывд кæны. Хъуамæ хъæдмæ каштантæ хæссынмæм ацæуой æмæ уый тыххæй сыстадысты сæумæцъæхæй дæр.

Закро æртæ голладжы æрбахаста тыргъæй: иу – йæхицæн, иннæ – йæ бинойнагæн, æртыккаг та – йæ хо Ленæйæн. Стæй фæтæгенæй дзаг литруат авджы сæр тынгдæр ныздыхта æмæ йæ голджытимæ дзæкъулы ныппæрста. Нæ ферох кодта, дысон зæронд хæцъилтæй цы 'ртæ даргъ хъилы сæртæ стыхта, уыдон дæр – сарайæ сæ рахаста. Уыцы рæстæг сылгоймæгтæ та сыгъдæг цикъæйы гæбазы нартхоры кæрдзын æмæ цыхты 'мбис атыхтой. Ныккодтой дон уæрæххъуыр дурыны.

Афтæмæй бинонтæ рæвдз уыдысты цæуынмæ æмæ, кæрты каудуар сæ фæдыл рахгæнгæйæ, ахызтысты уынгмæ.

Арвыл иугай стъалытæ тыбар-тыбур кодтой, æмæ адæймагмæ афтæ касти, цыма уыдон Медойты бинонтæн ныфсæвæрæгау æрттывтой. Фæззыгон сатæг сын æхсызгондзинад хаста, сæ уæлæ хъарм дарæс скодтой. Дзургæ сæ ничи ницы кодта. Кæд, мыййаг, æрæджы æнæхъæн хъæу дæр зæрдæдзæф цæмæй фæсты, уыцы цау уыд сæ катай…

Уыцы бон Бадтеты æрвадæлтæ сæ лæппу Гацийæн кодтой чындзæхсæв, æмæ сæм уый охыл Бадтейы йæ ныййарджытæ сæрвыстой, цæмæй сæм фæкастаид, фæлæ уый уайтагъддæр фæстæмæ фездæхт. Йæ фыд æм хæцыд, цæмæн рацыдтæ, фæкастаис сæм, зæгъгæ, фæлæ йын уый афтæ, сыбæлутмæ, дам, цæуын. Цавæр сыбæлут-каштантæм, дам, цæуыс абон, не 'рвадæлтæм чындзæхсæв куы ис, уæд?! Фæлæ адæймагæн йе 'намонды бон куы 'рцæуы, уæд æфсæн дуæрттæ дæр йæ разæй ахæссы. Афтæ Бадте дæр. Йæ фыды ныхас ницæмæ 'рдаргæйæ, голлаг йе уæхскыл баппæрста æмæ йæ адзалы фæндагыл афардæг.

Йе 'мбал лæппутимæ хъæдмæ бахæццæ сты, хур куы акъул, уæд. Æхсæвæр скодтой æмæ хус къалиутæй арт бандзæрстой. Йæ алыварс бадынц æмæ хъæлдзæг ныхæстæ кæнынц. Сæхæдæг дæр æй

нæ бамбæрстой, афтæмæй сыл фынæй æртыхст. Уыцы афон хъæды барджынæй цы рог дымгæ паддзахиуæг кодта, уый сын сæ арты æвзæгтæ пыхс бæласыл бафтыдта. Стыр арты къæрццытæм лæппутæ иуафон фехъал сты æмæ фæйнæрдæм лидзæг фесты. Бæлас, судзгæ-судзын, афæлдæхт, Бадте кæцырдæм фæцæйлыгъд, уыцырдæм æмæ дæ балгъитæг дæр афтæ…

Йе ‘мбæлттæй иу фæлæгдæр æмæ хъæумæ фæфæдис, цалдæр лæгæй ма бæргæ ратындзыдтой хъæдмæ, фæлæ...

…Арешы хъæуæй хъæдмæ уыдаид иу-æртæ километры бæрц. Медойтæ йæм куы схæццæ сты, уæд Закро хъилтæй сæ иуы хæцъилты тыхтоныл фæтæген æркалдта æмæ йыл спичкæ сдардта. Уый куы ссыгъд, уæд бæлццæттæ æдасæй бахызтысты хъæдмæ. Сыбæлутджынмæ сæ хъуыдис æппынкъаддæр æртæ сахаты бæрц цæуын. Фæндаг-иу хатгай дзæбæх уыдис, фæлæ-иу сæ арæх къуылдымтыл сæ цыппæртыл бырын дæр бахъуыдис. Кæмдæрты та, гыццыл раст нæ ахызтæ, зæгъгæ, уæд дæ тъæпп сæрсæфæны фæцыдаид. Уымæ гæсгæ хъавгæ цыдысты, фæлæ уæддæр æрдзы рæсугъд кондыл сæ цæстæнгас хæстой.

Æмæ бæгуыдæр! Æрдз кæдфæнды дæр адæймаджы бар-æнæбары йæхимæ æлвасы, ныфс æмæ йын тых дæттæйæ. Хъуыддаг афтæ кæй у, уый Закро къорд азты размæ бамбæрста…

Уæд сæм сæ чындзы ‘фсымæр Докка Калакæй уазæгуаты æрцыд, Закроитæ йæ семæ сыбæлут тонынмæ акодтой. Докка афтæ æнхъæлдта, ома, бахиз хъæдмæ, дæ разы сыбæлут бæлас уыдзæн, æмæ тон, цас дæ фæнды, уыйбæрц. Фæлæ йæ къуылдымтыл цыппæртыл бырын куы бахъуыдис, уæд ма йæ цæй сыбæлуты мæт уыдис: «Фæлтау ацы дыргътæ базары балхæдтаин», – цыд йæ хъуыр-хъуыр.

Фæлæ уый хыгъд лæг сывæллонау цин кодта æрдзыл, кæрдæджытæ, бæлæстæ, дидинджытыл. Сæ уындæй сын нал æфсæст.

«Фæиппæрд дæн мæ фыдыуæзæгæй æмæ ацы рæсугъддзинадæй нырмæ дæр цæуылнæ улæфыдтæн, мæ царды хуыздæр азтæ горæты æрвитгæйæ», – дзырдта Докка. Æмæ тæхуды кодта Закромæ. Ды, дам, хъæздыг дæ, ацы сыгъдæг уæлдæфæй, дам, улæфыс æмæ, дам, саг-сæгуытау къуылдымтыл уымæн схизыс. Куыддæр, дам, пенсийы рацæуон, афтæ ардæм хъуамæ æрыздæхон, цæмæй та, дам, кæддæрау нæ самандур хæдзары тохынайæ фæздæг арвмæ къæдз-мæдзæй уайа!

Æмæ æцæгдæр. Докка йæ ныхас нæ фæсайдта. Рагæй фæстæмæ

сын дунемæ уазал цæстæнгас æмæ æдзæрæгæй цы хæдзар кастис, уый бинонты змæлд æмæ улæфтæй йæ хуыз скалдта. Раздæрау æй адæм æнкъард æмæ фæкæсынхъуагæй нал уыдтой, фæлæ аив æмæ хорзвæлдыстæй. Æмæ уыйадыл Докка Закройæн фæарфæтæ кæны. Хорз, æмæ, дам мæ уæд демæ дыргъдзуан акодтай æмæ, дам, райгуырæн уидæгты ад банкъардтон… Æмæ уæд Закро дæр йæхицæй ныббуц вæййы.

Ныр Докка æмæ Закройæн сæ цыд иумæ вæййы хъæдмæ: кæм суг кæнынмæ, кæм та халсартæ хæссынмæ. Æмæ кæд Доккайæн йæ фондз æмæ æртиссæдз азы йæхирдыгæй фесты, уæддæр рæвдз уайы къуылдымтыл. Уый нæ, фæлæ ма йæм цинау дæр фæкæсы. Бæргæ, ныр дæр фæраст уыдаид семæ, фæлæ къуырийы фæстæ сæ ноггуырдæн куывд кæнынц æмæ уый тыххæй абон Апены базармæ фыс æлхæнынмæ цæуынц.

Базары коймæ Закройы зæрдыл арæх æрлæууы се ‘мхъæуккаг Гургентъийы хабар. Ома, фарон Закроитæ сæ чызг Мерийæн базармæ дыууæ карчы арвыстой æмæ йын дзы иу фæссихæрттæм ауæй. Иннæ карчы та чызг, фæстæмæ цæугæйæ, Гегкийы бæхуæрдоны гуыффæйы авæрдта æмæ цыбырдæр фæндагыл сæхимæ атындзыдта – сæххормаг...

Хæдзармæ куы схæццæ, уæд мады торнеимæ архайгæйæ сæййæфта. Тæвд дзулы хæрздæф æнæхъæн сыхыл анхъæвзт. Мери уайтæккæ тæвд дзулæй æрсаста, æмæ, адджынæн æй ахæр-ахæр кæнгæйæ, йæ комы къултæ дæр ма-иу асыгъдысты, афтæмæй йæ мадæн дзырдта, кæрчытæй иу æхсæз сомæй кæй ауæй, иннæ та Гегкийы уæрдоны кæй авæрдта, уыдæттæ. Æмæ йын æхцатæ йæ цъæхбын халаты уæрæх дзыпмæ ныппæрста.

Гегкийы коймæ мад йæхи фæхъуынтъыз кодта, фæлæ дзургæ ницы скодта. Уæдмæ кæсы, æмæ дæлæ Байсæрты тигъæй Гегкийы уæрдон æрбазынд. Уæдмæ сылгоймаг торнейы тæвд фæрстыл дзулты дыккаг хай æндæгъд фæцис. Пецы сæр ма хъæдын æмбæрзæнæй сæхгæнын хъуыдис, æмæ йæ куы æрæмбæрзта, уæд Гегкийы размæ рахызти. Гегкийæн дардæй йæ ныхас йæ разæй фæцис:

– Дуни, уæ Дуни! Зоныс… уæ карк мæ уæрдонæй стахт!

Ус исдуг æдзæмæй алæууыд, стæй афтæ:

– Ау, æмæ къæхтæ бастæй чердæм хъуамæ фæтахтаид?

– Нæ зонын. Мæхæдæг дæр ма йæм агурынмæ рахызтæн æмæ йæ къутæрты кæмыты нæ фæцагуырдтон, ахæм нал баззад, фæлæ, цыма зæххы скъуыды аирвæзт, уыйау ын йæ фæд дæр нал ссардтон.

Сæ ныхæстæм сын Мери хъуыста æмæ тарст, мад йемæ куы фæхыл, уа. «Цæй, никуы ницы ‘рцыдис… Карк æмæ карк, нæ фыдбылызтæ дæр нын йемæ ахæссæд», – ахæм хъуыдытæй Дуни хабар алыг кодта æмæ йæ чызгимæ сæ кæртмæ бахызтысты.

Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй, дам, Гегки карчы гуырдзиæгтæй дыууæ харбызыл аивта, æмæ дзы уæдæй нырмæ бинонтæ сæ удхæссæг федтой…

Хъæды уыдис дыууæ сыбæлут къохы – гыццыл æмæ стыр. Гыццылы хуыдтой къаннæг Ганабак, иннæйы та – стыр Ганабак. Уырдæм фæндаг уыдис фыццагыл.

Медойтæ гыццыл Ганабакæй куы бахæццæ сты стырмæ, уæд дзы ницыуал уыд.

Фарон ацы ран сæ чызг Ленæ æмæ Закро дагестайнæгтимæ фæбыцæу сты. Раст зæгъгæйæ та, – дагестайнаг лæппуимæ. Хъуыддаг та уыдис афтæ. Закроитæ бахæццæ сты дыккаг Ганабакмæ. Ам баййæфтой дагестайнæгты. Уыдон ам уыдысты раст æд авдæнтæ. Хицауадæй сын уым уыдис сыбæлут æруидзыны хæс. Æмæ Закроитæн æгасцуйы фæстæ загътой: «Ацæут фæстæмæ, ам махæн æлхæд у».

Бæргæ, Медойты дæр дыргъ уæй кæнынæн хъуыдис, сæ бирæ хъуагдзинæдты скъуыдтæ бампъузынæн, фæлæ уыдоны ныхмæ ницы сдзырдтой. Фæлæ сын уыдонæй сæ иу афтæ куы бакæнид: «Цæй æмæ фæхыл уæм».

Уæд æвддæсаздзыд Ленæ йе ‘фсымæрæн фæтарстис æмæ йын афтæ: «Мах ардæм хыл кæнынмæ не ‘рцыдыстæм».

Йе ‘фсымæры сдзурын нæ бауагъта, афтæмæй фæстæмæ раздæхтысты. Æнæхъæн уæныг йæ домбай цæнгтыл чи фелвасы, уыцы Закро хорз æмбæрста йæ хойы. Ома, уый ма йын ис ацы зæххыл æмæ… Уыйадыл ницы сдзырдта дагестайнагмæ, уый йеддæмæ, хыл цы у, уый йын бæргæ бацамыдтаид, фæлæ…

Закройы фыд æмæ ‘фсымæртæ хæсты баззадысты. Закро, æфсымæрты кæстæр, бæргæ цыдис хæстмæ, фæлæ, йæ азтæ гыццыл кæй уыдысты, уый тыххæй йæ дыууæ хатты фæстæмæ раздæхтой…

Фæстæдæр Ленæ дагестайнагыл фембæлдис Къабалы базары.

Лæппу уыдис иунæгæй, Ленæ та – йæ мыггаджы лæппутимæ. Æмæ йын Ленæ куы бакæнид: «Цæй, æмæ ныр фæхыл уæм». Фæлæ йæм лæппу æрмæст бахудт.

Закроитæ чысыл куы рауадысты, уæд рахизырдæм фæтæссар кодтой –ам разындис дуне сыбæлуттæ. Æрмæст сбад æмæ уидз. Æвæццæгæн æй арс ныууыгъта. Уыдис-иу афтæ дæр, æмæ-иу арс бæлас ныццагътаид, ацыд-иу, фæлæ-иу фæстæмæ æрбаздæхт. Уыдис-иу ахæм хабар дæр, æмæ-иу адæм ардыгæй нал раздæхтысты – сырдты амæттаг-иу баисты. Уый æмбаргæйæ, Медойтæ тагъд-тагъдæй сæ голджытæм æвгæнынмæ фесты. Цас рацыдаид, фæлæ сæм уалынмæ цавæрдæр уынæр æрбайхъуысти. Фæтарстысты, ома, кæд арс у, æмæ, сæ голджытæ уым фæуадзгæйæ, къутæрты фæстæ æрæмбæхстысты. Уыцы уысм сæ алчидæр бинонты Хуыцауыл фæдзæхста. Алкæмæн дæр сæ хъуыст йæ зæрдæйæ гуыпп-гуыпп.

Уынæр куыд æввахсдæр кодта, афтæ Медойтæ улæфын дæр нал уæндыдысты. Фæлæ сæм уалынджы кæйдæр ныхас куы ‘рбайхъуыст, уæд се ‘муд æрцыдысты.

Уый уыдис се ‘мхъæуккаг Натъа йæ дæсаздзыд лæппу Робиимæ. Усæн йæ лæг къорд азы размæ дугъон бæхæй рахауд, æмæ дæ балгъитæг дæр афтæ. Натъа баззади цыппар сидзæримæ. Йæ цæгат ын æххуыс кæны, фæлæ сæхимæ дæр хæдзары дзаг сывæллæттæ ис, æмæ сæ цъус хъæуы?! Афтæмæй Натъа, хъæды цыдæриддæр уæй кæнынæн бæззы – кæрдо, фæткъуы, æхсæр, сыбæлут – уыдонæй алцæмæй дæр Къабалы базары уæй кæны, афтæмæй йæ сывæллæтты бонæддæдæр кæны.

– Абондæргъы разил-базил кæнæм, фæлæ ницæуылма фæхæст стæм, – катайгæнгæйæ сæм сдзырдта Натъа, уыдон къутæрты фæстæйæ куы рахызтысты, уæд.

– Мах та дæ арс фенхъæлдтам æмæ нæ сæртæ æфснайынмæ фестæм.

– Æмæ æз арсæй фыддæр куы дæн, – бахудт сылгоймаг.

– Тыхсгæ ма кæн, – загътой йын Медойтæ. – Мæнæ ацы сыбæлуттæ нæ дыууæты фаг дæр сты æмæ макæдæмуал ацæут. Арсы фæллой сты, æмæ нæ цалынмæ не ‘рбаййæфта, уæдмæ февналæм.

Сæ голджытæ куы байдзаг кодтой, уæд уырдыгæй сæхи тагъд-тагъдæй райстой. Чысыл Ганабакмæ куы ‘рхæццæ сты, уæд дарддæр цыдысты улæфгæ-улæфгæ, мæргъты сæдæмырон цъыбар-цъыбурмæ хъусгæйæ.

Хъæдæй куы рахызтысты, уæд сæ риутыдзаг сулæфыдысты. Æрмæст сыл уæд æртæфст, абондæргъы къæбæрдзых кæй нæма фесты, уый æмæ сæ урс тæппытæ хæцъил нæууыл айтыгътой. Æххормаг, фæллад адæм нартхоры кæрдзын цыхтимæ афтæ адджынæн ахордтой, æмæ сæм æфсæст лæджы мондæгтæ æруадаиккой. Хæрд куы фесты, уæд сæ голджытæ се 'ккæйттыл баппæрстой æмæ сæ хæдзæрттæм æрфардæг сты.

ХОШАТЪАНЫ ДЗУАР

Радзырд

Хошатъаны дзуары бæрæгбон у адæмы уарзондæр бæрæгбæттæй иу. Ардæм æрвылаз 21 сентябры æд кувинæгтæ æрбацæуынц дзыллæтæ. Нывондаг кæмæ вæййы, уый йæ дзуары бын акусарт кæны. Стæй сыхбæстæтæй æрбадынц æмæ сæхи фæфæдзæхсынц Хошатъаны табуйаг дзуарыл.

Чи бæхуæрдоныл æрбацæуы, чи та – хæдтулгæйæ, фæлæ фылдæр – фистæгæй, уæлдайдæр та, æввахс æм чи цæры, уыдон. Мæнæ Аникъо æмæ Сасинкъайау.

Сæ дыууæмæ дæр ис фæйнæ 'ртæ уæливыхы, карк, халсартæ, дыргътæ æмæ фæйнæ графины сæн. Фæлæ ма Аникъомæ йæ сыхагæй уæлдай ис зынаргъ къафеттæ дæр. Айразмæ йын сæ йæ чызджы чызг Светланæ Уæрæсейæ сласта, æмæ дзы сывæллæттæй абоны бонмæ бааурон кодта.

Æд кувинæгтæ Ясонтæй куы ахызтысты, уæд бахæццæ сты тамако халгай хусгæнæн сарамæ, æмæ сыл ам, Арешы сæндæттæм цы тамакойы быдыртæ фæзындысты урс-урсид дидинæгкалгæ, уыдоны 'нахуыр туаггонд тæф æрбакалд. Ардæм æддагон куы 'рбахауид, уæд, тамако æмæ сæндæтты быдыртыл йæ цæст ахæсгæйæ, æнæ бафиппайгæ нæ фæуид, ам куыст цæджджинагау кæй фыцы, уый.

Аникъотæ Арешпераны бирæ нæма цæрынц. Цъицъкъанацерæй куы 'рбалыгъдысты, уæдæй дыууæ азы йеддæмæ нæма рацыд. Хошатъаны дзуары бонмæ та абон йæ хъæбулыхъæбул Нанаимæ фыццаг хатт цæуынц. Ома, фарон уыцы афон сæ тамакойы хæлттæ æдде баззадысты, æмæ сын сæ дымгæ ныскъуыдтæ кодта, æмæ уæд

уыдон дæр сæ фæллойы муртæ æмбырд кæнынмæ фесты, æмæ сын дзуары бынмæ ацæуыны фадат нал фæцис, – йæ ном ын хæдзары ссардтой.

Аникъойыл азтæ сæ уæз æруагътой, æмæ, кæд йæ къахайст дæр фæуæззаубын, уæддæр ырма змæлынмæ цæрдæг у: кæд ын йæ чындз Верæ ныр дæс азæй фылдæр йæ куыстыты фылдæр хай йæхимæ айста, уæддæр йæхæдæг дæр иу ран не 'рбады. Куы бинонтæм тамако тонынмæ фæкæсы, куы та – хæлттæ кæнынмæ. Уæдæ сывæллæтты та чындзы 'вджид æппын нæ уадзы – зилы æмæ сæм зилы.

Æнгом бинонтæ, дам, цард арынц. Æмæ уыцы хорздзинадæй Аникъойы бинонтæ дæр хайджын фесты, æмæ уый руаджы хæдзар бонæй-бон йæ къахыл ныфсджындæрæй лæууы. Фæлæ Аникъойæн ыртæккæ йæ сæйраг катай у Верæйыл: æнæнхъæлæджы йæ рахиз цонг ныррæсыд, æмæ йæ нал исы. Йе 'фсымæр Сарди йæ фæласта Телаумæ хосгæнæг Теклемæ, фæлæ уый сæрдæн хостæй дæр нæма фæдзæбæх.

«Куыддæр скувой, афтæ фæстæмæ фездæхдзыстæм», – загъта Аникъо йæ чындзæн, дзуармæ цæугæйæ, æмæ ныр тыхстæй фæкæс-фæкæс кæны фæстæмæ. Иу каст та Нанамæ бакæны тæригъæд-гæнгæйæ, ома, йæ мад рынчын у, æмæ… Уый та размæ æнæмæтæй уайы, хызын иу къухæй иннæмæ райс-байс кæнгæйæ. Фæндаджы был рыг кæрдæджы æхсæнæй иу æрдæгхус дидинæг стыдта æмæ Сасинкъайы фæрсы:

– Сасинкъа, æмæ дзуар Хошатъаны номæй та цæмæн схуыдтой?

– Æмæ уый раджыйы хабар куы у, дæ фæхъхъау æрбауон, – йæ сæр ын æрлæгъзытæ кæнгæйæ, загъта уый.

– Уæд ма æз гыццыл уыдтæн?

– Нæ, мæ чысыл хур! Уæд ды нæ, фæлæ ма суанг æз дæр нæма райгуырдтæн. Тынг раджы, дам, Къахеты адæмыл сагъуыд залиаг калм æмæ сыл тугуарæн кодта. Уæд иу æрыгон лæппу Хошатъи сфæнд кодта йæ амарын. Схæцыд йемæ, амардта йæ, фæлæ йыл уый дæр фæхæцыд. Æмæ калмы маргæй ныррæсыд.

Нана фæтыхстхуыз:

– Æмæ стæй цы бацис Хошатъи?!

– Йæ бæхы рагъмæ, дам ма сбырыд æмæ загъта, кæм дзы рахауон,

уым мæ-иу бавæрут, зæгъгæ, æмæ адæм дæр афтæ бакодтой. Стæй уым кувæндон сарæзтой. Дзуары ном та хуыйны «Хвтишобели». Нысан кæны «Хуыцауы мад». Гъе уæдæй нырмæ ацы бынат Хошатъийы номыл баззадис Хошатъаны дзуарæй.

Куывддзаутæ схæццæ сты бынатмæ. Бирæ адæм дзы сæййæфтой. Чи йæ кусартимæ архайдта, чи уæдмæ кувгæ кодта, чи та нырма бæхуæрдонæй йæ кувинæгтæ иста…

Незаманты Хошатъаны дзуары мæсыг бирæ диссæгтæ федта йæ царды æмæ ныр дæр адæммæ «æгас цу»-йæ кастис, цыма сын æнусты сусæгтæ зæгъынмæ хъавыдис, уыйау. Æмæ йын адæм дæр йæ уындæй истой æгæрон тых æмæ æхцондзинад.

Бæрæгбонæн ныффидар ахæм фæтк: кувæг адæм-иу дзуары бынмæ куы бацыдысты, уæд-иу фыццаг йæ алывæрсты æртæ хатты æрзылдысты æмæ-иу ын йæ цыппар кæронæн дæр æртыгай батæ акодтой. Стæй-иу уæд дзуармæ бахызтаиккой. Афтæ бакодтой Аникъоитæ дæр.

Дзуары мидæг дæр уыдис дзæвгар адæм. Чи сойын цырæгътæ сыгъта, чи кувгæ кодта, чи та мысайнæгтæ æвæрдта. Нана ахæм ран фыццаг хатт уыдис æмæ цырæгъты фæздæгæй тæрсгæ дæр фæкодта, фæлæ, уалынмæ къулыл сылгоймаджы сурæтмæ куы фæкомкоммæ, уæд цыма йæ тас дæр цыдæр æрбацис, афтæ йæм фæкаст, æмæ йæ йæ цымыдисдзинады уылæнтæ уый цурмæ бахастой. Нывыл кæд æнустæ се 'гъатырдзинады фæлм ныууагътой, – кæм къахыртæ уыдис, кæм та хорз нал зындис, – уæддæр сылгоймаджы фæлмæн бакаст лæджы йæхимæ æлвæста. «Цы рæсугъд дæ. Дæ сывæллон дæ хъæбысы куыннæ кæуы?! Мæнæн та ме 'фсымæр Арсен тынг кæуаг у, фæлæ æцæг раздæр афтæ нæ уыд. Мæ мадмæ йæ фæфæнды, фæлæ уый ныртæккæ рынчын у, æмæ йæм æй нæ уадзæм. Ныр дæр мæ хистæр хо Мзияйы æвджид у, æмæ, цалынмæ мах цæуæм, уæдмæ йемæ куыдтæ кæндзæн…»

– Хъæбул, уый Хуыцауы мад у, – йæ хъуыдытæй йæ фæхицæн кодта йе стыр мад æмæ йæм судзгæ цырагъ бадардта.

– Скув æм, балæгъстæ йын кæн дæ мады тыххæй.

Чызг цырагъ йæ рахиз къухæй райста æмæ та йе 'ргом Мады Майрæммæ аздæхта.

Аникъо нæ ферох кодта бинонтæн мысайнæгтæ сæвæрын. Уæдмæ уыдæттæ Сасинкъа бакодта æмæ Аникъомæ дзуры:

– Цом, адæммæ ахизæм æмæ нын дзуары лæг нæ кувинæгтæ скува.

Нана йæ цырагъ Мады Майрæмы бынмæ къулыл иннæ цырæгъты фарсмæ фæфидар кодта. Стæй йæ къухтæ сыгъдæг Мады Майрæмыл бузныджы охыл авæрдта. Кæсы, æмæ æрдæгхус дидинæг йæ къухы райхæлд, фæпарахат кодта йæ дидитæ. Уый фенгæйæ, йе стыр мадмæ дзуры:

– Кæс-ма, кæс, мæ дидинæг куыд райхæлд, куыд райгас, уымæ.

– Уый хорз нысан у, мæ чызг, хорз нысан, – фæлмæнæй йæм бахудт ус. Иууылдæр æддæмæ рахызтысты.

Кæсынц, æмæ уæртæ сæ размæ æрбацæуынц дæлæсыхæгтæ Тебро æмæ Дуси. Кæрæдзийыл атыхстысты.

– Ӕгайтма дæ чындз адзæбæх, – загъта фæлмæнтæдзураг Тебро.

– Ӕмæ нын нырма рынчын куы у, – катайгæнгæйæ бакодта Аникъо.

– Ӕмæ йæ æз ныртæккæ уæ кæрты чысыл Арсенимæ кæрчытæн хор калгæ куы федтон!

Аникъойы цæсгом ныррухс. Тебройы æрбахъæбыс акодта, стæй Сасинкъаимæ сæ кувинæгтæ ахастой.

«Мах дуг»-ы дунеон преми журналы редакци куы расидт, уæд дзы архайдтой, алы бæстæты цы ирон диаспорæтæ ис, уыдон дæр. Зæрдæйæн уæлдай цины æнкъарæнтæ чи `рхаста, уыдонæй уыдысты Турчы цæрæг ирæтты уацмыстæ дæр. Къамисы уæнгты уынаффæмæ гæсгæ сын аргъгонд дæр цыд хицæн домæнтæм гæсгæ. Æмдзæвгæты рацамад у хигъæдон. Нывæст сты сæ фыдæлты райгуырæн бæстæмæ, цардмæ уарзондзинадæй.

Уæ размæ сæ хæссæм, авторы бартæ нæ халгæйæ, сæ фыццаг хуыз сын бахъахъхъæнгæйæ.

ФЫДÆЛТЫ ФÆЛЛОЙÆ СУАДОН

ХОСОНТЫ Рæмзи

ХЪÆРМУСТ КЪОНА

Адæймаг хъуыдыйыл куыддæр баззайы, –
Фыццагон царды мысын райдайы.
Йæ цæстыты разæй цы нæ ауайы,
Уæддæр ма йæ зондæн хицау куы вæййы.

Сарыхъамысæй иу хъæумæ цæугæйæ,
Зымæджы уазалы сæлгæ-ризгæйæ.
Нæ къухтæ, нæ къæхтæ – ихы къæрттытæ,
Фæугæ чи нал кодта, ахæм фæндæгтæ.

Бозат-иу куы разынд соликъуыбырæй,
Къæйдзыны уырдыгæй нæхи ауагътам.
Нæ кæрт-иу куы ссардтам уыцы гæлдхæргæй,
Нæ хъæрмуст къонатæм хæлæф-иу кодтам.

Дæргъæй æнæфæуæг ахæм зымæгтæ,
Миты хуылфы ныгъуылд æмбæхст хæдзæрттæ.
Арты алфамбылай æмбырдæй бадгæ,
Цъæхзæрдæ-иу систæм, уалдзæг хъахъхъæнгæ.

Æфсадмæ цæугæйæ, ииуыл лæппутæ,
Сæ фыдмæ кæсгæйæ, хъару куы истой.
Хæдзары бадгæйæ, чындздзон чызджытæ,
Сæ мадмæ хъусгæйæ, зонд-иу куы айстой.

Алы бон хъæбултыл цинтæ чи кодта,
Мадæлтæ, фыдæлтæ, нана ‘мæ дада.
Хъазгæ ‘мæ худгæйæ цæргæ куы кодтой,
Сæ хъæрмуст къонаты цæмæн ныууагътой?

Бузныг куы уыдысты сæ цардæй адæм,
Иугæйттæ, дыгæйттæ цæуын райдыдтой.
Зæрæдтæ – фалæмæ, ногтæ – горæттæм,
Нæ хъæу нын бынтонæй равдæлон кодтой.

08.03.2018

НÆ ФЫЦЦАГОН ХЪÆУ (БОЗАТ)

Бозатмæ фæцæуæм æртын аз фæстæ,
Йæ уынды мондагæй фынтæ-иу уыдтам!..
Алы кæрт хæрзмарзтæй сыгъдæг къæсæртæ...
Йæ уынгты хъæлдзæгæй афтæ ныууагътам!..

Къæдзæхсæрау йæ уынд къамы хуызæн хъæу,
Æмрæнхъæй хæдзæрттæ дæсныйадæй конд!
Йæ къултыл чъырæй цагъд æнгæс аргæ нæу!
Ирон хъæуы цæрын цæй стыр амонд...

Нæ хъæуы кæронмæ бахæццæ стæм,
Уæртæ нæм разындис уæллаг суадон!
Цæй уемæ иумæйаг хор дзы ануазæм…
Кæд ма ссардзыстæм ай хуызæн æфсон!!!

Фыдæлты фæллойæ дыууæ суадон,
Иу дзы – хидæй фалдæр, иннæ – хъæуы сæр...
Къæдзæхы бындурæй гуыргæ уазал дон,
Йæ нуазын хæрзад мыдæй адджындæр!..

Уайтагъд бауадыстæм дойныйæ, фæлæ?!
Зæрдæ змæст хъуыдыйæ æмæ цы фенæм?!
Кæнæ кърузкæ нал и, къран сæфт дæлæ...
Нæ бæллицтæ састæй гъер ма цы кæнæм?!

Хъæумæ не 'рбацыдæй фæсмон ма фæуай!
Зæрдæйыл кæй дарæм æппын æнгæс нæу...
Æнæцар хæдзæрттæ, къултæ зæххы хай?!
Ныккæлинаг фæци нæ райгуырæн хъæу?!

Сидзæрæй ныууагътам нæ уæлмæрдты дæр?!
Уæ алфамбылаймæ джихæй ма кæсут!..
Сæ хуыссæн бынæттæй кæдма кæсынц гъер?!
Нæ хъæуы хъарæгы иумæ фæкæнут?!

28.05.2021

ТЫН

Хуры тыны æнхъæлæй
Сæрдыгон бон ныссалдтæн.
Цымæ дон нуазын, уыйау
Иудадзыг марг фæнуæзтон.

Куы дæ федтон, уæдæй ырмæ
Мæйы рухсыл сахуыр дæн.
Бауырнæд дæ, боныгон
Æнæ дæу талынджы дæн.

Æхсæв талынг у, фæлæ
Мæнæн мæ мæйрухс мемæ.
Æнæ фидæн фæкæсы
Иудадзыг мæ рудзынгмæ.

Куы дæ федтон, уæдæй нырмæ
Мæйы рухсыл сахуыр дæн.
Бауырнæд дæ, боныгон
Æнæ дæу талынджы дæн.

Уарзон мын куынæ фæуай,
Æмбалыл дæр разы дæн.
Уый дæр куынæ уа, уæд та
Ызнагыл дæр разы дæн.

Куы дæ федтон, уæдæй нырмæ
Мæйы рухсыл сахуыр дæн.
Бауырнæд дæ, боныгон
Æнæ дæу талынджы дæн.

Дæ зæрдæ дын курæг дæн,
Мæ æнæаргъ зæрдæйæн.
Æз – къуымбил, ды та – пирæн.
Иумæ ылхуый фæтулæм.

Куы дæ федтон, уæдæй нырмæ
Мæйы рухсыл сахуыр дæн.
Бауырнæд дæ, боныгон
Æнæ дæу талынджы дæн.

29.05.2021

ИРОН АГУРÆГ

Афтæ сдойны дæн ИРОНы уындмæ!
Ссарын æнхъæлæй агурæг фæдæн!
Мадæлон æвзагæй иу ныхас мемæ
Ироны къахдзæфыл нæма сæмбæлдтæн!

Горæты не ссардтон не ‘взагæй дзурæг?
Кæм сты Ирæттæ, цы фесты, цымæ?
Нæ Фыццагон хъæуы иу мур агурæг?!
Цымæ мæм дзурæг уа Иронау мæнмæ?..

Сæдæ азæй фылдæр мах хъæу уыд бæргæ...
Æхсай азы раздæр ацы ран цардтæн...
Иу лæг нæм рауади Иронау дзургæ!?
– Æз сымах фыдæлты фыййауы фырт дæн!

Иу сахат фæдзырдтам не ‘взагæй иумæ...
Ма фæкæуон, зæгъгæ, мæхи баурæдтон?!
Афтæ джих кæнинаг нæ фæкаст мæнмæ...
Фыццаджы фыййæуттимæ Иронау дзырдтон!

Мæхи ма ссардтон хъæды кæроны!
Бæлæстæ зæххы хай къодæхты къахынц!
Хъамболты суадон æртæхтæ кæны!..
Йæ кæлмхæрд бæлæгъы хæфсытæ уасынц!

Мæ бæллицтæ састæй гъер фæдзæгæл дæн!
Иронæй æнæ хай кæдæм ацæуон?
Мæ уынгæг хъæлæс мын хъусæг кæд уыдзæн!?
Къæдзæхæй дæлæмæ богъ-богъ фæкæнон!..

04.06.2021

ÆНÆДЖЕЛБЕТТ

Гъæй æнæджелбетт,
Ахъуыды кæн.
Ахъуыды кæн, æмæ
Дзыллæйы рыстæй
Дæумæ дæр исты бахъарæд.
Æмæ дæуæн дæр уæд
Дæхи хъарæг.
Кæнæ уæд та дын зарæг.
Æппын куынæ, уæд та
Дæ арвы нæрыны æмбал,
Тыхджын хъæлæсæй
«Гъæй мардзæ»,
Зæгъгæ, ныхъхъæр кæ,
Ыннæр.
Æмæ дын алчи
Фехъусæд дæ хъæр.
Кæд уыйас дæр нæ дæ,
Уæд дын зæгъын аккаг.

Дæ бæсты
Дур куы ныййардтаид
Дæ ныййарæг.

ХЪУЫДЫЙАГ НЫХÆСТÆ

Æмбарæг кæд ма уыдзæн Ирон æвзагæй!..
Фæсивæдæн амонæд дзурын бындурæй.
Сæ уидæгты кæй хæссынц сæ туджы кондæй!..
Хъуамæ нæм сдзурой Иронау ногæй!..

Фервæзынæн амал нæй дæ ныхы фыстæй!
Дзæгъæлы йын æфсонтæ ма агур стæй...
Мæлæт ауоны хуызæн зилы дæ фæстæ!
Хæйрæг дæ ма асайæд фæндаджы рæстæй!..

Тæргай лæууыны бæсты цæргæ фидыдæй...
Никæмæн æххуыс æрцыд знагæй мæстæй!?
Паддзахтæ куы фехæлынц дзæгъæлы хæстæй...
Мæгуыр хъуаг баззайы йæ гуырæн бæстæй!..

Иунæг хатт сайд æрцæудзæн гæды ныхасæй,
Æцæг куы райгом вæййы йæ фæсауонæй!..
Дæ фыдгул ма баззайæд æнæ фæкæсæгæй...
Йæ фесæфтмæ æнхъæлæг æгад цæрынæй!..

Ничи амарди ныртмæ фылдæр кусынæй!..
Фæлæ хæдзар фехæлы æнæуаг нозтæй...
Ницы баззайы къухы æхцайæ, фосæй,
Адæмæн хынджылæггаг æнæ бинонтæй!..

Искæм кæрдзын агурæг мæгуыр куы фенай,
Æххуыс ын кæнын, зæгъгæ, ма йæ бафхæрай!..
Уæдæ ма уый бынаты дæхи банымай...
Мæгуыр фылдæр фæриссы, ма ферох кæнай.

Фыццагоны лæппутæ иумæ æмбырдæй,
Цырыхъхъытæ æрттивгæ аив арæстæй...
Сæ цухъхъатыл бæрцытæ æмæ хъаматæ бастæй!..
Хъазты-иу кафыдысты афтæ æмрастæй.

08.02.2021

ХЪУЫССÆТЫ Мевлет

А-ЛО-ЛАЙ

Бабызы быззытт,
Гогызы гуыззытт,
Карчы къуыззытт,
Каркæн йæ лæппынтæ.
Æз та дын уæрæйда зæгъын,
Уæрæйдæ, уæрæйдæ.
Ноно лол-ла акæна,
Уайтагъд нын ахъомыл уа,
Æстыр буцæй фæцæра,
Йе ‘мгæрттæй ма фæхъæуа.
Астæунарæг гуырвидауц
Рæсугъд чынддзон чызг ауа.

Бабызы быззытт,
Гогызы гуыззытт,
Карчы къуыззытт,
Каркæн йæ лæппынтæ.
Æз та дын уæрæйда зæгъын,
Уæрæйдæ, уæрæйдæ.
Ноно лол-ла акæна,
Уайтагъд нын ахъомыл уа
Æппын æдас сæрибарæй фæцæра.
Йе ‘мгæрттæй ма фæхъæуа
Стыр номдзыд лæг ауа.

ГӔЛӔБАТЫ МУРАТ

Йӕ сабибонтӕ арвыста Алагиры ӕмӕ Хъӕдгӕроны, ӕмӕ йын дыууӕ бынаты дӕр тынг зынаргъ сты. Мадӕлон ӕвзагмӕ уарзондзинад ӕм стыхджын Алагиры 3-ӕм скъолайы, уый фӕстӕ йын ноджы уӕлдӕр срӕзыд 1-ӕм скъолайы.

2022 азы Мурат каст фӕци Хӕххон паддзахадон аграрон университет, ныр та ахуыр кӕны Дзӕуджыхъӕуы Гергиты Валерийы номыл аивӕдты колледжы.

«Алагиры уынгтӕ мын мӕ ныфс сфӕлтӕрдтой, Хъӕдгӕроны быдыртӕ мын радтой куыстуарзондзинад. Ирон лӕгӕн йӕ кад ма сӕфӕд, ӕндӕр цыфӕнды куыст дӕр мӕ сӕрмӕ хӕссын. Дзӕуджыхъӕу та мын радта бирӕ зонындзинӕдтӕ, ам райдыдтон аргъ кӕнын алы бон ӕмӕ алы уысмӕн дӕр», – зӕгъы Мурат. Мадӕлон ӕвзагмӕ йӕ цӕстӕнгас та мӕнӕ ацы хъуыдыйӕ равдыста: «Мӕ царды сӕрмагонд нысан у Ирыстоны хорздзинадӕн архайын. Тырнын мӕ фӕстӕ кады фӕд ныууадзынмӕ. Ахӕм фӕд та уӕд фӕзындзӕн, ӕмӕ Зӕххы къорийы кӕмфӕнды дӕр куы зоной, цы кадджын адӕм цӕрынц Ирыстоны ӕмӕ сын сӕ хъӕбатыр фыдӕлтӕ цы уӕларвон хӕзнатӕ ныууагътой, уый.

Ирон ӕвзаг у нӕ адӕмӕн сӕ туджы бӕрӕггӕнӕн, фыццаджыдӕр, йӕ руаджы бӕрӕг у, кӕй фӕдонтӕ стӕм, уый. Ирон ӕвзаг ӕмӕ литерӕтурӕйӕн цы кад кӕнын ӕмбӕлы, уымӕн ын йӕ хӕрзчысыл хай дӕр нӕ кӕнӕм. Сомбон ацы уавӕр хъӕуы аивын, уый та нын бантысдзӕн ӕмзонд архайды руаджы».

МАХ СИСДЗЫСТÆМ НÆ ТЫРЫСА

ГÆЛÆБАТЫ Мурат

НÆ ФЫДÆЛТÆ

Нæ фыдæлтæ тæппуддзинад нæ зыдтой –
Хъæбатыртæ, ныфсхаст.
Кæрæдзийы æфсымæртау рæвдыдтой,
Ызнагæн сæм нæ уыди барст!

Сæ барджытæ та дунетæн – хъуыстгонд.
Æхсарджын лæг фыдзаман дæр нæ сæтты –
Бæрзонд, рæсугъд æмæ хæрзконд,
Бынйл цагъд-иу фæкодтой знаджы ‘фсæдты!

Хæстон хотыхтæй тасхæссæг æфсадмæ
Уыди сæйрагдæр фат æмæ æрдын,
Зынг фаттæ-иу фæтахтысты уæларвмæ,
Ызнагыл-иу æрбатыхсти фыдфын!

Æнæгъдау уыд нæ фыдæлтæм æлгъаг,
Рæстдзинад та – хæрзиуæгыл нымад!
Сæ цард кæрæй-кæронмæ уыд фæндаг,
Сæйрагдæр сын уыди сæрибар æмæ кад.

Нæ фыдæлтæ сты не стæджы, нæ туджы!
Сæ кад æнустæм никуы уыдзæн рох!
Æмæ ызнаг куы ‘рбабырса нæ дуджы,
Мах сисдзыстæм нæ тырыса,
Æмæ ныццараудзæни «Тох!»

КÆРДÆГХУЫЗ ЦÆСТЫТÆ

Кæрдæгхуыз цæстытæ æз уарзын.
Сæ уындæй бафсæдын æппын
Мæ рæзгæ удæн нæу йæ бон.

Мæ къона, бахæрон дæ рын,
Æз дæн цæргæс, ды та мæ бæлон.
Зæрдæйæн бауромын уарзт,
Æвæдза, никуыд у йæ бон.
Фыццаг хатт дæ куы федтон, уæд æваст
Мæ цинæн нал уыди кæрон.
Ды дæ мæнæн мæ Бонвæрнон,
Дæ уæздан бакаст – адджын фын.
Нæ зонын æз, цы ма кæнон,
Мæ уд хъæрзы, фæлæ быхсын.
Дæ дзырд мæ зæрдæйæн у мыд,
Дæ кафтæй бафсæдæн мын нæй.
Мæ бæллиц у, цæмæй рæвдыд
Æз уон дæ уарзондзинадæй,
Цæмæй æмзондæй иумæ мах
Хæлар цард райдайæм кæнын.
Ды дæ мæ царды рухс цырагъ.
Мæ хур, дæ номыл ард хæрын.
Нæ цард æрвитдзыстæм, куыд кафт,
Нæ фезмæлд – рог æмæ уæздан,
Цыргъгонд – мæ цирхъ, хъæддых – мæ уарт.
Кæдфæнды дæр, цыфæнды ран
Нæ амонды сæрвæлтау æз хæцдзынæн.
Хъæру мын ратдзæни дæ уарзт.
Фыранкау размæ æз бырсдзынæн,
Знæгтыл калдзынæн мæ маст.

Рæсугъд чызгай,
Мæ цин, мæ фыдбылыз, мæ мæт...
Мæ дзырдыл ма фæу тæргай.
Зындон дæр демæ у дзæнæт.

ГУСАЛТЫ Барис

УÆЛДАЙ СУГТÆ

Не ’рвадæлты лæппулæджы йæ бинойнаг – ныр къуыри уа, дыууæ уа – бакъуымы кæны:

– Зымæджы уазал комулæфт нæма ахсыс æппын, уæд дын уый цавæр æнцад-æнцойæ бадт у? Ракур дæхи дæр иу боны æмгъуыдæй æмæ уæ «полутæркæ» дæр æмæ фæцу мæ цæгатмæ, уыдон дæр дæм фæкæсдзысты хус тæрс бæлæстæ сугæн калынмæ!

– Мæ сæр сисыны æмæ мæ мæ ныхы хид асæрфыны бон дæр куы нæй суанг ма хуыцаубонты дæр… Сæнæрттæй арт уал кæндзыстæм райдианты, стæй кæд февдæлондæр уаиккам нæ куысты – бирæ нын нал баззад радиойы телыхъæдтæ садзын æмæ сыл телтæ бæттын-ивазын.

Уæд та дын иу фæлмæн æрæгвæззæджы лæг изæрыгæтты фæскуыст здæхы хъæмæ сыхаг уынгты. Æмæ дын Хуыцау ахæм хорз ракæна: зонгæты хæдзары кæртыдуармæ уынджы хъентæ-ментæ калдæй дæвдæг хус сугтæ – раст сæ хъæдæй ласгæ не ‘ркодтаиккой, фæлæ сæ, сыгъдæгæй, мидæгæй феддæдуар кодтой, цыдæр архайды сæ хъыгдарынц æмæ…

Бахоста сын сæ кæртыдуар йæ амонæн æнгуылдзы хъæбæр тигъæй. Хæдзары хицау æм ракаст:

– Æгас нæм цæуай, ме ‘рдхорды чъепс! Мидæмæ…

– Йед у… Мидæмæ дæр – бæргæ, æвдæлы мæ, зæгъгæ, уæд, фæлæ ма уæ ацы сугтæ хъæуынц?

– Цы, цы?! Куыд загътай?! – æмæ фысымыл ахæм худæг бахæцыд, æмæ йын æвидауц дæргъвæтин ахаста. Суггур скатай, нæ йæ ахста йæ фæллад зонд, ахæм тъæнгтæлхынцъгæнæн, артæнтæхалæн худæгæй цы срæдыдис, уый.

– Уæ, Хуыцау дын ма уа, мæ рагон æмхæрд-æмнозт хæлары уафсхор! Нæхæдæг сæ нырма тæккæ æндæрæбон куы æрæмпъыхтам хæрæгуæрдонæй дывæлтæр цыдæй уартæ Мысыкæйы хъæдæй! Худæгæй мæ кæй амардтай, уый сæрмæ дзы, æккойæ цы фæразыс, уыдон ахæсс.

– Нæ, нæ! Уый та ома куыд? Нæ, нæ…

Фæраст сæхирдæм æмæ та-иу сагъæссагæй йæ фæхты хостау сæр банкъуыста йæхицæн дзурæгау, фæлæ хъæрæй дзырдта:

– Цынæ хуызæн мæгуыр у æвæрæз лæг, фæлæ йæ тыхст-уырыд

сахат та – бынтондæр. Æндæр уæдæ ‘мбисондæн дзуринаг цыдæр не срæцыгъэтон æцæджы хъуыддагæн, уæ сугтæ ма, дам уæ хъæуынц хъызтæй æртхъирæнтæгæнæг зымæджы къæсæрыл…

ХУРÆВДЫЛД ÆНÆНЫГУЫЛГÆ РУХС БОНТÆ

Кæд ма мæ сыхырна зæрдыл исты рæстмæ лæууы, уæд Эрнест Хемингуэй загъта афтæ:

– Жизнь – это прекрасные мгновения, которые запомнились (мæнæ афтæ сбæзза сæ тæлмац: нæ зæрдыл цы алæмæты уысмтæ бадарæм, цард уый у?)

Дæргъвæтин азтæ куы ацæрай, уæлдайдæр æнусы æмдæргъ бонгай, уæд бакъорд вæййынц уыцы «прекрасные мгновения». Фæлæ мæм дзы амæй-ай ирддæрты ‘хсæнæй зыны уыцы хурæфсæст сæрдыгон боны сызгъæрин рухсы тылд изæр…

Уæд мæ тæккæ цалцæггæнгæйæ уыдтæн мæ фыдæлон райгуырæн къæс. Нæ ракæсæн – бирæтæн стыр хæлæггаг фæз, нæууæмбæрзт. Куыствæлладæй кæртыдуаргæрон тъæпæнсæр егъау дурыл бадыс æмæ дзаг цæстæй фæлгæсыс Елберды обауы фале уæрæхæй айтынг Цæлыччы быдыры ‘рдæм æмæ зæрдæйыл æндзæвгæ ‘хсызгонæй æнкъарыс дыууæ-æртæ сæдæ километры дæрддзæфæй Хъаспы денджызы сатæг улæфт – рогбазыр уддзæф дæм æй хæццæ кæны.

Бадын уæнгвæлладæй нæ дурыл, мæ быны – бæмбæдджджыны зæронд дыдæгътæ кондæй. Уæдмæ мæ мад дæр йæ чысыл бандонимæ рацыд – хъуг дуцгæйæ йыл æруадзы йæхи. Ницы уыйбæрц ахадгæ ныхæстæ нын бантыст акæнын, афтæ дын дæлбылы стыр фæндагæй нæ цæхæрадоны гæрæны тигъæй махырдæм æрбазылдысты дыууæйæ: Хæблиаты Сафар æмæ йæ бинойнаг Лидæ.

Цинæфтауæг æнæхонгæ уазджытæ! Æнхъизгæ царды æнæнхъæлæджы бæрæгбон! Хур æмæ Мæй сæ бæрæг-бæлвырд æрвон фæндагæй æмцæдисонæй фездæхтысты æмæ – махырдæм! (Ставд ныхæстæ кæмæ фæкæсой, уымæн дæр йæ къуындæг зæрдæйы ахаст – йæхи…)

Рæстæджыты цæнды бын ныцъцъист сты уыцы Хуыцауы лæвар боны нæ фембæлды æууæлтæ, куыдтæ æмæ цытæ уыдис, уыдæттæ, фæлæ йæ рухс мæ уды баззади мæ царды кæронмæ (æрбаввахс), стæй ма Сафары ирон абрикосты æнæфæивддзаг ад дæр – ома мæнæ дагестайнаг æмæ сомихаг дæргъæццон абрикостимæ абаргæйæ. Ирон та

сæ уымæн рахуыдтон, æмæ хицæн кæнынц сæ хæрзадæй дæр æмæ сæ конд-сæ бакастæй дæр: сты нæрст, æмдымбыл, сырхбын дзыгъуыртæ фарсджын. Мæ комыдæттæ æруайынц, куы сæ æрымысын, уæд. Кæддæр нæхи дыргъдоны дæр бæргæ задысты, къорд бæласы сæ уыд Дзарасаты хорз Арсæмæджы кæрты дæр – мæ кæнгæ ‘фсымæр Кодзырты Юричы мады фыды... Æрмæст бирæазонтæ не сты се ‘рдзон уагæй.

О, фæлæ мын масты хъылмайы ад кæны куыд фыссæг, афтæ йæ хъысмæт Сафарæн. Кæд ма абон искæмæн зынаргъæй æмæ уды схъæрзты онг мысинаг у хиуæттæй фалæмæ, уæд цыма æрмæст Музафер æмæ мæнæн...

Уымæн цы дæсны сфæлдыстадон æрмдзæф ис, цы сойджын синтаксис, хъуыдыйады арæзт, цы табуйаг лексикæ, цы цæрæццаг фæлгонцтæ – æппæтæй дæр йæ фыстыхъæд ирон æвзаг æмæ литературæйы хæзнадоны рæбинаг æфснайды аккаг æмæ... афтæмæй та...

Æмæ ногæй-ногмæ хъæбæрцъар чингуытæй джиппы уадзинаг! Фæлæ йæ фыддæр бонтæм куы ‘рхауд ирон чингуыты рауагъдад дæр – хæсджынæй баззад типографитæй, æмæ йæм нæ хицауад дæр, цыма дзы йе ‘бæрæг маст исы, ахæм цæстæй кæсы. Амалхъомтæ дæр æм нырма чъылдымыздæхт сты. Æви рæдийын дыууæты тыххæй дæр?

Афтæмæй фидæн аз Сафарæн йæ 90 азы йæхи фæуыдзысты... мæрдтæм. Рохуаты Мæрдты бæстæм...

Мæнæ нæм иу бæрæг афонты-æмгъуыдты ирон æвзагæй диктанттæ фæкæнынц, дзыллæтыл аххæсгæйæ... Æмæ стыхсынц, уыдонæн аккаг тексттæ агургæйæ. Æз сын амонын Сафары чиныгмæ – «Дзæнæты маргъ». Иу-дæсæй дзы къаддæр нæ разындзæн уыцы хъуыддаджы дзы спайда кæнынæн бæззон æмæ ахъаззаг скъуыддзæгтæ. Зæгъæм, йæ 162 фарсыл: «Уалдзæг æмвæтæнæгæй лæгæрды» æмæ а.д.

Рохуатæн æвгъауаг фысджытæн сæ тæккæ æвгъауагдæртæй у Хæблиаты Муратбеджы фырт Сафар. Мæ хъаймæты ‘фсымæр.

ХЪУЛÆТТÆ ФАЗЗÆТТÆ

Мады гуыбынæй дæр, загъдæуыд, хъулон æфсымæртæ рантысы дунемæ. Кæд фаззæттæ бакастæй халæмдихтæ, хæрзæнгæсæнтæ вæййынц, уæд уыдон дæр сæ удысконд æмæ сæ зондахастæй фæйнæхуызæттæ рауайынц.

Уалдзæджы къæсæрыл не ‘рвадæлты лæг йæхицæн, кæй фенæниз, уыцы цины охыл цы куывд ныббаста, уый скодта. Хорз дзыллæ йæм

бамбырд – йæ циныл ын цингæнджытæ. Адджын-дзадджын минасы фæстæ куыд сыстадыстæм, афтæ дын, сæ сарайы сисрæбын хурварс лæууæг чызг-сылгоймаг дыууæ сабийы йæ уæраджы сæртæм рæвдаугæ куыд æрбахъæбыс кодта, уыцы нывмæ, зæрдæ бæрæгбонгæнæг нывмæ, фæкомкоммæ дæн. Зонгæтæй иуы афарстон:

– Кæд мæ мæ къуымæлхъæстæ цæстытæ дзæгъæл гæрах нæ кæнынц, уæд уартæ уыцы дыууæ зæды лæппыны фаззæттæ сты. Æви?

– Сты! Сты! Де 'фсымæртæ ноджы!

Мæнæ къуындзих, къозоты зад хуымы æмбыд къодах: нæдæр сын сæ мадæн арфæтæ ракæнынмæ фæрæвдз дæн, нæдæр уыцы удыгага сабиты барæвдауынмæ, нæдæр, кæй зæйц сты, кæй быдартæ, уымæй бафæрсынмæ фæцарæхстæн! Фæлæ 'фсæст мыстау нæхимæ фæлидзæг-фæцæуæг дæн. Æмæ чысыл фæстæдæр мæхицæн бынтон фенад дæн, ау, уый та куыд, ды та сæ уæд та ма ирон хус ныхæстæй æрлæгъзытæ кодтаис, зæгъгæ...

Бон цæуы æмæ – куывд, Зилгæйы хъæугуывды сахат æрхаста. Æмæ та дын мæнæ уыцы нывуæдыккон нывкарстæй! Фæрсын сын сæ мады æдылыдзæфы æнæджелбетт фарстæй (куыд нæ хъуамæ уайсада йæ хъæбулты фыды ном дзурынмæ!):

– Кæй фырттæ сты мæ фидæны уæйыг æфсымæртæ, кæй?

Сæ мады æмварс цы чызг лæууыд, дæс-дыууадæсаздзыд, уый мын цæттæрæвдзæй фæкодта:

– Уырызмæджы!

– Мæнæ нæ мыггагыл цы хорз æрцыд! Сæ мад-сæ фыды фæндиаг æнæсхъæрзгæйæ байрæзой æмæ сæ æцæг ирон лæгтæ куыд рауайа Хуыцауæн табуйæ!

Мæ дзыпмæ нывнæлдтон æмæ дзы дыууæ 'мхæст æхцайы гæххæтты систон – бадардтон сæм сæ радгай. Сæ иу æм лæбурæгау февнæлдта, иннæ дын æй исгæ дæр нæ, исгæ, фæлæ скуыдта стыр гагаджын цæссыгæй. Йæ гомхъуыр хæдоны йын æхца ныппæрстон. Æмæ дын уæд та афтæ ныййæлæлæй кодта, æмæ хорзау нал фæдæн.

Радтон сæ йæ мадмæ. Иннæйы тыххæй та мын чызг худгæйæ афтæ:

– Уый дæр йе 'хца раздæр радта йæ мадмæ, стæй сæ фæстæмæ бадомдта, æри, дам, мын æй фæстæмæ! Уыныс, куыд ыл ныддæвдæг йæ пятьсотыл...

Исдугмæ та кæсыныл фæдæн фаззæттæм. Иуы дзы иннæмæй сæ алы æддаг бакасты æууæлтæм гæсгæ нæ раиртасдзынæ, фæлæ...

Уæ Хуыцау! Дæ хæрзтæ-иу æмхуызон лæваргонд уæнт!

Ӕрмæст та цынæ ‘рцæуы царды тæссар-мæссар фæндæгтыл æмæ, ау, сæ иу гæртамуарз суыдзæн, иннæ та – Тебиаты Юрийау* æнæуæййаг сыгъдæг цæсгомджын?..

ӔЦӔДЖЫ ӔВДИСӔНДАР

– Уæд фестæм нывгæнджыты уæлдæр скъола Мæскуыйы. Ӕмæ ресторан «Арагви»-мæ æрбахуыдтам нæ ахуыргæнджыты – æппæт Советон Цæдисы нæ, фæлæ ма суанг дунейы мидæг дæр зындгонд академикты. Иуæй фæстæмæ – уый æгæр хæст уыд социалистон реализмыл æмæ нæ скæс нæ уагъта, уыцы уынгæг фæлгæты нын не сфæлдыстадон тырнæнтæ æлхъивгæйæ.

Ирон бæркадджын æгъдау сын равдыстам гуырдзиаг рестораны фынгтыл. Куыд вæййы бæрæгбоны фæткмæ гæсгæ, афтæ махæй дæр æнæвгъау феппæлыдысты, нæ фидæн Ирыстонæн тæхудиаг æмæ бæллиццаг кæй уыдзæн, уымæй нын ныфс æвæрдтой. Фæлæ та академикты астæу дæр иу «цæхгæрмæгуырд» разынд: сидты бар ракуырдта нæ фынджы хистæр Томскийæ, Николай Васильевичæй, æмæ телеграфон цыбырдым ныхасæй цæхгæр загъта:

– Кæд нæ академи æнтыстджынæй фестут, уæддæр нырма ничи стут! Амæй-ай сгуыхтдæр истытæ куы сфæлдисат, уæддæр-иу ма нысхъæл ут: ничи æмæ нырма ницы стут! Гъа, фæлæ уыл анонимкæтæ фыссын куы райдайой, уæд-иу æй зонут, гъеныр цыдæр кæй ахадут, уый! Иу ахæм хорз лæг дæр нæма уыд ныронг, æмæ Хуыцауы ‘фхæрд, сау æлгъыст хæлæггæнджытæ тугтæ кæуыл нæ мысыдысты, хицауады цæсты кæй не ‘фтыдтой сæ хахуырты бархъомысæй. Фæлæ, чи зоны, æмæ æз рæдийын: сымахмæ, Ирыстоны, сæрыстыр хохæгтæм, ахæм ницæйæгтæ нæй…

Ууыл йæ мысинæгты иу хал Дзбойты Михал фæцис æмæ нæм йæ цæстытæ фæзынг кодта, ома, дам, стыр худæг уæм нæ кæсы, академик нын, ирон адæмæн, цы аргъ скодта, уый…

---

* Юри куыста тæрхонгæнæгæй, стæй сси хъуыстгонд æвдакат. Гуырдзиаг æм йæ фатермæ бацыд баххуырсыны охыл. Ӕмæ йын афтæ:

– Дарагой Юра, ты дешевый, а не дарагой адвокат: у тебя в комнате одни книги...

ДЫУУÆ ИРОН ХЪÆБАТЫР ÆДЫЛЫЙЫ

Æгæр хорз дæр ма йæ хъуыды кæнын, æвæджиауы ирдæй лæууы мæ зæрдыл: уый уыдис 1966 азы, сæрды. Уый раззаг аз базонгæ дæн Æрчъегкаты Хасымел-Хасанимæ – Заманхъулы скъоламæ Таганроджы радиотехникон институтæй практикæйы ссыд физикæйы ахуыргæнæгæй нымад мæйты æмгъуыдмæ, æз та дзы уæдмæ дыууæ азы амыдтон уырыссаг æвзаг æмæ литературæ.

О, æмæ ныр сæрды бауынаффæ кодтам раздæр уал Сау денджызмæ фæцæуын, уырдыгæй та Азовы æдзæхх донмæ, ома Таганрогмæ комкоммæ – цæрдзыстæм дзы къуыри уа, фылдæр сæ институты æмдзæрæны. Дзæуджыхъæуæй автобусыл ацыдыстæм Тбилисимæ, уырдыгæй Сухуммæ – поездæй… Æллæх, уæлбæхæй иу ахæм хабар…

Райстай бæлвырд вагонмæ билет æд бæрæг бынат – бынтон дзæгъæлы: дæ бынатмæ нæ, фæлæ вагонмæ дæр тыхамæлттæй баирвæзтаис – уæдмæ йæ вагонгæс лæг æнæбилет бæлццæттæй байдзаг кодта, фæндаггаджы æхцатæ йæ дзыппыты ныннæмгæйæ. Гуырдзы уæд Советон Цæдисы арæнты мидæг уыд хицæн, суверенно́н, хæдбар паддзахадау – ахæм анекдот дæр-иу дзырдæуыд:

– Лабаракъос Тбилиси! Наш пъоезд отпъравляется из Грузии в Советский Союз!

Фæуæд уыцы кой. Æгъуыссæг æхсæв арвыстам æнуд æмæ цъистæй, афтæмæй райсом раджы уыдыстæм Сухумы. Дыууæ боны цыдæр афæстиат стæм мæ фыдыфсымæры уазæгуарзон хæдзары. Хасанæн горæт фенын кодтон йæ маймулиты æндарæнтимæ, нæхи дæр уæдæ куыннæ фæуæдæстам денджызы хъæрмуст доны, гъестæй вертолетæй ныттахтыстæм Туапсемæ (ам фыццаг хатт федтон уæладзыгджын агъуыстыты рудзгуытæ кæрдæгцъæх ахуырстæй, мæ зæрдæмæ фæцыд æмæ фæстæдæр Зилгæйы дæр мæ уаты дыууæ стыр рудзынджы афтæ сахуырстон…)

Хасанмæ, хæдæгай, уыд къамисæн «Зоркий», æмæ-иу æй арæх æркъæпп-æркъæпп ласта, фæлæ нæ иуахæмы стыр фыдæрцыды амæттаг фæцæйкодта – уый тыххæй фæстæдæр…

Денджызмæ рацыдыстæм фысымуатæй нæхи найынмæ. Горæты хæд раз доны уæлцъар нефтæй хъулæттæ дары – кæддæриддæр ам рейды иу къорд стыр науы фæлæууы, се ‘хсæн – нефтьласджытæ дæр, æмæ ден-

джыз уыдон чъизибын кæнынц. Ацыдыстæм уырдыгæй дæлдæр сыгъдæг пляжмæ. Былгæрæттæ алы кары адæмæй нæ зынынц – чи дзы тæнджыты цъыллинджытæ-ленчытæ кæны, чи дзы йæхи хурмæ сауæвзалы скæнынмæ архайы, змис æмæ суанг ставдссад хуырыл (щебенкæйыл) хуысгæйæ.

Уалынджы дын!

Бантысти та Хуыцауæн æрдзæн ахæм сылыстæг сфæлдисын, зæды фисынтыл-нывтыл æй скæрдын æмæ дзы зæхх æмæ арвы фидауц рауайын кæнын!

Чызг…

Цæугæ нæ кодта тæккæ былгæрæтты, цæугæ, хинайæн фæлысты, фæлæ – симгæ, тасгæ-уасгæйæ. Æнахъинон хæрзконд æмæ бæрзонд, зырнæй зылдау аив даргъ къæхтæ йын (уырысы загъдау, от самых ушей), нарæг астæу, нывылтæ фæтæнсин, ноггуырд сабийы æхсырæй æфсадæн дзаггомау риутæ (лæг йæ зыддæр, кæрæфдæр цæстытæ уæдæ цы буары хайыл æрæвæры!) Æмæ йæ цæсгомæвæрд та? Йæ цыбырæлвыд саудзыкку сæрæй сæрджын сагау хъазгæ цыд, æппындæр фæрсырдæмты нæ кæсгæйæ – айдагъдæр размæ, далæ къæдзæх йæ ных денджызы кæм æнхъæвзы, æмæ уый та, ома чызджы, фæстæмæ разилын кæцæй хъæудзæн, уырдæм.

Æз – цы, кæд æз дæр дæлæмæдзыд æмæ фыдамад-фыдкæндтытæ нæ дæн фæрæтæй амадау, уæддæр?! Фæлæ Хасан!.. (Уæх, рухсаг уай, рухсаг, Æрчъегкаты цæхæрцæст гуырд!..)

Фæлæ Хасан – бæзæрхыгтæ, хорз рæз схæссæг, саджы æмбисонды фæзминаг-бæллиццаг фисынтыл амад, æрмæст йæ мидбылты хæлар бахудт дæр – чызджы цæстыты рухс æмæ йæ амондæн табутæгæнæг зæрдæйы тæхудиаг сой!

Куыннæ йын хъуамæ нæ систаид йæ къам алырдыгæйты дæр! Стæй дын йæ размæ фегуырд арвæй зæхмæ радзæгъæлуæвæг рæсугъдæн æмæ йын зæрдæлхæнæн мидбылхудгæйæ афтæ:

– Сколько лет, сколько зим я ищу тебя! А твоя мама тоже, наконец-то, дождалась того, кого столетиями желала себе в зятья!

Йæ сæрыл уæлдæр схæцыд Дзылаты алæмæттаг рæсугъд æмæ дын, раст æм цыма Хасанмæ æргъæу мæсыджы уæллаг рудзынггондæй кæсы, уыйау… Нæ! Хуыздæр абарст мæм ахæм кæсы: раст цыма гогыз бындзмæ зулаив цæстæй кæсы, афтæ ‘ркаст ирон сахъгуырдмæ бæрзондæй ныллæгмæ:

– Это моей маме самой давно надобен в мужья точно такой залежалый джигит, как ты!

Ӕмæ дарддæр асимдта.

Ууыл хъуыддаг фæсыкк йæ тæккæ гуырдзыл. Дыккаг бон уыдаид æви чысыл фæстæдæр, уымæн йæ бæлвырд нал лæууы мæ зæрдыл (уæддæр та 56 азы, кæд иу бонау афардæг сты, уæддæр сæ бирæ æдзардты цард-цæрæнбонтæй фылдæр схонæн ис…) Гъемæ дын ай та Таганрог, ай та уæзбын Азовы денджызы хинайæн-пляж. Ӕмæ… æмæ…

Ӕмæ цы чызджы бæрджытыл фæдзырдтон уалæ уæлдæр, уыдонмæ ногæй æркæсут. Уый та уымæн, æмæ дын уартæ йæ фаззонау халæмдих чызгыстæг уый цыдæй æрбацæуы!

– Уый уа, æви… æви? – Хасан фæуыргъуыйау, фæлæ уæддæр йæ къамисæн хуымпъырæй систа.

– Нæу, – зæгъын æз. – Ай бурдзалыг у, стæй йæ дзидзитæ уыйонтау зæу-зæу нæ кæнынц, æндæр сæ лæг фæивддзаг кæнид, фемхæццæ…

– Риутæ! Уый дын йед… кæд мын дзидзидай нæ дæ! – Ӕмæ йæ «Зоркий» къæпп-къæппыл сси, æрмæст бирæ нæ ахаста йæ нывкæнынад: кæйдæр фæтæн арм ын йæ объектив ахгæдта фæрсырдыгæй. Хасан, раст цыма стæгдарæй нæ, фæлæ лæзгæртæ-гайкæтæй конд у æмæ йын сыл згæ схæцыд, уыйау уыцырдæм уæззаугай, раст æнæсæрст уæрдонау хъинцытæгæнгæ, аздæхт: ныллæджытæ, фæтæнуæхск æмæ домбæйттæ арæзт æрыгон лæппу йæм æдæрс цъæх цæстытæй налатæй кæсы.

– Сперва убери ка свои грабли. А теперь проясни свой подвиг: ты кто и что? – Хасан йæ сæр фæрсмæ ‘ркъул кодта.

– Никто и ничто…

– Ага, и звать тебя никак, и уши твои холодные, да? А тогда…

Нæ йæ бауагъта уырыссаг ныфсхаст гуырд дарддæр дзурын:

– А тогда, чу-чумек, не фоткай нашу девушку!

– Чью вашу?

– Не твое, чернозадый, дело.

– А у тебя он белее? – Хасаны хъæлæсы уаг нæ ивы, кæд мæм диссаг кæсы, уæддæр нæ рафыцы, нæ мæсты кæны.

– А это завтра выясним…

– А это как? Какою такою то есть манерой?

– А приходите завтра к восьми вечера к Чеховскому парку на разборки, если от мандража не захвораете «медвежьей болезнью».

– Ага, значит, завтра, в восемь вечера, значит, у парка культуры и отдыха имени Антона Палыча Чехова? Так? – Хасан ахæм хъæлæсы уагæй дзуры, цыма, рагæй нырмæ цы бонæн куывта, уый æрцыд кæдæй-уæдæй.

– Точно!

– Мы не заставим себя ждать твою… твою кодлу! Ведь ты же не один припрешься.

– Там видно будет, – сказал слепой…

– Я слышал, – сказал глухой…

Уæдæй нырмæ сæм мæ ныхас баппарыны фæлтæрæнтæ цалдæр хатты скодтон, фæлæ та мæм-иу Хасан йæ дынджыр арм фæхъил кодта фæуромыны охыл – мацы, дам, зæгъ.

Бар-æнæбары сагъæссаг фæдæн: ай цы уа махæн бынæттон лæппутимæ? Цыдæр дуэльгонд? Уырыссæгты хъæуккаг хыл «стенка на стенку?» Æмæ ‘рмæст нæ дыууæ цæй «стенка» стæм иу къорды-кодлайы ныхмæ?!

Фæлæ йæхи мæ мидхъынцъым уæлæмæ ‘рмæстдæр æмдзæрæны суагъта, фæлæ дын Хасан, цыма мæ хъусгæ дæр нæ кæны, уыйау кæрды:

– Æз зонгæ студент лæппутæй фæйнæ дыууæ карды райсдзынæн – «финкæтæ» дæр сæм, чи зоны, æмæ разына æмæ уæд…

Æз нал фæлæууыдтæн:

– Фæйнæ дыууæйæ та цы кæнæм?

– Кæрæдзимæ чъылдымыздæхтæй слæудзыстæм æмæ фæйнæрдæм рæхойдзыстæм, чи нæм лæбура, уыдоны!

Æрæджиау мæм иу фæзилæн, цъысымаг уавæрты фæзилæн диссаг фæкаст: фæрсгæ дæр мæ нæ бакодта, æз сомизæр йемæ мæлæтдзаг тохмæ рацæудзынæн æви куыд, зæгъгæ.

– Фæлæуу-ма, Хасан-Хасымел, дæ фæллад бæхыл кæдæм дугъ кæныс! Уæд та мæ ‘фсоны фарстæн бафарстаис, къахæгау-сгарæгау, æз райсом уыцы тохæрцыды фембæлдмæ демæ цæдисонæй рацæуинаг дæн, йе та куыд, зæгъгæ…

– Ды ма фæцу æмæ ма ‘рцæуыны фæндагыл, фæлæ æз… Æз та, цалынмæ ирон дæн, цалынмæ фарныхъæуккаг дæн, уæдмæ фыд æмæ стæгæй конд лæгæй фæтæрсинаг нæма дæн. Зилгæйæгтæ дæр цыма сæхи ирон хонынц, стæй сæ тæппудæй дæр куы нæ зонын, – æмæ мæ йæ хъамылы тигры кæрдæгцъæх цæстытæй рæхойы.

Ахæм патетикæ ис йæ рæбыны, уый æнхъæл ын нæ уыдтæн, уымæн æмæ йыл фидаугæ дæр нæ кодта, фæлæ цард ахæм арæны хаххыл куы 'рлæууы, уæд лæг дæр цæмæ нæ фергомыздæхт уыдзæн!..

– Хорз, æнæмæнджы ирон. Фæлæ дзы мæ галиу къухы кард ничердæм хъæуы: кæддæр иу кадæджы кастæн, зæгъгæ, зондджын-фендджын лæг кæсгон æлдары фæдзæхста Уæлладжырмæ стæры фоскæнды бацæуынæй, уыдон, дам, хъамамæ афтид армæй лæбурынц, гъемæ сæ нæ басæтдзынæ, зæгъгæ. Æз та ахæм зондыл хæст дæн – мæхи æрхъуыдыйæ! – æмæ лæгæй-лæгмæ кардæлвæст тугхæссæг хæцæны размæ мæ галиу къухыл мæ фындзыкæлмæрзæн стухин æмæ дзы ме знаджы рæтъузæн кард ацахсин, стæй йын уæд мæхионæй йæхи барæтъузин.

– Бæззы дæ хъуыды дæр, фæлæ уæддæр æз мæхи фæндыл цæуын. Гъемæ уал ды дæхи æруадз æмæ хуыррыттæй фынæй кæн, æз азилон лæппутыл – циу, цы хабар у, уый та сын, ай-гъай, нæ зæгъдзынæн: æфсадхон нæ дæн…

Дæхи, дам, æруадз æмæ, дам, тарф фынæй бау æмæ хуызджын уæрæхформатон фынтæ уын мæнæйуый! Кæд ын хæстыты не схъомыл дæн, не сфæлтæрдтон!

Сбон ныл. Æризæр стæй. Мæнæ паркмæ бацæуæн. Стæм цæуджытæ уынджы. Бынтон æнгом нæ, фæлæ уæддæр кæрæдзимæ чъылдымыздæхтæй лæууæм æмæ хъахъхъæнæм зæрдæхсайгæ фæсивæд лæппуты.

Сæр куыддæр æмыр къодахау цыма у, нæй дзы алы фæллойаг сагъæстæ-хъуыдытæ-хъынцъымтæн бынат, æрмæст дзы иу хатдзæг ныффæрск, ныссагъд: мæн дæр амардзысты, фæлæ уал дзы æз мæ разæй искæй æнæ барвитгæ нæ фæуыдзынæн, уымæн æмæ мæ къæбуты 'рдыгæй цæфæй хизы Хасан – æз уый куыд хизын, афтæ. Куыддæр æгъдауæй мæ зæрдыл имам Шамилы карз ныхæстæ 'рбалæууыдысты: «Цы уыдзæн æмæ куыд уыдзæн йæхи хъысмæт, ууыл чи хъуыды кæны уынгæджы сахат, уый лæг нæу!»

Цæст йæхи гуырысхогæнгæйæ никæуыл къуыры, уартæ уый цыдæр тæссаг æууæлтæхуыз у, зæгъгæ. Фараст сахаты фердæг сты. Нæдæр знаджы ехсы дзæхст, нæдæр йæ хæстон бæхы хуыррытт: тызмæгæй сдзурæг нæм нæй, нæй нæ уæд та ма дурадзагъды бын фæкæнæг дæр – æппынфæстаг.

Стæй дын парчы бæлæсты ауонæй йæхæдæг разынд, уæнтæхъил æмæ нæм сæркъулæй æрбаввахс, зæгъы:

– Молодчаги вы, ребята. Не струсили. А вот мои кенты включили задний ход. Здесь недалеко ресторан – впрочем, вы это сами знаете наверняка. Приглашаю…

– Ладно, в другой раз, – æмæ Хасан бахудт. – Когда ты со второго захода позволишь вволю нафоткать ту королеву пляжа…

Чи уыдыстæм уæд мах – Хасанбег-Хасымел æмæ æз – чи?.. Радзырды сæргонды хъайтартæ?

IRON! БОКС!

Цымæ ма æндæр цавæр спортивон цауы сæраппонд фæкæнин мæхи зонгæ-зоныны æгъуыссæг, æхсæвы 2 сахатæй боныцъæхты 4 сахатмæ фæбадгæйæ?

Бынтон æнæнхъæлæджы базыдтон, уæд цы 'рцæудзæн, уый: телевизоры алы каналтæ фæлдахын æмæ 'рхæццæ дæн «Матч-боец»-мæ. Кæддæриддæр мæ зæрдæ фехсайы, Гасситы Мурат цы бацис, уымæ. Æмæ дын дзы хъусынгæнинаг, ахсæв, дам, уый хæцдзæн (4 сентябры) дæрдтыл зындгонд боксер Денис Лебедевимæ!

Мæ цæхгæр фæдзæхст мæхицæн: ма бафынæй у!

Рингыл æндæртæ сæ кæрæдзи ахъаззаг хойынц. Уалынджы дын мæ зæрдæ фæкъæпп ласта, ном «Георги» куы айхъуыстон, уæд. Стæй та йæ мыггаг дæр нæхион – Челæхсатæй! Æмæ дын ноджы фæуæлахиз йæ ныхмæ рацæуæгыл! Гъæй, æнæкъуылымпы уа йæ фæндаг иу уæлæхохæй иннæмæ, зæгъгæ йын мæ арфæ.

Мæнæ ног ныхмæлæуæджытæ: сæ иу – нигерийаг, иннæ – урслагъз. Уæууа! Дыуучæ минуты дæр æххæст нæма рауад фыццаг раундæй, афтæ йын йæ ных Африкæйы минæвар бамыхъхъ ласта æмæ йæ афæндараст кодта нокаутмæ…

Мурат æмæ Денис æнæхъæн 12 раунды куыд фæтох кодтой, уый тыххæй лæмбынæгæй, ай-гъайдæр, газеттæ фæфысдзысты. Æз та-иу, куыддæр Муратмæ Денисы æрмыкъух бахæццæ, афтæ схъæрзæгау кодтон. Мурат æм дзы-иу куы балæвæрдта, йæ тыхджын цæф-иу бынатыл куы сæмбæлд – мæ цин-иу раст цуаноны цинау уыд, йæ амæттаг сырды чи сæргъæвта, ахæмы срæмудзгæ цин. Иуахæмы та Денисæн, нокдаун циу, уый дæр Iron базонын кодта, йе спортивон царды йын æй фыццаг хатт бавзарын кæнгæйæ, йæ игæр ын ахъаззаг

куы бацавта, уæд. Тæккæ уыцы уысм гуырысхо нал кодтон, Мураты къух кæй сисдзæн уæлахизы бæрзæндмæ рефери, ууыл.

Цы хорз цин кодта Мурат, цы хиуылхæцгæ æмæ цы зæрдæхæлар цин! Ома састы бынаты бахауæг Денисмæ зæрдæхæлар цæстæнгас даргæйæ.

Æппæт дæр – хорз уал. Фæлæ мын сæрыстыры хос æмæ мын сæйраджы-сæйрагдæр та уæлдай æхсызгон уыдысты боксхæсты комментаторы ныхæстæ, цытæ дзырдта, уыдоныл йæхæдæг дæр дисæй куыд мард, уый:

– Мурат, Гасситы гуырд, æрмæст æвæджиауы тыхджын нæу, бызсаг, фæлæ ма у æнахуыр уæздан, хиуылхæцгæ, æфсармджын, ринджы чи никуыма сæмбæлд, уый хуызæн кæй никуыма никæй фендæуыд, ахæм фырнымд тохгæнæг, раст джентылмен!

Æвæццæгæн æй ирон адæм дæр уæлдай хъулон уарзтæй, уыцы сурæт-фæлгонцы йæ уынгæйæ, уымæн уарзынц.

Амондджын уой йæ дарддæры царды фæндæгтæ дæр æмæ спорты дæр æцæг iron – хъару æмæ ныфсæй æфсæйнаг, йæ алы æгъдауæй та абонау æцæг фæзминаг ирон!

ИРОН ДÆР – ДАЛЫС ÆМÆ КÆСГОН ДÆР – ДАЛЫС

Сæ иу – Джери. Сæ иннæ – Джерихан. Æмæ уым уадиссагæй ницы ис: далæ Ног Бæтæхъойыхъæуы Цъыккаты хæрз æфсымæртæй сæ иу Борис хуындис, дыккаг та, кæстæр, – Борик. Рухсаг уæнт дыууæйæ дæр, адæмы рæгъмæцыдтæ уыдысты…

О, æмæ Джери хъиу-хъиу сисы:

– Хæст – уæд хæст! Æндæр, дам, йед… Уæззау, хæстон сæрмагонд операци!

Æмæ йæм уæд Джерихан æлхыскъгæнæг æвзагæй фæвæййы:

– О, мах æмхуызонæй стратегтæ стæм, глядя на бой со стороны. Руставелийы загъдау…Нæу хæстау хæст, нæу: нæ йæм хъуыстай Путинмæ, мы, дам, еще не начинали, зæгъгæ. Карк, дам, гагагай уидзы.

– Æмæ уæд цы уаид? Йæ карзæй куы райдаиккам хæцын, уæд?..

– Уæд сармадзантæ нал ‘взариккой сæ нысæнттæ хæдзарæй хæдзары ‘хсæн, нал ауæрдиккой хуымæтæг адæмыл ома; хæдтæхджытæ хъæутæ æмæ горæттæ кæниккой «ковровые бомбардировки», танчытæ сæдæгæйттæй афсæриккой размæ, æппæтдæр сæ быны ссæндгæ…

– Ӕмæ, уартæ НАТО æмæ Амырык сæ хæцæнгæрзтæ цы арæнты сæрты æфсæнвæндæгтыл æрвитынц, цы аэродромтæ æмæ станцæтыл, уыдон дæр дæрæнгонд цæуиккой рагацау, и?

– Бæгуыдæр.

– Ӕз ма цы хуызы фæвæййын Путины фарс мæхимидæг, уый дын зæгъон, Джерихъо?

– Гъа-ма!

– Лæгау лæг у! Ӕндæр уæдæ куыд ницæмæуал æрдардта, Англисæй, Францæй, Германæй, Амырыкæй, алы Японтæ-йедтæй цы зæгъдзысты-кæндзысты, уый. Стæй ма кæмæн уыдис фæзминаг йæ рæстæджы, уый дæр дын зæгъон?

– Зæгъ…

– Сосойæн! Уый Жуковы коммæ куы бакастаид, давай 1940 азы, дам, нанесем по Гитлеру превентивный удар, упреждающий, зæгъгæ, уæд… уæд…

– Ӕниу Петр Первыйы зонд куы райстаид, хыл кæй уыдзæн, уый дæ дыууæ цæстæй куы уынай, уæд фыццаг дæхæдæг ахъаззаг цæв, зæгъгæ, науæд…

Джери ын йæ ныхас алхынцъ кодта йæхирдыгонау:

– Науæд, Бесойы сахъ фырт, хæсты фыццаг бонты дын фашист дæ хæдтæхджытæй мингæйттæ зæххыл ныффалгæрон кæндзæн, нымад мæйтæм дын де ‘фсæдтæй милуантæ уацары райсдзæн, сæдæгай минтæ та, æрхъулайы бахаугæйæ, сухты цагъд фæуыдзысты…

– Ӕмæ уæдæ, дæумæ гæсгæ дæр, Путин раст у?

– «Кинжал»-ы фатæй растдæр! Кæд уымæн дæр уæвæн ис, уæд.

– Ӕз та ма йын цы зонд бацамонин, хъусæг мæм ис, зæгъгæ, уæд… Бить по штабам дæр – о, фæлæ «Альфæтæ» æмæ «Вымпелты» десант æркалин Киевы æмæ, сæрхъиппау йæхи чи дары, уыцы æнахъинон уирагæн йæ коммæгæс дæлдæртимæ уартæ афгайнаг Амины хал ахæрын кæнин, сæ къухтæ куынæ схенде хох кæниккой, уæд.

– Разы у ме штаб дæр демæ, Джерихан! Фæлæ ма æз мæхи афтæ дæр бафæрсын: æмæ Путин комкоммæ йæхицæн исты агуры æмæ истæмæй тæрсы? Кад, намыс хъуаг нæу, нæу зæххытæ, дæттæ-хæхтæ хъуаг дæр, уæдæ хъæбатырæй дæр æхсарджын у, фæлæ йæ мæт, куыд егъау бæстæйæн дзуапдæттæг, ууыл уыд, æмæ цæмæй Украинæ та æцæг абон-райсом фидæны бынтон бандеровон-фашистон цыдæр

ма суа, æргом знаг, Уæрæсейы хæрзæбон рагæй дæр кæй нæ фæнды, уыдонæн цумайы атомон лæдзæг æмæ йæхæдæг дæр тугмондаг уисæнгæнæг. Ома не ‘фсымæрæй нын цыфыддæр знаг ма рауайа, йæ зонд ын нырыккон наци-гитлертæ бынтон куы ныггалиутæ кæной кæддæры немыцау, уæд.

– О, зæрдыл-иу, сæ факельный шествитæм кæсгæйæ, Михаил Ромм цы кино systа, «Обыкновенный фашизм», зæгъгæ, уый сценæтæ ‘рлæууыдысты. Æппæт дзыллæтæ дæр цæмæйдæр азимаг вæйййынц, æндæр уæдæ куыд быхстой украинæгтæ алы «Азовтæ»-йедтæн, аст азы хæстæн Донбассимæ, цы цæсгомæй хуыдтой сæхи Хъырым дæр. Стæй, уæвгæ дæр, Путины загъдау, кæд уыд урс паддзахы заман ахæм хицæн бæстæ – Украинæ? Йед, дам æй схонут, Украина имени Ленина, уымæн æмæ уый уыд уæ саразæг! Уæрæсейы зæххыты хардзæй…

– Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр зæрдæ риссы, уыдоны фæсивæд дæр æмæ махонтæ дæр цагъды кæй кæнынц, ууыл.

– Риссы, о, уæдæ нæ риссы. Æрмæст та махонтæ рæстаджы хъуыддаджы сæраппонд хæссынц сæ сæртæ нывондæн, фаллæгтæ та фæлывд сты, уымæн æмæ мах уыдоны нывыл цард дæр фæнды, æцæг æфсымæртау куыд уой, афтæ…

– Диссæгтæ-‘мбисæндтæ, Джерихан: ды дæр далыс зæгъыс æмæ æз дæр. Кæд нын фæйнæхуызон хъулæттæ-мулæттæ далыстæ сты, уæддæр. Хуыздæр зонд æрцæуæд, Хуыцау, Дæ фæрцы кæмæ хъуамæ ‘рцæуа, уыдонмæ!

ЗИЛГÆЙЫ УÆЙГУЫТÆ

Кæй зæгъинаг у, Ногир зын амбулæн у бæгъатырты нымæцæй, фæлæ дзы уæддæр нæ хъæу дæр фæстæзад нæу иуæй иннæ домбайдæр лæппутæй… Иу хъæуккаг диссаг ма: Карабахаг чысыл хъæу Чардахлыйæ рацæуæг сты маршæлтæ Ованес Баграмян æмæ Амазасп Бабаджанян, стæй цалдæр инæлары...

Ирон адæмæн суарзон кодта йæхи æцæг уæйгуытæ конд æмæ арæзт Дзарасаты Саукуыдз. Къорд азты йæ Советон Цæдисы мидæг уæгъдибар хъæбысхæстæй ерысты фыццаг бацахсын нæ уагъта æрмæстдæр гуырдзиаг богал Арсен Мекокишвили, фæлæ фæстагмæ уæддæр 1960 азы Саукуыдз афтыд, йæхицæн фæндаг айгæрста

Олимпаг хъæзтытæм Ромы. Æмæ фæуæлахиз уыдаид немыцаг Дитрихыл, суыдаид олимпаг чемпион, æнахъинон æгъдау куынæ уыдаид хъæбысхæсты тæрхоны, уæд.

Нал æй хъуыд, сыгъдæгæй фæуæлахиз уа йæ ныхмæхæцæгыл, уый – фаг ын уыд фыццаг бынат бацахсынæн хæрæгсаст дæр (ничья). Фæлæ уæддæр тырныдта уыцы Дитрихы сбынæй кæнынмæ, йæ уæнтыл æй æрæвæрынмæ, æмæ йæ йæ сæрты куыд æппæрста, афтæ йæхæдæг йæ уæнтæй гауызыл андзæвыд.

Æрмæстдæр андзæвыд!

Йæхæдæг андзæвыд, Дитрихы хъаруйæ нæ, фæлæ!

Æмæ – фæхæрд… Æрмæстдæр æм 3-аг бынат æрхауд. Гъемæ йын йæ кæуындзæг ныхæстæ горæты Проспекты кæрон мæхи хъустæй фехъуыстон – иу хицаугонд лæгæн дзырдта, куыд тезгъо кодтой афтæ:

– Тынг æнамонд гуырд фæдæн, тынг! Æндæра…

Абон дæр мын риссы йæ дудгæ-араугæ рыст. Рухсæгты рухсаг уа!

Стæй ма æдзардтæй дæлдæр кæй æрымысон хорзæй, уыдоны бынат дæр барджынæй – æнусты рухс дзæнæты…

Камбилеевкæ иронау у Хуымæллæджыдон. Афтæ мæм дзуры мæ «этимологон» зæрдæ, цыма уыцы ирон номы транскрипци «камбилей» у – ома, уырыссаг æвзаг æм куыд тасыд, афтæ йæ схуыдтой…

Гъемæ Цæугæдон (нæ хъæу æй афтæ хоны) зилгæ-здухгæ дыууæ дихы кæны Зилгæ, йæ астæуты кæлгæйæ. Ис дзы цалдæр хинайæны (уыдис, йæ дон цалынмæ цыдæр хъылмайы смаг нæ райдыдта, уæдмæ). Сæ иу – Бæтæгаты Бын. Ам-иу сæрдыгæтты æрæмбырд сты лæппу фæсивæд, сæхи дæр-иу надтой чысылтæ лакъон доны, былгæрон змисыл дæр-иу сæ тыхтæ ‘взæрстой, æвдыстой сæ арæхстдзинад хъæбысæй хæцынæй.

Чи фæрæзта ныхкъуырд дæттын Саукуыдзæн йе ‘мгæрттæй, ноджы уæдмæ уый сæрмагонд ерысты дæр æнтыстджынæй архайдта. Фæлæ дын иуахæмы йæ лæф-лæф ссыд алы хуызты дæр цæттæ богалæн: Мырзаты Дзанте, ныллæджытæ, цуркамадау гуырд ын, марадз-зæгъай, æмæ кома æрбырсын. Æмæ уæд кæмæн – Сау-куыдз-æн!

Акодта йæ йемæ горæтмæ, бахуыдта йæ богæлтты скъоламæ. Æмæ рацæй-рабон: Дзанте Ирыстоны сси фыццаг «Мастер спорта СССР» уæгъдибар хъæбысхæстæй! Суанг ма-иу карджынæй дæр фесгуыхт стыр ерысты, фæлæ трагикон рауад йæ царды æнафоны кæрон: нæуæдзæм æлгъыстаджы азты йын йæ иунæг фырты «раз-

боркæты» амардæуыд, æмæ Дзантейæн уæлæуыл цард ад нал кодта – барæй-иу фæндаджы хæрз кæрæтты цыд, кæд мæ машинæйæ сцавдæуаид, зæгъгæ, æмæ, æцæгæйдæр, разынд иу ахæм «хæрзгæнæг» шофыргонд…

Домбæйтты-домбайдæртæй уыд Дзгойты Доттан дæр. Къабазджынтæ, бирæгъы нуæрттæй æнæбасæтгæ сфæлдыст, æрмæст йæ тыхджын, стæвдтæ бæрзæй дæр – фæлтæрд богалы бæрзæйау. Ком нæ лæвæрдта уый дæр йæ хæрз æмгар Саукуыдзæн, фæлæ йын не сразы хъæбысæйхæцæджы фæндаг равзарыныл, мæн, дам, Хуыцау æмæ мæ фыд уый охыл нæ рауагътой дунемæ, цæмæй æз кæйдæр – мæ тæригъæды иу хуызы дæр чи нæ бацыд, – уый уæнгсæстытæ кæнон бар-æнæбары дæр!..

Кот та (Борыхъуаты Батраз) мæхи фæлтæрæй уыд, стæй – ме ʻмкъласон. Æцæг домбайæн куыд æмбæлы, йæ туджы ахастæй, йæ удыскондæй йын куыд æмбæлы, афтæ зæрдæхæлар. Æфсæддон сси, афицер. Йæ цард æрвыста Тамбовы горæты – булкъон, йæ фыд Мæхæмæты ʻфсымæр Ахмæт æй «асайдта» уырдæм.

Æнтыст ын уæгъдибар хъæбысхæсты, фыццаг бынат цыма иу хаттæй фылдæр хæттыты ʻрцахста Советон Цæдисы Гæрзифтонг Тыхты ерысты спорты алы хуызтæй. Ирыстонмæ арæх æфтыд – хатгай-иу богæлтты ныхмæлæуды тæрхонгæнæджы хуызы дæр.

Иттæг тыхджын спортсментæ уыдысты Æлбегты Гермæн, Сидахъаты Къæбыла, Кодзырты Юрик. Уæдæ æнæхъæн Ирыстонæн стыр цин балæваргæнæг Сидахъаты олимпаг чемпионы кой нал кæндзынæн...

Фарон уыдаид, æндæраз, афтæ дын Зилгæйы цыдæр циндзинады мæ цæст иу кæстæриуæггæнæг æвзонг лæппуйыл куы ʻрхæцид. Уæйыджы лæппын дæр ын бахæлæг кодтаид йе уæнгты æвæрдмæ!..

Фæрсын мæ рагон зонгæтæй иуы:

– Кæмæй у уæртæ уыцы цæсты рухс гуырд?

– Дзарасатæй…

– Æмæ?..

– Хæцы хъæбысæй, хæцы, районы ныридæгæн нымад у, фæлæ дарддæр цæмæй ацæуа, уымæн та, дам, æхца хъæуы æмæ, – мæ зонгæ йæ къухтæ æнæбоны лæгау фæйнæрдæм аппæрста.

Амалджынтæй уон, хъæздгуытæй, ракæл-ракæл чи кæны, уыдонæй уымæ никуы батæхуды кодтон, бабæллыдтæн, фæлæ мæм уæддæр

тынг хардзау, тынг æфхæрдау æркæсы, æмæ уал æмæ уал азы фæцæр, фæкус, фæфæллой кæн, æрмæст дæ фадат та уый ма амонæд, æмæ уæд та ма иу срæзинаг курдиаты фарсмæ цæмæй балæууай æххуысхъомæй, фæкæсынæй æм цæттæйæ…

Хорз, æмæ нæм ахæм амалджынтæ-амондджынтæ дæр ис, фарнæй хъулон хайджынтæ…

Таурæгътæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ баст кæимæ вæййынц, ахæм лæгтæ дæр, æвæццæгæн, разындзæн алы ирон хъæуы дæр. Æмæ Фидараты Баттæйы тыххæй цы фехъуыстон æвзонгæй, уый мæ зæрдæйæ цард-цæрæнбонты нæ рох кæны. Стæй мын-иу уыйадыл æдзухдæр йæ уынд æхсызгон уыд.

Иу дзæбæх бон та – уæдмæ Баттæ нымаинаг карджын зæронд лæг, – сæ кæртыдуармæ бады æмæ мæм дзуры, салам ын куы радтон, уæд:

– Æрбалæуу-ма мæм, Мустæйы фырт, хæстæгдæр.

Дыууæ – ‘ртæ санчъехы йæм бакодтон…

– Гъы, цыдæр ахуыргонд, дам, сдæ?

– О, цыдæр…

– Газеты дæр цыдæр кусыс?

– О, цыдæр…

– Гъемæ дын æй æз æнæкъæм æргом æмæ комкоммæ зæгъын: куыдфæнды уæд, цыфæнды уæд, æмæ ды та цæсты ахадгæ цыдæртæ уай, уæддæр дæ фыд Мустæйæ лæгдæр не суыдзынæ! Уый кафт, уый зард, уый цы цуанон уыдис, уыдоны сæрты уæлахиз фæлысты акæсæн нæй!

– Ома, Баттæ, æз уымæ тырнæг дæр куынæ дæн! Ма йын фегад кæнон йæ ном, зæгъгæ, æрмæст ууыл куы у мæ сагъæс.

– Гъемæ – маладес!

– Уæдæ дæ æз дæр, Баттæ, иу цæмæйдæр хъуыддаг фæбæлвырд кæныны охыл бафæрсон?

Фестæгау кодта йæ мидбынатæй:

– Гъа-ма, гъа!

– Йед у… хъусгæ йæ фæкодтон, зæгъгæ, дам, ды иукæддæр дæ тæккæ лæппуйы заман…

– Гуырдзиаг цирчы гуырдзиаг богалы ныббырстон, мæ быны йæ скодтон, и?

– О, о!

– Уыди! Цы уыди, уый уыдис. Зилгæйæ цалдæр лæппуйæ горæтмæ ацыдыстæм цирк фенынмæ. Диссæгтæм дзы кæсæм. Уæд дын

сæ хъæргæнаг зачъеджын-рихиджын цъæррæмыхст иронау дзуры: «Мæнæ нæ богал рацæудзæн æмæ йемæ хъæбыс-хъæбысæй чи рахæца æмæ йын абырсын, айдагъ абырсын дæр чи нæ бакома, уымæн гуырдзиаг ахъаззаг сæны чысыл боцкъа æмæ уырдау нард уæрыкк æнæхъæнæй физонæггондæй. Сбырса нæ богалы, уымæн та йæ кой дæр нæй, ахæмы фаг хæрзиуæг агургæ дæр нæ кæнæм æмæ нæ рæбыны зынгæ дæр нæ ракæндзæн! Чи уæ хæссы, ирæттæ, ардæм рацæуынмæ йæ ныфс?»

Мæ фæрстæ мын дыууæрдыгæй сцъæхтæ кодтой дæ фыдыфсымæр Бæбо, Азиаты Бобо æмæ ма немæ чидæр уыд, чидæр. А, Болиаты Чермен, дæлæ фæстагмæ киеваг куы бацис… Бахæсс-ма, дам, дæ ныфс æнæтыл богалмæ дæр, нæхи, дам нын дыгæйттæй дæр куы ‘рдæргъ кæныс зæххыл!

Цы гæнæн ма мын уыдис, стæй сæн дæр æмæ уæрыччы физонæг дæр фæндаггæрон махмæ ‘нхъæлмæ кæсгæйæ нæ лæууынц мæнтæджы сыфты æмæ пысыраты бын бындзыты мæстæй марынæн. Мæ рон нылвæстон куырисбастау, феппæрстон мæ къогъодзитæ æмæ бæгъæмвадæй схызтæн сæ йедмæ… сæ арæнмæ.

– Аренæмæ.

– О, аренæмæ. Ныр гуырдзиаг – къæдзæхы ‘мбис, стыр къæдзæхы, йæ гуыбын та æнæтæлы боцкъа. Тыхтæй-фыдтæй йын æрхæцыдтæн йæ астæуыл æмæ йæ афтæ ‘рбалхъывтон, æмæ раст йæ фæрсчыты къæс-къæс ссыд, стæй дын фыццаг йæ уæрджытыл æрзоныг, уый хæдуæлвæд та – далæ мæрдон дæргъæу адаргъ. Кæд ын тæрсгæ нæ фæкодтон! Фæудаист дæн, о...

Ныр адæмы араллойæ, се ‘мдзæгъдæй, æвæццæгæн, хъæды бæлæстыл иу цъиу бадгæйæ нал баззадаид. Гъе, афтæ, хорз Мустæйы æбæрæгхуыз фырт.

– Æмæ йед та…

– Сæн æмæ уæрыкк?

– Сæнмæ ма иу боцкъа бафтыдтой, уæрыкмæ та хъыбылы физонæг – уый та, дам, дæ чырыстон æрдхæрдтæн, кæд дын ахæмтæ дæр ис, уæд.

Физонæг дæм, сырх сæн дæм парахатæй уæд, алы цæхджынтæ æмæ хъацæнтæ, ‘ндæр чырыстон уа, цигайнаг уа, уæддæр дын æмвынг æмбæлттæ æвæстиатæй разындзæн…

Август – сентябрь, 2022 аз

ЦÆГÆРАТЫ Созырыхъо

ЗОНД ХИСТÆРÆЙ, КÆСТÆРÆЙ НÆУ

Иу уæлыгæс йæ фырытæ аскъæрдта хъæугæрон хуымгæрсты, йæхæдæг фæззыгон уазалы уыгæсы рæбын батымбыл. Фырытæ уайтагъд апырх сты. Кæсы лæппу – сæ рæзты саргъы бæхыл æрбацæуы иу урсзачъе зæронд лæг. Дзуры йæм:

– Бахатыр кæн, зæронд лæг, кæй дæм уæндын, уый... Мæ фырытæ мын раздах, æмæ дын бацамондзынæн, æцæг æмæ мæнджы астæу цас ис, уый.

Барæг, кæй зæгъын æй хъæуы, рамæсты, фæлæ ницы сдзырдта. Йæ маст куы атад, уæд та йæм ахæм хъуыды 'рцыд: «Бавзарон, кæддæра, цы зæгъид ацы гыццыл лæппу».

Бæхы сæр фездæхта æмæ фырыты лæппуйы цурмæ 'рбатымбыл кодта. Дзуры уæлбæхæй:

– Зæгъ ныр, æцæгæй мæнджы астæу цас ис, уый.

Лæппу йæ цыппар æнгуылдзы йæ рахиз цæстæй йæ рахиз хъусы астæу авæрдта æмæ дзуапп радта зæронд лæгæн:

– Хъусæй кæй фехъусай, уый у мæнг, цæстæй кæй фенай, уый у æцæг: æцæгæй мæнджы астæу ис цыппар æнгуылдзы.

МÆСЫГАМАЙÆГ

Куырттаты комы царди иу дæсны мæсыгамайæг. Уый Хæрисджыны Гуытъиатæн, Цгъойтæн æмæ Зигатæн цы мæсгуытæ самадта, уыдон абон дæр ма дисы 'фтауынц адæмы.

Таурæгъ та йыл ахæм баззад.

Иухатт, дам, мæсыгамайæгмæ фæсхохæй фæцис хонæг. Идæдз кæй уыд, уымæ гæсгæ дзуапп радта йæ уазæгæн:

– Фæлæуут уал... Æххæст ма мæнæ мæ сидзæрæн хъуыддаг бакæнон. Уый фæстæ уæм зындзынæн...

Фырт куы бахъомыл, уæд ын фыд иу ранмæ усгур фæцыд. Ныхас ын радтой чызджы бинонтæ, æмæ сæм æртыккаг бон фидауджытæ барвыста.

Фидыды фæстæ та чындзæхсæв сарæзта.

Мæй куы рацыд, уæд та сын сæ дуар бахостæуыд:

– Цæй, ныр та ма мын цы 'фсон кæныс?

– Ницы, – дзуапп радта лæг æмæ йæ фыртимæ абалц кодта фæсхохмæ.

Калоты хъæуæй куы федде сты, уæд лæг дзуры йæ фыртмæ:

– Охх, охх, бафæлладтæн! Тагъд, бæх мын!

– Кæцæй дын æрхæссон æртæ хохы астæу бæх? – дзуапп радта фырт.

– Уæд та мын æмбал ссар...

– Æмæ дын æз æгъгъæд нæ дæн æмбалæн? Цæй æмбал ма дæ хъæуы?

Зæронд лæг ницыуал загъта, раздæхт фæстæмæ æмæ чындзы арвыста йæ цæгатмæ.

Иуцасдæр куы рацыд, уæд та ацыд æмæ йæ фыртæн дыккаг ус æрхаста.

Ацард та уыимæ дæр мæй, стæй уæд йæ фырты хъусы бацагъта, ныр нын афон у цæуынæн, нæ дзырд æххæст кæнынæн, зæгъгæ.

Цæуынц, цæуынц æмæ та хохрæбынмæ куы бахæццæ сты, уæд та зæронд лæг домын райдыдта:

– Бæх мын!

– Æмбал мын!

Нæ та бамбæрста лæппу йæ фыды ныхæстæ, æмæ та фыд раздæхт. Дыккаг чындзы дæр та арвыста йæ цæгатмæ.

Æртыккаг ус куы 'рхаста йæ фыртæн, уæд чызг лæппуйы фæрсы:

– Уæ хорзæхæй, адæмы 'взарын сымахмæ кæсы? Цæмæн арвитут уæ чындзыты?

Æмæ йын лæппу радзырдта:

– Мæ фыдимæ араст вæййæм балцы фæсхохмæ, куыддæр хохрæбынмæ бахæццæ вæййæм, афтæ йæхи аппары уæлгоммæ æмæ куы бæх фæагуры, куы 'мбал. Æмæ йын сæ кæм ссарон æртæ хохы астæу?

Чызг бахудт æмæ йæ лæгæн зонд амоны:

– Уæдæ ма-иу афтæ бавзар: ацы хатт ма дын бæх, зæгъгæ, куы зæгъа, уæд ын-иу йе 'рчъитæ йæ къæхтæй феппар, сæ фæсал сын-иу ракал æмæ-иу сæ 'нгом барæхс. Ныккæн-иу сæ ног фæсал æмæ сæ афтæмæй скæн дæ фыды къæхтыл. Æмбал дæ куы агура, уæд та-иу ын лæдзæг ракæн æмæ-иу ын æй йæ къухты фæсадз, кæддæра ма дын цы зæгъид.

Фыд æмæ та фырт ногæй куы абалц кодтой, уæд ын ус куыд бацамыдта, лæппу афтæ бакодта. Фыд фæхъæлдзæг æмæ дзуры:

– Гъеныр цом, лæппу, нæ хæдзар дзæгъæл нал у, нæ фæндаг – тæссаг.

Хур нæма аныгуылд, афтæ ныххæццæ сты сæ хонæджы хæдзармæ æмæ æмбойны балæууыдысты мæсыг амайыныл. Цас рæстæг рацыд, Хуыцау – йæ зонæг! Фæлæ куыст кæронмæ куы фæцæйхæццæ кодта, уæд лæг бадзырдта фысыммæ, нæ мызд нын, зæгъгæ.

Уый йæ кард адау-адау систа мызд дæттыны бæсты.

Цы базонын ма хъуыд фыд æмæ фыртæн, марынвæнд сæ кæй скодтой, уый. Æмæ уæд фыд дзуры хæдзары хицаумæ:

– Тагъд-тагъдæй мæ мæсыгбарæнтæ нæхимæ баззадысты, æнæ уыдонæй та куыстæн фæуæн нæй. Ауадз нæ иу-дыууæ боны нæхимæ.

– Нæ, нæ! Уымæн гæнæн нæй! Зæгъ, кæм сты, уый æмæ сæ мæнæ нæхицæй исчи сдавдзæн.

– Иу лæг сæ не сфæраздзæн, дыууæ дæр чысыл сты... Æртæ сæм арвитут.

Барæнхæсджытæ цæуынæввонг куы систы, уæд сæм зæронд лæг ноджыдæр дзуры:

– Хæдзар фæдзæхст у, мæ хуртæ, фæлæ-иу чындзæн уæддæр зæгъут: гал æмæ, зæгъ, уæныг баст сты, фæлæ-иу хъомты дæр æдде ма ныууадзæд!

Ууыл фысымты лæппутæ араст сты мæсыгамайæджы хæдзармæ.

Чызг сыл бацин кодта, суазæг сæ кодта цæхх-кæрдзынæй. Стæй сæ уæд фæрсы:

– Цы уын бафæдзæхстой нæ бинонтæ?

– Мæнæ нæ æртæйæ рарвыстой мæсыгбарæнтæм.

– Æндæр уын ницы бафæдзæхстой?

– Цæуылнæ... Дæуæй уымæн, дам-иу, зæгъут: «Гал æмæ уæныг баст сты, фæлæ-иу уыцы хъомты дæр æдде ма ныууадзут».

– Хорз, – загъта чындз, – уыдонмæ та ма сæ зæрдæ цы 'хсайы? Барæнтæ уæртæ мæсыджы сты, уæхæдæг сæ рахæссут.

Мæсыгмæ куы бацыдысты æртæ лæппуйы, уæд сыл чындз æдде дуар æрæхгæдта æмæ сæм дзуры:

– Гал æмæ уæныг кæд баст сты, уæд хъомтæ дæр конд сты!

Хъуыддаг фæсхохы куы бамбæрстой, уæд мæсыгамайджытæн сæ мызд радтой æмæ сæ сæ хæдзармæ рауагътой.

Лæппуты дæр уæд суæгъд кодтой.

Æвæдза, ам чындз нæ сарæхсти, зæгъгæ, уæд фыд æмæ фырт фесæфтаиккой.

СИДЗÆРЫЛ ДУР ХÆРДМÆ ТУЛЫ

Цымытийы царди сидзæр лæппу – Талханаты Дзагго. Кæмæн фыййау цыдис, кæмæн хъæддзау, афтæмæй æрвыста йæ бонтæ.

Уалынмæ фæуæлахиз советон хицаудзинад, æмæ лæппуйæн йæ цард йæ гаччы сбадт: радтой йын зæххы хай, хосгæрст; уæдæ йæм æхцайæ дæр фæкастысты, цæмæй фос æмæ кусæнгарз балхæдтаид, уый тыххæй.

Гъа, гъеныр цæрын байдайа, зæгъгæ, афтæ йыл йæ сыхаг хъæздыг лæг Æгкацаты Малсæг æрдау кодта, Дзагго мын ме 'ртæ фысы адавта, зæгъгæ. Хъæуыхицау Гаппойы фырт та йыл йæ бæхты сæфт баххуырста. Фæсидтысты лæппумæ къæнцылармæ.

Дзагго загъта:

– Æз ницы кодтон, ма мыл даутæ кæнут. Сидзæр дæн, æмæ мæ мæ мæгуырыл уадзут.

Фæлæ йæ уæддæр хъæуыхицау æрцахсын кодта, æмæ йын стæрхон кодтой æртæ азы.

Иухатт куы уыд, уæд ахст адæмы кусынмæ ракодтой Джызæлы бынмæ. Дзагго уырдыгæй алыгъд.

Хабар кæмттыл куы айхъуыст, уæд Малсæджы бын дон бацыд, йæ маст мæ исдзæн, зæгъгæ, æмæ милицæимæ йæ размæ бабадт. Куыддæр лигъдон Тæгæрдоны былмæ бахæццæ, афтæ йæ Малсæг къутæрты ауонæй рагæрах кодта æмæ йын йæ цонг фæцæф кодта. Дзагго уæддæр ахсын нæ бакуымдта. Иуцасдæр фембæхст Хъæриуы хохрæбын (Дурджыны). Уым йæхи дзæбæх кодта алыхуызон хосы кæрдæджытæй. Куы фæсæрæндæр, уæд та 'рцыдис Цымытимæ æмæ йæ фыдæлты мæсыджы бамбæхст.

Мæсыгæй хорз зындис Æгкацаты Малсæджы кæрт. Дзаггойы тæссæй Малсæг æдзухдæр кусгæ-кусын йæ разы дардта сывæллæтты, кæд мæ не 'рбахсид, уыдонæн тæригъæд кæнгæйæ, зæгъгæ.

Иухатт та Малсæг йæ кæрты дур хуынкъ кодта бырауæй. Сывæллæттæй куы фæцух, уæд æй Дзагго æрбахста æмæ йæ фæд-фæдыл дыууæ цæфы фæкодта.

Уый фæстæ Дзагго сырдтимæ бацард æмæ сырды митæ кæнын байдыдта. Адæм æм сных сты. Милицæ йæ фæдыл зилын байдыдтой æхсæвæй-бонæй.

Иухатт куы уыд, уæд та Дзагго æрцыд Къадатмæ, йæ мадырвадæлтæм. Бамбæхст мæсыджы, милицæмæ фæхабар чындæуыд, æмæ йæ æхсын байдыдтой.

Уæд Дзагго, Къадатæн йæ галиуварс цы лæгæтын фидар ис, уырдæм аивта йæ дарæн. Уырдæм та фæндаг кæуылты цыд, уый Хъулатæ

‘мæ сæ хæрæфырттæ йеддæмæ ничи зыдта. Милицæ æрхатыдтой Хъулатæм:

– Раттут уæ хæрæфырты, ницы йын кæндзыстæм.

– Хорз, кæд Хуыцауæй ард хæрут, уæд, – загъта Таучелон æмæ йæ кæлмæрзæн фидары бын аппæрста, Дзагго, рахиз, зæгъгæ. Уæд Дзагго дзуры Таучелонмæ:

– Дæ хатыр сын уæд, дзыцца, æндæр сын æз, лæг цы у, уый фенын кæнин, мæн æнæ азымæй мæ цæрæн бынатæй чи фæхауын кодта, уыдонæн.

Стæй ма уæд йæ ныхасыл бафтыдта:

– Æцæг афтæ: кæд мæ ахсджытæ сæхи хъæбатыр хонынц, уæд сæ ардæм исчи рацæуæд. Ам баныхас кæндзыстæм. Æцæг, æнæ гæрзтæй. Аппарæд сæ нæууыл.

Милицæйы хицæуттæ – Тотийы-фырт, Гутыны-фырт, Джыгкайы-фырт – кæрæдзимæ бакастысты.

– Хорз... Фæуæд афтæ дæр, – дзуапп радта æппынфæстаг Джыгкайы-фырт æмæ йæ рон æд маузер зæхмæ аппæрста. Дзагго асинбæндæн æруагъта, æмæ уазæг ууыл схылд фидармæ.

Бирæ фæныхас кодтой, стæй уæд кæрæдзи фæдыл æрхызтысты фидарæй. Джыгкайы-фырт йæ дзырд сæххæст кодта: Дзаггойы аластой горæтмæ æнæ иу тызмæг ныхасæй. Уым ын ногæй стæрхон кодтой æмæ йæ этапæй Сыбырмæ ахастой. Куы суæгъд, уæд йæ райгуырæн хъæумæ нал сыздæхт. Ус ракуырдта æмæ Сыбыры баззад цæргæйæ.

ÆРТÆ ГÆДЫ ЛÆДЖЫ

Цъамадаг Цъингуыр, Донысæйраг Хнеу æмæ Уыналы Гыбыто цардысты Уæлладжыры комы. Ныццыдысты Куырттаты коммæ, гæдыдзинад ахуыр кæнынмæ. Куы-иу Дæллагхъæуы уыдысты, куы – Гулийы, куы – Дзывгъисы. Рафт-бафт кодтой хъæутыл. Ахуыр кодтой гæдыдзинад, фæлывд æмæ сайыныл.

Иузаман Дзывгъисмæ ныццыдысты, гæдыдзинадыл сæ чи ахуыр кодта, уый хæдзармæ. Лæджы нæ баййæфтой йæ хæдзары. Æфсин сæ мидæмæ бахуыдта, фынг сын æрæвæрдта. Æмбисхæрдмæ куы бахæццæ сты, уæд гæды лæгтæй иу дон ракуырдта. Ус дон къусы рахæссы, уый куы бамбæрста, уæд афтæ бакодта:

– Мах къусæй нæ нуазæм, тæбæгъы нын рахæсс дон.

Ус хъæдын тæбæгъы ныккодта дон æмæ сæм æй авæрдта. Гæды лæг тæбæгъмæ кæсы æмæ цары ауыдта фæхсынтæ (хус дзидза) æмæ афтæ бакодта:

– Гъе, гъе...

Иннæ та загъта:

– О, о...

– Гъемæ хорз, – загъта æртыккаг.

Уыйадыл сыстадысты, раарфæ кодтой æфсинæн æмæ ацыдысты.

Гыццыл фæстæдæр хæдзары хицау æрхæццæ хъæдæй сугтимæ.

– Ничи мæ агуырдта? – фæрсы усы.

– Дæ гæды æрдхæрдтæ ам уыдысты, – загъта ус.

– Æмæ цы загътой?

– Ницы, доны тæбæгъ бацагуырдтой, æмæ, нуазгæйæ, сæ иу загъта: «гъе, гъе», иннæ – «о, о», æртыккаг та «гъемæ хорз», – уыйадыл сыстадысты æмæ ацыдысты.

– Де 'дылы сæр дын рачынди, нæ ус, дæ фæхсынтæ дын давынмæ хъавынц, æмæ сæ æрæмбæхс.

Æрæхсæв. Давджытæ цармæ бахъуызыдысты, кæсынц æмæ дæлындыгæттыл (хъайванты бын цæхгæрмæ рейкæтæ уагъд цары, æмæ уыдоныл каутæ дзидза хус кæнынмæ) каутæ афтид. Гæдыйы уаст кæнын райдыдтой. Ус йæ хуыссæнуаты фехъал æмæ сæм дзуры:

– Цит, бындары гæдытæ фæут! Дзидзатæ æргъæу чырыны, чырыныл гуыдыр æвæрд, дæгъæл мæнæ мæ гоппы къæдзилыл баст.

Уыйадыл фæстæмæ афынæй. Давджытæ æрхъуызыдысты, дæгъæл райхæлдтой æмæ фæхсынтæ ахастой. Иуцасдæры фæстæ лæг фехъал æмæ дзуры усмæ:

– Кæимæ дзырдтай, кæ, усай!

Ус ын дзуапп дæтты:

– Уый мæнæ гæдытæ уасыдысты æмæ, зæгъын, дзæгъæлы уасут. Дзидзатæ сты æргъæу чырыны, чырыныл – гуыдыр, дæгъæл мæнæ мæ гоппы къæдзилыл баст.

Лæгæн ма цы бамбарын хъуыд, йæ фæхсынтæ йын кæй ахастой, уымæн. Йæ дзаумæттæ акодта æмæ сæ талынджы мæйрухсмæ уайтагъддæр баййæфта. Давджытæй иу иннæмæ дзуры:

– Ды дæр ма сæ адав, бафæлладтæн, – æмæ сæ иннæмæ авæрдта. Уый та сæ иннæмæ авæрдта. Æртыккаджы фæстæ йæхи цæуæг акодта

хæдзары хицау. Давæг йæ хæссинаг уый бар фæкодта, ныр та сæ ды адав, зæгъгæ. Хæдзары хицау талынджы йæхи фæиуварс кодта æмæ амбæхсти. Къæрныхтæ кæрæдзимæ куы ‘ркастысты æмæ куы федтой, фæхсынтæ нал сты, уæд ма йæ цы базонын хъуыд, ахуыргæнæг сыл хинæй кæй рацыд, уый.

Расырдтой йæ, бацыдысты фæстæмæ хæдзармæ. Ус фæхсынтæ аджы ныккалдта æмæ сæ фыцы. Æртæ æрдхорды скъæтмæ бацыдысты æмæ дыгæрдыгæн йæ хурх сыздыхтой. Уый ныммехъхъ кодта. Лæг æмæ ус скъæтмæ куыд фесты, афтæ къæрныхтæ агæй дзидзатæ авгæдтой æмæ лидзгæ.

Хæдзары хицау зыдта, ацы хатт сæ цыд зæппадзмæ кæй уыдзæн æмæ хæстæгдæр фæндæгтыл сæ разæй фæци æмæ уæлгоммæ ахуыссыд, дзых ныххæлиу кодта, дæндæгтæ – зыхъхъыр.

Давджытæ бахызтысты зæппадзмæ.

– Мæнæ дзы иу ног мард дæр ис, – зæгъгæ, бакодтой. Йæ дæндæгты ‘хсæн ын мыдадзын цырагъ æрсагътой æмæ минас кæнынмæ бавнæлдтой.

Мыдадзын цырагъы тæдзынæг лæджы хъæлæсмæ куы ныххауд, уæд «уæлхъ», зæгъгæ, ракодта. Къæрныхтæ фæтарстысты, мард райгас, зæгъгæ, æмæ алыгъдысты. Лæг дзидзатæ амбырд кодта æмæ хæдзары балæууыд.

Гæды æрдхæрдтæ нал уæндыдысты сæ ахуыргæнæгмæ. Лæг сæм йæхæдæг арвыста, рацæут æмæ сауджыны æхца адавæм, зæгъгæ. Ацыдысты сауджыны хæдзармæ. Æдде иуы гæс сæвæрдтой. Ахуыргæнæг уæрммæ ныххызти, дыууæйæ та уæле хъахъхъæнынц. Лæг æхцайы голлаг слæвæрдта, иннæйы та йæхæдæг ныббырыд. Голладжы комыл ныххæцыд æмæ дзуры давджытæм:

– Дзæбæх æрæвналут, ацы голлаг уæззау у.

Давджытæ йæ фæуæлбыл кодтой æмæ уæрмыл дур ныффæлдæхтой, ды та уым лæуу, зæгъгæ. Сæхæдæг голджытæ аккой кодтой æмæ хъæууынгты æрцæуынц. Хъæуы куыйтæ сæ расырдтой. Голладжы скъуыдæй къах æрзæбул. Ахуыргæнæг хъæр кæны:

– Уæлдæр мыл схæцут, куыдз мын мæ къах хæры!

– Ай та нæ фыдбылыз ам куы ис, – зæгъгæ, аппæрстой голджытæ æмæ лидзæг фесты.

ХЪАУЫРАТЫ Дауыр

ЦАРДÆЙ ИСТ НЫВТÆ

«Нæ гыццыл Ирыстон мын арвайдæн у... Мæ райгуырæн хъæу Зæронд Бæтæхъо та – мæ рагбонты авдæн. Уалæ-иу «Зорыхъойы Рагъыл» зарæг куы систон, уæд мæ далæ «Къохы Цæгаты» азæлд фæзмыдта... Бирæ азты дæргъы бызаузилæгæй фæкуыстон – агуырдтам æмæ-иу ссардтам Ирыстоны алы кæмтты æвдадзы хос суартæ. Сæрыстыр ма дæн ноджы уымæй, æмæ мæ райгуырæн хъæуæй кæй рантыст таурæгъты дзуринаг балхон Иссæ, Адæмон артист Бибо æмæ Адæмон поэт Камал. Цымыдисаг хабæрттæ бирæ æрыхъуыстон. Мæ зæрдыл ма дзы цы бадардтон, уыдон уын рафæзмдзынæн...»

ЗАУЫРЫ КУЫЙТÆ

Бадзайты Зауыр – зæрондбæтæхъойыхъæуккаг – йæхи хорз федта тохъхъылы фыдæй... Гæдымæ дæр дзы нард хай æрхауди. Стæй ныххуыссыд, бухъхъытæ кæнгæ. Хъырна гæды йын фæлмæн хуыссæнты зарыд-хъырныдта... Йæ дыууæ цъæх куыдзæн та къах – сæ роны! Ферох сæ кодта æнæ æхсæвæрæй... Ууыл уыдон дæр хуымæтæджы тæргай фесты сæ хицаумæ! Уæдæ дын селфусга гæды хъахъхъæнæд ахсæв дæ хæдзар... Æмæ æнцад-æнæмæтæй къутуйы бын бафынæй сты.

Хæдзары хицау Зауыр та сæ хуымæтæджы ныфсджын уыдис. Хъæуа-нæ хъæуа-иу адæмæн æппæлыд:

– Мæ куыйтæн сæ рæйын – арвы нæрдау! Халон сæ нæ кæртмæ батæхын нæ уæнды...

– Ма зæгъ, Зауыр! Давæджы чи баурома, ахæм куыдз нырма куыдзæй нæма райгуырд, – дзырдтой йын бæргæ ныхасы адæм.

Æмæ сæ дзырд иу мæйдар æхсæв æрцыдис. Райсомæй раджы кæртмæ рахызт Зауыр æмæ сагъдауæй аззад: Барбос æмæ Хыбырс, сæ раззаг къæхтыл – сæ сæртæ, афтæмæй «хуыррыттæй» фынæй кодтой... Халон сын йæ даргъ бырынкъæй сæ бындзытæ суры. Ныр сæ хицауы уынæрмæ базмæлыдысты. Сæ раззаг къæхтæ йын авæрынц йæ риуыл. Цыма йын афтæ зæгъынц «Æри дæ къух, Зауыр! Дæ фосæй æнæмæт сдæ. Фаджыс мæрзын дæ нал хъæудзæни». Скъæтмæ бакаст

Зауыр, æмæ йæ зæрдæ бамæгуыр и: налдæр дзы – хъуг, налдæр – бæх... Хæрæг дæр æд къæлæу æрбасатар.

– Мæ сæрыкæхцæй мын æртхутæгдон счынд! – нырдиаг кодта Зауыр.

Рацæй-рабон – резинæ цырыхъхъытæ скодтой фосыл хуыснæджытæ. Цæмæй сын смудаг куыдз сæ фæд ма сæмбуда... Æмæ сæ асатар кодтой. Хъырна гæды ма Зауыры къæхтыл йæ къæдзил адау-адау кодта... Æндæр фос – нал.

Кæсы Зауыр æмæ уыны: дысоны ногахст дыууæ цыхтæй ницыуал аззад. Куыйтæ сæ бафтъæрдтой... Къуыстил зæххы хаудæй лæууы.

– А-а, уæдæ, æз рæйон уæ бæсты? Сымах та дзыкки æфсæстæй хуыррытт кæнат? – рамæсты Зауыр йæ куыйтæм. Бавдæлд æмæ сæ æфсæн рæхыстæй цæджындзмæ сбаста. Стæй сын адæлгом кодта йæ хæндыг:

– Бафсæдут, гъа, цыхтгуыбынтæ!

Куыйтæ цæхджын цыхтытæ æрдæгæууылдæй аныхъуырдтой. Æмæ сæ уайтагъд æвирхъау дойны систа... Ниуынц арвмæ! Зауыр йæхи барæй уынгмæ айста. Фæлæ йæ куыйты æрдиагæй ныхасы лæгты хъустæ къуырма кодтой. Æмæ та йæ афæрсынц худæнбылæй:

– Зауыр цæра, дæ куыйтæн уый цавæр симфони у?..

– Цæхджын симфони... Æндæр цавæр...

– Æмæ дæ сæфт хъихъойæ та ницыма хабар и?

– Писмо дзы райстон: сæрдмæ, дам мын туфлитæ балхæн! Резинæ цырыхъхъыты, дам, куыд цæудзынæн?..

Адæм худæгæй тъæнгтæлхынцъ кодтой. Зауыры та йæ къах нал хаста афтид кæртмæ...

НЫМÆТХУДÆЙ

Фырион Умар – заманхъуйлаг – здæхтис сæхимæ чындзæхсæвæй. Сырхцъар арвыйас лæг, – æмæ ныр бынтондæр йæ цæсгом туджы хъазыд. Мæдинæт – Бускайы хо – дыууæ къæртайы дон æрцæйхаста. Йæ тæккæ арахъуадзгæйæ уыдис æмæ се ‘нтыды тæф абухта уынгмæ.

– Дæ арахъхъ дын карзæй куы фенин, хорз ус!.. – дзуры йæм Умар.

– Ӕмӕ уæртæ дæ цæлхыдзаг куы дæ...

– Уæллæгъи – нæ! Ӕз нырма далæ Кæсæджы куы скафон, уæд уалæ Арыхъхъы рагъæй мæ нымæтхуд фæзын-фæзын кæндзæни.

– Гъемæ – еблуагъæ! Мидæмæ рацу.

– Иу кърyжкæ мын дзы дуармæ радав! Мидæмæ куы баирвæзон, уæд уæ уе ‘нтыд дæр нал фæуыдзæн.

Мæдинæт бацыд æмæ йын кърyжкæ дзагæй рахаста.

Умар ыл схæцыд æмæ йæ ануæзта иу æлвæстæн... Стæй афтид кърyжкæ усмæ дæтты:

– Дыккаг-иу дзагæй мауал рахæсс!

Ус та мидæмæ баздæхт æмæ йæм ацы хатт хæдзарæй рацыд сохъхъыр Буска. Йæ нымæтхуды арахъхъ рахаста. Ӕмæ фæдзагъул кодта Умармæ:

– Дæу кърyжкæйæ чи бафсаддзæн? Мæнæ нымæтхудæй бануаз.

БÆЛАС – ГУЫППЫ ТЫХХÆЙ

Касаты Буттыр цыбыркъух лæгыл нымад уыдис нæ хъæубæсты. Нæ йæм бæх уыди, нæ – хæрæг. Бон-изæрмæ-иу хъæддзаутæ йæ рæзты дыууæрдæм цыдысты. Райсомæй – афтид уæрдоны цæлхыты хъинц-хъинц, изæрæй – дзаг уæрдоны цæлхыты хъыс-хъыс.

Ӕмæ сæм Буттыр хæлæгæй мард. Сфардæг-иу уый дæр фистæгæй уалæ хъæдмæ æд фæрæт. Равзæрста-иу æппæтæй стырдæр бæлас. Ӕмæ та-иу æй адзæнгæл ласта. Иухатт æм загъд кæны хъæдгæс:

– Арæби, Буттыр, нæ дæм бæх уынын, нæ – уæрдон. Уæд-иу бæлас калгæ та цæмæн акæныс?

– Афтæ – йæ гуыппы тыххæй, – басаст Буттыр.

Ӕмæ хъæубæсты абон дæр ма æмбисондæн баззад: «Буттыр-иу бæлас йæ гуыппы тыххæй куыд акалдта, уыйау».

ЛÆДЖЫ НЫХАС

Нæ фыдæй-иу арæх фехъуыстон: лæг йæ ныхас куы фæсайа, уæд уымæй Хуыцауы дæр сайы... Нæ мад та мын ракодта ацы хабар. Йæ фыд Ходы Майрæммæ ахæм саргъы бæх уыдис, æмæ барæджы дæр, стæй дугъоны дæр Кæсæгæй суанг Мæхъхъæлмæ зыдтой. Майрæмы

æфсымæртæ Зауырбег æмæ Аслæмырзæ та хъуыстгонд бæхдавджытæ уыдысты. Æмæ, цæвиттон, иухатт кæсгон лæгæн фидар дзырд радтой: хъуамæ йын нæхи хъæуæй асатар кæной хуыздæр дугъон. Уымæй дæр – тæккæ ахсæв!

Басгæрстой кæйдæр бæхдон, фæлæ сæ дугъон уым нæ разынд: йæ хицау ыл къуырибалцы ацыд кæдæмдæр. Катайы бацыдысты бæхдавджытæ. Æндæр гæнæн нал уыд, æмæ иу къухæй иннæ ныллыг кæнын бахъуыд. Ахъаззаг дугъон ма уыдис æрмæстдæр сæхи æфсымæрмæ.

Айтæ-уыйтæ – нал, фæлæ се 'фсымæры бæхæн ралæ Хуыснæджыты Комы фæсæмбисæхсæв йæ хуыррытт ссыд! Кæсгон уайтагъд базыдта хъуыстгонд дугъоны æмæ йæ къухтæ кæрæдзиуыл ныццавта:

– Уæллай-биллай, это – Майрама конь! Грех я не возьму. – æмæ æфсымæрты æрбахъæбыс кодта. Давджытæ фæстæмæ йæ бæхдоны æрбастой дугъоны. Се 'фсымæрæн дæр басастысты.

– Бæх ссаргæйæ у, ме 'фсымæртæ! Лæг та йæ ныхасæй лæг у. Æмæ, æгайтма, ирон лæджы ном цæсты нæ бафтыдтат! – загъта Майрæм, стæй хъæубæстæм арвыста хонæг.

«ГИБЫЦОЙЫ ФЫРТ»

Ходы Майрæм нымад зæронд лæг уыдис нæ хъæубæсты. Дыууæ лæдзæджы æнцæйтты-иу рацыд дуармæ æмæ хуры хъарммæ тавта йæхи. Адæм ын, мидбылхудгæ, лæвæрдтой салам.

Иубон та бады сæ дуармæ Майрæм æмæ йæ лулæйы тамакойыл зынг сдардта. Йæ уæлхъус алæууыд иу æнæнтыст къуыдиппарæзт. Уыцы къæйныххуызæй йæм дзуры:

– Дæ хорзæх мæ уæд, Майрæм! Авæр мæнæн дæр иу тамако!..

Зæронды зæрдæ йыл фæхудтис, ай-гъай! Фæлæ йын уæддæр радта тамако.

– Дæ тамакойыл æй ссудзон æххæст...

– Чи дæ, чи? Кæй лæппу дæ? – нал æм фæлæууыд Майрæм.

– Хуы-ы... Хуымарты Гибыцойы... – ныкъкъæзæнæг лæппу.

Майрæмæн йæ зæрдæ бамæгуыр и. «Ау, æмæ Гибыцо хорз лæг куы у. Уæд ацы мæлинаг кæмæй фæци?» – хинымæр хъынцъым кодта.

Дыккаг бон амбæлд Гибыцойыл. Кæрæдзиуыл бацинтæ кодтой. Стæй йын Майрæм рахъаст кодта:

– Уæллæгъи, хорз фырт дын ис. Йæ тамако мæ тамакойыл ссыгъта.

Арвы цæфау фæци Гибыцо. Сæхимæ цæхæртæ калгæ æрбалæууыд. Фæдзырдта йæ дыууæ фаззонмæ æмæ – нæмыс-ма, нал! Фæлæ дзы, мæгуыр, чи цæуыл басастаид? Сæ сæрæн ницы зыдтой. Сæ фыды размæ дæр нал уæндыдысты æмæ æхсæвы цармæ схызтысты. «Уый ды уыдтæ!», «Нæ, ды уыдтæ!» – уым цары сæ кæрæдзимæ фесты. Гибыцо йæ мидфынæймæ уынæртæ хъуыста æмæ рафт-бафт кодта йæ хуыссæны. Райсомы та ныхасы рахъаст кодта:

– Дысон-бонмæ хуыссæджы цъыртт нæ федтон. Гæдытæ ахæм гыбар-гыбур систой цары...

ÆХХУЫРСТ ПЕТРО

Нæ хъæуккаг Хуымарты Хæсанæмæ уыдис рувасхуыз бæх. Стæй – хъазахъхъаг Петро æххуырсты. Æмæ йын лæг æмæ бæх дыууæ галау йæ хæдзары куыстытæ кодтой.

Иурайсом та хъæдмæ ацыдысты йе ‘ххуырстимæ. Дзындз-аласайы рагъыл хизгæ суагътой. Хæсанæ уыцы схъæлхуызæй къуылдымты зилы. Битъыры хъазау бæрзæндты хæссы йæ сæр – агуры сугтæ. Æххуырст Петро сæ æккойæ æмпъухы уæрдоны цурмæ. Сырд рувасау, мæгуыр, йæ лæф-лæф ссыд, бафæллади. Фæлæ Хæсанæйæн бафсис нал æмæ нал и. Анæры йæ илæлæй: «Гъе-е-й, Петро! Бегом суда! Здесь дрова – мно-го!» – хъæды азæлд ын сфæзмы йæ ныхас. Фæлæ Петройы уынæр нæ цæуы...

Рацæй-рабон, дзындз-аласайыл абадт Петро æмæ хъæдыл далæ Кæсæгмæ афардæг и. Налдæр – æххуырст, налдæр – аласа. Гъеныр, марадз, дымгæйы фæдыл быдырты зил!

Хъуысти афтид уæрдоны цæлхыты хъинц-хъинц. Уый Хæсанæ ласта йæ фæдыл Бæтæхъойыхъæуы уынгты йæ афтид уæрдон.

ПЫРЗИДЕНТ

Мæ сыхаг Садуллæ æвæджиау хæдзардзин лæг уыдис. Цыфæнды афон дæр сæм бацу, исты ахсджиаг ми кæнгæйæ йæ баййæфтаис.

Уыцы райдзаст дыргъдоны-иу йæ мыды чыргъæдтимæ куы архайдта, уæд уымæ бакæсын!

Йæ бындзытæн-иу хурыскасты размæ ныхæстæ кодта, раст цыма йæ бинонтæй уыдысты, уыйау:

– Ратæхут, мæ дзибатæ! Цæй, ратæхут! Абон хур зæххыл атулдзæни, акъаци дидинæг рафтаудзæни. Сымах ын йæ дидинтæн – батæ-гæботæ. Æмæ мыд нæхимæ скъæфдзыстут. Æз зымæг-зымæджы дæргъы мæ мыдамæст рихитæ сдæрдзынæн, – гъе, ахæм рæвдауæн ныхæстæиу кодта Садуллæ йæ фосæн дæр. Суанг ма-иу йæ дæлæмæдзыд зарка Гуымбыли дæр ныббуц и йæ хицауы рæвдауæн ныхæстæй æмæ-иу йæ пыхцыл къæдзил сахаты дзедзыройау дыууæрдæм стырындз.

Æмæ дзы хуымæтæджы бузныг уыдис йæ мадзура æфсин Сона! Йæ лæджы фæллой Нарты Сатанайау биноныг кодта. Бинонты исбон фæскъæвда къозотау бонæй-бонмæ рæзти. Скъаппæй, тъахтинæй, суанг насхафæны онг хæдзары дзаумæттæ ногæй-ногмæ ивта. Фæстагмæ та райдзаст уаты æрбынат кодта хуызджын телевизор. Гъе, æмæ куыд æнхъæл стут? Раст дуне дæр цыма хæлын уæд байдыдта.

Цæвиттон, телевизоры цард сæмтъеры, сбыламыхъ. Царциатæ, диссæгтæ, фæдис! Æмæ фæдисмæ æнцад-æнцойæ хъæццулы бынæй гудзитæ кæны Садуллæ. Сайтантæ, иблистæ, хæйрæджытæ телевизоры баиу сты. Сылгоймæгтæ дзы мадард бæгънæгæй ногахст кæсæгтау цъыллинджытæ сисынц.

– Уæртæ-ма кæс! – хæрдмæ фæхауы Садуллæ йæ хуыссæны. – Уæртæ йын цы тымбыл зæнгтæ ис, уæртæ!

– Æрсабыр у, лæгай! Уый, æвæццæгæн, нæ хъæуы абана скуыста, æмæ дзы уый æвдисынц.

– Æмæ дзы уæд сапон куыд никæмæ ис? Йе хисæрфæн? Хъæрдæрæй ма йæ сараз! – ныйилæлæй кæны Садуллæ. Стæй йæ нывæрзæн иннæрдæм æрзилы æмæ йæ цæстытæ телевизормæ ныдздзагъыр кæны. Фæлæ иузаман сохъхъыр уæйыгау йæ хуырхуыр ссæуы. Æмæ ныр та сæнттæ фæцæгъды: «Уæртæ-ма кæс! Сæхи та найынц. Æнæ сапонæй...»

– Æнæбайрайгæ сæ скæн – уый дын æнæ сапонæй! – бахъуырхъуыр кæны йе ‘фсин æмæ тæргайхуызæй хуыссæнуаты къулы ‘рдæм азилы.

Раздæр-иу фæрæт кæнæ дзæбуг йæ къухы кафæгау кодтой Садуллæйæн. Ныр йæ мыды чыргъæдтыл бæгънæг сылты нывтæ баныхæста. Адон, дам, царды дидинджытæ сты. «Дидинджытæм ма быдырмæ цæмæн тæхут? – фæдзуры мыдыбындзытæн. Мыд мæнæ адонæй цъиргæ у, адонæй», – архайгæ кусæнгарзимæ фæкæны, кæсгæ та – бæгънæг сылты нывтæм. Æмæ та фæрæтæй къахы æнгуылдз – цъыкк, дзæбугæй къухы æнгуылдз – къупп! Афтæмæй ныццæнкуылтæ ис, ныссахъат хæдзардарæг лæг.

Уæдæ йын цы кæнын кæныс, æниу, хуыссæгхъуаг-фынæйдзу лæгæн? Кæд æмæ телевизоры уæлхъус æрвиты йе 'хсæв, йæ бон. Пысылмоны хъуывгъанау къонайæ – чъылдыммæ, уырдыгæй – къонамæ. Уый дын йæ балц.

Уырыссагау дæр æрхуыгуырды йас дыгъал-мыгъул сисы. Цынæ дзы фехъусдзынæ! Буш, дам, нæ хъæуккаг Бушкайы хæрæфырт у... Иван Сусанины та «Иван с усами» хоны. Пырзиденттæ æвзарынмæ та афтæ фæцарæхст, æмæ раст чызг æвзарæгау: «Уæлæ гъе уый ахъаззаг лæг у пырзидентæн! Уæртæ иннæ та халонау йе 'уæны кæсы. Ацы лæг та канд йæхи уæны нæ, фæлæ де уæны дæр ма акæсдзæни», – йæ амонæн æнгуылдзæй бандзæвы телевизоры экраныл.

– Пырзидент, уый Хуыцауæй æрвыст лæг у зæхмæ. Гъеныр уæртæ Амырыкы фыр хъæздыгæй скъуыйынц, хъаз фыр нæрдæй куыд скъуыйа, афтæ, уымæн æмæ уыдонмæ рагæй дæр пырзидент ис... – цыма знон æрбахæццæ Амырыкæй, уыйау æнæ гуырысхойæ дзуры. Гъе байтаман! Фынджы хистæр дæр-иу пырзидент куы уаид! Уæд-иу лæг уым тъæпп ахауид хæрдæй иннабонæй-иннабонмæ. Кæннод – цыдæр быдыргъы хуызæн хистæр, æмæ дыв-дыв сисы. Стæй фæстагмæ йæ сæр æруадзы фынгыл кусарты сæрыл. Æмæ йæ хуыр-хуыр ссæуы. Гъеныр мæ мыдыбындзытæ дæр уымæн байсæфтысты. Бæгуы! Мыды чыргъæд дæр паддзахад у. Чысыл паддзахад! Æмæ уыдонæн дæр пырзидент хъæуы, ай-гъай! Æлдар та лæвархор у. Æмæ дзы бындзытæ тар хъæдмæ алыгъдысты.

Стæй гъеныр Мæрдты бæсты дæр хъуамæ Барастыры бæсты пырзидент уа! Кæннод, дам, уый дæр гæртæмттæ исы... Айсæрдын, дам æй фæхъæуы. Æмæ уæд æнæ хъинцæй дзæнæты цъæх нæууыл абаддзынæ. Де 'ккой тæригъæдты голлаг куы уа, уæддæр. Æниу Хуыцау йæхæдæг та, Хуыцау! Адæм дæр ма æнæраст митыл ууыл

сахуыр сты. Хуыцауы бæсты дæр пырзидент хуыздæр уаид, ай-гъай! Кæннод ма далæ кæрты уасæгмæ акæс! Сау уа, урс уа кæнæ хъуыргом – дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр – уасæг! Æмæ йын кæртыдзаг устытæ балæвар кодта Хуыцау. Æхсæв дæр кæркдоны се ‘хсæнæй ныййалæлæй кæны: «Хъихъыры-хъу! Лæгтæ! Цæй, цы фестут? Уæхи устытæ дæр уæхи не сты!..» Уæд лæгæн та æрмæст – иу ус... Æмæ уый дæр йæ цæгатмæ къуыри дыууæ лыгъды кæны... Уæдæмæ хъулон уæрстытæ кæны Хуыцау дæр. Бускайы загъдау – заманхъуйлаг!..

Хылычъи уасæгау йæхи фæпыхцыл кæны Садуллæ æмæ та телевизоры ‘рдæм æрзилы йæ нывæрзæн.

СÆГЪЫ БОЦЪО

Мæза – хылычъи лæг – иуран фынджы бадты Хуыцауы ницæуыл фæхъаугъа молло Хъауыримæ. Æмæ йын бафидис кодта:

– Дæу дæ боцъотæ дарынц, уæллæй! Уыдоны фæрцы дæ агурынц алы ранмæ.

– Фæуæд афтæ, – йæ къух ауыгъта Хъауыр. – Фæлæ-иу дæ ныхас ма ферох кæн!

Ууыл иуцасдæр куы рацыди, уæд моллойы кулдуар чидæр хойы. Ракаст æм, æмæ – хонæг. Мæлгъæвзагæй ралæхурдта:

– Мæза мæ рарвыста дæумæ. Йæ лæппу чызг раскъæфта æмæ, дам, æгъдау ратт изæры фидауджытæн!..

– Æгъдау, зæгъыс? – аджис-хъус кодта Хъауыр, стæй афтæ: – Иуцъус мæм багæдзæ кæн, – æмæ мидæмæ атындзыдта.

Бавдæлд æмæ йæ нæл сæгъы боцъотæ хæсгардæй фæлыг кодта. Рахаста æмæ сæ хонæджы къухты фæсагъта:

– Мæзайыл сæ сæмбæлын кæн! Дæ уазджытæн, зæгъ дын боцъотæ раттæнт æгъдау.

Хонæг сагъдауæй аззад, стæй сæргуыбырæй раздæхт фæстæмæ. Йæ къухы – сæгъы боцъо.

Изæры йæм Мæза йæхæдæг æрхæццæ тæргæ бæхыл. Йæ хъама сласта æмæ йæ дæтты Хъауырмæ:

– Дæ мæрдты хатырæй! Мæ дзæгъæл пъири мын дзы ныллыг кæн, сæгъы боцъо куыд ралыг кодтай, афтæ! Уæддæр мын æгъдау ратт мæ уазджытæн!..

«Туг тугæй не ‘хсадæуы», – ахъуыды кодта Хъауыр, стæй загъта:
– Феййафын дæ! – æмæ мидæмæ баздæхт йæ лæдзæгмæ.

ТУРКАГ ИРОН

Туркаг ирон — Сихъоты лæг — чындзхæсджытимæ æрцыдис Заманхъулмæ. Æмæ ныр бады дзаг фынгыл Æрчъегкатæм. Райдзаст кæрты фæсивæд хъазт ныззылдтой æмæ ерысæй къахфындзтыл кафынц. Туркаг ирон сæм дары йæ цæст, æмæ йæ зæрдæмæ хур æрбакаст.

Уазджытæ хæрынц æмæ нуазынц. Хардзау сæм каст, туркаг ирон се ‘мхуызон кæй нæ нуæзта. Фынджы хистæр Бæтæго йæм дзуры:

– Нæ буц уазæг! Дæ ситро уæдта бануаз!..

– «Ситро» – уый цы хоныс?

– Дæ рюмкæйы цы ис, уый афтæ хуыйны...

– Æмæ «рюмкæ» йæхæдæг та циу?

Бæтæго йæ фарсмæ бадæгмæ дзуры:

– Цымæ Туркæй пароходы æрбацыди æви самолеты æрбатахт?

Туркаг йæ сæр батылдта: иронау мæм дзурут!

– Цæмæй, зæгъын, æрбацыдтæ Туркæй? Стæй кæуылты?

– А-а! – æхсызгон улæфт скодта туркаг ирон. – Науы æрбаленк кодтон Сау денджызыл... Хæдтæхæджы мæ сæр зилгæ кæны. Стæй афтæ:

– Бузныг, ме ‘фсымæртæ! Диссаджы хорз кафут нырма. Фæлæ афтæ куы нуазат, уæд уæ кафт дæр фехæлдзæни рæхджы.

Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 1. 2023 г. Выход в свет: 27.01.2023 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 41 Цена свободная.

Подписано в печать 17.01.2023 г. Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Нывæрзæнты, кæд уый [illegible]
Къæдзæгæй, фæзтæ, мийаг! –
Кæй зæрдæ нæ агуры дарæг,
Уый зæрдæ йæхи фæндуйаг!

Æз дунемæ кæрдæр кæй дæ
Кæй бафидын искуы мæ хæс,
Цæй афтæ аккардæй нæ зæ[illegible]
Нæ уыссид
Нуыдзын мæ хъайтындзæм[illegible]

[illegible]

Сагъæс æмæ уæвн.

[illegible]

Индекс 73247
12+